

# M ap li nèt ale

2<sup>e</sup> A.F.

Gid Mèt la  
Dezyèm Ane Fondamantal  
Tòm 1



# Kreyòl

Leson 1 a 35

# M ap li nèt ale

Gid Mèt la, 2<sup>è</sup> A.F.

2018

# Kreyòl

# M ap li nèt ale

Dezyèm Ane Fondamantal (2<sup>e</sup> A.F.)

## Gid Mèt la

### Tòm I

Leson 1 a 35

**Materyèl pou eksperimantasyon**

2018



**USAID**  
ÈD PEP AMERIKEN

## Prezantasyon

Paj prezantasyon sa a se pou tout pwofesè ak lòt moun ki pral sèvi ak materyèl « **M ap li nèt ale** » yo.

Metòd « **M ap li nèt ale** » a fonksyone ak twa materyèl : **Gid mèt la, liv elèv la ak kaye egzèsis elèv la**. Materyèl sa yo fèt nan lide pou ede ak fasilite pwofesè yo nan ansèyman ak aprantisaj kreyòl la ki se lang tout ayisyen. Apre plizyè remak ak kòmantè ki te fèt sou metòd « **M ap li nèt ale** » lekòl yo t ap itilize nan ane anvan yo, Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP), atravè Inite Devlopman Konpetans Lektif Ekriti ak Matematik (IDKLEM), deside pote kèk chanjman enpòtan nan **leson ki nan gid mèt la**.

Chanjman ki fèt nan gid mèt la pral rann pwofesè yo pi efikas nan ansèyman lang kreyòl la. Sa ap pèmèt elèv yo aprann pi byen tou. Nan revizyon ki fèt yo, nou fè anpil efò pou nou konsidere tout remak pwofesè yo, direktè yo ak tout lòt aktè k ap itilize materyèl yo, yon fason pou nou amelyore kalite yo.

Modifikasyon ki fèt nan gid mèt la, konsène : **estrikti aktivite ki nan leson yo, konsiy ki nan ikòn bouch ak nyaj yo, epi kantite tan pou pwofesè a fè leson yo**.

## Tan leson an

Pou chak leson ki genyen nan gid la, nou endike ki kantite tan yon pwofesè dwe pran lè l ap fè aktivite yo. Sa ap pèmèt pwofesè a adapte leson yo selon klas li gen devan li a epi respekte orè ak objektif li gen pou l suiv yo. Nan chanjman ki fèt yo, kèk fwa, pwofesè a gen plis posibilite pou li chwazi aktivite li plis bezwen nan leson li ap travay ak elèv yo. Gen plis aktivite ekriti nou ajoute nan leson yo, yon fason pou devlope konpetans elèv yo nan ekriti.

## Estrikti leson an

Chak leson yo gen plizyè aktivite ladan yo, tankou :

**1- Mizantren**

**2- Kominikasyon oral**

**3- Konsyans fonemik (aprann son lèt)**

**4- Konsyans fonetik (lèt, silab, mo ak fraz)**

**5- Konprann istwa (vokabilè, fè ak verifye prediksyon, li, koute epi reponn kesyon sou istwa)**

## **6- Ekriti ak pwodiksyon (lèt, mo, fraz ak tèks) sou tablo ak nan kaye egzèsis**

## **7- Evalyasyon ak yon blòk aktivite pratik oubyen ekriti ki nan fen plizyè leson.**

Sa pèmèt yon pi bon pwogresyon nan leson yo. Sa pèmèt tou elèv yo patisipe plis nan travay k ap fèt nan klas la. Sa fè aktivite yo vin plis santre sou elèv yo. Pou fasilite koreksyon egzèsis yo, nou bay plis posibilite pou elèv yo pale, poze kesyon, bay opinyon yo sou travay lòt elèv anvan pwofesè a fè entèkansyon pa li. Sa fasilite elèv yo dekouvri pi vit ak pi fasil erè yo fè nan yon egzèsis, epi korije yo ansanm. Pou nou fini, nou ajoute kèk repons posib ki ap sèvi kòm modèl pou pwofesè a ede elèv yo lè y ap reponn yon kesyon. Sa ede elèv yo fòme bon fraz lè y ap reponn kesyon epi bay repons ki pi konplèks menm jan ak modèl repons posib yo.

## **Konsiy ki nan ikòn bouch ak nyaj**

Gen chanjman ki fèt nan konsiy ikòn bouch ak nyaj yo. Nou bay anpil priyorite ak konsiy ikòn bouch yo, epi nou diminye konsiy ikòn nyaj ki repete anpil yo pou pwofesè yo pa twouble. Chanjman ki fèt nan konsiy yo vin pi senp, pi klè, pi fasil pou elèv yo konprann ak aplike.

## **Fason pou pwofesè fè tèks oubyen evalye elèv yo**

Li enpòtan pou pwofesè yo konnen kijan pou yo evalye elèv yo. Nan fason sa a, nou pwopoze kijan pou evalyasyon an fèt. Pou evalye elèv yo, pwofesè a ap suiv modèl sa a : chwazi kèk lèt, silab, mo ak fraz pou fè chak elèv li; bay elèv yo dikte lèt, silab, mo ak fraz nan kaye yo ; chwazi youn oubyen plizyè istwa nan liv la pou elèv yo li pou kont yo, epi poze yo kesyon sou istwa sa yo. Pwofesè a ka li yon istwa pou elèv yo koute, epi reponn kesyon sou li; oswa fè elèv yo ekri pwòp istwa yo sou yon imaj yo dekri. Apre sa, Pwofesè a ka fè yo ekri sa yo panse sou yon sijè.

## **Kantite tan pou pwofesè a pran nan leson yo**

Pou nou fasilite elèv yo aprann pi byen, **nou bay posibilite pou pwofesè a fè leson yo an 2 pati pandan jounen an.** Pwofesè a ka fè yon premye pati anvan rekreyasyon, epi fè dezyèm pati a apre rekreyasyon. Pou sa rive posib, nou ajoute yon aktivite tranzisyon pou separe 2 pati yo.

**- Premye pati a ap soti nan mizantren an pou l rive nan aktivite ki anvan tranzisyon an.**

**- Dezyèm pati a ap kòmanse nan aktivite tranzisyon an pou l rive nan fen leson an.**



# Tablo leson

Paj				Paj		
6	Leson	Revizyon 1		122	Leson 9	
10	Leson	Revizyon 2		130	Leson 10	Revizyon
14	Leson	Revizyon 3		136	Leson 11	
18	Leson	Revizyon 4		144	Leson 12	
20	Leson	Revizyon 5		151	Leson 13	
23	Leson	Revizyon 6	a-A/l-L/i-l	158	Leson 14	
28	Leson	Revizyon 7	e-E/n-N/p-P	165	Leson 15	Revizyon
33	Leson	Revizyon 8	m-M/an/ t-T/ o-O/ ou/s-S	171	Leson 16	
37	Leson	Revizyon 9	è-È/k-K/en/r- R/y-Y/on	179	Leson 17	
41	Leson	Revizyon 10	w-W/ò-Ò/b-B/v- V/g-G/f-F	186	Leson 18	
45	Leson	Revizyon 11	d-D/j-J/ch-CH/ z-Z/ui-UI	193	Leson 19	
49	Leson	Revizyon 12	/kl/gl/dl/bl/pl/vl	201	Leson 20	Revizyon
53	Leson	Revizyon 13	vw/mw/sw/chw/ dw/fw/zw/jw/tw/nw/gw/bw/kw/pw	206	Leson 21	
57	Leson	Revizyon 14	kr/pr/br/tr/fr/gr/ vr/dr	213	Leson 22	
61	Leson	Revizyon 15	in/àn/òn/èn/ann/ enn/onn	219	Leson 23	
66	Leson 1			227	Leson 24	
73	Leson 2			234	Leson 25	Revizyon
80	Leson 3			240	Leson 26	
87	Leson 4			246	Leson 27	
94	Leson 5	Revizyon		252	Leson 28	
100	Leson 6			259	Leson 29	
108	Leson 7			266	Leson 30	Revizyon
115	Leson 8			272	Leson 31	
				279	Leson 32	
				286	Leson 33	
				293	Leson 34	
				300	Leson 35	Revizyon

# Leson Revizyon 1


## Objektif:

Prezante tèt ou pou fè konesans  
 Prezante lòt moun.  
 Idantifye dwèt men nou  
 Idantifye kaye egzèsis la


## Materyèl:

Liv lekti, leson 1, paj 8  
 Kaye egzèsis, leson 1, paj 8 – 9  
 Kaye bouyon, kreyon, gòm

## Entwodiksyon


 Anvan elèv yo sèvi ak kaye egzèsis yo, pwofesè a ap ekri non tout elèv yo nan kaye yo avèk lèt «enprimri». L ap ekri non yo byen gwo. L ap mete premye lèt non an ak premye lèt siyati a an majiskil.

## Konsiy pou pwofesè a respekte nan dewoulman leson yo

-  Men kèk konsiy pwofesè a dwe aplike nan dewoulman leson yo :
- Mande elèv yo leve men yo pou pran lapawòl.
  - Mande elèv yo fè silans, lè yon kamarad nan klas la ap pale.
  - Ankouraje elèv yo fòme fraz konplèt lè yo ap reponn yon kesyon.
  - Ankouraje elèv yo patisipe nan tout aktivite k ap fèt nan klas la.
  - Pase verifye travay elèv yo ap fè nan gwoup.
  - Ankouraje, felisite elèv yo lè yo fè yon bon aksyon.
  - Ankadre epi korije elèv yo lè li nesèsè.
  - Toujou chwazi elèv ki fè egzèsis byen kòm modèl lè w ap fè koreksyon yo.
  - Itilize tablo lèt la pou ede elèv yo lè yo genyen difikilte pou yo fòme oubyen li yon silab ak yon mo.
  - Fè elèv yo idantifye imaj ki nan paj liv lekti a pou yo ka jwenn paj la pi vit.
  - Toujou kopye liy etwal la sou tablo a pou fè elèv yo li dapre leson w ap wè a.
  - Fè elèv yo marye son yo ki nan liy etwal la pou yo ka li silab ki nan 10 dènye leson revizyon ki nan liv lekti yo a 2 pa 2 epi youn pa youn. Toujou sonje fè yon modèl pou yo anvan yo kòmanse li.
  - Lekti 2 pa 2 a fèt konsa : Pandan premye elèv la ap li byen fò, fè dezyèm elèv la suiv ak dwèt li ansilans.

## Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

### 1. Chan

 Ekri chan an sou tablo a byen gwo pou elèv yo anvan leson an kòmanse. Repete tout pawòl ki nan chan an yon premye fwa pou elèv yo. Apre sa, repete pawòl yo ansanm ak elèv yo yon dezyèm fwa. Pou fini, fè elèv yo repete pawòl yo pou kont yo. Apre yo fin konnen pawòl ki nan chan an, chante l ansanm ak tout klas la.

- ☞ **Mwen pral li pawòl ki nan chan sa a pou kont mwen, koute byen. Apre sa, nou pral li l ansanm. Pou fini, nou pral li l pou kont nou. Nou konprann?**



Li tout pawòl ki nan chan an pou elèv yo. Apre sa, li l ansanm ak yo epi fè yo li l pou kont yo.

Bèl lekòl mwen, bèl lekòl mwen  
Mwen renmen w anpil, anpil  
O, se lekòl mwen, nan lekòl mwen  
Mwen aprann li ak ekri  
Tout timoun, tout timoun  
Si n vle vin bon sitwayen  
Pa chita lakay, pa chita lakay,  
An n al lekòl la chak jou (bis)

☞ Kounye a, nou pral chante chan an ansanm avèk anpil gete. Nou pare? An n kòmanse.

☞ Chante chan an avèk anpil gete ak tout klas la. Epi felisite elèv yo.

☞ Bravo! Nou te byen chante!

## Aktivite 2 Prezante tèt ou pou fè konesans (10 mn)

### Prezante tèt ou pou fè konesans

☞ Fè yon modèl prezantasyon pou elèv yo. Chwazi yon elèv nan klas la pou fè modèl sa a. Epi mande tout lòt elèv yo suiv modèl la.

☞ Kounye a, nou pral aprann prezante tèt nou pou nou fè konesans ak lòt moun. Mwen pral fè yon modèl ak yon elèv pou nou. Suiv byen!

☞ Dabò youn ap salye lòt, y ap bay lamèn epi y ap di bonjou (bonswa). Apre sa, prezante tèt ou bay elèv la epi mande elèv la pou l fè menm jan avè w. Toujou bay vrè non w ak siyati w lè w ap fè prezantasyon an epi fè jès la ak men w pou elèv yo.

☞ Bonjou, non mwen se (.....), siyati mwen se (.....). Mwen genyen (laj). Mwen se pwofesè, m ap travay nan klas dezyèm ane fondamantal nan lekòl (.....). Mwen rete (adrès). Mwen renmen (.....), e ou menm?

☞ Fè elèv la fè menm jan avèk ou ak enfòmasyon pèsònèl li.

**Egzanp :**

**Elèv : Bonjou, non mwen se (.....), siyati mwen se (.....). Mwen genyen (laj). Mwen ap fè klas dezyèm ane fondamantal nan lekòl (.....). Mwen rete (adrès.). Mwen renmen (.....), e ou menm ?**


☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou fòme 3 gwoup. Chak gwoup gen 2 elèv pou fè menm egzèsis la. Koriye si gen elèv ki pa ka suiv modèl la. Apre sa, distribiye liv lekti a bay elèv yo epi fè yo ale nan paj 8, pou obsève epi pale sou imaj ki nan paj la.

☞ Ouvri liv lekti a, ale nan paj 8 la, gade imaj nou wè a byen pou nou ka di tout sa nou wè ladan l.

☞ Bay elèv yo 1 minit pou gade imaj la. Pase verifye si tout elèv yo ap fè aktivite sa a. Apre sa, mande yo di kisa yo wè nan imaj la.

☞ Ki jès nou wè elèv la fè ak men li nan premye imaj la? Kisa nou panse l ap fè?

☞ Pran repons elèv yo. Fè jès elèv yo fè nan liv la ansanm ak elèv yo. Chwazi 2 elèv pou fè prezantasyon an yon dènye fwa. Felisite, ankouraje elèv yo.



### Aktivite 3 Prezante yon lòt moun (10 mn)


#### Prezante lòt moun

- ☞ Fè yon modèl prezantasyon pou elèv yo. Chwazi yon elèv nan klas la pou fè modèl sa a. Epi mande tout lòt elèv yo koute epi suiv modèl w ap fè a. Sonje lonje dwèt ou sou elèv w ap prezante a.
- ☞ Kounye a, nou pral aprann prezante yon lòt moun. Mwen pral fè yon modèl pou nou. Suiv byen! Li rele..... (Non ak siyati). Li genyen (laj). Li se elèv klas dezyèm ane fondamantal nan lekòl (.....). Li rete (adrès li). Li renmen (.....).
- ☞ Apre sa, chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou fòmè 3 gwoup. Chak gwoup gen 2 elèv pou fè youn prezante lòt. Koriye si gen elèv ki pa ka suiv modèl la. Verifye si elèv yo respekte konsiy lan.

**Egzanp :**

**Elèv A :** Li rele..... (Non ak siyati). Li genyen..... (laj). Li se elèv dezyèm ane fondamantal nan lekòl (.....). Li rete (adrès li). Li renmen (.....).

**Elèv B :** Li rele..... (Non ak siyati). Li genyen..... (laj). Li se elèv klas dezyèm ane fondamantal nan lekòl (.....). Li rete (adrès li). Li renmen (.....).



- ☞ Ede yo si yo fè erè.
- ☞ Ouvri liv lekti a nan paj 8 la, gade imaj nou wè a byen, pou nou ka di tout sa nou wè ladan l.
- ☞ Bay elèv yo 1 minit pou gade imaj la. Pase verifye si tout elèv ap fè aktivite sa a. Apre sa, mande yo di kisa yo wè nan imaj la.
- ☞ Ki jès nou wè elèv yo fè ak men yo nan dezyèm ak nan twazyèm imaj la? Kisa nou panse elèv yo ap fè ?
- ☞ Pran repons elèv yo. Fè jès elèv yo fè nan liv la ansanm ak elèv yo. Chwazi 2 elèv pou fè prezantasyon an yon dènye fwa. Felisite, ankouraje elèv yo.

### Aktivite 4 Idantifye kaye egzèsis (10 mn)

**Revizyon 1**

1. Idantifye kaye egzèsis la.

**M ap li nèt ale  
Kaye Egzèsis**

Non : \_\_\_\_\_

Siyati : \_\_\_\_\_


Klas : \_\_\_\_\_

Non lekòl la : \_\_\_\_\_

8 Kaye egzèsis

- ☞ Fè elèv yo idantifye kaye egzèsis yo. Kopye modèl ki nan kaye egzèsis la sou tablo a pou elèv yo. Apre sa, ranpli modèl ki sou tablo a pou elèv yo. Mande yo ranpli espas ki nan dezyèm paj kouvèti kaye a ak espas ki nan leson 1 an nan paj 8 la.
- ☞ Ale nan dezyèm paj kouvèti kaye egzèsis nou an. Ranpli espas kote nou wè ki genyen non, siyati, klas ak non lekòl ou a. Apre sa, ale nan leson 1 ki nan kaye egzèsis la, nan paj 8, pou nou ekri menm enfòmasyon yo ankò.
- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou ekri tout enfòmasyon yo nan espas yo. Epi pase verifye si chak elèv ap idantifye kaye egzèsis li a. Si genyen elèv ki genyen difikilte, ede yo ranpli pati sa a pou ka idantifye kaye yo byen.
- ☞ Kiyès ki ka li pou klas la tout enfòmasyon li ekri yo ?
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi / 1 gason) pou li tout enfòmasyon yo ekri nan kaye egzèsis la. Ba yo 2 minit pou fè sa. Epi di :
- ☞ Enfòmasyon nou sot ekri nan kaye egzèsis nou an ap pèmèt nou idantifye kaye a, epi chak elèv ap ka rekonèt kaye li pi byen. Pa bliye non moun ak siyati moun toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.

## Aktivite 5 Idantifye dwèt men nou (10 mn)



### Idantifye dwèt men nou

- Poze men dwat ou plat sou tablo a, epi fè desen tout dwèt men an. Mande elèv yo gade desen an byen epi mande yo mete men dwat yo sou kaye bouyon yo, pou fè desen tout dwèt men yo tou.
  - Mwen poze men mwen sou tablo a, mwen pase la krè a epi mwen fè desen men mwen.
  - Mande elèv yo gade desen an epi fè menm jès avèk ou.
  - Ouvri kaye bouyon an, depoze men nou sou paj kaye a, pase kreyon nou pou nou fè desen men nou.
  - Bay elèv yo 1 minit pou fè desen men yo. Pase verifye si tout elèv ap fè desen men yo nan kaye bouyon yo. Apre sa, touche chak dwèt ki sou tablo a pou elèv yo idantifye. Touche dwèt pous la epi mande elèv yo:
  - Ki jan dwèt sa a rele ?**
- Repons:**
- (1) Dwèt sa a rele : dwèt pous
  - Ekri non dwèt la sou tablo a. Epi mande elèv yo ekri non dwèt la nan kaye bouyon an. Pase verifye si elèv yo fè egzèsis la. Kontinye menm jan pou lòt dwèt yo nan kaye bouyon an.
  - Kounye a, pran kaye egzèsis la. Ale nan paj 9 la, gade imaj pla men an byen pou nou idantifye chak dwèt yo.**
  - Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la epi si yo ap gade desen an.
  - Kiyès ki ka di non tout dwèt li wè nan imaj la pou klas la ?**
  - Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di non chak dwèt yo wè. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

- Mande elèv yo kisa yo te aprann nan leson jodi a epi poze yo lòt kesyon tou.
- Ki jan yon moun ka prezante tèt li ? Kiyès ki ka di non chak dwèt men l ?**

# Leson Revizyon 2

## Objektif:






- Aprann kenbe kreyon byen pou ekri
- Aprann chita byen pou ekri
- Dekouvri liv lekti ak kaye egzèsis

## Materyèl:






- Liv lekti, leson 2, paj 9 – 10
- Kaye egzèsis, leson 2, paj 10
- Kaye bouyon, kreyon, gòm

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### Rapèl


-  Fè desen men ou sou tablo a pou elèv yo ka wè l, apre sa chwazi kèk elèv pou vin ekri non chak dwèt yo byen gwo sou tablo a.
- ☞ **Tout elèv gade desen men nou wè ki sou tablo a byen.**
  -  Bay elèv yo 30 segonn pou fè sa. Touche chak dwèt yo lè w ap mande elèv yo ekri non yo.
- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri non dwèt sa a pou klas la?**
  -  Bay elèv yo 1 minit pou fè egzèsis la. Epi verifye si yo rive ekri non dwèt ou montre a byen. Si li genyen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou vin ekri non dwèt la byen. Toujou felisite elèv yo.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la tout enfòmasyon ou dwe bay lè w ap prezante yon lòt moun?**
  -  Chwazi 2 elèv (1 fi/ 1gason) pou reponn kesyon an. Epi ekri tout enfòmasyon elèv yo bay yo sou tablo a. Apre sa, mande 2 elèv pou yo prezante yon zanmi ki bò lakay yo.
- ☞ **Kounye a, ou pral prezante yon zanmi bò lakay ou ou konnen byen. Kiyès ki ka prezante yon zanmi ki rete bò lakay li?**
  -  Verifye si elèv yo bay tout enfòmasyon yo lè y ap prezante zanmi yo. Epi konplete si nesèsè. Felisite tout elèv ki te byen fè prezantasyon yo.

## Aktivite 2 Aprann kenbe kreyon pou ekri byen (4 mn)

-  Mande elèv yo, kiyès ki sonje ki jan nou te aprann kenbe kreyon pou nou ekri.
- ☞ **Kiyès ki sonje ki jan nou te aprann kenbe kreyon pou nou ka ekri?**
  -  Chwazi kèk elèv pou bay egzanp pou klas la. Si elèv yo pa fè egzanp lan byen, fè yon modèl pou yo. Epi mande yo pou fè l ansanm avèk ou. Apre sa, fè yo fè li pou kont yo.
- ☞ **Mwen pral fè yon modèl pou nou. Gade byen. Mwen mete kreyon an sou dwèt lemajè e mwen kenbe li ak dwèt lendèks epi dwèt pous mwen.**
  -  Bay elèv yo 1 minit pou suiv jès ou fè a.
- ☞ **Kounye a, tout moun, fè menm jès avèk mwen.**
  -  Pase verifye si elèv yo kenbe kreyon an byen.
- ☞ **Kounye a, fè menm jès la pou kont nou.**
  -  Pase verifye si elèv yo kenbe kreyon an byen.

- ☞ Ouvri liv lekti a ale nan paj 9 la, gade premye imaj nou wè a byen, pou nou ka di tout sa nou wè ladan l.
  - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou gade imaj la. Pase verifye si tout elèv yo ap fè aktivite sa a. Apre sa, mande yo pou di kisa yo wè nan imaj la.
- ☞ Kisa nou wè nan imaj la ?
  - ☞ Pran repons elèv yo, ranfòse, ankouraje epi felisite elèv yo.

### Aktivite 3 Aprann chita byen pou ekri (4 mn)



- ☞ Mande elèv yo, kiyès ki sonje ki jan pou chita byen lè y ap ekri.
- ☞ Kiyès ki sonje ki jan nou te aprann chita pou nou ka ekri ?
  - ☞ Chwazi kèk elèv pou bay egzanz pou klas la. Si elèv yo pa fè egzanz lan byen, fè yon modèl pou yo. Epi mande yo fè l ansanm avèk ou. Apre sa, fè yo fè l pou kont yo.
- ☞ Mwen pral fè yon modèl pou nou. Gade byen. Mwen chita dwat sou ban an, mwen depoze de (2) pye mwen plat atè a, mwen depoze de (2) men mwen sou ban an epi mwen kenbe kreyon mwen byen pou m ekri.
  - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou suiv jès ou fè a.
- ☞ Kounye a, tout moun, fè menm jès avèk mwen.
  - ☞ Pase verifye si elèv yo chita byen pou ekri.
- ☞ Kounye a, fè menm jès la pou kont nou.
  - ☞ Pase verifye si elèv yo chita byen pou ekri.
- ☞ Ouvri liv lekti a ale nan paj 9 la, gade dezyèm imaj nou wè a byen, pou nou ka di tout sa nou wè ladan l.
  - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou gade imaj la. Pase verifye si tout elèv ap fè aktivite sa a. Apre sa, mande yo pou di kisa yo wè nan imaj la.
- ☞ Kisa nou wè nan imaj la ?
  - ☞ Pran repons elèv yo, ranfòse, ankouraje epi felisite elèv yo ?

### Aktivite 4 Dekouvri materyèl nou pral sèvi yo, kaye egzèsis la ak liv lekti a (16 mn)

#### 1. Idantifye tout pati ki genyen nan liv lekti a (6 mn)

- ☞ Distribiye liv lekti a bay elèv yo. Apre sa, mete yo 2 pa 2 pou yo dekouvri tout pati ki genyen nan liv la.
- ☞ Nou pral dekouvri tout pati ki genyen nan liv lekti nou an. Nou ap mete nou 2 pa 2, nou ap ouvri li epi youn ap di lòt tout sa nou wè nan liv lekti a.
  - ☞ Chwazi plizyè gwoup pou di tout sa yo te wè nan liv la. Poze elèv yo kesyon pou ede yo jwenn kèk pati ki genyen nan liv la.
- ☞ Ki jan nou wè liv lekti a ye ? Ki jan nou wè li fèt ? Ak kisa li fèt ? Ki tit liv lekti a ? Ki koulè nou wè li ye ? Kisa nou wè nan dezyèm paj kouvèti liv lekti a ? Kisa nou wè nan dènye paj kouvèti liv lekti a ? Lè nou antre anndan liv lekti a, kisa nou wè nan chak leson ? Kisa nou wè ki anlè tèt chak leson ? Kisa nou wè sou kote chak leson ? Apre sa, kisa nou wè ankò ? Ki bò nou wè imaj la plase ? Kisa nou wè ki genyen anba imaj yo ? Ki desen yo ye ? Di non desen (ikòn) nou wè yo. Kisa nou wè bò kote chak ikòn yo ? Kisa nou wè nan paj ki adwat la ?

**Revizyon 2**

1. Pati ki gen nan yon liv.

Komplete tout pati ki vid nan desen an.

10 Kaye egzèsis

☁ Apre sa, eksplike elèv yo chak pati ki genyen nan liv lekti a : premye paj kouvèti a, dezyèm paj kouvèti a, dènye paj kouvèti a, do liv lekti a, desen ki genyen nan paj kouvèti a, tit liv la, ikòn ki genyen nan leson yo, desen ki anba nimewo leson yo, istwa ak kesyon sou leson an. Fè elèv yo pran yon lòt liv pou idantifye pati ki genyen nan yon liv.

☘ **Tout elèv, pran liv syans nou an. Gade li byen epi di tout pati ki genyen nan liv la.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi / 3 gason) pou di klas la tout pati yo idantifye nan liv syans yo a. Ajoute kèk pati ou wè elèv yo pa rive idantifye nan liv la tankou « Otè: Moun ki ekri liv la ».

☘ **Ale nan kaye egzèsis la, ouvri li nan paj 10. Gade desen an byen pou nou ka di tout pati nou wè nan liv ki nan men elèv la. Apre sa, ale nan dezyèm desen an (konplete tout pati ki vid nan desen an). Nou pare ? Kòmanse!**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi / 3 gason) pou di klas la tout pati yo idantifye nan liv la. Apre sa, chwazi 2 lòt elèv pou di tout klas la sa yo ekri nan pati ki vid nan desen an. Ankouraje epi felisite elèv yo.

## 2. Idantifye tout pati ki genyen nan kaye egzèsis (4 mn)

☁ Distribiye kaye egzèsis la bay elèv yo. Apre sa, mete yo 2 pa 2 pou yo dekouvri tout pati ki genyen nan kaye egzèsis la.

☘ **Nou pral dekouvri tout pati ki genyen nan kaye egzèsis nou an. Nou ap mete nou 2 pa 2, nou ap ouvri li epi youn ap di lòt tout sa nou wè nan kaye egzèsis la.**

☁ Chwazi plizyè gwoup pou di tout sa yo wè nan kaye egzèsis la. Poze elèv yo kesyon pou ede yo jwenn kèk pati yo pa t di lòt yo t ap prezante kaye egzèsis la.

☘ **Kiyès ki ka di klas la tout pati li wè nan kaye egzèsis la ?**

☁ Pran repons elèv yo, apre sa, eksplike elèv yo chak pati ki genyen nan kaye egzèsis la : premye paj kouvèti a, dezyèm paj kouvèti a, dènye paj kouvèti a, desen ki genyen nan paj kouvèti a, tit liv la, konsiy pou yo fè egzèsis yo, nimewo chak leson, egzèsis ki genyen nan kaye a.

## 3. Aprann pwoteje liv ak kaye (6 mn)

☁ Fè elèv yo ouvri liv yo nan paj 10, fè yo gade desen ki nan paj sa a byen. Epi poze yo kesyon sou desen an.

☘ **Ale nan liv lekti a, ouvri li nan paj 10, gade desen nou wè ki nan paj la byen pou nou ka reponn kesyon sa yo.**

☁ Bay elèv yo 1 minit pou gade desen an. Epi pase verifye si yo ap fè sa.

☘ **Kisa timoun yo ak paran yo ap fè ? Poukisa yo ap kouvri liv yo ak kaye yo ? Èske nou konn kouvri liv nou ak kaye nou ? Poukisa ?**

☁ Chwazi plizyè elèv, ba yo 1 minit pou reponn kesyon yo. Apre sa, ankouraje yo kouvri liv yo ak kaye yo pou pwoteje yo.

☘ **An n kontinye fè lòt aktivite pou nou dekouvri imaj toujou nan paj 10 la, gade desen nou wè ki nan paj la byen pou nou reponn kesyon sa yo.**

☁ Bay elèv yo 1 minit pou gade desen an. Epi pase verifye si yo ap fè sa.



☘ **Kisa nou wè ki sou do elèv yo ? Kisa nou panse ki genyen nan valiz yo ? Poukisa yo mete liv yo ak kaye yo nan valiz ?**

☁ Chwazi plizyè elèv pou reponn kesyon yo. Epi ba yo 1 minit pou reponn. Apre sa, fè yo gade 2 lòt desen ki nan paj 10 la. Epi poze yo kesyon sou imaj la.

☘ **An n kontinye fè lòt aktivite nan liv la, toujou nan paj 10, gade desen nou wè ki nan paj la byen pou nou reponn kesyon sa yo.**


3. Pwoteje liv ak kaye.

10 Nan li nèt ale 2 A.F.

-  Bay elèv yo 1 minit pou obsève imaj la.
- ☞ **Kisa nou wè k ap vire paj liv la? Ki jan nou wè men an ap vire paj liv la?**
  -  Chwazi kèk elèv pou pase devan pou vin montre tout klas la ki jan pou vire paj liv ak paj kaye yo byen san yo pa dechire yo.
- ☞ **Tout elèv, fòk nou toujou pwoteje liv nou ak kaye nou. Pa dechire yo, pa sal yo, pa ekri ni fè desen nan liv la. Toujou pote yo nan valiz nou pou yo pa chire. Pa pliye paj liv yo. Toujou pran san nou lè nou ap vire paj yo. Paske liv ak kaye se 2 bon zouti k ap ede nou aprann ak travay lekòl. Yo koute chè, pwoteje yo paske n ap itilize yo pandan tout ane a epi n ap kite yo pou lòt elèv k ap vini dèyè.**

---

#### **Aktivite 4** **Evalyasyon (2 mn)**

-  Mande elèv yo kisa yo te aprann nan leson jodi a epi poze yo lòt kesyon tou.
- ☞ **Di kèk pati nou sonje nan liv lekti a. Di kèk pati nou sonje nou te jwenn nan liv syans lan nou pa t jwenn nan liv lekti a. Kisa yon otè ye? Kisa nou jwenn nan kaye egzèsis la?**

# Leson Revizyon 3

## Objektif:




Idantifye pozisyon (Men goch-Men dwat-agoch – adwat ; sou – anlè–anba ; devan – dèyè ; nan mitan-sou kote; anndan – deyò)  
Dekri yon imaj  
Envante yon istwa aloral dapre desen

## Materyèl:

Liv lekti, leson 3, paj 11  
Kaye egzèsis, leson 3, paj 11 – 12  
Kreyon, gòm, kaye bouyon




### Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

#### Rapèl

-  Chwazi 2 elèv (1fi ak 1 gason) nan klas la. Chwazi 2 liv ki genyen tout pati yo epi ki presize otè liv yo, bay chak elèv yon liv epi mande yo idantifye kèk pati ki genyen nan liv sa yo.
- ☞ Kiyès ki ka vin idantifye pou klas la kèk pati ki genyen nan yon liv? N ap itilize liv ki nan men nou an pou nou fè egzèsis sa a.
  -  Bay elèv yo 2 minit pou fè sa. Si yon elèv bliye kèk pati, chwazi yon lòt elèv pou kontinye oswa konplete.
- ☞ Kounye a, kiyès ki ka di klas la kisa yon otè ye?
  -  Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon sa a. Ankouraje epi felisite elèv yo, ranfòse epi korije si nesesè.

### Aktivite 2 Idantifye pozisyon: Men goch-Men dwat – agoch – adwat ; Sou – anlè – anba; devan – dèyè; Nan mitan-sou kote; anndan – deyò (21 mn).

#### 1. Idantifye men dwat ak men goch epi agoch ak adwat(6 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral idantifye men dwat ak men goch nou. Èske gen kèk elèv nan klas la ki konnen men dwat yo ak men goch yo? Èske nou ka montre klas la men dwat ak men goch nou?
  -  Chwazi kèk elèv (fi ak gason) pami sa ki leve men yo, pou vin montre klas la men dwat yo ak men goch yo. Bay elèv yo 1 minit pou reponn. Felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ N ap kontinye ak aktivite a pou tout elèv kapab rive idantifye men dwat yo ak men goch yo. Tout elèv, kenbe liv lekti nou ak men goch nou.
  -  Pase verifye si tout elèv kenbe liv lekti a ak men goch yo. Si yon elèv pa respekte konsiy lan, ede li jwenn men goch li pou l ka fè egzèsis la byen.
- ☞ Kounye a, kenbe kaye egzèsis nou an ak men dwat nou.
  -  Pase verifye si tout elèv kenbe kaye egzèsis la ak men dwat yo. Si yon elèv pa respekte konsiy lan, ede li jwenn men dwat li pou l ka fè egzèsis la byen.
- ☞ Kounye a, nou pral idantifye tout objè oubyen moun ki agoch nou oswa sou bò goch nou. Kiyès ki ka di klas la non 2 elèv ki chita pi prè li sou bò goch li?



- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di non 2 elèv ki agoch yo. Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon sa a.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la tout objè li wè ki sou bò goch li?**
  - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou site tout objè yo wè sou bò goch yo. Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon sa a.
- ☞ **Kounye a, nou pral idantifye tout objè oubyen moun ki adwat nou oswa sou bò dwat nou. Kiyès ki ka di klas la non 2 elèv ki chita pi prè li sou bò dwat li?**
  - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di non 2 elèv ki adwat yo. Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon sa a.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la tout objè li wè ki sou bò dwat li?**
  - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou site tout objè yo wè ki sou bò dwat yo. Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon sa a.

## 2. Idantifye pozisyon: Sou – anlè-anba ; devan-dèyè ; Nan mitan-sou kote ; anndan – deyò (6 mn).

- ☞ Mete yon tab devan klas la, epi mete yon bwat sou tab la. Apre sa, pran yon liv oubyen nenpòt lòt objè, mete li nan pozisyon sa yo a chak fwa: Sou – anlè – anba; devan-dèyè; Nan mitan-sou kote ; Anndan – deyò. Epi poze elèv yo kesyon pou yo idantifye nan ki pozisyon ou mete liv la oubyen objè ou te chwazi a.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki kote bwat la ye?**
  - ☞ Bay elèv yo 30 segond pou reponn kesyon an. Epi si elèv yo gen difilkilte, ede yo jwenn nan ki pozisyon bwat la ye.

**Repons posib:**

(1) Bwat la sou tab la.

- ☞ Kenbe liv la anlè tab la epi mande elèv yo:
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki kote li wè liv la ye?**

☞ Bay elèv yo 30 segond pou reponn kesyon an. Epi si elèv yo gen difilkilte, ede yo jwenn nan ki pozisyon liv la ye.

**Repons pos:**

(1) Liv la anlè tab la.

- ☞ Mete liv la anba tab la epi mande elèv yo:
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki kote liv la ye?**

☞ Bay elèv yo 30 segond pou reponn kesyon an. Epi si elèv yo gen difilkilte, ede yo jwenn nan ki pozisyon liv la ye.

**Repons pos:**

(2) Liv la anba tab la.


☞ Suiv menm modèl la pou ka fè elèv yo idantifye pozisyon sa yo: Devan-dèyè ; Nan mitan-sou kote ; Anndan-deyò.

### Egzèsis # 1 (3 mn)


- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 11 pou fè egzèsis # 1.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou pozisyon nou aprann yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 11 lan pou fè egzèsis # 1. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Fè yon kwa sou objè ki agoch elèv la epi antoure objè ki adwat elèv la. Apre sa, di non chak objè yo). Gade desen an byen, pou wè ki bò elèv la bay fas li pou ka idantifye men goch li ak bò goch li epi men dwat li ak bò dwat li. Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ Bay elèv yo 2-3 mn pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifiye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difilkilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

**Revizyon 3**

1. Fè yon kwa sou objè ki agoch elèv la epi antoure objè ki adwat elèv la. Apre sa, di non chak objè yo.



2. Gade desen an byen. Apre sa, di non chak objè yo epi di nan ki pozisyon chak objè yo ye.




Revizyon 3


M ap li nèk ale - 2 AF 11

**Revizyon 3**

1. Fè yon kwa sou objè ki apoch elèv la epi antoure objè ki adwat elèv la. Apre sa, di non chak objè yo.




2. Gade desen an byen. Apre sa, di non chak objè yo epi di nan ki pozisyon chak objè yo ye.



M ap li nèt ale - 2 AF 11

**Revizyon 3**

3. Gade desen an byen. Apre sa, fè yon wonn sou bèt ki anndan kay la epi fè yon kwa sou bèt ki deyò a. Apre sa, di ki bèt yo ye.



12 Kaye egzèsis

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi mande yo vin montre klas la bon repons yo.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la, epi montre klas la bon repons lan ?**

☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la. Fè yo montre sou ki objè yo fè kwa ak ki objè yo antoure. Apre sa, mande lòt elèv ki te fè erè pou yo korije.

**Egzèsis # 2 (3 mn)**

☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 11 lan pou fè egzèsis # 2 a.

☞ **Nou pral fè egzèsis sou pozisyon nou aprann yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 11 lan pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Gade desen an byen. Apre sa, di non chak objè yo epi di nan ki pozisyon chak objè yo ye). Nou konprann ? Kòmanse!**

☞ Bay elèv yo 2-3 mn pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte li epi mande yo vin pataje ak klas la bon repons yo.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la, epi site non chak objè yo ak di nan ki pozisyon yo ye ?**

☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la. Epi pou site non chak objè ak di nan ki pozisyon yo ye.

**Egzèsis # 3 (3 mn)**

☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 12 pou fè egzèsis # 3 a.

☞ **Nou pral fè egzèsis sou pozisyon nou aprann yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 12 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! Gade desen an byen. Apre sa, fè yon wonn sou bèt ki anndan kay la epi fè yon kwa sou bèt ki deyò a. Apre sa, di ki bèt yo ye. Nou konprann ? Kòmanse!**

☞ Bay elèv yo 2-3 mn pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.


☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi mande yo di bon repons yo pou klas la.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la, epi montre klas la bon repons lan ?**

☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la. Fè yo montre sou ki bèt yo fè wonn ak sou ki bèt yo fè kwa. Apre sa, mande lòt elèv ki te fè erè pou yo korije.

### Aktivite 3 Dekri yon imaj epi envante yon istwa dapre imaj la (8 mn)



- Mande elèv yo pran liv lekti a, pou ale nan leson 3 ki nan paj 11 lan, pou obsève epi dekri imaj yo wè a.*
- ☞ **Kounye a, nou pral dekri yon imaj epi envante yon istwa dapre imaj sa a. Ouvri liv lekti a nan paj 11 lan, gade imaj la byen pou nou di tout sa nou wè ladan li.**
- Mete elèv yo 2 pa 2 pou obsève epi pataje lide sou sa yo wè nan imaj la. Pase verifye si tout elèv ap travay. Apre sa, chwazi 2 fi ak 2 gason pou di sa yo wè nan imaj la.*
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la tout sa yo wè nan imaj la?**
- Ba yo 1 minit pou di tout sa yo wè nan imaj la. Epi ranfòse, ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral poze nou kèk kesyon sou imaj la. Nou konprann? Nou pare? Kisa nou wè sou tab la? Konbyen fi ak gason nou wè? Kisa nou wè atè a, bò kote tab la? Ki jan nou wè timoun yo abiye? Kisa timoun yo genyen sou tèt yo? Èske kè timoun yo kontan? Dapre nou menm ki aktivite nou wè ki genyen la? Kisa timoun yo ap fè? Èske nou fè aktivite sa a lakay nou? Chak kilè nou konn fè sa? Kòman nou konn fè sa?**
- Chwazi 6 fi ak 6 gason pou reponn kesyon yo. Ba yo 6 minit pou reponn kesyon yo. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou vin rakonte istwa a.*
- ☞ **Kiyès ka ka vin rakonte klas la yon istwa dapre desen nou sot dekri a.**
- Bay chak elèv yo 2 minit pou rakonte istwa a dapre imaj la.*

### Aktivite 4 Evalyasyon (3 mn)

- Mande elèv yo kisa yo te aprann nan leson jodi a epi poze yo lòt kesyon tou.*
- ☞ **Kiyès ki ka montre klas la men goch li ak men dwat li? Kiyès nan klas la ki ka idantifye yon objè ki dèyè li nan klas la? Kiyès nan klas la ki ka idantifye yon objè ki devan li nan klas la?**

# Leson Revizyon 4

## Objektif:






- Idantifye liy (orizontal, vètikal, oblik, koub, brize/zigzag).
- Dekri yon imaj
- Envante yon istwa aloral dapre imaj

## Materyèl:



- Liv lekti, leson 4, paj 12
- Kaye egzèsis, leson 4, paj 13 – 14
- Kreyon, gòm, kaye bouyon




## Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

### Rapèl




-  Chwazi 2 elèv (1fi ak 1 gason) nan klas la pou montre klas la men dwat yo ak men goch yo.
-  **Kiyès ki ka vin montre klas la men dwat yo ak men goch yo?**
  -  Bay elèv yo 2 minit pou fè sa. Si yon elèv gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede li.
-  **Kiyès ki ka vin montre klas la kèk objè ki agoch yo ak kèk objè ki adwat yo?**
  -  Chwazi 2 elèv (1fi ak 1 gason) nan klas la pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè sa. Si yon elèv gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede li. Ankouraje epi felisite elèv yo, ranfòse epi korije si nesèsè.

## Aktivite 2 Idantifye liy orizontal, vètikal, oblik, koub, brize/zigzag (10 mn)




-  Prepare tablo a menm jan ak model ki nan kaye egzèsis la. Epi chwazi kèk elèv pou vin trase liy orizontal, vètikal, oblik, koub, brize/zigzag sou tablo a pou klas la.
-  **Kiyès ki ka vin trase yon liy orizontal sou tablo a pou klas la?**
  -  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou vin trase liy orizontal la sou tablo a. Si yon elèv genyen difikilte, mande yon lòt elèv vin korije. Suiv menm modèl sa a, pou fè elèv yo trase liy: vètikal, oblik, koub, brize/zigzag sou tablo a.

### Egzèsis # 1 (5 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 13 – 14 pou fè egzèsis # 1an.
-  **Nou pral fè egzèsis sou liy nou aprann yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 13 – 14 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! Suiv modèl yo pou nou ka trase liy: orizontal, vètikal, oblik, koub, brize/zigzag. Nou konprann? Kòmanse!**
  -  Bay elèv yo 2-3 mn pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Lè yo fin trase liy yo sou tablo a, fè yo pran kaye egzèsis yo pou trase liy orizontal.

### Aktivite 3 Dekri yon imaj epi envante yon istwa dapre imaj la (15 mn).



- Mande elèv yo pran liv lekti a, pou ale nan leson 3 ki nan paj 12, pou obsève epi dekri imaj yo wè a.*
- Kounye a, nou pral dekri yon imaj epi envante yon istwa dapre imaj sa a. Ouvri liv lekti a nan paj 12 la, gade imaj la byen pou nou di tout sa nou wè ladan li.**
- Mete elèv yo 2 pa 2 pou obsève epi pataje lide sou sa yo wè nan imaj la. Pase verifiye si tout elèv ap travay. Apre sa, chwazi 2 fi ak 2 gason pou di sa yo wè nan imaj la.*
- Kiyès ki ka di klas la tout sa yo wè nan imaj la?**
- Ba yo 1 minit pou di tout sa yo wè nan imaj la. Epi ranfòse, ankouraje, felisite elèv yo.*
- Kounye a, mwen pral poze nou kèk kesyon sou imaj la. Nou konprann? Nou pare? Ki bò timoun yo ye? Konbyen timoun nou wè? Kisa nou wè kote yo ye a? Konbyen timoun ki nan dlo a? Kisa lòt la ap fè? Poukisa li pa antre nan dlo a? Sou kisa li chita? Èske kè yo kontan? Poukisa kè yo kontan? Kisa nou panse timoun ki nan dlo a ap rakonte lòt ki apiye sou pye bwa a?**
- Chwazi 5 fi ak 5 gason pou reponn kesyon yo. Ba yo 6 minit pou reponn kesyon yo. Apre sa, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou vin rakonte istwa a.*
- Kiyès ki ka vin rakonte klas la yon istwa dapre imaj nou sot dekri a?**
- Bay chak elèv 2 minit pou rakonte yon istwa dapre imaj la.*

### Aktivite 4 Evalyasyon (2 mn)

- Poze elèv yo kesyon sa yo pou verifiye konpreyansyon yo.*
- Kiyès ki ka vin trase yon liy vètikal sou tablo a pou klas la? Kiyès ki ka trase yon liy oblik panche adwat pou klas la?**

# Leson Revizyon 5

## Objektif:




- Idantifye fòm jwometrik (kare, triyang, rektang, won, oval)
- Distenge koulè (ble, wouj, jòn, vèt, nwa, blan, oranj, gri, mawon, vyolèt).
- Repete lèt ki nan alfabè kreyòl la

## Materyèl:




- Liv lekti, leson 5, paj 13
- Kaye egzèsis, leson 5, paj 15 – 16
- Kreyon, gòm, kaye bouyon, bwat kreyon desen

## Aktivite 1 Mizantren (3 mn)


### 1. Rapèl


-  Chwazi 2 elèv (1fi ak 1gason) nan klas la pou trase yon liy orizantal ak yon liy brize.
- ☞ Kiyès ki ka vin trase sou tablo a yon liy orizantal ak yon liy brize pou klas la?
  -  Bay elèv yo 2 minit pou fè sa. Si yon elèv gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede li. Apre sa, chwazi 2 lòt elèv (1fi ak 1 gason) nan klas la pou trase yon liy vètikal ak yon liy oblik panche adwat.
- ☞ Kiyès ki ka vin trase sou tablo a yon liy vètikal ak yon liy oblik panche adwat pou klas la?
  -  Bay elèv yo 1 minit pou fè sa. Si yon elèv gen difikilte chwazi yon lòt elèv pou ede li.

## Aktivite 2 Idantifye fòm jwometrik sa yo: won, oval, kare, triyang, rektang (10 mn)

-  Fè elèv yo trase fòm jwometrik sa yo (kare, triyang, rektang, won, oval) sou tablo a pou klas la. Chwazi kèk elèv pou vin fè egzèsis sa a.
- ☞ Kounye a, nou pral trase fòm jwometrik sa yo (won, oval, kare, triyang, rektang) sou tablo a. Kiyès ki ka vin trase fòm yo sou tablo a pou klas la?
  -  Chwazi 5 elèv (3 fi ak 2 gason), fè yo chak trase youn nan fòm yo sou tablo a pou klas la. Si yon elèv genyen difikilte, mande yon lòt elèv vin korije. Apre sa, fè elèv yo trase fòm yo nan kaye bouyon yo.
- ☞ Pran kaye bouyon nou pou nou ka kontinye trase fòm yo.
  -  Pase verifye si elèv yo ap trase fòm yo nan kaye bouyon yo. Apre sa, fè yo pran kaye egzèsis yo, fè yo trase fòm ki nan egzèsis la.


### Egzèsis # 1 (5 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 15 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou fòm nou aprann yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 15 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! Suiv modèl yo pou nou ka trase fòm: (won, oval, kare, triyang, rektang). Nou konprann? Kòmanse!



Bay elèv yo 2-3 mn pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

### Aktivite 3 Distenge koulè (ble, wouj, jòn, vèt, nwa, oranj, mawon, vyolèt) (10 mn)



Pran yon bwat kreyon desen, depoze plizyè koulè kreyon sou tab la. Epi mande elèv yo vin idantifye chak koulè sa yo : ble, wouj, jòn, vèt, nwa, blan, oranj, gri, mawon, vyolèt.

☞ Kiyès ki ka vin idantifye kreyon ki genyen koulè wouj sou tab la pou klas la?

Chwazi yon elèv pou vin idantifye kreyon ki genyen koulè wouj la. Si elèv la genyen difikilte, fè yon lòt elèv vin ede li. Fè menm jan pou chak koulè yo.


#### Egzèsis # 2 (5 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 16 pou fè egzèsis # 2 a.

☞ Nou pral fè egzèsis sou koulè nou aprann yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 16 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Kolorye imaj yo dapre koulè yo konn ye). Nou konprann? Kòmanse!

Bay elèv yo 2-3 mn pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

### Aktivite 4 Aprann alfabè kreyòl la (5 mn)



Ekri lèt alfabè kreyòl yo sou yon afich.

☞ a, an, b, ch, d, e, è, en, f, g, h, i, j, k, l, m, n, ng, o, ò, on, ou, oun, p, r, s, t, ui, v, w, y, z.

Mete afich la yon kote nan klas la pou tout elèv ka wè tout lèt yo. Si ou genyen chan alfabè kreyòl la, fè elèv yo chante l.

☞ Kounye a, nou pral di non chak lèt ki nan afich la. Mwen ap touche chak lèt pou nou di non lèt la. Nou konprann? An n kòmanse!

Touche lèt yo andezòd pou elèv yo di non yo. Apre sa, fè yo pran liv lekti yo pou di non chak lèt pou kont yo. Si ou genyen chante alfabè kreyòl la, fè yo chante l.

☞ Pran liv lekti nou an, ale nan lesan 5 lan, nan paj 13 la. Di non lèt yo ansanm pandan n ap touche chak lèt yo.

Apre sa, fè elèv yo repete non lèt yo ranje pa ranje epi chwazi kèk elèv (3 fi ak 3 gason) pou repete non lèt yo pou kont yo.

☞ Kounye a, nou pral di non lèt yo ranje pa ranje. Nou pare? An n kòmanse.

Pase verifye si elèv yo ap repete lèt yo ranje pa ranje.

☞ Mwen pral chwazi kèk elèv pou repete non lèt yo, chak elèv mwen chwazi ap kanpe epi l ap repete non lèt mwen touche nan afich la. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse.

Chwazi kèk elèv pou repete chak lèt ou touche. Si elèv yo genyen difikilte, mande yon lòt elèv repete menm lèt la pou li epi fè li repete lèt la apre.

---

**Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)**



*Poze elèv yo kesyon sa yo pou verifye konpreyansyon yo.*

- ☞ Kiyès ki ka vin trase yon rektang sou tablo a pou klas la? Kiyès ki ka trase yon triyang ak yon kare sou tablo a pou klas la?



# Leson Revizyon 6 a-A/l-L/i-I

## Objektif:

Idantifye non ak son lèt (a-A/l-L/i-I) nan mo.  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Repwoudi mo ak fraz  
Ekri mo ak konbinezon lèt.

## Materyèl:



Liv lekti, leson 6, paj 14  
Kaye egzèsis, leson 6, paj 17 – 19  
Kreyon, gòm, kaye bouyon, bwat kreyon desen

## Konsèy pou fè elèv yo marye son pou yo li silab nan liy etwal la


- *Toujou kopye liy etwal la sou tablo a pou fè elèv yo li dapre leson w ap wè a.*
- *Fè elèv yo marye son yo ki nan liy etwal la pou yo ka li silab nan liv lekti yo a 2 pa 2 epi youn pa youn. Toujou sonje fè yon modèl pou yo anvan yo kòmanse li.*
- *Lekti 2 pa 2 a fèt konsa: Pandan premye elèv la ap li byen fò, fè dezyèm elèv la suiv ak dwèt li ansilans.*


## Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

### 1. Kontin

-  *Ekri kontin nan sou tablo a byen gwo pou elèv yo anvan leson an kòmanse. Li kontin nan yon premye fwa pou elèv yo avèk bon ton, bon rit pandan w ap fè jès ki ale ak fraz yo. Reli kontin nan ansanm ak tout elèv yo yon dezyèm fwa avèk bon ton, bon rit epi mande yo fè jès ki ale ak fraz yo. Dènye fwa a, fè elèv yo li kontin nan pou kont yo ak bon ton, bon rit pandan y ap fè jès yo.*
- ☞ **Mwen pral li kontin nan pou nou yon premye fwa avèk bon ton, bon rit. M ap fè jès ki mache ak fraz mwen pral li yo. Koute byen epi gade byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen.**
  -  *Li kontin nan byen fò, ak bon ton, bon rit pou tout elèv yo. Pa bliye fè jès ki mache ak fraz yo.*



Lapwòpte tou se zanmi lasante  
Tout moun pote kole,  
Pou nou fè lapwòpte.  
N ap wouze, n ap bale, n ap netwaye,  
N ap jete tout fatra nan poubèl  
N ap pwòpte lari a  
Paske lari a se salon pèp la

- ☞ **Kounye a, nou pral reli kontin nan ansanm ak bon ton, bon rit epi n ap fè jès ki mache ak fraz yo. Nou pare? An n kòmanse!**
  -  *Verifye si tout elèv ap li kontin nan pandan y ap fè jès yo.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin li kontin nan pou klas la byen fò avèk anpil gete pandan l ap fè jès ki mache ak fraz yo?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi/1 gason) pou li kontin nan byen fò ak anpil gete pandan y ap fè jès ki mache ak fraz yo.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (30 mn)




### 1. Rekonèt son nan mo

-  Di kèk mo ki genyen son /a/ devan, deyè ak nan mitan mo a. Epi mande elèv yo leve pous yo anlè lè yo tande son /a/ nan mo a. Fè yo mete men yo plat sou ban an lè yo pa tande son /a/ nan mo a.
- ☞ Mwen pral di kèk mo pou nou, si yon mo genyen son /a/ ladan l, leve pous nou anlè. Si nou pa tande son /a/ nan mo a, mete men nou plat sou ban an. Nou konprann? Nou pare? An n kòmanse!  
Bannann – ale – melon – imaj – sik – Benita – salon – manman – pati.
-  Verifye si elèv yo respekte konsiy lan. Ankouraje, felisite elèv ki fè aktivite a byen. Kontinye menm jan pou lòt lèt yo (i,l).



**Egzanp :**

**i :** mil – savon – sik – siwo – Kami – salad – vanite – militon – sab  
**l :** kalkil – son – limonad – siman – malad – vini – itil – iwondèl – Gabi – lila.



### 2. Di son ak non lèt ki nan mo (4 mn)

-  Ekri kèk mo sou tablo a davans pou elèv yo. Epi mande elèv yo di son ak non lèt ki kòmanse mo yo. Mande yo li mo a anvan yo di son ak non lèt ki kòmanse mo a. Fè yon egzanp pou elèv yo. Touche mo a lè w ap fè egzanp lan.
- ☞ Kiyès ki ka di klas la son ak non lèt ki kòmanse chak mo sa yo?  
Ali – idòl – lila – Amòs – apeti – lide – il – akasan – limon - alimèt.
-  Chwazi 10 elèv (5 fi / 5 gason) pami sa ki leve men yo pou fè egzèsis la. Anvan elèv yo fè sa, fè yon egzanp pou yo.
- ☞ M ap fè yon egzanp pou nou, gade byen : Mo a se « loup », son lèt ki kòmanse mo « loup » se /l/, non lèt la se « l ». Nou konprann? Kiyès ki vle kontinye?
-  Chwazi 10 elèv (5 fi / 5 gason) pou idantifye son ak non lèt ki kòmanse mo sa yo :  
Ali – idòl – lila – Amòs – apeti – lide – il – akasan – limon - alimèt.


### 3. Kole lèt pou fòm epi li silab sou tablo (3 mn).

-  Fè chema ki nan liv lekti a, nan paj 14 la sou tablo a pou fè elèv yo kole lèt yo pou li silab. Touche chak lèt yo, pou elèv yo fòm silab yo epi li yo byen vit.
- ☞ Kounye a, nou pral kole lèt pou nou fòm silab. Kiyès ki ka vin fòm epi li silab ak lèt sa yo byen vit pou klas la?
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li silab yo. Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite a.

### 4. Kole silab pou fòm epi li mo kout sou tablo (3 mn)

-  Fè chema ki nan liv lekti a, nan paj 14 la sou tablo a pou fè elèv yo kole silab yo pou fòm ak li mo kout. Touche chak silab yo, pou elèv yo fòm mo yo epi li yo byen vit.
- ☞ Kounye a, nou pral kole silab pou nou fòm ak li mo kout. Kiyès ki ka fòm mo ak silab sa yo, epi li yo byen vit pou klas la?
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li mo yo. Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite a.

### Egzèsis # 1 (5 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 17 la pou fè egzèsis # 1 an.


Revizyon 6 a-A/l-L/i-I

★ I < a = li = lali < U I - I = li I - I = li  
a = la = lala < a = la a - I = al A - I = Al  
li al Al li la li li al li al la

Revizyon 6

la	li = lali	li	la = lila
	la = lala	li	li = lili
La	li = lali	li	la = lila
	la = lala	li	li = lili

Ali Lala lila lila lili lali ala Ali Lala lila lila lili

 Lili li. Ali li. Lala la. Li la.

14 Map II nèt ale 2 A.F.

- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou son ak non lèt nou sot aprann yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 17 la pou fè egzèsis # 1an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Antoure tout lèt miniskil epi souliye tout lèt majiskil nan chak bwat). Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la konbyen lèt miniskil li antoure epi konbyen lèt majiskil li souliye nan chak bwat ?**

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di konbyen lèt miniskil yo antoure epi konbyen lèt majiskil yo souliye nan bwat yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.

**Revizyon 6 a-A/I-L/i-I**

1. Antoure tout lèt miniskil epi souliye tout lèt majiskil nan chak bwat.

- Antoure tout lèt "a" miniskil epi souliye tout lèt "A" majiskil nan bwat la.

z Δ b j (o) m A z a l a i A

- Antoure tout lèt "l" miniskil epi souliye tout lèt "L" majiskil nan bwat la.

i l p L a l e L a l n l l

- Antoure tout lèt "i" miniskil epi souliye tout lèt "I" majiskil nan bwat la.

p i e i j i m i a i l i j i

2. Antoure objè ki kòmanse ak son lèt agoch la nan chak liy.

a			
l			
i			

M ap li nèk ale - 2 AF 17

**Egzèsis # 2 (5 mn)**

☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 17 la pou fè egzèsis # 2 a.

- ☞ **Nou pral kontinye fè egzèsis sou son ak non lèt nou sot aprann yo. Ale nan paj 17 la nan egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Antoure objè ki kòmanse ak son lèt agoch la nan chak liy). Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije, kiyès ki ka di klas la objè li antoure ki kòmanse ak son lèt "a" nan premye liy lan ?**

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di objè yo antoure ki kòmanse ak son lèt "a" nan premye liy lan. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la. Fè menm jan pou lòt liy yo.

**Egzèsis # 3 (5 mn)**

☞ Mande elèv yo toujou kite kaye egzèsis yo a nan paj 18 la pou fè egzèsis # 3 a.

- ☞ **N ap kontinye fè lòt egzèsis sou son ak non lèt nou sot aprann yo. Ale nan paj 18 la nan egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Antoure mo nan chak bwat). Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la mo li antoure ki kòmanse ak lèt "a" nan premye bwat la ?**

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di mo yo antoure ki kòmanse ak lèt "a" nan premye bwat la. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la. Fè menm jan pou lèt "l" ak "i".

3- Antoure mo nan chak bwat.

- Antoure tout mo ki kòmanse ak lèt "a" nan bwat la.

asyèt aswosi lachas anana imaj alantou ayisyen alèji lekti

- Antoure tout mo ki kòmanse ak lèt "l" nan bwat la.

labapen lekòl itil lasante lopital akasan limonad liv kaye

- Antoure tout mo ki kòmanse ak lèt "i" nan bwat la.

izin imaj lapen imite pale inyon avyon ijyèn itil

4- Ekri lèt la ak mo ki bò kote li a sou liy ki anba.

a - ali	l - lala	i - lila
A - Ali	L - Lala	I - Lila


18 Kaye egzèsis

**Aktivite 3 Li silab, mo ak fraz (10 mn)**

**1. Lekti silab ak mo nan liv (6 mn).**

☞ Ouvri liv lekti a nan paj 14 la. Ekri # 14 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Fè elèv yo marye lèt pou yo fè silab, epi fè yo marye silab pou yo li mo kout. Apre sa, fè elèv yo li silab ki nan liy etwal la, ak mo ki nan liy melon an ranje pa ranje epi youn pa youn.

- ☞ **Kounye a, pran liv lekti a, ale nan paj 14 la. Nou pral marye lèt pou li**



silab, epi marye silab pou li mo kout. Apre sa, nou pral li silab ki nan liy etwal la ak mo ki nan liy melon an ranje pa ranje.

- ☞ *Pase verifye si tout elèv ki nan ranje a ap li. Epi si yon elèv genyen difikilte pou l li, fè yon kamarad ki li byen ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li silab ak mo yo youn pa youn, toujou nan paj 14 la.**
  - ☞ *Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li silab ak mo yo youn pa youn nan liv lekti a nan paj 14 la. Mande yo touche mo yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li mo yo. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.*
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
  - ☞ *Verifye si elèv yo ap li silab ak mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche silab ak mo yo epi li yo ak bon ton.*
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la son pa son sou tablo a pou elèv la. Apre sa, fè elèv la kole son yo ansanm pou l ka li silab la vit epi byen.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a pou elèv la. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

**2. Lekti fraz nan liv (4 mn).**

- ☞ **Kounye a, nou pral li fraz nan liv lekti a.**
  - ☞ *Ouvri liv lekti a nan paj 14 la. Ekri # 14 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a ranje pa ranje epi youn pa youn.*
- ☞ **Nou pral li fraz yo ranje pa ranje.**
  - ☞ *Pase verifye si elèv yo ap li fraz yo. Si genyen kèk elèv ki gen difikilte, ede yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li fraz yo youn pa youn.**
  - ☞ *Chwazi kèk elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.*
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a pou elèv la. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Ekri fraz la sou tablo a. Fè elèv la li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
  - ☞ *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

**Aktivite 4 Pwodiksyon ekri (14 mn)**

**1. Ekri mo sou tablo ak nan kaye egzèsis (2 mn).**

- ☞ *Prepare tablo a menm jan ak egzèsis # 4 la ki nan leson 6 nan kaye egzèsis la nan Paj 18. Fè yon premye ranje ak tout klas la sou tablo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt la ak mo ki bò kote li a sou liy ki anba a ?**

**Egzanp :**

  - a- ali
  - ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou vin fè lòt 2 egzanp yo sou tablo a. Si yo gen difikilte, ede yo. Apre sa, mande elèv yo fè egzèsis la nan kaye yo.*



# Leson Revizyon 7 e-E/n-N/p-P

## Objektif:

Idantifye non ak son lèt (e-E/n-N/p-P) nan mo.  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Repwoudi mo ak fraz  
Ekri mo ak konbinezon lèt.

## Materyèl:




Liv lekti, leson 7, paj 15  
Kaye egzèsis, leson 7, paj 20 – 22  
Kreyon, gòm, kaye bouyon, bwat kreyon desen

## Konsèy pou fè elèv yo marye son pou yo li silab nan liy etwal la

- Toujou kopye liy etwal la sou tablo a pou fè elèv yo li dapre leson w ap wè a.
- Fè elèv yo marye son yo ki nan liy etwal la pou yo ka li silab nan liv lekti yo a 2 pa 2 epi youn pa youn. Toujou sonje fè yon modèl pou yo anvan yo kòmanse li.
- Lekt 2 pa 2 a fèt konsa: Pandan premye elèv la ap li byen fò, fè dezyèm elèv la suiv ak dwèt li ansilans.




## Aktivite 1 Mizantren (2 mn)

### Rapèl

-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou site kèk mo ki kòmanse ak son /a/.
-  Kiyès ki ka vin site pou klas la kèk mo ki kòmanse ak son /a/?
-  Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite sa a. Si yon elèv gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede li. Epi kontinye menm jan pou son /l/ ak /i/.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik

### 1. Rekonèt son nan mo


-  Di kèk mo ki genyen son /e/ devan, deyè ak nan mitan mo a. Epi mande elèv yo leve pous yo anlè lè yo tande son /e/ nan mo a. Fè yo mete men yo plat sou ban an lè yo pa tande son /e/ nan yon mo.
-  Mwen pral di kèk mo pou nou, si yon mo genyen son /e/ ladan l, leve pous nou anlè. Si nou pa tande son /e/ nan mo a, mete men nou plat sou ban an. Nou konprann? Nou pare? An n kòmanse.  
Bale – ale – mango – sale – imaj – kale – sik – Benita – pate – kreye – diri
-  Verifye si elèv yo respekte konsiy lan. Ankouraje, felisite elèv ki fè aktivite a byen. Kontinye menm jan pou lòt lèt yo (n, p).

#### Egzanp:

n: mil – savann – sik – santinèl – siwo – kalalou – vanite – salad – militon – sab.

p: kalkil – pilon – limonad – plati – siman – apa – parapli – vini – lapli.

### 2. Di son ak non lèt ki nan mo (4 mn)

-  Ekri kèk mo sou tablo a davans pou elèv yo. Epi mande elèv yo di son ak non lèt ki kòmanse mo yo. Mande yo li mo a anvan yo di son ak non lèt ki kòmanse mo a. Fè yon egzanp pou elèv yo. Touche mo a lè w ap fè egzanp lan.

- ☞ Kiyès ki ka di pou klas la, son ak non lèt ki kòmanse chak mo sa yo? Eli – Natali – parapli – elikoptè – nat – pati – pile – epis – nich – ekip.
  - ☞ Chwazi elèv pami sa ki leve men yo pou fè egzèsis la. Anvan elèv yo fè sa, fè yon egzanp pou yo.
- ☞ M ap fè yon egzanp pou nou, gade byen : Mo a se « ekipman », son lèt ki kòmanse mo « ekipman » se /e/, non lèt la se « e ». Nou konprann ? Kiyès ki vle kontinye pou klas la ?
  - ☞ Chwazi 10 elèv (5 fi / 5 gason) pou idantifye son ak non lèt ki kòmanse mo sa yo : Eli – Natali – parapli – elikoptè – nat – pati – pile – epis – nich – ekip

Revizyon 7 e-E/n-N/p-p

★

e = pe	e = Pe	e → p = ep
a = pa	a = Pa	a → p = ap
i = pi	i = Pi	i → p = ip

n = ni	n = Ni	e → n = en
a = na	a = Na	a → n = an
e = ne	e = Ne	i → n = in

Pa Pe ap Na Pi Na Ni La Li ap al ap ep lp an en In

▲

la = Pale	na = Nina
pa = Papi	ni = Nini
pi = Papi	no = Nino
li = Pali	
la = Pala	

Papa epi Pile Papi pap pela ane nap Nani Nini Ana Ali Pip Ini

☞ Eli ap li. Allna pa la. Nini ap pale. Nani ap pile.

M ap li mèt ale 2 A.F. 15

**3. Kole lèt pou fòm epi li silab sou tablo (3 mn).**

- ☞ Fè chema ki nan liv lekti a, nan paj 15 lan sou tablo a pou fè elèv yo kole lèt yo pou li silab. Touche chak lèt yo, pou elèv yo fòm silab yo epi li yo byen vit.
- ☞ Kounye a, nou pral kole lèt pou nou fòm silab. Kiyès ki ka vin fòm epi li silab ak lèt sa yo byen vit pou klas la ?
  - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li silab yo. Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite a.

**4. Kole silab pou fòm epi li mo kout sou tablo (3 mn)**

- ☞ Fè chema ki nan liv lekti a, nan paj 15 lan sou tablo a pou fè elèv yo kole silab yo pou fòm ak li mo kout. Touche chak silab yo, pou elèv yo fòm mo yo epi li yo byen vit.
- ☞ Kounye a, nou pral kole silab pou nou fòm ak li mo kout. Kiyès ki ka fòm mo ak silab sa yo, epi li yo byen vit pou klas la ?
  - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li mo yo. Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite a.

Revizyon 7 e-E/n-N/p-p

1. Antoure tout lèt ki menm ak modèl la nan chak bwat.

P	a	b	p	m	z	o	p	a
e	i	b	e	a	e	n	e	l
n	m	n	p	n	b	a	n	a

n-N/p-p-P

**Egzèsis # 1 (5 mn)**

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 20 an pou fè egzèsis # 1.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou son ak non lèt nou sot aprann yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 20 an pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Antoure tout lèt ki menm ak modèl la nan chak bwat). Nou konprann ? Kòmanse !
  - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la konbyen lèt li antoure ki menm ak modèl la nan premye bwat la ?
  - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di konbyen lèt yo antoure ki menm ak modèl la. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la. Fè menm jan pou chak modèl lèt yo.

Revizyon 7 e-E

2. Antoure tout mo ki kòmanse ak lèt la.

- Antoure tout mo ki kòmanse ak lèt "p".

pansman parapli ede planch pyeton matla papay koute pataje atansyon

- Antoure tout mo ki kòmanse ak lèt "e".

eple ekri palmis efase peyi emaye elèv akolad etidye

- Antoure tout mo ki kòmanse ak lèt "n".

nich navige pope nasyon pwofesè natirèl mekanisyon netwaye naje

20 Kaye egzèsis

**Egzèsis # 2 (5 mn)**

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 20 an pou fè egzèsis # 2.
- ☞ Nou pral kontinye fè egzèsis sou son ak non lèt nou sot aprann yo. Ale nan paj 20 an nan egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Antoure tout mo ki kòmanse ak lèt la). Nou konprann ? Kòmanse !

3. Fè yon liy soti nan lèt «n» rive nan chak mo ki genyen lèt la. Apre sa, antoure lèt «n» nan mo a.



- Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la tout mo li antoure ki kòmanse ak lèt “p, e, n” ladan yo?**
  - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di tout mo yo antoure ki kòmanse ak lèt (p, e, n). Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.

**Egzèsis # 3 (5 mn)**

- ☞ Mande elèv yo toujou kite kaye egzèsis yo a nan paj 21 an pou fè egzèsis # 3 a. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ **N ap kontinye fè lòt egzèsis sou son ak non lèt nou sot aprann yo. Ale nan paj 21 an nan egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Fè yon liy soti nan lèt «n» rive nan chak mo ki genyen lèt la. Apre sa, antoure lèt «n» nan mo a. Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la tout mo ki genyen lèt «n» li antoure yo?**
  - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di tout mo ki genyen lèt “n” yo antoure. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.

**Aktivite 3 Li silab, mo ak fraz (10 mn)**

Revizyon 7 e-E/n-N/p-p-P

★ p ( a = pa, e = Pe, o = po, i = pi ) P ( a = Pa, e = Pe, o = po, i = pi ) l ( a = la, e = le, o = lo, i = li )

n ( a = na, e = ne, o = no, i = ni ) N ( a = Na, e = Ne, o = No, i = Ni )

Pa Pe ap Ne Pi Na Ni La Li ap al ap ep lp an en ln

le = Pale, pl = Papi, pa = Papa, li = Pali, la = Pala

ni = Nina, ni = Nini, no = Nino

Papa epi Pile Papi pap pela ane nap Nani Nini Ana Ali Pip Ini

Eli ap li. Alina pa la. Nini ap pale. Nani ap pile.

M ap li mèt ale 2 A.F. 15

**1. Lekti silab ak mo nan liv (6 mn).**

- ☞ Ouvri liv lekti a nan paj 15 lan. Ekri # 15 lan byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Fè elèv yo kole lèt pou fè silab, epi fè yo kole silab pou li mo kout. Apre sa, fè elèv yo li silab ki nan liy etwal la, ak mo ki nan liy melon an ranje pa ranje epi youn pa youn.
- ☞ **Kounye a, pran liv lekti a, ale nan paj 15 lan. Nou pral kole lèt pou li silab, epi kole silab pou li mo kout. Apre sa, nou pral li silab ki nan liy etwal la ak mo ki nan liy melon an ranje pa ranje.**
  - ☞ Pase verifye si tout elèv ki nan ranje a ap li. Epi si yon elèv genyen difikilte pou l li, fè yon kamarad ki li byen ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral li silab ak mo yo youn pa youn, toujou nan paj 15 lan.**
  - ☞ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li silab ak mo yo youn pa youn nan liv lekti a nan paj 15 lan. Mande yo touche mo yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li mo yo. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
  - ☞ Verifye si elèv yo ap li silab ak mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche silab ak mo yo epi li yo ak bon ton.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la son pa son sou tablo a pou elèv la. Apre sa, fè elèv la kole son yo ansanm pou l ka li silab la vit epi byen.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a pou elèv la. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.



Revizyon 7 e-E/n-N/p-P

★ p (a) = pa (i) = pi (e) = pe (e) = pe (a) = pa (i) = pi (e) = pe (e) = pe (a) = pa (i) = pi (e) = pe

n (a) = na (i) = ni (e) = ne (e) = ne (a) = na (i) = ni (e) = ne (e) = ne (a) = na (i) = ni (e) = ne

Pa Pe ap Na Pi Na Ni La Li ap al ap ep Ip an en In

le = Pale  
pi = Papi  
pa = Papa  
li = Pali  
la = Pala

Papa epi Pile Papi pap pala ana nap Nani Nini  
Ana Ali Pip Ini

Eli ap li. Alina pa la. Nini ap pale. Nani ap pile.

Map li mèt ale 2 A.F. 15

## 2. Lekti fraz nan liv (4 mn).

- ☞ **Kounye a, nou pral li fraz nan liv lekti a.**  
 Ouvri liv lekti a nan paj 15 lan. Ekri # 15 lan byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a ranje pa ranje epi youn pa youn.
- ☞ **Nou pral li fraz yo ranje pa ranje.**  
 Pase verifye si elèv yo ap li fraz yo. Si genyen kèk elèv ki gen difikilte, ede yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li fraz yo youn pa youn.**  
 Chwazi kèk elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.  
 - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a pou elèv la. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.  
 - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Ekri fraz la sou tablo a. Fè elèv la li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**  
 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

## Aktivite 4 Pwodiksyon ekri (14 mn)

### 2. Ekri mo sou tablo ak nan kaye egzèsis (2 mn).

- ☞ *Prepare tablo a menm jan ak egzèsis # 4 ki nan leson 7 nan kaye egzèsis la nan Paj 21 an. Fè yon premye ranje ak tout klas la sou tablo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt la ak mo ki bò kote li a sou liy ki anba a ?**  
**Egzanp : p-pile**  
 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou vin fè lòt 2 egzanp yo sou tablo a. Si yo gen difikilte, ede yo. Apre sa, mande elèv yo fè egzèsis la nan kaye yo.

### Egzèsis # 4 (5 mn)

- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 21 an pou fè egzèsis # 4 la.*
- ☞ **Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 21 an pou fè egzèsis # 4 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri lèt la ak mo ki bò kote li a sou liy ki anba a). Nou konprann ? Kòmanse!**  
 Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

### 3. Ekri fraz sou tablo ak nan kaye egzèsis (2 mn).

- ☞ *Kontinye fè elèv yo fè egzèsis nan kaye egzèsis la nan paj 21 ak 22 a. Ekri fraz ki nan egzèsis # 5 lan sou tablo a pou elèv yo ka li l byen fò.*
- Egzanp : Eli ap li, Nini ap pale.**
- ☞ **Kiyès ki ka li fraz sa a pou klas la byen fò ?**  
 Chwazi 1 fi ak 1 gason pou li fraz la pou klas la youn apre lòt. Ba yo 1 minit pou li fraz la. Si yo genyen difikilte, ede yo.

3. Fè yon liy soti nan lèt «n» rive nan chak mo ki genyen lèt la. Apre sa, antoure lèt «n» nan mo a.

almònk desine satye koudèy nich onèt

4. Ekri lèt la ak mo ki bò kote li a sou liy ki anba a.

p - pile	e - eple	n - nap
P - Pale	E - Eli	N - Nani

5. Kopye lèt, silab, mo ak fraz yo menm jan ak modèl yo sou liy ki anba yo.

P - p -

E - e -

N - n -



Map li mèt ale - 2 A.F. 21

pile - nap - Nani - pale


Eli ap li, Nini ap pale.

22 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 5 (5 mn)

-  Mande elèv yo pou ale nan egzèsis # 5 lan nan paj 21 ak 22 a.
- ☞ Ale nan egzèsis # 5 lan ki nan paj 21 ak 22 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye lèt, silab, mo ak fraz yo menm jan ak modèl yo sou liy ki anba yo). Sonje yon fraz toujou kòmanse ak yon lèt majiskil epi li fini ak yon pwen. Nou konprann? Kòmanse!
-  Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 5 lan. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la epi jwenn bon nimewo egzèsis la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

### Aktivite 5 Evalyasyon (3 mn)

-  Poze elèv yo kesyon sa yo pou verifye konpreyansyon yo.
- ☞ Kiyès ki ka fòme yon mo ki kòmanse ak lèt « p » epi lèt « e » ak lèt « n »? Kiyès ki ka fòme yon mo ki fini ak lèt « p » epi lèt « e » ak lèt « n »?

# Leson Revizyon 8 m-M/an/ t-T/ o-O/ou/s-S

## Objektif:

Idantifye non ak son lèt (m-M/an/ t-T/ o-O/ou/s-S) nan mo.  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Repwoudi mo ak fraz  
Ekri mo ak konbinezon lèt.

## Materyèl:




Liv lekti, leson 8, paj 16  
Kaye egzèsis, leson 8, paj 23 – 26  
Kreyon, gòm, kaye bouyon, bwat kreyon desen

## Konsèy pou fè elèv yo marye son pou yo li silab nan liy etwal la

- *Toujou kopye liy etwal la sou tablo a pou fè elèv yo li dapre leson w ap wè a.*
- *Fè elèv yo marye son yo ki nan liy etwal la pou yo ka li silab nan liv lekti yo a 2 pa 2 epi youn pa youn. Toujou sonje fè yon modèl pou yo anvan yo kòmanse li.*
- *Lekti 2 pa 2 a fèt konsa: Pandan premye elèv la ap li byen fò, fè dezyèm elèv la suiv ak dwèt li ansilans.*




## Aktivite 1 Mizantren (2 mn)

### Rapèl

-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou site kèk mo ki fini ak son /e/.*
-  **Kiyès ki ka vin site pou klas la kèk mo ki fini ak son /e/ ?**
-  *Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite sa a. Si yon elèv gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede li. Epi kontinye menm jan pou son /p/ ak /n/.*

## Aktivite 2 Konsyans fonemik

### 2. Rekonèt son nan mo

-  *Di kèk mo ki genyen son /m/ devan, deyè ak nan mitan mo a. Epi mande elèv yo leve pous yo anlè lè yo tande son /m/ nan mo a. Fè yo mete men yo plat sou ban an lè yo pa tande son /m/ nan yon mo.*
-  **Mwen pral di kèk mo pou nou, si yon mo genyen son /m/ ladan l, leve pous nou anlè. Si nou pa tande son /m/ nan mo a, mete men nou plat sou ban an. Nou konprann ? Nou pare ? An n kòmanse.**  
**mal – ale – mango- sale – imaj- kale – mi- lam – pate – kafe – Simon.**
-  *Verifye si elèv yo respekte konsiy lan. Ankouraje, felisite elèv ki fè aktivite a byen. Kontinye menm jan pou lòt lèt yo (an, t, o, ou, s).*

### Egzanp :

An: Anlè – savann – sik - santinèl – siwo – Anpil – vanite - anba - militon - Antwàn  
T: Tomat – pilon – Titin – dous - plati – vanite – tito - tapi - mwa - samdi  
O: Oval - Simon - Orizantal - domino - Sous - dal - Maryo - Douz - Tas - Etone  
Ou: Ouvri - sal - kouvri - Manman - kalalou - mou - Siman - boude - Siwo - grangou  
S: Sale - vitès - Andre - solid - Sal - minit - espas - mamit - sitron - sid

**2. Di son ak non lèt ki nan mo (4 mn)**

- ☞ *Ekri kèk mo sou tablo a davans pou elèv yo. Epi mande elèv yo di son ak non lèt ki kòmanse mo yo. Mande yo li mo a anvan yo di son ak non lèt ki kòmanse mo a. Fè yon egzanp pou elèv yo. Touche mo a lè w ap fè egzanp lan.*
- ☞ **Kiyès ki ka di pou klas la son ak non lèt ki kòmanse chak mo sa yo ?**  
**Manno – Ansanm – Tapi – orikilè – ouvriye – Sapen – Sen – Okay – oubyen – anba – mamit.**
- ☞ *Chwazi elèv pami sa ki leve men yo pou fè egzèsis la. Anvan elèv yo fè sa, fè yon egzanp pou yo.*
- ☞ **M ap fè yon egzanp pou nou, gade byen : Mo a se « mekanisyen », son lèt ki kòmanse mo « mekanisyen » se /m/, non lèt la se « m ». Nou konprann ? Kiyès ki vle kontinye pou klas la ?**
- ☞ *Chwazi 10 elèv (5 fi / 5 gason) pou idantifye son ak non lèt ki kòmanse mo sa yo. Manno – Ansanm – Tapi – orikilè - ouvriye – Sapen – Sen – Okay – oubyen – Anba- mamit.*

Revizyon 8 m-M/an/t-T/o-O/ou/s-S

a	= ma	a	= sa	a	= ta
i	= mi	i	= si	i	= ti
e	= me	e	= se	e	= te
ou	= mou	ou	= sou	ou	= tou
o	= mo	o	= so	o	= to
an	= man	an	= san	an	= tan

ma mi ti me san ta nou si man sou sa tou tan te se mou to so mo

---

ma	= Mama	ta	= tata	si	= sisi
li	= Mall	ti	= tati	ta	= tata
la	= Mala	so	= taso	tou	= sitou
ni	= Mani	ni	= tani	se	= sise
ti	= Mami	te	= tate	te	= site
tou	= Matou	tou	= tabou	to	= sito

mama mali sisi tita mala tati sita tani sitou mani mami site meto sitou taso tatou tate sesi sito moto tani

Minou pa soupe. Tita ale nan sous la. Mimi pa la li pati. Papa pa la li pati. Natali ale san soupe. Soup la san epis.

16 M ap li nèt ale 2 A.F.

**3. Kole lèt pou fòm epi li silab sou tablo (3 mn).**

- ☞ *Fè chema ki nan liv lekti, nan paj 16 la sou tablo a pou fè elèv yo kole lèt yo pou yo li silab. Touche chak lèt yo, pou elèv yo fòm silab yo epi li yo byen vit.*
- ☞ **Kounye a, nou pral kole lèt pou nou fòm silab. Kiyès ki ka vin fòm epi li silab ak lèt sa yo byen vit pou klas la ?**
- ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li silab yo. Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite a.*

**3. Kole silab pou fòm epi li mo kout sou tablo (3 mn)**

- ☞ *Fè chema ki nan liv lekti a, nan paj 16 la sou tablo a pou fè elèv yo kole silab yo pou fòm ak li mo kout. Touche chak silab yo, pou elèv yo fòm mo yo epi li yo byen vit.*
- ☞ **Kounye a, nou pral kole silab pou nou fòm ak li mo kout. Kiyès ki ka fòm mo ak silab sa yo, epi li yo byen vit pou klas la ?**
- ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li mo yo. Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite a.*

Revizyon 8

1. Antoure tout lèt ki menm ak modèl la nan chak bwat.

m	p m j ò m b a l m
an	a an ou an z n l an m
t	z s t a m t a t a
o	ò an o p b d a o o
ou	an en ou an ou ch ou
s	z b j a s z s i s

Revizyon 8

**Egzèsis # 1 (5 mn)**

- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 23 a pou fè egzèsis # 1 an.*
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou son ak non lèt nou sot aprann yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 23 a pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Antoure tout lèt ki menm ak modèl la nan chak bwat). Nou konprann ? Kòmanse !**
- ☞ *Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la konbyen lèt li antoure ki menm ak modèl la nan premye bwat la ?**
- ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di konbyen lèt yo antoure ki menm ak modèl la. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la. Fè menm jan pou chak modèl lèt yo.*

2. Antoure tout mo ki gen lèt "t, o, s, m, an, ou".

Antoure tout mo ki gen lèt "t".

☞ *rase* efase mamit ouragan patat ouvriye tabliye twazyèm ouvè otèl konbit timoun

M ap li nèt ale - 2 A.F. 23

**Egzèsis # 2 (8 mn)**

- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 23 – 24 la pou fè egzèsis # 2 a.*
- ☞ **Nou pral kontinye fè egzèsis sou son ak non lèt nou sot aprann yo. Ale nan paj 23 - 24 la pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Antoure tout mo ki gen lèt " t, o, s, m, an, ou"). Nou konprann ?**

**Antoure tout mo ki gen lèt "o".**  
oto papay ole millon otèl tito echalèt  
olye mache okap moto

**Antoure tout mo ki gen lèt "s".**  
minis tomat pis ansyen ansanm klas rasanble  
mabi anbete sonje envite pwason

**Antoure tout mo ki gen lèt "m".**  
mamit tomat anpil ansyen ansanm galope mabi  
anbete tamaren envite pam antrè

**Antoure tout mo ki gen lèt "an".**  
plante anpil ansyen ansanm galope anbete  
envite antye antrè

**Antoure tout mo ki gen lèt "ou".**  
pous tomat kalalou ansyen boutik ansanm  
klas boulanje mabi toupatou envite moulen  
ouragan

**Kòmanse!**

- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la tout mo li antoure yo?**
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di klas mo yo antoure ki genyen lèt yo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.

**Aktivite 3 Li silab, mo ak fraz (10 mn)**

Revizyon 8 m-M/an/t-T/o-O/ou/s-S

★ a = ma l = la t = ta  
i = mi o = ou  
e = me ou = mou  
o = mo an = man

a = sa l = la t = ta  
i = si o = sou  
e = se ou = sou  
o = so an = san

t = ta l = la t = ta  
i = ti o = tou  
e = te ou = tou  
o = to an = tan

ma mi ti me san ta nou si man sou sa tou tan te se mou to so mo

ma = Mama l = Mala t = tata  
i = Mami o = Mami  
e = Mami ou = Mami  
o = Mami an = Mami

mami mali sisi tita mala tati sita tani sitou mani  
mali site matou sitou taso tatou tate sesi sito moto tani

🔥 Minou pa soupe. Tita ale nan sous la. Mimi pa la li pati. Papa pa la li pati. Natoli ale nan soupe. Soup la san epis.

16 M ap li nèt ale 2 A.F.

**1. Lekti silab ak mo nan liv (6 mn).**

- ☞ Ouvri liv lekti a nan paj 16 la. Ekri # 16 byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Fè elèv yo marye lèt pou fè silab, epi fè yo marye silab pou li mo kout. Apre sa, fè elèv yo li silab ki nan liy etwal la, ak mo ki nan liy melon an ranje pa ranje epi youn pa youn.
- ☞ **Kounye a, pran liv lekti a, ale nan paj 16 la. Nou pral marye lèt pou li silab, epi marye silab pou li mo kout. Apre sa, nou pral li silab ki nan liy etwal la ak mo ki nan liy melon an ranje pa ranje.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv ki nan ranje a ap li. Epi si yon elèv genyen difikilte pou l li, fè yon kamarad ki li byen ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral li silab ak mo yo youn pa youn, toujou nan paj 16 la.**
- ☞ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li silab ak mo yo youn pa youn nan liv lekti a nan paj 16 la. Mande yo touche mo yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li mo yo. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ Verifye si elèv yo ap li silab ak mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche silab ak mo yo epi li yo ak bon ton.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la son pa son sou tablo a pou elèv la. Apre sa, fè elèv la marye son yo ansanm pou l ka li silab la vit epi byen.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a pou elèv la. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

**2. Lekti fraz nan liv (4 mn).**

- ☞ **Kounye a, nou pral li fraz nan liv lekti a.**
- ☞ Ouvri liv lekti a nan paj 16 la. Ekri # 16 byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a ranje pa ranje epi youn pa youn.
- ☞ **Nou pral li fraz yo ranje pa ranje.**
- ☞ Pase verifye si elèv yo ap li fraz yo. Si genyen kèk elèv ki gen difikilte, ede yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li fraz yo youn pa youn.**
- ☞ Chwazi kèk elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a pou elèv la. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Ekri fraz la sou tablo a. Fè elèv la li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

## Aktivite 4 Pwodiksyon ekri (15 mn)

3. Ekri lèt la ak mo ki bò kote li a sou liy ki anba a.

an - anpil	t - tablo	m - manman
An - Anvan	T - Tamara	M - Miragwàn
s - simante	ou - toupatou	o - plato
S - Salomon	Ou - Oubyen	O - Oto

Revizyon 8

### Egzèsis 3 (5 mn)

- ☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 25 pou fè egzèsis # 3 a.
- ☞ Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 25 lan pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! Ekri lèt la ak mo ki bò kote li a sou liy ki anba a. Nou konprann? Kòmanse!
- ☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

### Egzèsis # 4 (5 mn)

- ☁ Mande elèv yo ale nan paj 25 lan nan egzèsis # 4 la.
- ☞ Ale nan egzèsis # 4 ki nan paj 25 lan. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi mo nan bwat la ki ale ak chak desen. Ekri mo a sou liy ki anba desen an). Nou konprann? Kòmanse!
- ☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la epi jwenn bon nimewo egzèsis la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la ki mo li ekri anba chak desen?
- ☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di mo yo ekri anba chak desen. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.

4. Chwazi mo nan bwat la ki ale ak chak desen. Ekri mo a sou liy ki anba desen an.

mango pilon lapli

M op li nèt ale - 2 AF 25

### Egzèsis # 5 (5 mn)

- ☁ Mande elèv yo ale nan paj 26 la nan egzèsis # 5 lan.
- ☞ Ale nan egzèsis # 5 lan ki nan paj 26 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Li fraz la epi kopye li sou liy ki anba yo). Sonje yon fraz toujou kòmanse ak yon lèt majiskil epi li fini ak yon pwen. Nou konprann? Kòmanse!
- ☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 5 lan. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la epi jwenn bon nimewo egzèsis la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

5. Li fraz la epi kopye li sou liy ki anba yo.

Manman ap plante lam.

Revizyon 8

26 Kaye egzèsis

## Aktivite 5 Evalyasyon (3 mn)

- ☁ Poze elèv yo kesyon sa yo pou verifye konpreyansyon yo.
- ☞ Kiyès ki ka fòme yon mo ki kòmanse ak lèt « m », « t », « o », « s »? Kiyès ki ka fòme yon mo ki fini ak lèt « ou » ak « an »?

# Leson Revizyon 9 è-È/k-K/en/r- R/y-Y/on

## Objektif:

Idantifye non ak son lèt (è-È/k-K/en/r- R/y-Y/on) nan mo.  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Repwoudi mo ak fraz  
Ekri mo ak konbinezon lèt.

## Materyèl:



Liv lekti, leson 9, paj 17  
Kaye egzèsis, leson 9, paj 27 – 29  
Kreyon, gòm, kaye bouyon, bwat kreyon desen

## Konsèy pou fè elèv yo marye son pou yo li silab nan liy etwal la

- Toujou kopye liy etwal la sou tablo a pou fè elèv yo li dapre leson w ap wè a.
- Fè elèv yo marye son yo ki nan liy etwal la pou yo ka li silab nan liv lekti yo a 2 pa 2 epi youn pa youn. Toujou sonje fè yon modèl pou yo anvan yo kòmanse li.
- Lekti 2 pa 2 a fèt konsa: Pandan premye elèv la ap li byen fò, fè dezyèm elèv la suiv ak dwèt li ansilans.



## Aktivite 1 Mizantren (2 mn)

### Rapèl

-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou site kèk mo ki genyen son /m/ ladan yo.
- ☞ Kiyès ki ka vin site pou klas la kèk mo ki genyen son /m/ ladan yo?
  -  Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite sa a. Si yon elèv gen difikilte chwazi yon lòt elèv pou ede li. Epi kontinye menm jan pou son /an/, /t/, /s/, /o/ ak /ou/.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (28 mn)

### 1. Rekonèt son nan mo

-  Di kèk mo ki genyen son /è/ devan, deyè ak nan mitan mo a. Epi mande elèv yo leve pous yo anlè lè yo tande son /è/ nan mo a. Fè yo mete men yo plat sou ban an lè yo pa tande son /è/ nan yon mo.
- ☞ Mwen pral di kèk mo pou nou, si yon mo genyen son /è/ ladan l, leve pous nou anlè. Si nou pa tande son /è/ nan mo a mete men nou plat sou ban an. Nou konprann? Nou pare? An n kòmanse.  
è/E: Anlè – vè - milton - lakrè - lè - chalè - kouran - kalkil - jiyè - mè - Ève.
-  Verifye si elèv yo respekte konsiy lan. Ankouraje, felisite elèv ki fè aktivite a byen. Kontinye menm jan pou lòt lèt yo (è, È/k, k/en/r, R/y, Y/on).

#### Egzanp:

k: Kalo - mayi - kalalou - klou - mouye - kote - lapen - kopye - akra - kann.

en: men - sapen - maten - mòn - pen - kabrit - zèb - Simon - ten - Zannimo.

r/R: Ouvri - sal - kouvri - Manman - fraz - krèm - mou - revizyon - Siwo - granmoun, Rigo.

Y/y: Ivon - sous - lvàn - chay - salad - malere - pay - kopyaj - espas -

mayi - Yanm - maraton.

on : losyon - pilon - savon - moun - bonbon - machann - anpil - son - kalmason - mango.

**2. Di son ak non lèt epi konbinezon lèt ki nan mo (4 mn)**

- ☞ *Ekri kèk mo sou tablo a davans pou elèv yo. Epi mande elèv yo di son ak non lèt ki kòmanse mo yo. Mande yo li mo a anvan yo di son ak non lèt ki kòmanse mo a. Fè yon egzanz pou elèv yo. Touche mo a lè w ap fè egzanz lan.*
- ☞ **Kiyès ki ka di pou klas la son ak non lèt ki kòmanse chak mo sa yo ?**  
**Èv- Kalalou – endyen – rivyè – Yanm – onz.**
  - ☞ *Chwazi elèv pami sa ki leve men yo pou fè egzèsis la. Anvan elèv yo fè sa, fè yon egzanz pou yo.*
- ☞ **M ap fè yon egzanz pou nou, gade byen : Mo a se « kalalou », son lèt ki kòmanse mo « kalalou » se /k/, non lèt la se « k ». Nou konprann ? Kiyès ki vle kontinye pou klas la ?**
  - ☞ *Chwazi 10 elèv (5 fi / 5 gason) pou idantifye non ak son lèt ki kòmanse mo sa yo : Èv – Kalalou – endyen – rivyè – Yanm – onz.*

**3. Kole lèt pou fòm epi li silab sou tablo (3 mn).**

- ☞ *Fè chema ki nan liv lekti a, nan paj 17 la sou tablo a pou fè elèv yo kole lèt yo pou li silab. Touche chak lèt yo, pou elèv yo fòm silab yo epi li yo byen vit.*
- ☞ **Kounye a, nou pral kole lèt pou nou fòm silab. Kiyès ki ka vin fòm epi li silab ak lèt sa yo byen vit pou klas la ?**
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li silab yo. Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite a.*

**4. Kole silab pou fòm epi li mo kout sou tablo (3 mn)**

- ☞ *Fè chema ki nan liv lekti a, nan paj 17 la sou tablo a pou fè elèv yo kole silab yo pou fòm ak li mo kout. Touche chak silab yo, pou elèv yo fòm mo yo epi li yo byen vit.*
- ☞ **Kounye a, nou pral kole silab pou nou fòm ak li mo kout. Kiyès ki ka fòm mo ak silab sa yo, epi li yo byen vit pou klas la ?**
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li mo yo. Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite a.*

**Revizyon 9 è-È/k-K/en/r-R/y-Y/on**

1. Antoure tout lèt ki menm ak modèl la nan chak bwat.

è	e	b	e	r	è	e	è	ò	è				
k	k	b	j	k	s	z	w	k	v				
en	e	n	m	e	n	o	a	n	o	e	n	l	a
r	p	r	j	a	s	z	r	s	r	s	r		
y	z	w	y	a	y	z	s	l	y				
on	m	e	n	o	n	a	n	o	u	o	n		

2. Antoure tout mo ki gen lèt "è/k/en/r/y/on"

Antoure tout mo ki gen lèt "è"

lèt : kiltivatè frèt ayewopò cheval pèmèt  
 dlo lasèt anlè Ènès.

M ap li nèt ale - 2 AF 27

**Egzèsis # 1 (5 mn)**

- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 27 la pou fè egzèsis # 1 an.*
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou son ak non lèt nou sot aprann yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 27 la pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Antoure tout lèt ki menm ak modèl la nan chak bwat). Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la konbyen lèt li antoure ki menm ak modèl la nan premye bwat la ?**
  - ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di konbyen lèt yo antoure ki menm ak modèl la. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la. Fè menm jan pou chak modèl lèt yo.*

**Revizyon 9 è-È/k-K/en/r-R/y-Y/on**

2. Antoure tout mo ki gen lèt "è/k/en/r/y/on"

Antoure tout mo ki gen lèt "è"

lèt : kiltivatè frèt ayewopò cheval pèmèt  
 dlo lasèt anlè Ènès.

M ap li nèt ale - 2 AF 27

**Egzèsis # 2 (8 mn)**

- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 27 – 28 la pou fè egzèsis # 2 a.*
- ☞ **Nou pral kontinye fè egzèsis sou son ak non lèt nou sot aprann yo. Ale nan paj 27 – 28 la pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou.**



**Antoure tout mo ki gen lèt "k"**

↳ kouche eskalye kalite kouri kanpe kreyon  
septanm bourik zanmi

**Antoure tout mo ki gen lèt "en"**

↳ endèks ensèk kalaj maten penyen renmen  
vwayaj mwen chemiz anchenen

**Antoure tout mo ki gen lèt "r"**

↳ revèy radyo marasa ranmasè sabilye retounen  
bezwen revizyon kouri karate

**Antoure tout mo ki gen lèt "y"**

↳ jiyè eskalye telefòn bliye manman liy janvyè  
perdyè premye machin yè

**Antoure tout mo ki gen lèt "on"**

↳ son losyon kanson teyat kalmanson konbit  
bwason moto bonbon anpil

Revizyon 9 è-È/k-K/en/r-R/y-Y/on

28 Kaye egzèsis

**(Antoure tout mo ki gen lèt "è/k/en/r/y/on"). Nou konprann ? Kòmanse !**

- Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la tout mo li antoure yo ?**
  - Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di konbyen mo yo antoure ki genyen lèt "è/k/en/r/y/on". Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.

**Aktivite 3 Li silab, mo ak fraz (10 mn)**

**1. Lekti silab ak mo nan liv (6 mn).**

- Ouvri liv lekti a nan paj 17 la. Ekri # 17 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Fè elèv yo marye lèt pou fè silab, epi fè yo marye silab pou li mo kout. Apre sa, fè elèv yo li silab ki nan liy etwal la, ak mo ki nan liy melon an ranje pa ranje epi youn pa youn.
- Kounye a, pran liv lekti a, ale nan paj 17 la. Nou pral marye lèt pou li silab, epi marye silab pou li mo kout. Apre sa, nou pral li silab ki nan liy etwal la ak mo ki nan liy melon an ranje pa ranje.**
  - Pase verifye si tout elèv ki nan ranje a ap li. Epi si yon elèv genyen difikilte pou l li, fè yon kamarad ki li byen ede li oubyen ede li ou menm.
- Kounye a, nou pral li silab ak mo yo youn pa youn, toujou nan paj 17 la.**
  - Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li silab ak mo yo youn pa youn nan liv lekti a nan paj 17 la. Mande yo touche mo yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li mo yo. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
  - Verifye si elèv yo ap li silab ak mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche silab ak mo yo epi li yo ak bon ton.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la sou tablo a pou elèv la. Apre sa, fè elèv la kole son yo ansanm pou l ka li silab la vit epi byen.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a pou elèv la. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

Revizyon 9 è-È/k-K/en/r-R/y-Y/on

k	à = kà ou = kou on = kon an = kan o = ko	l	ri = ri e = re a = ra an = ran à = rà en = ren	y	ye = ye ya = ya à = yà an = yan an = yan
---	--	---	---	---	--

ka ri kou ran kè ri ken ren ki pou ke pon ko kon ra ren yan ye yi ya yè yen ray pay kès kay pèl lay rès kous

Kà	kà = Kàkà bi = Kàbi lou = Kàlou kou = Kàkou ti = Kàti mà = Kàmà	Ran	ni = Ranni nye = Ranmye tre = Ranmye pil = Ranpil son = Ranson kin = Ranidin
----	--	-----	---

ranni pèlen konpè ensèk makèt kanèl tenis sèke Rita osèl tiyo keyi mouye yanvalou ranmye akasan miniskil ranson rankin kokoye

Anita mete penti sou kepi Yaya a.  
Mèt la konekte lèt miniskil ki menm yo. Leman an al kole ak mamit la.  
Soulye yo fè ak katon pa dire.

M ap li mèl alic Z.A.F. 17

**2. Lekti fraz nan liv (4 mn).**

- Kounye a, nou pral li fraz nan liv lekti a.**
  - Ouvri liv lekti a nan paj 17 la. Ekri # 17 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a ranje pa ranje epi youn pa youn.
- Nou pral li fraz yo ranje pa ranje.**
  - Pase verifye si elèv yo ap li fraz yo. Si genyen kèk elèv ki gen difikilte, ede yo.
- Kounye a, nou pral li fraz yo youn pa youn.**
  - Chwazi kèk elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz la ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a pou elèv la. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Ekri fraz la sou tablo a. Fè elèv la li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

## Aktivite 4 Pwodiksyon ekri (10 mn)

### Egzèsis # 3 (5 mn)

3. Ekri lèt la ak mo ki bò kote li a sou liy ki anba a.

r - renmen	y - lyann	on - onz
R - Rivyè	Y - Yola	On - Konsil

R/y-Y/on

☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 29 la pou fè egzèsis # 3 a.

☞ **Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 29 la pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri lèt la ak mo ki bò kote li a sou liy ki anba a). Nou konprann? Kòmanse!**

☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

### Egzèsis # 4 (5 mn)

4. Li fraz la epi kopye li sou liy ki anba yo.

Ana pran galon an.

Revizyon 9 è-È/k-k/en/r- R/y-Y/on

M ap li mèl ale - 2 AF 29

☁ Mande elèv yo ale nan paj 29 la nan egzèsis # 4 la.

☞ **Ale nan egzèsis # 4 la ki nan paj 29 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Li fraz la epi kopye li sou liy ki anba yo). Sonje yon fraz toujou kòmanse ak yon lèt majiskil epi li fini ak yon pwen. Nou konprann? Kòmanse!**

☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la epi jwenn bon nimewo egzèsis la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

## Aktivite 5 Evalyasyon (3 mn)

☁ Poze elèv yo kesyon sa yo pou verifye konpreyansyon yo.

☞ **Kiyès ki ka fòme yon mo ki kòmanse ak lèt «è», «k», «en»? Kiyès ki ka fòme yon mo ki fini ak lèt «y» epi «on»?**

# Leson Revizyon 10 w-W/ò-Ò/b-B/v-V/g-G/f-F

## Objektif:

Idantifye non ak son lèt (w-W/ò-Ò/b-B/v-V/g-G/f-F) nan mo.  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Repwoudi mo ak fraz  
Ekri mo ak konbinezon lèt.

## Materyèl:



Liv lekti, lesan 10, paj 18  
Kaye egzèsis, lesan 10, paj 30 – 32  
Kreyon, gòm, kaye bouyon, bwat kreyon desen

## Konsèy pou fè elèv yo marye son pou yo li silab nan liy etwal la

- Toujou kopye liy etwal la sou tablo a pou fè elèv yo li dapre lesan w ap wè a.
- Fè elèv yo marye son yo ki nan liy etwal la pou yo ka li silab nan liv lekti yo a 2 pa 2 epi youn pa youn. Toujou sonje fè yon modèl pou yo anvan yo kòmanse li.
- Lekti 2 pa 2 a fèt konsa: Pandan premye elèv la ap li byen fò, fè dezyèm elèv la suiv ak dwèt li ansilans.



## Aktivite 1 Mizantren (2 mn)

### Rapèl

-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou site kèk mo ki kòmanse ak son /è/.
- ☞ **Kiyès ki ka vin site pou klas la kèk mo ki kòmanse ak son /è/ ?**
-  Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite sa a. Si yon elèv gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede li. Epi kontinye menm jan pou son /k/, /en/, /r/, /y/, ak /on/.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (28 mn)

### 1. Rekonèt son nan mo

-  Di kèk mo ki genyen son /w/ devan, deyè ak nan mitan mo a. Epi mande elèv yo leve pous yo anlè lè yo tande son /w/ nan mo a. Fè yo mete men yo plat sou ban an lè yo pa tande son /w/ nan yon mo.
- ☞ **Mwen pral di kèk mo pou nou, si yon mo genyen son /w/ ladan l, leve pous nou anlè. Si nou pa tande son /w/ nan mo a mete men nou plat sou ban an. Nou konprann ? Nou pare ? An n kòmanse.**  
w/W : twa – mamit – Wili – lespwa – kwaze – twaze – kraze – lapen – zwazo – lapè.
-  Verifye si elèv yo respekte konsiy lan. Ankouraje, felisite elèv ki fè aktivite a byen. Kontinye menm jan pou lòt lèt yo (w, W/ò, Ò/b, B/v, V/g, G/f, F).

### Egzanp :

ò, Ò : lòd - kòd - kado - mòde - zòn - alamòd - kalòj - kòb - kopye - arebò.

b, B : basen - bidon - maten - dan - oblije - brigan - mab - kabrit - zèb - mango.

v, V : Ouvri - sal - kouvri - Manman - avril - viv - revizyon - forè - savon - lavil.

g, G : Gason - gaz - chay - gazon - gidon - pay - gaspiye - Gabi - Gade -

bag - maraton.

f, F : Flannen – pilon - File - Fifi - Fisèl - flè - machann - famasi.

**2. Di son ak non lèt ki nan mo (4 mn)**

- ☞ Ekri kèk mo sou tablo a davans pou elèv yo. Epi mande elèv yo di son ak son lèt ki kòmanse mo yo. Mande yo li mo a anvan yo di son ak non lèt ki kòmanse mo a. Fè yon egzanz pou elèv yo. Touche mo a lè w ap fè egzanz lan.
- ☞ Kiyès ki ka di pou klas la son ak non lèt ki kòmanse chak mo sa yo ?  
Flannen - vizyon – gason - bib – ògèy - Wilyam.
- ☞ Chwazi elèv pami sa ki leve men yo pou fè egzèsis la. Anvan elèv yo fè sa, fè yon egzanz pou yo.
- ☞ M ap fè yon egzanz pou nou, gade byen : Mo a se « famasi », son lèt ki kòmanse mo « famasi » se / f /, non lèt la se « f ». Nou konprann ? Kiyès ki vle kontinye pou klas la ?
- ☞ Chwazi 10 elèv (5 fi / 5 gason) pou idantifye non ak son lèt ki kòmanse mo sa yo :  
Flannen – vizyon – gason – bib – ògèy – Wilyam

**3. Kole lèt pou fòm epi li silab sou tablo (3 mn).**

- ☞ Fè chema ki nan liv lekti a, nan paj 18 la sou tablo a pou fè elèv yo kole lèt yo pou li silab. Touche chak lèt yo, pou elèv yo fòm silab yo epi di yo li l byen vit.
- ☞ Kounye a, nou pral kole lèt pou nou fòm silab. Kiyès ki ka vin fòm epi li silab ak lèt sa yo byen vit pou klas la ?
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li silab yo. Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite a.

**4. Kole silab pou fòm ak li mo kout sou tablo (3 mn)**

- ☞ Fè chema ki nan liv lekti a, nan paj 18 la sou tablo a pou fè elèv yo kole silab yo pou fòm ak li mo kout. Touche chak silab yo, pou elèv yo fòm mo yo epi di yo li l byen vit.
- ☞ Kounye a, nou pral kole silab pou nou fòm ak li mo kout. Kiyès ki ka fòm mo ak silab sa yo, epi li yo byen vit pou klas la ?
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li mo yo. Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite a.

**Egzèsis # 1 (5 mn)**

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 30 lan pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou son ak non lèt nou sot aprann yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 30 lan pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Antoure tout lèt ki menm ak modèl la nan chak bwat). Nou konprann ? Kòmanse !
- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la konbyen lèt li antoure ki menm ak modèl la nan premye bwat la ?
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di konbyen lèt yo antoure ki menm ak modèl la. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la. Fè menm jan pou chak modèl lèt yo.

**Egzèsis # 2 (8 mn)**

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 30 – 31 an pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ Nou pral kontinye fè egzèsis sou son ak non lèt nou sot aprann yo. Ale nan paj 30 – 31 an nan egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou (Antoure tout mo ki gen lèt “w/ò/b/v/g/f”). Nou konprann ? Kòmanse !

Revizyon 10 w-W/ò ò/b-B/v-V/g-G/f-F

w	à = wè ou = wou an = wan en = wen ò = wò	b	l = bl a = ba an = ban à = bà en = ben	v	a = va à = vè on = von en = ven an = van
l	e = le a = la an = lan à = là en = len	g	i = gi e = ge a = ga an = gan à = gà en = gen	f	e = fe a = fa à = fè an = fan en = fen

fè wan ba va gi fo wò bi vi ge vò wou bon vo gè fò gou fi wan ban gè van gon bou wi fa bè ven ben fen wè

vòl-rès-pens-rans-vant-rent-fant-woubi-kawo-awoze-wowoli-galeri-fenyon-boule-goumand-bonga-valiz-Wili-Maniga-benyen

Magali ak Wili ap fèmen pòt la.  
Yè, Yola te wè yon ti chat nan lakou a.  
Yo fèk achte yon balon pou frè Gari a.  
Ana renmen li nan liv lekti li a.

18 M ap li nèt ale 2 A.F.

Revizyon 10 w-W/ò ò/b-B/v-V/g-G/f-F

1. Antoure tout lèt ki menm ak modèl la nan chak bwat.

(w)	v b w a f z w s w
(ò)	à ò è a e z ò l ò
(b)	v b w a f z b s b
(v)	z w j v s z v l w v
(g)	on b j g s g s l g
(f)	j b f b f s f d s

2. Antoure tout mo ki gen lèt “w/ò/b/v/g/f”

Antoure tout mo ki gen lèt “w”

(pwa) woule pwofesè pwason pyebwa mamit  
bwason woule kanpe

30 Kaye egzèsis

**Antoure tout mo ki gen lèt "d"**  
gòl kawòt gèp wòb kafou pòt kowòsòl tòi  
banjou

**Antoure tout mo ki gen lèt "b"**  
wouze riban tab ble malad boul tabliye  
bannann bourik pataje bate

**Antoure tout mo ki gen lèt "v"**  
venen vonvon wòch vòte valè volan vaksen  
elèv avyon rale

**Antoure tout mo ki gen lèt "g"**  
vag gade zòrèy degaye gaspiye bèf gato  
gita koton gèp mega

**Antoure tout mo ki gen lèt "f"**  
fèy fache lakay finalman fouye myèl foumi  
fàmen bonbon defile defounen chif atantif

Revizyon 10

M ap li nèk ale - 2 A.F. 31

Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la tout mo li antoure ki gen lèt "w"?**
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di tout mo yo antoure ki genyen lèt la. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la. Fè menm jan pou lòt lèt yo.

## Aktivite 3 Li silab, mo ak fraz (10 mn)

### 1. Lekti silab ak mo nan liv (6 mn).

Ouvri liv lekti a nan paj 18 la. Ekri # 18 byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Fè elèv yo marye lèt pou fè silab, epi fè yo marye silab pou li mo kout. Apre sa, fè elèv yo li silab ki nan liy etwal la, ak mo ki nan liy melon an ranje pa ranje epi youn pa youn.

- ☞ **Kounye a, pran liv lekti a, ale nan paj 18 la. Nou pral marye lèt pou li silab, epi marye silab pou li mo kout. Apre sa, nou pral li silab ki nan liy etwal la ak mo ki nan liy melon an ranje pa ranje.**

Pase verifye si tout elèv ki nan ranje a ap li. Epi si yon elèv genyen difikilte pou l li, fè yon kamarad ki li byen ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral li silab ak mo yo youn pa youn, toujou nan paj 18 la.**

Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li silab ak mo yo youn pa youn nan liv lekti a nan paj 18 la. Mande yo touche mo yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li mo yo. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.

- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

Verifye si elèv yo ap li silab ak mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche silab ak mo yo epi li yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la son pa son sou tablo a pou elèv la. Apre sa, fè elèv la kole son yo ansanm pou l ka li silab la vit epi byen.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a pou elèv la. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.

### 2. Lekti fraz nan liv (4 mn).

- ☞ **Kounye a, nou pral li fraz nan liv lekti a.**

Ouvri liv lekti a nan paj 18 la. Ekri # 18 byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a ranje pa ranje epi youn pa youn.

- ☞ **Nou pral li fraz yo ranje pa ranje.**

Pase verifye si elèv yo ap li fraz yo. Si genyen kèk elèv ki gen difikilte, ede yo.

- ☞ **Kounye a, nou pral li fraz yo youn pa youn.**

Chwazi kèk elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

Revizyon 10

**w-W/ò ò/b-B/v-V/g-G/f-F**

w: ou = wou, on = won, an = wan, en = wen, è = wè  
 b: a = ba, e = be, an = ban, en = ben  
 v: a = va, e = ve, on = von, an = van, è = vè  
 l: e = le, a = la, an = lan, en = len  
 g: e = ge, a = ga, an = gan, en = gen  
 f: e = fe, a = fa, on = fon, an = fan

fè won ba va gi fo wò bi vi ge vò wou bon vo  
gè fò gou fi wan ban gè van gon bou wi fa bè  
ven ben fen wè

vèl-rès-pens-rans-vant-rent-fant-moubi-kawo-  
awoze-wawoli-galeri-fenyon-boule-goumand-bonga-  
yaliz-Wili-Maniga-benyen

Magali ak Wili ap fàmen pòt la.  
Yè, Yola te wè yon ti chat nan lakou a.  
Yo fèk achte yon balon pou frè Gari a.  
Ana renmen li nan liv lekti li a.

18 M ap li nèk ale 2 A.F.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a pou elèv la. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Ekri fraz la sou tablo a. Fè elèv la li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

**Aktivite 4 Pwodiksyon ekri (10 mn)**

3. Ekri lèt la ak mo ki bò kote li a sou liy ki anba a.

w - wouj	ò - kalòj	b - bale
W - Willi	ò - òtòj	B - Banbou

**Egzèsis # 3 (5 mn)**

☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 32 a pou fè egzèsis # 3 a.

☞ **Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 32 a pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! Ekri lèt la ak mo ki bò kote li a sou liy ki anba a. Nou konprann? Kòmanse!**

☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

**Egzèsis # 4 (5 mn)**

☁ Mande elèv yo ale nan paj 32 a pou fè egzèsis # 4 la.

☞ **Ale nan egzèsis # 4 la ki nan paj 32 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Li fraz la epi kopye li sou liy ki anba yo). Sonje yon fraz toujou kòmanse ak yon lèt majiskil epi li fini ak yon pwen. Nou konprann? Kòmanse!**

☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la epi jwenn bon nimewo egzèsis la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

4. Li fraz la epi kopye li sou liy ki anba yo.

Epi mete yon wòb blan.

Revizyon 10

32 Kaye egzèsis

**Aktivite 5 Evalyasyon (3 mn)**

☁ Poze elèv yo kesyon sa yo pou verifye konpreyansyon yo.

☞ **Kiyès ki ka fòme yon mo ki kòmanse ak lèt « w », « ò », « b »? Kiyès ki ka fòme yon mo ki fini ak lèt « v », « g » ak lèt « f »?**

# Leson Revizyon 11 d-D/j-J/ch-CH/z-Z/ui-UI

## Objektif:

- Idantifye non ak son lèt (d-D/j-J/ch-CH/z-Z/ui-UI) nan mo.
- Li mo ak fraz byen epi vit
- Repwoudui mo ak fraz
- Ekri mo ak konbinezon lèt.

## Materyèl:



- Liv lekti, leson 11, paj 19
- Kaye egzèsis, leson 11, paj 33 – 35
- Kreyon, gòm, kaye bouyon, bwat kreyon desen

## Konsèy pou fè elèv yo marye son pou yo li silab nan liy etwal la

- Toujou kopye liy etwal la sou tablo a pou fè elèv yo li dapre leson w ap wè a.
- Fè elèv yo marye son yo ki nan liy etwal la pou yo ka li silab nan liv lekti yo a 2 pa 2 epi youn pa youn. Toujou sonje fè yon modèl pou yo anvan yo kòmanse li.
- Lèti 2 pa 2 a fèt konsa: Pandan premye elèv la ap li byen fò, fè dezyèm elèv la suiv ak dwèt li ansilans.



## Aktivite 1 Mizantren (2 mn)

### Rapèl

-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou site kèk mo ki kòmanse ak son /w/.
- ☞ **Kiyès ki ka vin site pou klas la kèk mo ki kòmanse ak son /w/ ?**
-  Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite sa a. Si yon elèv gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede li. Epi kontinye menm jan pou son /ò/, /b/, /v/, /g/, ak /f/.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (28 mn)

### 1. Rekonèt son nan mo

-  Di kèk mo ki genyen son /d/ devan, deyè ak nan mitan mo a. Epi mande elèv yo leve pous yo anlè lè yo tande son /d/ nan mo a. Fè yo mete men yo plat sou ban an lè yo pa tande son /d/ nan yon mo.
- ☞ **Mwen pral di kèk mo pou nou, si yon mo genyen son /d/ ladan l, leve pous nou anlè. Si nou pa tande son /d/ nan mo a mete men nou plat sou ban an. Nou konprann ? Nou pare ? An n kòmanse.**  
**d, D: David – dal - bale - vide - mande - mab - labapen - amidal - gazon - vid**
-  Verifye si elèv yo respekte konsiy lan. Ankouraje, felisite elèv ki fè aktivite a byen. Kontinye menm jan pou lòt lèt yo (/j, J/ch, CH/z, Z/ui, UI)

### Egzanp:

- j, J: Jij - lòd - kaloj - ji - gidon - Jip - joumou - jou - lam - jidoka – Jaden.**
- ch, CH: manch – bidon – cheval – cheve – maten –achte – tach – tòchonnen – machin.**
- z, Z: Zèb - kalalou - Zaboka – Mazonbèl - zip - viv - forè –Zazou – zile – Zannimo.**
- ui, UI: uit –chay – zuit – gazon – lannuit – mamit – kuizin – pwodui – gaspiye – kuiv.**

**2. Di son ak non lèt ki nan mo (4 mn)**

- ☞ Ekri kèk mo sou tablo a davans pou elèv yo. Epi mande elèv yo di son ak non lèt ki kòmanse mo yo. Mande yo li mo a anvan yo di son ak non lèt ki kòmanse mo a. Fè yon egzanp pou elèv yo. Touche mo a lè w ap fè egzanp lan.
- ☞ Kiyès ki ka di pou klas la, son ak non lèt ki kòmanse chak mo sa yo?  
Jidoka – cheval – zaboka – uityèm.
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi / 2 gason) pami sa ki leve men yo pou fè egzèsis la. Anvan elèv yo fè sa, fè yon egzanp pou yo.
- ☞ M ap fè yon egzanp pou nou, gade byen : Mo a se «jako», son lèt ki kòmanse mo «jako» se / j /, non lèt la se «j». Nou konprann? Kiyès ki vle kontinye pou klas la?
- ☞ Chwazi 10 elèv (5 fi / 5 gason) pou idantifye son ak non lèt ki kòmanse mo sa yo :  
Jidoka – cheval – zaboka – uityèm.

**3. Kole lèt pou fòm ak li silab sou tablo (3 mn).**

- ☞ Fè chema ki nan liv lekti a, nan paj 19 la sou tablo a pou ka fè elèv yo kole lèt yo pou yo li silab. Touche chak lèt yo, pou elèv yo ka fòm silab yo epi di yo li l byen vit.
- ☞ Kounye a, nou pral kole lèt pou nou fòm silab. Kiyès ki ka vin fòm epi li silab ak lèt sa yo byen vit pou klas la?
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li silab yo. Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite a.

**4. Kole silab pou fòm ak li mo kout sou tablo (3 mn)**

- ☞ Fè chema ki nan liv lekti a, nan paj 19 la sou tablo a pou ka fè elèv yo kole silab yo pou fòm ak li mo kout. Touche chak silab yo, pou elèv yo ka fòm mo yo epi di yo li l byen vit.
- ☞ Kounye a, nou pral kole silab pou nou fòm ak li mo kout. Kiyès ki ka fòm mo ak silab sa yo, epi li yo byen vit pou klas la?
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li mo yo. Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite a.

**Egzèsis # 1 (5 mn)**

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 33 a pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou son ak non lèt nou sot aprann yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 33 a pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou (Antoure tout lèt ki menm ak modèl la nan chak bwat). Nou konprann? Kòmanse!
- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije! Kiyès ki ka di klas la konbyen lèt li antoure ki menm ak modèl la nan premye bwat la?
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di klas la konbyen lèt yo antoure ki menm ak modèl la. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la. Fè menm jan pou chak modèl lèt yo.

**Egzèsis # 2 (8 mn)**

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 33 – 34 la pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ Nou pral kontinye fè egzèsis sou son ak non lèt nou sot aprann yo. Ale nan paj 33 – 34 la nan egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou (Antoure tout mo ki gen lèt “d/j/ch/z/ui”). Nou konprann? Kòmanse!

Revizyon 11 d-D/j-J/ch-CH/z-Z/ui-UI

d	e	ch
de	ea	che
ou	ou	ea
on	on	on
an	an	an
en	en	en
on	on	on
an	an	an
en	en	en
on	on	on
an	an	an
en	en	en

da je cha di ji chan chi za jou chè dou zen jon dan zou chon den zi cho de je jen zan che

suis-bisuit-suif-swif-suiv-swiv-dous-chif-douch-jambe-joumou-jenjanm-Lasuis-jennen-zigzag-zòrèy-zout-lage-joumal

Ane sa a, mwen ap fè dezyèm ane fondamantal. Dina ak zanmi li yo renmen chante chan Nwèl. Joumal jedi a pale anpil sou timoun. Chan Nwèl fè kè tout timoun kontan.

M ap li nèt ale - 2 A.F. 19

Revizyon 11 d-D/j-J/ch-CH/z-Z/ui-UI

1. Antoure tout lèt ki menm ak modèl la nan chak bwat.

d	d b w d f z a s d
l	d b j a j d j l g
ch	ch m ch v j o ou ch
z	g b z a s z s l z
ui	on ul k ou an ul ch ui

2. Antoure tout mo ki gen lèt “d / j / ch / z / ui”

Antoure tout mo ki gen lèt “d”

dan dmi danse byen drapo podyab domino poul parad devwa adwaz gaspiye

Antoure tout mo ki gen lèt “j”

jwe jenjanm lajounen imaj jedi jiskaske joumou lwanj madmwazèl jip matant

M ap li nèt ale - 2 A.F. 33



**Antoure tout mo ki gen lèt "ch"**

chen chache rekonèt kach chwazi chemiz  
kachiman chanjanman chita pedale pèch

**Antoure tout mo ki gen lèt "z"**

zile zorèy aktivite Lazil zanmi zanmo zoranj  
règleman zaboka klèch baz

**Antoure tout mo ki gen lèt "ul"**

Jannuit eksplikasyon zuit rekòmanse kondwi  
uit pwodwi kuizin vwazin

Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la tout mo li antoure ki gen lèt "d"?**
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di klas tout mo li antoure ki genyen lèt la. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la. Fè menm jan pou lòt lèt yo.

## Aktivite 3 Li silab, mo ak fraz (10 mn)

### 1. Lekti silab ak mo nan liv (6 mn).

Revizyon 11 d-D/J-J/ch-CH/z-Z/ui-UI

★

d	a = dà	i = ji	e = che
ou	= dou	e = je	= cha
on	= don	a = ja	= chè
an	= dan	an = jan	on = chon
en	= den	è = jè	en = chen
ò	= dò	en = jen	an = chan

da je cha di ji chan chi za jou chè dou zen jon  
dan zou chon den zi cho de jè jen zan che

Revizyon 11

🔥 suis-bisuit-suif-swif-suiv-swiv-dous-chif-douch-  
janbe-joumou-jenjanm-Lasuis-jennen-zigzag-zòrèy-  
zouti-lage-journal

💡 Ane sa a, mwen ap fè dezèm ane fondamantal.  
Dina ak zanmi li yo renmen chante chan Nwèl.  
Journal Jodi se pale anpil sou timoun.  
Chan Nwèl fè kè tout timoun kontan.

M ap li nèt ale 2 A.F. 19

Ouvri liv lekti a nan paj 19 la. Ekri # 19 byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Fè elèv yo marye lèt pou fè silab, epi fè yo marye silab pou li mo kout. Apre sa, fè elèv yo li silab ki nan liy etwal la, ak mo ki nan liy melon an ranje pa ranje epi youn pa youn.

- ☞ **Kounye a, pran liv lekti a, ale nan paj 19 la. Nou pral marye lèt pou li silab, epi marye silab pou li mo kout. Apre sa, nou pral li silab ki nan liy etwal la ak mo ki nan liy melon an ranje pa ranje.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv ki nan ranje a ap li. Epi si yon elèv genyen difikilte pou l li, fè yon kamarad ki li byen ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral li silab ak mo yo youn pa youn, toujou nan paj 19 la.**
- ☞ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li silab ak mo yo youn pa youn nan liv lekti a nan paj 19 la. Mande yo touche mo yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li mo yo. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ Verifye si elèv yo ap li silab ak mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche silab ak mo yo epi li yo ak bon ton.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la son pa son sou tablo a pou elèv la. Apre sa, fè elèv la kole son yo ansanm pou l ka li silab la vit epi byen.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a pou elèv la. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

### 2. Lekti fraz nan liv (4 mn).

- ☞ **Kounye a, nou pral li fraz nan liv lekti a.**
- ☞ Ouvri liv lekti a nan paj 19 la. Ekri # 19 byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a ranje pa ranje epi youn pa youn.
- ☞ **Nou pral li fraz yo ranje pa ranje.**
- ☞ Pase verifye si elèv yo ap li fraz yo. Si genyen kèk elèv ki gen difikilte, ede yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li fraz yo youn pa youn.**
- ☞ Chwazi kèk elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a pou elèv la. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Ekri fraz la sou tablo a. Fè elèv la li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

**Aktivite 4 Pwodiksyon ekri (10 mn)**

Revizyon 11

3. Li fraz yo epi pase yon trè anba tout mo ki gen lèt «d / ch / j».

Donal achte yon bokal manba.  
Apre sa, l al nan boulanje a. Li achte de (2) pen.  
Li manje vant plen apre li bwè ji.

34 Kaye egzèsis

**Egzèsis # 3 (5 mn)**

☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 34 la pou fè egzèsis # 3 a.

☞ **Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 34 la pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Li fraz yo epi pase yon trè anba tout mo ki gen lèt «d, ch, j»).** Nou konprann? Kòmanse!

☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la tout mo li souliye ki genyen lèt «d, ch avèk j» nan fraz yo?**

☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di tout mo yo souliye ki genyen lèt «d, ch avèk j» nan fraz yo. Ekri mo sa yo sou tablo a pou klas la byen gwo. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.

4. Kopye fraz la jan li ye a sou liy ki anba yo.

Britis achte yon bokal manba.

Revizyon 11

M ap li nèt ale - 2 AF 35

**Egzèsis # 4 (5 mn)**

☁ Mande elèv yo ale nan paj 35 lan nan egzèsis # 4 la.

☞ **Ale nan egzèsis # 4 la ki nan paj 35 lan. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye fraz la jan li ye a sou liy ki anba yo). Sonje yon fraz toujou kòmanse ak yon lèt majiskil epi li fini ak yon pwen. Nou konprann? Kòmanse!**

☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la epi jwenn bon nimewo egzèsis la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

**Aktivite 5 Evalyasyon (3 mn)**

☁ Poze elèv yo kesyon sa yo pou verifye konpreyansyon yo.

☞ **Kiyès ki ka fòme yon mo ki kòmanse ak lèt «d», «j», «ch»? Kiyès ki ka fòme yon mo ki fini ak lèt «z», ak lèt «ui»?**

# Leson Revizyon 12 /kl/gl/dl/bl/pl/vl

## Objektif:

Idantifye non ak son konbinezon lèt (/kl/gl/dl/bl/pl/vl) nan mo.  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Repwoudi mo ak fraz  
Ekri mo ak konbinezon lèt.

## Materyèl:



Liv lekti, lesan 12, paj 20  
Kaye egzèsis, lesan 12, paj 36 – 37  
Kreyon, gòm, kaye bouyon, bwat kreyon desen

## Konsèy pou fè elèv yo marye son pou yo li silab nan liy etwal la

- Toujou kopye liy etwal la sou tablo a pou fè elèv yo li dapre lesan w ap wè a.
- Fè elèv yo marye son yo ki nan liy etwal la pou yo ka li silab nan liv lekti yo a 2 pa 2 epi youn pa youn. Toujou sonje fè yon modèl pou yo anvan yo kòmanse li.
- Lekti 2 pa 2 a fèt konsa: Pandan premye elèv la ap li byen fò, fè dezyèm elèv la suiv ak dwèt li ansilans.



## Aktivite 1 Mizantren (2 mn)

### Rapèl

-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou site kèk mo ki kòmanse ak son /d/.
- ☞ **Kiyès ki ka vin site pou klas la kèk mo ki kòmanse ak son /d/?**
-  Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite sa a. Si yon elèv gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede li. Epi kontinye menm jan pou son /j/, /ch/, /z/ ak /ui/.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (18 mn)

### 1. Rekonèt son nan mo

-  Di kèk mo ki genyen son konbinezon lèt /kl/ devan, deyè ak nan mitan mo a. Epi mande elèv yo leve pous yo anlè lè yo tande son konbinezon lèt /kl/ nan mo a. Fè yo mete men yo plat sou ban an lè yo pa tande son konbinezon lèt /kl/ nan yon mo.
- ☞ **Mwen pral di kèk mo pou nou, si yon mo genyen son konbinezon lèt /kl/ ladan l, leve pous nou anlè. Si nou pa tande son konbinezon lèt /kl/ nan mo a mete men nou plat sou ban an. Nou konprann? Nou pare? An n kòmanse.**  
**kl: klowòks – chapèl- klou – kalkile - randevou - klinik - klòch - labapen - klasè – fòklò.**
-  Verifye si elèv yo respekte konsiy lan. Ankouraje, felisite elèv ki fè aktivite a byen. Kontinye menm jan pou lòt lèt yo gl/dl/bl/pl/vl.

### Egzanp:

gl: anglè - gele - glase - trangle - sik - glise – kalòj - glase - epeng - zenglen.

dl: dlo – domino – Adlin - dam – Adlen – donner - Odlen.

bl: tablo - kalalou - biblo – sable - bliye - viv - bib - bloke - debloke - mab.

pl : lapli - plim - vide - pliye - plise - pita - pilon - konplike - kritike - aplike.  
 vl : anvlop - vlope - kasav - vle - vise - anvlope - devlope - vizite - vlou - avanse.

**2. Di son ak non lèt ki nan mo (4 mn)**





- ☞ Ekri kèk mo sou tablo a davans pou elèv yo. Epi mande elèv yo di son ak non konbinezon lèt ki kòmanse mo yo. Mande yo li mo a anvan yo di son ak non konbinezon lèt ki kòmanse mo a. Fè yon egzanp pou elèv yo. Touche mo a lè w ap fè egzanp la.
- ☞ Kiyès ki ka di pou klas la, son ak non konbinezon lèt ki kòmanse chak mo sa yo?  
 Glase – klòch – dlo – bloke – plise – vlope.
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi / 3 gason) pami sa ki leve men yo pou fè egzèsis la. Anvan elèv yo fè sa, fè yon egzanp pou yo.
- ☞ M ap fè yon egzanp pou nou, gade byen : Mo a se « klise », son konbinezon lèt ki kòmanse mo klise /kl/, non konbinezon lèt la se « kl ».  
 Nou konprann ? Kiyès ki vle kontinye pou klas la ?
- ☞ Chwazi 10 elèv (5 fi / 5 gason) pou idantifye son ak non konbinezon lèt ki kòmanse mo sa yo : Glase – klòch – dlo – bloke – plise – vlope.

**Egzèsis # 1 (5 mn)**

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 36 la pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou son ak non konbinezon lèt nou sot aprann yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 36 la pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Antoure mo ki ale ak chak desen. Apre sa, ekri mo a sou liy ki anba a). Nou konprann ? Kòmanse !
- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la mo li antoure ki mache ak chak desen ?
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di mo yo antoure ki mache ak chak desen. Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.

**Revizyon 12** kl-gi-di-bl-pl-vl

1. Antoure mo ki ale ak chak desen. Apre sa, ekri mo a sou liy ki anba a.

	
bokit anvlop	blad katon
	
bokit parapil	klou mato

36 Kaye egzèsis

**Egzèsis # 2 (4 mn)**

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 37 la pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ Nou pral kontinye fè egzèsis sou son ak non konbinezon lèt nou sot aprann yo. Ale nan paj 37 la nan egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Fè yon flèch soti nan mo a pou ale nan konbinezon lèt li genyen ladan l lan). Nou konprann ? Kòmanse !
- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la mo li chwazi ki genyen konbinezon lèt /dl/gl/kl/pl/ ?
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di tout mo yo chwazi ki genyen konbinezon lèt /dl/gl/kl/pl/.


2. Fè yon flèch soti nan mo a pou ale nan konbinezon lèt li genyen ladan l lan.


glas	•	•	dl
klas	•	•	gl
Plim	•	•	kl
Dlo	•	•	pl


Revizyon 12

## Aktivite 3 Li mo ak fraz (10 mn)


### 1. Lekti silab ak mo nan liv (6 mn).

 Ouvri liv lekti a nan paj 20 an. Ekri # 20 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Fè elèv yo marye lèt pou fè silab, epi fè yo marye silab pou li mo kout. Apre sa, fè elèv yo li silab ki nan liy etwal la, ak mo ki nan liy melon an ranje pa ranje epi youn pa youn.


 **Kounye a, pran liv lekti a, ale nan paj 20 an. Nou pral marye lèt pou li silab, epi marye silab pou li mo kout. Apre sa, nou pral li silab ki nan liy etwal la ak mo ki nan liy melon an ranje pa ranje.**

 Pase verifye si tout elèv ki nan ranje a ap li. Epi si yon elèv genyen difikilte pou l li, fè yon kamarad ki li byen ede li oubyen ede li ou menm.

 **Kounye a, nou pral li silab ak mo yo youn pa youn, toujou nan paj 20 an.**

 Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li silab ak mo yo youn pa youn nan liv lekti a nan paj 20 an. Mande yo touche mo yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li mo yo. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**


 Verifye si elèv yo ap li silab ak mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche silab ak mo yo epi li yo ak bon ton.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la son pa son sou tablo a pou elèv la. Apre sa, fè elèv la kole son yo ansanm pou l ka li silab la vit epi byen.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a pou elèv la. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

### 2. Lekti fraz nan liv (4 mn).


 **Kounye a, nou pral li fraz nan liv lekti a.**

 Ouvri liv lekti a nan paj 20 an. Ekri # 20 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a ranje pa ranje epi youn pa youn.

 **Nou pral li fraz yo ranje pa ranje.**

 Pase verifye si elèv yo ap li fraz yo. Si genyen kèk elèv ki gen difikilte, ede yo.

 **Kounye a, nou pral li fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi kèk elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a pou elèv la. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Ekri fraz la sou tablo a. Fè elèv la li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.


 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Revizyon 12 **kl-gl-dl-bl-pl-vl**

 dl bl kl gl pl vl dl kl vl dlo ble kli gla pli  
vie klou vlou blan dlen kla pla plan plen  
via glan klè klin glò glè gli vlo vli glason  
Adlen Gladis glòs Vladid plim glòb blewa

 klere-ble-plye-kloure-vlope-plake-blanchi-  
plante-klake-glise-plase-plenyen-plede-klin

 Soulye elèv sa a klin.  
Gladis se yon bon madanm, li pale ak nou.  
Plim Emil la pa plen, li sèvi deja.  
Glòs Anita a bèl, li klere.  
Valiz Vladimi an chaje ak klenken.

20 **M ap li nèt alo 2 A.F.**

## Aktivite 4 Pwodiksyon ekri (5 mn)

3. Kopye fraz la jan li ye a sou liy ki anba yo.

Gen anpil dlo glase nan iglou a.

.....

.....

.....

.....

.....

.....

M op li nèt ale - 2 AF 37

### Egzèsis # 3 (5 mn)

- ☁ Mande elèv yo ale nan paj 37 la nan egzèsis # 3 a.
- ☞ Ale nan egzèsis # 3 a ki nan paj 37 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye fraz la jan li ye a sou liy ki anba yo). Sonje yon fraz toujou kòmanse ak yon lèt majiskil epi li fini ak yon pwen. Nou konprann? Kòmanse!
- ☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la epi jwenn bon nimewo egzèsis la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

## Aktivite 5 Evalyasyon (3 mn)

- ☁ Poze elèv yo kesyon sa yo pou verifye konpreyansyon yo.
- ☞ Kiyès ki ka fòme yon mo ki kòmanse ak konbinezon lèt «kl», «gl», «dl»? Kiyès ki ka fòme yon mo ki genyen nan mitan li konbinezon lèt «bl», «pl» ak «vl»?

## Objektif:

Idantifye non ak son konbinezon lèt (vw/mw/sw/chw/dw/fw/zw/jw/tw/nw/gw/bw/kw/pw) nan mo.

Li mo ak fraz byen epi vit

Repwoudi mo ak fraz

Ekri mo ak konbinezon lèt.

## Materyèl:

Liv lekti, leson 13, paj 21

Kaye egzèsis, leson 13, paj 38 – 39

Kreyon, gòm, kaye bouyon, bwat kreyon desen

## Konsèy pou fè elèv yo marye son pou yo li silab nan liy etwal la




- Toujou kopye liy etwal la sou tablo a pou fè elèv yo li dapre leson w ap wè a.

- Fè elèv yo marye son yo ki nan liy etwal la pou yo ka li silab nan liv lekti yo a 2 pa 2 epi youn pa youn. Toujou sonje fè yon modèl pou yo anvan yo kòmanse li.

- Lekti 2 pa 2 a fèt konsa: Pandan premye elèv la ap li byen fò, fè dezyèm elèv la suiv ak dwèt li ansilans.





## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### Rapèl

-  Chwazi 2 elèv (1fi ak 1 gason) nan klas la pou site kèk mo ki kòmanse ak son /kl/.
-  Kiyès ki ka vin site pou klas la kèk mo ki kòmanse ak son /kl/ ?
-  Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite sa a. Si yon elèv gen difikilte chwazi yon lòt elèv pou ede li. Epi kontinye menm jan pou son /gl/, /dl/, /bl/, /pl/ak /vl/.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (18 mn)

### 1. Rekonèt son nan mo

-  Di kèk mo ki genyen son konbinezon lèt sa yo (vw, mw, sw, chw, dw, fw, zw, jw, tw, nw, gw, bw, kw, pw) devan, deyè oubyen nan mitan mo a. Epi mande elèv yo di ki son konbinezon lèt yo tande nan mo a. Fè yo repete mo a epi fè yo di son konbinezon lèt yo tande nan mo a. Ekri lèt ki reprezante konbinezon lèt la sou tablo a. Apre sa, repete chak son konbinezon lèt yo ak tout klas la.
-  Mwen pral di kèk mo pou nou, si nou tande yon son konbinezon lèt nan yon mo, n ap repete mo a epi n ap di son konbinezon lèt nou tande ki nan mo a. Nou konprann ? Nou pare ? M ap fè yon egzanz pou nou, koute byen!  
Egzanz:  
Vwazen : Mo a se vwazen, son konbinezon lèt mwen tande nan mo vwazen se /Vw/
-  Eki lèt ki reprezante son konbinezon lèt ou sot di a pou elèv yo sou tablo a. Kontinye ak lòt mo yo pou elèv ka idantifye son konbinezon lèt ki nan mo yo.
-  Kounye a, mwen pral di kèk mo. Chak fwa mwen di yon mo, n ap repete mo a epi n ap di ki son konbinezon lèt nou tande nan mo a. Nou konprann ? An n kòmanse.

- ☞ Fè aktivite sa a ansanm ak tout klas la.
- ☞ (Vw : vwa- vwayèl) ; (mw : mwen-mwayèn) ; (sw : swen- swete) ; (chw : chwa, chwazi) ; (dw : dwe-dwayen) ; (fw : fwa-fwaye) ; (zw : zwa-bezwen) ; (jw : jwe- jwaye) ; (tw : twa, twazyèm) ; (nw : nwa-nwaye) ; (gw : gwo-gwayav) ; (bw : bwat, bwate) ; (kw : kwen, lakwa), (pw : pwen- pwente).
- ☞ Ekri chak konbinezon lèt elèv yo repete sou tablo. Apre sa, repete konbinezon lèt yo ansanm ak tout klas la. Epi, chwazi kèk elèv pou bay yon mo kòm egzanp pou chak konbinezon lèt yo.
- ☞ Kiyès ki ka di yon mo ki genyen konbinezon lèt « vw » ?
- ☞ Touche konbinezon lèt la sou tablo a pou elèv yo ka di mo ki genyen konbinezon lèt la. Fè menm jan pou lòt konbinezon lèt yo (mw, sw, chw, dw, fw, zw, jw, tw, nw, gw, bw, kw, pw). Si yon elèv genyen difikilte, fè yon kamarad li ede li oubyen ede li ou menm.

**2. Di son ak non konbinezon lèt ki nan mo (4 mn)**

- ☞ Ekri kèk mo sou tablo a davans pou elèv yo. Epi mande elèv yo di son ak non konbinezon lèt ki kòmanse mo yo. Mande yo li mo a anvan yo di non ak son konbinezon lèt ki kòmanse mo a. Fè yon egzanp pou elèv yo. Touche mo a lè w ap fè egzanp lan.
- ☞ Kiyès ki ka di pou klas la son ak non konbinezon lèt ki kòmanse chak mo sa yo ? Vwalye, mwayen, sware, chwazi, dwayen, fwomaj, zwazo, jwaye, twote, nwaye, gwonde, bwate, kwa, pwent.
- ☞ Chwazi 7 elèv (3 fi / 4 gason) pami sa ki leve men yo pou fè egzèsis la. Anvan elèv yo fè sa, fè yon egzanp pou yo.
- ☞ M ap fè yon egzanp pou nou, koute byen : Mo a se « vwalye », son konbinezon lèt ki kòmanse mo « vwalye » se /vw/, non konbinezon lèt la se « vw ». Nou konprann ? Kiyès ki vle kontinye pou klas la ?
- ☞ Chwazi 10 elèv (5 fi / 5 gason) pou idantifye non ak son konbinezon lèt ki kòmanse mo sa yo : mwayen, sware, chwazi, dwayen, fwomaj, zwazo, jwaye, twote, nwaye, gwonde, bwate, kwa, pwent.

**Egzèsis # 1 (5 mn)**





- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 38 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou son ak non konbinezon lèt nou sot aprann yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 38 la pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Antoure mo ki genyen konbinezon lèt sa yo "bw/ zw/kw/vw" ki ale a chak desen. Ekri mo ou antoure a sou liy ki anba a). Nou konprann ? Kòmanse !
- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la mo li antoure yo ki mache ak chak desen yo; epi di ki konbinezon lèt ki genyen nan chak mo sa yo ?
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di chak mo yo antoure ki mache ak chak desen epi ki genyen konbinezon lèt (bw, zw, kw, vw). Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.

**Egzèsis # 2 (4 mn)**

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 39 la pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ Nou pral kontinye fè egzèsis sou son ak non konbinezon lèt nou sot aprann yo. Ale nan paj 39 la nan egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan

**Revizyon 13** vw mw sw chw dw fw zw jw tw nw gw bw kw pw

1. Antoure mo ki genyen konbinezon lèt «bw/zw/kw/vw» ki ale ak chak desen. Ekri mo ou antoure a sou liy ki anba a.

	
bwat ban	zwazo kalòj
.....	.....
	
machin kwa	vwalye sizò
.....	.....

38 Kaye egzèsis

2. Antoure tout mo ki genyen konbinezon lèt ki menm ak modèl la nan chak bwat.

<b>mw</b>	Marya - mwayen - mawon - samdi
<b>sw</b>	swa - manyen - aswè - swen - malè
<b>dw</b>	dwèt - mouye - dwat - chwal
<b>jw</b>	fwèt - dèt - jwaye - lajwa - dwayen
<b>nw</b>	mwa - nwayo - mont - nwasi
<b>fw</b>	fwaye - pant - fwote - soup - fwa

Revizyon 13



pou nou. (Antoure tout mo ki genyen konbinezon lèt ki menm ak mòdèl la nan chak bwat). Nou konprann ? Kòmanse!

- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la tout mo li antoure ki genyen konbinezon lèt ki menm ak modèl la nan premye bwat la?**
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di tout mo yo antoure nan premye bwat la. Fè menm jan pou lòt konbinezon lèt yo.

### Aktivite 3 Li silab, mo ak fraz (10 mn)

Revizyon 13 **vw mw sw chw dw fw zw jw tw nw gw bw kw pw**

---

▲ dwa vwa lwa bwa zwa gwou twou nwa mwa  
jwa swa chwa fwa bwo dwe swè bwè adwaz  
lalwa Jwana chwazi mwen mouchwa zwazo  
fredi sware twouble bwason lwazi

● jwe echwe dwe kwaze kwape twaze nwaye  
sekwe pwòpte gwoupe degwoupe lwe swaye

● Mouchwa madan Jwasen yo bèl anpil.  
Mwazin Nadya a pa la.  
Diri peyi bon nan bouch anpil.  
Chwa ou fè a bon, n ap ka manje bon diri peyi.  
Cheve tifi a swa anpil, paske li toujou lave l ak  
lalwa.  
Emil bwè bon ji natirèl, li an sante.

Revizyon 13

Map li mèt ale 2 A.F. 21

#### Lekti silab ak mo nan liv (6 mn).

- ☞ Ouvri liv lekti a nan paj 21 an. Ekri # 21 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Fè elèv yo kole lèt pou yo fè silab, epi fè yo kole silab pou yo li mo kout. Apre sa, fè elèv yo li silab ki nan liy etwal la, ak mo ki nan liy melon an ranje pa ranje epi youn pa youn.
- ☞ **Kounye a, pran liv lekti a, ale nan paj 21 an. Nou pral kole lèt pou li silab, epi kole silab pou li mo kout. Apre sa, nou pral li silab ki nan liy etwal la ak mo ki nan liy melon an ranje pa ranje.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv ki nan ranje a ap li. Epi si yon elèv genyen difikilte pou l li, fè yon kamarad ki li byen ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral li silab ak mo yo youn pa youn, toujou nan paj 21 an.**
- ☞ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li silab ak mo yo youn pa youn nan liv lekti a nan paj 21 an. Mande yo touche mo yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li mo yo. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ Verifye si elèv yo ap li silab ak mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche silab ak mo yo epi li yo ak bon ton.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la sou tablo a pou elèv la. Apre sa, fè elèv la kole son yo ansanm pou l ka li silab la vit epi byen.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a pou elèv la. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.

#### 2. Lekti fraz nan liv (4 mn).

- ☞ **Kounye a, nou pral li fraz nan liv lekti a.**
- ☞ Ouvri liv lekti a nan paj 21 an. Ekri # 21 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a ranje pa ranje epi youn pa youn.
- ☞ **Nou pral li fraz yo ranje pa ranje.**
- ☞ Pase verifye si elèv yo ap li fraz yo. Si genyen kèk elèv ki gen difikilte, ede yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li fraz yo youn pa youn.**
- ☞ Chwazi kèk elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a pou elèv la. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Ekri fraz la sou tablo a. Fè elèv la li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

## Aktivite 4 Pwodiksyon ekri (6 mn)

2. Antoure tout mo ki genyen konbinezon lèt ki menm ak modèl la nan chak bwat.

<b>mw</b>	Marya - mwayen - mawon - samdi
<b>sw</b>	swa - manyen - aswè - swen - malè
<b>dw</b>	dwèt - mouye - dwat - chwal
<b>jw</b>	jwèt - dèt - jwaye - lajwa - dwayen
<b>nw</b>	nwa - nwayo - mont - nwasi
<b>fw</b>	fwaye - pant - fwote - soup - fwa

3. Ekri de (2) mo ki kòmanse ak konbinezon lèt «tw/gw» sou liy ki anba yo.

tw

gw

M ap li nèk ale - 2 AF 39

### Egzèsis # 3 (6 mn)

☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 39 la pou fè egzèsis # 3 a.

☞ Nou pral kontinye fè egzèsis sou son ak non konbinezon lèt nou sot aprann yo. Ale nan paj 39 la pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri de (2) mo ki kòmanse ak konbinezon lèt «tw/gw» sou liy ki anba yo). Nou konprann? Kòmanse!

☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la de (2) mo li ekri sou liy ki anba yo ki kòmanse ak konbinezon lèt «tw/gw»?

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di 2 mo yo ekri ki kòmanse ak konbinezon lèt «tw/gw» yo.

## Aktivite 5 Evalyasyon (3 mn)

☞ Poze elèv yo kesyon sa yo pou verifye konpreyansyon yo.

☞ Kiyès ki ka fòme yon mo ki genyen konbinezon lèt: «sw», «dw», «kw», «bw», «pw» ak «vw»?

☞ Chwazi 6 elèv pou fòme yon mo ak chak konbinezon lèt yo.

# Leson Revizyon 14 kr/pr/br/tr/fr/gr/vr/dr

## Objektif:

Idantifye non ak son konbinezon lèt (kr/pr/br/tr/fr/gr/vr/dr) nan mo.

Li mo ak fraz byen epi vit

Repwoudi mo ak fraz

Ekri mo ak konbinezon lèt.

## Materyèl:

Liv lekti, leson 14, paj 22

Kaye egzèsis, leson 14, paj 40 – 41

Kreyon, gòm, kaye bouyon, bwat kreyon desen

## Konsèy pou fè elèv yo marye son pou yo li silab nan liy etwal la




- Toujou kopye liy etwal la sou tablo a pou fè elèv yo li dapre leson w ap wè a.

- Fè elèv yo marye son yo ki nan liy etwal la pou yo ka li silab nan liv lekti yo a 2 pa 2 epi youn pa youn. Toujou sonje fè yon modèl pou yo anvan yo kòmanse li.

- Lekti 2 pa 2 a fèt konsa: Pandan premye elèv la ap li byen fò, fè dezyèm elèv la suiv ak dwèt li ansilans.





## Aktivite 1 Mizantren (2 mn)

### Rapèl

-  Chwazi 2 elèv (1fi ak 1 gason) nan klas la pou site kèk mo ki genyen son /sw/.
-  Kiyès ki ka di kèk mo ki genyen konbinezon lèt: «sw» ladan yo?
-  Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite sa a. Si yon elèv gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede li. Epi kontinye menm jan pou son /dw/, /kw/, /bw/, /pw/ak /vw/.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (18 mn)

### 1. Rekonèt son nan mo

-  Di kèk mo ki genyen son konbinezon lèt sa yo (kr, pr, br, tr, fr, gr, vr, dr) devan, deyè oubyen nan mitan mo a. Epi mande elèv yo di ki son konbinezon lèt yo tande nan mo a. Fè yo repete mo a epi fè yo di son konbinezon lèt yo tande nan mo a. Ekri lèt ki reprezante konbinezon lèt la sou tablo a. Apre sa, repete chak son konbinezon lèt yo ak tout klas la.
-  Mwen pral di kèk mo pou nou, si nou tande yon son konbinezon lèt nan yon mo, n ap repete mo a epi n ap di son konbinezon lèt nou tande ki nan mo a. Nou konprann? Nou pare? M ap fè yon egzanz pou nou, koute byen!  
Egzanz:  
kraze: Mo a se kraze, son konbinezon lèt mwen tande nan mo kraze se /kr/
-  Ekri lèt ki reprezante son konbinezon lèt (kr) ou sot di a pou elèv yo sou tablo a. Kontinye ak lòt mo yo pou elèv yo ka idantifye son konbinezon lèt ki nan mo yo.
-  Kounye a, mwen pral di kèk mo. Chak fwa mwen di yon mo, n ap repete mo a epi n ap di ki son konbinezon lèt nou tande nan mo a. Nou konprann? An n kòmanse.





- ☞ Fè aktivite sa a ansanm ak tout klas la.
- ☞ (pr : pran – prale) ; (br : bra – brile) ; (tr : tras – fatra) ; (fr : frè – frajil) ; (gr : gri – griye) ; (vr : sevre – ouvri) ; (dr : dra – drapo)
- ☞ Ekri chak konbinezon lèt elèv yo repete sou tablo a. Apre sa, repete konbinezon lèt yo ansanm ak tout klas la. Epi, chwazi kèk elèv pou bay yon mo kòm egzanp pou chak konbinezon lèt yo.
- ☞ Kiyès ki ka di yon mo ki genyen konbinezon lèt « pr » ?
- ☞ Touche konbinezon lèt la sou tablo a pou elèv yo ka di mo ki genyen konbinezon lèt la. Fè menm jan pou lòt konbinezon lèt yo (br, tr, fr, gr, vr, dr). Si yon elèv genyen difikilte, fè yon kamarad li ede li oubyen ede li ou menm.

**2. Di son ak non konbinezon lèt ki nan mo (4 mn)**

- ☞ Ekri kèk mo sou tablo a davans pou elèv yo. Epi mande elèv yo di son ak non konbinezon lèt ki kòmanse mo yo. Mande yo li mo a anvan yo di son ak non konbinezon lèt ki kòmanse mo a. Fè yon egzanp pou elèv yo. Touche mo a lè w ap fè egzanp lan.
- ☞ Kiyès ki ka di pou klas la son ak non konbinezon lèt ki kòmanse chak mo sa yo ? Kreye, pran, briye, trayi, grangou, vrèman, drapo.
- ☞ Chwazi 7 elèv (4 fi / 3 gason) pami sa ki leve men yo pou fè egzèsis la. Anvan elèv yo fè sa, fè yon egzanp pou yo.
- ☞ M ap fè yon egzanp pou nou, koute byen : Mo a se « kriye », son konbinezon lèt ki kòmanse mo « kriye » se /kr/, non konbinezon lèt la se « kr ». Nou konprann ? Kiyès ki vle kontinye pou klas la ?
- ☞ Chwazi 10 elèv (5 fi / 5 gason) pou idantifye non ak son konbinezon lèt ki kòmanse mo sa yo : kreye, pran, briye, trayi, grangou, vrèman, drapo.

**Revizyon 14 kr pr br tr fr gr vr dr**

1. Antoure mo ki genyen konbinezon lèt «kr/dr/tr» ki ale ak chak desen. Ekri mo ou antoure a sou liy ki anba a.

	
kreyon pyebwa	drapo chenl
	
bra pye	kare triyang

40 Kaye egzèsis

**Egzèsis # 1 (5 mn)**

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 40 lan pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou son ak non konbinezon lèt nou sot aprann yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 40 lan pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Antoure mo ki genyen konbinezon lèt “kr/dr/br/tr” ki ale ak chak desen. Ekri mo ou antoure a sou liy ki anba a). Nou konprann ? Kòmanse!
- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la mo li antoure yo ki mache ak chak desen yo; epi di ki konbinezon lèt ki genyen nan chak mo sa yo ?
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di chak mo yo antoure ki mache ak chak desen epi ki genyen konbinezon lèt (kr/dr/br/tr). Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.

2. Antoure tout mo ki gen konbinezon lèt ki menm ak modèl la nan chak bwat.

pr	priye - mwayen - pran - samdi
fr	swa - frajil - aswè - fraz - malè
gr	grip - mouye - gran - chwal
vr	avril - det - jwaye - lajwa - ouvri
tr	mwa - triye - mont - tritri
kr	fwaye - kriye - fwote - akra - fwa

Revizyon 14

**Egzèsis # 2 (4 mn)**

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 41 an pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ Nou pral kontinye fè egzèsis sou son ak non konbinezon lèt nou sot aprann yo. Ale nan paj 41 an nan egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Antoure tout mo ki gen konbinezon lèt ki menm ak modèl la nan chak bwat). Nou konprann ? Kòmanse!
- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la tout mo li antoure ki genyen konbinezon lèt ki menm ak modèl la nan premye bwat la ?**

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di tout mo yo antoure nan premye bwat la. Fè menm jan pou lòt konbinezon lèt yo.

## Aktivite 3 Li silab, mo ak fraz (10 mn)

Revizyon 14 kr pr br tr fr gr vr dr

kr pr br tr fr gr vr dr  
kri pra bri tra fre gra gri gre grè vre dna  
dri frè trè bre pri prè krè tri trè fri vri  
driil-tris-grad grav frèch tray Avriil-fatra frajil  
drapo fritay gravye vrèman grandè britsoukou

kriye-privè-brille-triye-griye-trayi-grandi--  
pratike-bride-trase-triple-detripe-frape-fremi-  
griye-krepi-

Patrik ap griye mayi pou li manje.  
Gadò a bride bouch chwal la.  
Chwal la p ap ka manje plant yo.  
Fredri a rès anpil nan mwa sa a.  
Polisyè sa a pran grad, li vin pi gwo chèf.  
Bòs mason an ap krepi kay la.

22 Map li nèt ale 2 A.F.

### Lekti silab ak mo nan liv (6 mn).

- ☞ **Ouvri liv lekti a nan paj 22 a. Ekri # 22 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Fè elèv yo kole lèt pou yo fè silab, epi fè yo kole silab pou yo li mo kout. Apre sa, fè elèv yo li silab ki nan liy etwal la, ak mo ki nan liy melon an ranje pa ranje epi youn pa youn.**
- ☞ **Kounye a, pran liv lekti a, ale nan paj 22 a. Nou pral kole lèt pou li silab, epi kole silab pou li mo kout. Apre sa, nou pral li silab ki nan liy etwal la ak mo ki nan liy melon an ranje pa ranje.**
  - ☞ Pase verifye si tout elèv ki nan ranje a ap li. Epi si yon elèv genyen difikilte pou l li, fè yon kamarad ki li byen ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral li silab ak mo yo youn pa youn, toujou nan paj 22 a.**
  - ☞ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li silab ak mo yo youn pa youn nan liv lekti a nan paj 22 a. Mande yo touche mo yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li mo yo. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
  - ☞ Verifye si elèv yo ap li silab ak mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche silab ak mo yo epi li yo ak bon ton.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la son pa son sou tablo a pou elèv la. Apre sa, fè elèv la kole son yo ansanm pou l ka li silab la vit epi byen.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a pou elèv la. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

### 2. Lekti fraz nan liv (4 mn).

- ☞ **Kounye a, nou pral li fraz nan liv lekti a.**
  - ☞ Ouvri liv lekti a nan paj 22 a. Ekri # 22 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a ranje pa ranje epi youn pa youn.
- ☞ **Nou pral li fraz yo ranje pa ranje.**
  - ☞ Pase verifye si elèv yo ap li fraz yo. Si genyen kèk elèv ki gen difikilte, ede yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li fraz yo youn pa youn.**
  - ☞ Chwazi kèk elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a pou elèv la. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Ekri fraz la sou tablo a. Fè elèv la li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
  - ☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

## Aktivite 4 Pwodiksyon ekri (6 mn)

3. Li fraz yo epi ekri tout mo ki genyen konbinezon lèt «gr/pr» sou liy ki anba yo.

Grann mwen pran paraplè a.  
Mari gen yon grip, li pran remèd.

.....  
.....  
.....  
.....  
.....

M ap li nèl ale - 2 AF 41

### Egzèsis # 3 (6 mn)

- ☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 41 an pou fè egzèsis # 3 a.
- ☞ **Nou pral kontinye fè egzèsis sou son ak non lèt nou sot aprann yo. Ale nan paj 41 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Li fraz yo epi ekri tout mo ki genyen konbinezon lèt «gr/pr» sou liy ki anba yo). Nou konprann? Kòmanse!**
- ☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la tout mo li ekri sou liy yo?**
- ☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di mo yo ekri sou liy yo.

## Aktivite 5 Evalyasyon (3 mn)

- ☁ Poze elèv yo kesyon sa yo pou verifye konpreyansyon yo.
- ☞ **Kiyès ki ka fòme yon mo ki genyen konbinezon lèt: «kr», «pr», «br», «tr», «fr» ak «gr» ladan yo?**
- ☁ Chwazi 6 elèv pou fòme yon mo ak chak konbinezon lèt yo.

# Leson Revizyon 15 in/àn/òn/èn/ann/enn/onn

## Objektif:

Idantifye non ak son konbinezon lèt (in/àn/òn/èn/ann/enn/onn) nan mo.

Li mo ak fraz byen epi vit

Repwoudi mo ak fraz

Ekri mo ak konbinezon lèt.

## Materyèl:

Liv lekti, leson 15, paj 23

Kaye egzèsis, leson 15, paj 42 – 43

Kreyon, gòm, kaye bouyon, bwat kreyon desen

## Konsèy pou fè elèv yo marye son pou yo li silab nan liy etwal la

- *Toujou kopye liy etwal la sou tablo a pou fè elèv yo li dapre leson w ap wè a.*

- *Fè elèv yo marye son yo ki nan liy etwal la pou yo ka li silab nan liv lekti yo a 2 pa 2 epi youn pa youn. Toujou sonje fè yon modèl pou yo anvan yo kòmanse li.*


- *Lekti 2 pa 2 a fèt konsa: Pandan premye elèv la ap li byen fò, fè dezyèm elèv la suiv ak dwèt li ansilans.*

## Aktivite 1 Mizantren (2 mn)

### Rapèl


 Chwazi 2 elèv (1fi ak 1 gason) nan klas la pou site kèk mo ki kòmanse ak son /kr/.

☞ **Kiyès ki ka di kèk mo ki genyen konbinezon lèt «kr» ladan yo?**

 Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite sa a. Si yon elèv gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede li. Epi kontinye menm jan pou son /pr/, /br/, /tr/, /fr/, /gr/, /vr/ak /tr/.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (18 mn)


### 1. Rekonèt son nan mo

 Di kèk mo ki genyen son konbinezon lèt sa yo (in, àn, òn, èn, ann, enn, onn) devan, deyè oubyen nan mitan mo a. Epi mande elèv yo di ki son konbinezon lèt yo tande nan mo a. Fè yo repete mo a epi fè yo di son konbinezon lèt yo tande nan mo a. Ekri lèt ki reprezante konbinezon lèt la sou tablo a. Apre sa, repete chak son konbinezon lèt yo ak tout klas la.

☞ **Mwen pral di kèk mo pou nou, si nou tande yon son konbinezon lèt nan yon mo, n ap repete mo a epi n ap di son konbinezon lèt nou tande ki nan mo a. Nou konprann? Nou pare? M ap fè yon egzanp pou nou, koute byen!**

**Egzanp:**

izin: Mo a se izin, son konbinezon lèt mwen tande nan mo izin se /in/

 Ekri lèt ki reprezante son konbinezon lèt (in) ou sot di a pou elèv yo sou tablo a. Kontinye ak lòt mo yo pou elèv yo ka idantifye son konbinezon lèt ki nan mo yo.

☞ **Kounye a, mwen pral di kèk mo. Chak fwa mwen di yon mo, n ap repete mo a epi n ap di ki son konbinezon lèt nou tande nan mo a. Nou konprann? An n kòmanse.**

- ☞ Fè aktivite sa a ansanm ak tout klas la.
- ☞ (àn : pàn - Ivàn) ; (òn : kòn - telefòn) ; (èn : chèn - apèn) ; (ann : kann - machann) ; (enn : venn - kodenn) ; (onn : ponn - reponn).
- ☞ Ekri chak konbinezon lèt elèv yo repete sou tablo a. Apre sa, repete konbinezon lèt yo ansanm ak tout klas la. Epi, chwazi kèk elèv pou bay yon mo kòm egzanp pou chak konbinezon lèt yo.
- ☞ Kiyès ki ka di yon mo ki genyen konbinezon lèt « àn » ?
- ☞ Touche konbinezon lèt la sou tablo a pou elèv yo ka di mo ki genyen konbinezon lèt la. Fè menm jan pou lòt konbinezon lèt yo (òn, èn, ann, enn, onn). Si yon elèv genyen difikilte, fè yon kamarad li ede li oubyen ede li ou menm.

**2. Di son ak non konbinezon lèt ki nan mo (4 mn)**

- ☞ Ekri kèk mo sou tablo a davans pou elèv. Epi mande elèv yo di son ak non konbinezon lèt ki fini mo yo. Mande yo li mo a anvan yo di son ak non konbinezon lèt ki fini mo a. Fè yon egzanp pou elèv yo. Touche mo a lè w ap fè egzanp lan.
- ☞ Kiyès ki ka di klas la son ak non konbinezon lèt ki fini chak mo sa yo ?  
**Izin, pàn, telefòn, chèn, machann, kodenn, reponn.**
- ☞ Chwazi elèv pami sa ki leve men yo pou fè egzèsis la. Anvan elèv yo fè sa, fè yon egzanp pou yo.
- ☞ M ap fè yon egzanp pou nou, koute byen : Mo a se « tribin », son konbinezon lèt ki fini mo « tribin » se /in/, non konbinezon lèt la se « in ».  
**Nou konprann ? Kiyès ki vle kontinye pou klas la ?**
- ☞ Chwazi 10 elèv (5 fi / 5 gason) pou idantifye non ak son konbinezon lèt ki fini mo sa yo : Izin, pàn, telefòn, chèn, machann, kodenn, reponn

**Egzèsis # 1 (5 mn)**





- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 42 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou son ak non konbinezon lèt nou sot aprann yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 42 a pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Antoure mo ki genyen konbinezon lèt «òn/ann/enn/èn» ki ale ak chak desen. Ekri mo ou antoure a sou liy ki anba a). Nou konprann ? Kòmanse !
- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas la mo li antoure yo ki mache ak chak desen yo; epi di ki konbinezon lèt «òn/ann/enn/èn» ki genyen nan chak mo sa yo ?
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di mo yo antoure ki mache ak chak desen epi ki genyen konbinezon lèt (òn/ann/enn/èn). Apre sa, korije ansanm ak tout klas la.

**Egzèsis # 2 (4 mn)**

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 43 a pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ Nou pral kontinye fè egzèsis sou son ak non konbinezon lèt nou sot aprann yo. Ale nan paj 43 a nan egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou (Antoure tout mo ki gen konbinezon lèt ki menm ak modèl la nan chak bwat). Nou konprann ? Kòmanse !
- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

**Revizyon 15** in-àn-òn-èn-ann-enn-onn

1. Antoure mo ki genyen konbinezon lèt «òn/ann/enn/èn» ki ale ak chak desen. Ekri mo ou antoure a sou liy anba a.

	
telefòn	machann
.....	.....
	
pwason	chèn kabrit
.....	.....

42 Kaye egzèsis

2. Antoure tout mo ki gen konbinezon lèt ki menm ak modèl la nan chak bwat.

in	izin - mwayen - latrin - samdi
àn	avwàn - frajil - plàn - fraz - malè
òn	grip - kòn - gran - mòn
èn	avril - chèn - jwaye - plèn - ouvri
ann	kann - triye - bann - tritri
enn	fwaye - okenn - fwote - kokennenn - fwa



- ☞ **Kounye a, nou pral korije. Kiyès ki ka di klas tout mo li antoure ki genyen konbinezon lèt ki menm ak modèl la nan premye bwat la?**

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di tout mo yo antoure nan premye bwat la. Fè menm jan pou lòt konbinezon lèt yo.

### Aktivite 3 Li silab, mo ak fraz (10 mn)

#### 1. Lekti silab ak mo nan liv (6 mn).

☞ Ouvri liv lekti a nan paj 23 a. Ekri # 23 byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Fè elèv yo kole lèt pou yo fè silab, epi fè yo kole silab pou yo li mo kout. Apre sa, fè elèv yo li silab ki nan liy etwal la, ak mo ki nan liy melon an ranje pa ranje epi youn pa youn.

- ☞ **Kounye a, pran liv lekti a, ale nan paj 23 a. Nou pral kole lèt pou li silab, epi kole silab pou li mo kout. Apre sa, nou pral li silab ki nan liy etwal la ak mo ki nan liy melon an ranje pa ranje.**

☞ Pase verifye si tout elèv ki nan ranje a ap li. Epi si yon elèv genyen difikilte pou l li, fè yon kamarad ki li byen ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral li silab ak mo yo youn pa youn, toujou nan paj 23 a.**

☞ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li silab ak mo yo youn pa youn nan liv lekti a nan paj 23 a. Mande yo touche mo yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li mo yo. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.

- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li silab ak mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche silab ak mo yo epi li yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la son pa son sou tablo a pou elèv la. Apre sa, fè elèv la kole son yo ansanm pou l ka li silab la vit epi byen.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a pou elèv la. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.

#### 2. Lekti fraz nan liv (4 mn).

- ☞ **Kounye a, nou pral li fraz nan liv lekti a.**

☞ Ouvri liv lekti a nan paj 23 a. Ekri # 23 byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a ranje pa ranje epi youn pa youn.

- ☞ **Nou pral li fraz yo ranje pa ranje.**

☞ Pase verifye si elèv yo ap li fraz yo. Si genyen kèk elèv ki gen difikilte, ede yo.

- ☞ **Kounye a, nou pral li fraz yo youn pa youn.**

☞ Chwazi kèk elèv (2 fi ak 2 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab sou tablo a pou elèv la. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Ekri fraz la sou tablo a. Fè elèv la li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Revizyon 15 **In, èn, an, on, ann, enn, onn**

an ann an am an onn in enn zòn fàn Jàn pàn  
pèn chèn venn lenn bann sann kann lonn apèn  
avwàn dodàn Ivòn kabòn sispann kodenn lapenn  
izin pisin piòn antèn kouzin machann Dezam  
anpil kouwòn Liksonn telefòn Wobennsonn

ponn-reponn-pann-vann tann fann  
ponn defann

Bòn tè sa a byen plase.  
Samdi ap gen fèt patwonat nan zòn nan.  
Ivòn renmen manje avwàn anpil.  
Telefòn dam sa a pa sispann sonnen.  
Leyogàn gen anpil kann pou yo fè siwo.

Revizyon 15

Map li nèt ale 2 A.F. 23

## Aktivite 4 Pwodiksyon ekri (6 mn)

### Egzèsis # 3 (6 mn)

3. Ekri mo ki genyen konbinezon lèt : «ann/enn/onn» sou liy ki anba yo.

kann	mòn	chenn	wonn	makòn	patalon	savann
ann	onn					
enn	ann					

M ap li mèl ale - 2 AF 43

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 43 pou fè egzèsis # 3 a.
- ☞ Nou pral kontinye fè egzèsis sou son ak non lèt nou sot aprann yo. Ale nan paj 43 # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. (Ekri mo ki genyen konbinezon lèt «ann/enn/onn» sou liy ki anba yo). Nou konprann? **Kòmanse!**
- ☞ Bay 7 elèv (3 fi / 4 gason) yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difkilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije, kiyès ki ka di klas la tout mo li ekri sou liy yo ki genyen konbinezon lèt sa yo «ann/enn/onn»?
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou di tout mo yo ekri sou liy yo.

## Aktivite 5 Evalyasyon (3 mn)

- ☞ Poze elèv yo kesyon sa yo pou verifye konpreyansyon yo.
- ☞ Kiyès ki ka fòme yon mo ki genyen konbinezon lèt: «in», «àn», «òn», «èn», «ann» ak «onn»?
- ☞ Chwazi 6 elèv pou fòme yon mo ak chak konbinezon lèt yo.



# Leson 1


## Objektif:

Konprann yon devinèt  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòme fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon aloral tankou alekri sou yon tèks

## Materyèl:

Liv lekti, leson 1, paj 24 - 25  
Kaye egzèsis, leson 1, paj 44 - 45  
Kaye bouyon, kreyon, gòm



## Konsiy pou pwofesè a respekte nan dewoulman leson yo

-  Men kèk konsiy pwofesè a dwe aplike nan dewoulman leson yo:
  - Mande elèv yo leve men yo pou pran lapawòl.
  - Mande elèv yo fè silans, lè yon kamarad nan klas la ap pale.
  - Ankouraje elèv yo fòme fraz konplèt lè yo ap reponn yon kesyon.
  - Ankouraje elèv yo patisipe nan tout aktivite k ap fèt nan klas la.
  - Pase verifye travay elèv yo ap fè nan gwoup.
  - Ankouraje, felisite elèv yo lè yo fè yon bon aksyon.
  - Ankadre epi korije elèv yo lè li nesèsè.
  - Toujou chwazi elèv ki fè egzèsis byen kòm modèl lè w ap fè koreksyon yo.
  - Itilize tablo lèt la pou ede elèv yo lè yo genyen difikilte pou yo fòme oubyen li yon silab ak yon mo.
  - Fè elèv yo idantifye imaj ki nan paj liv lekti a pou yo ka jwenn paj la pi vit.
  - Lekt 2 pa 2 a fèt konsa: Pandan premye elèv la ap li byen fò, fè dezyèm elèv la suiv ak dwèt li ansilans.

## Premye pati leson an (34 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

#### 1. Devinèt (3 mn)

-  Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.
-  N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!

Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.

Se yon peryòd repo tout timoun ap tann.

Pou yo jwe, danse,

pale tout kalite koze ak zanmi yo.

Se moman tou ki fè yo vizite anpil kote.

Kisa mwen ye ? (Vakans)

Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.

Bravo! Nou te byen travay!

## Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (26 mn)

### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo ak tout klas la.

Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzàn pou nou. Koute byen. Nou pare ? M ap kòmanse! Mo a se «lave».

Leve de (2) dwèt youn apre lòt pou de (2) silab ki nan mo a.

«Lave» genyen 2 silab «la-ve».

Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.

M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Men mo yo : ekip – lekòl – rezon – tèlman – atansyon – inifòm.

Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

**Leson 1**

1. Dekoupe mo ki anba yo silab pa silab. Apre sa, ekri kantite silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

de/pi	2
lekòl	
rakonte	
inifòm	
finalman	

2. Li chak mo epi ekri chak silab ki nan mo a nan bwat ki anba li a.

kontan	tèlman	finalman
inifòm		rakonte

44 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 1 (3 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 44 la pou fè egzèsis # 1 an.

Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 44 la pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Dekoupe mo ki anba yo silab pa silab. Apre sa, ekri kantite silab ou jwenn nan mo yo nan kare li). Nou konprann ? Kòmanse!

Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

Kounye a, nou pral korije ansanm.

Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki jan li dekoupe premye mo a epi di konbyen silab li genyen ladan l ?

**Leson 1**

1. Dekoupe mo ki anba yo silab pa silab. Apre sa, ekri kantite silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

depi

lekòl

rakonte

inifòm

finalman

2. Li chak mo epi ekri chak silab ki nan mo a nan bwat ki anba li a.

kontan	tèlman	finalman
<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>
inifòm	rakonte	
<input type="text"/>	<input type="text"/>	

44 Kaye egzèsis

**Egzèsis # 2 (3 mn)**

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 44 la pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 44 la pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Li chak mo epi ekri chak silab ki nan mo a nan bwat ki anba li a). Nou konprann? Kòmanse!**
- ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki jan li dekoupe premye mo a epi di chak silab mo a genyen ladan l?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt mo yo.


**2. Lekti mo sou tablo (6 mn)**

- ☞ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn.
- Men mo yo : inifòm – elèv – rakonte – lakou – zanmi – dimanch – finalman – ouvri.
- ☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**
- Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**
- Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

**3. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)**

- ☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 24 la.
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 24 la pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
- ☞ Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

**Leson 1**




▲ vakans - lekòl - Emil - Katya - inifòm - finalman - dimanch - elèv - zanmi - anpil - tèlman - kontan - lakou - kòman

🍌 tann - wè - ale - kouche - pran - rakonte - pase - louveri

🍌 Emil tèlman kontan, dèmi poko ka pran li. Li wè tout elèv yo byen bèl ak bèl inifòm sou yo.

24 Map li nèt ale 2 A.F.

Lesson 1



▲ vakans - lekòl - Emil - Katya - inifòm - finalman - dimanch - elèv - zanmi - anpil - tèlman - kontan - lakou - kòman  
 ● tann - wè - ale - kouche - pran - rakonte - pase - louvri  
 ● Emil tèlman kontan, dèmi pòkò ka pran li. Li wè tout elèv yo byen bèl ak bèl inifòm sou yo.

24 Map li nèt ale - 2 A.F.

### 4. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 24 la.
- ☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
  - ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
  - ☞ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
  - ☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (5 mn)

3. Nan lis mo ki nan bwat la, antoure tout mo ki genyen rapò ak mo « lekòl » epi kopye yo sou liy anba yo.

plim	zwazo	pwofesè
rivyè	elèv	direksyon

4. Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo.

5. Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

- Depi de (2) \_\_\_\_\_, Emil ak Katya an vakans.
- Li anvè wè \_\_\_\_\_ li yo.
- Li wè tout elèv yo byen bèl ak inifòm sou yo.
- L ap rakonte yo kòman \_\_\_\_\_ li te pase.

Map li nèt ale - 2 A.F. 45

### Egzèsis # 3 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 45 lan pou fè egzèsis # 3 a.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou mo ki gen rapò ak lòt mo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 45 lan pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Nan lis mo ki nan bwat la, antoure tout mo ki genyen rapò ak mo « lekòl » epi kopye yo sou liy anba yo). Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li kopye yo ki genyen rapò ak mo « lekòl »?**
  - ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo kopye yo.

### Dezyèm pati leson an (37 mn)

#### Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (28 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (5 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo «vakans». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo «Vakans»?

*Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:*

- Vakans vle di: Peryòd repo ; jou konje ; jou pa gen lekòl ; jou pa gen travay. Se epòk kè tout elèv kontan.

*Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.*

- Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?

*Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo «vakans» aloral.*

- Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo «vakans»?

*Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo «vakans» pou elèv yo sou tablo a.*

#### Egzanp:

**Pa gen lekòl jodi a, elèv yo an vakans.**

*Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye di kèk fraz yo fòme ak mo «vakans». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.*

### 2. Vizyalizasyon (6 mn)

#### Deskripsyon desen (4 mn)

- Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 24 la.

*Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:*

- Kisa nou wè nan imaj la? Kisa nou wè nan chanm nan? Kisa ti gason an wè nan rèv la? Ki kote timoun yo ye? Kisa yo ap fè?

*Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.*

#### Prediksyon dapre desen (2 mn)

- Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

*Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

- Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?

*Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.*

### 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

#### Li istwa


*Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:*

- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.

- Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.

- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

- Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.





### Yon nuit anvan lekòl (1)

Depi de (2) mwa, Emil ak Katya an vakans. Katya pa ka tann kilè pou li wè lekòl louvri. Li anvi wè zanmi li yo. Lekòl la ap louvri lendi matin. Nan dimanch swa vè uitè, yo tou de (2) ale kouche. Emil tèlman kontan, dòmi poko ka pran li. Finalman, dòmi resi pran li. Li fè yon rèv. Li wè li nan lakou lekòl la. Li wè tout elèv yo byen bèl ak bèl inifòm sou yo. L ap rakonte yo kòman vakans li te pase. Yo kontan anpil.

#### Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Sou kiyès istwa a pale ?
3. Ki jou Emil te fè rèv la ?
4. Poukisa dòmi poko ka pran Emil ?
5. Poukisa Katya te vle demen rive ?
6. Kisa Emil te wè nan rèv la ?

Leson 1

M ap li mèt atè 2 A.F.

25

Mande elèv yo ouvri liv lekti a nan paj 25 lan. Ekri paj 25 lan byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou. Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.

☞ Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.

### Yon nuit anvan lekòl (1)

Depi de (2) mwa, Emil ak Katya an vakans. Katya pa ka tann kilè pou li wè lekòl louvri. Li anvi wè zanmi li yo. Lekòl la ap louvri lendi matin. Nan dimanch swa vè uitè, yo tou de (2) ale kouche. Emil tèlman kontan, dòmi poko ka pran li. Finalman, dòmi resi pran li. Li fè yon rèv. Li wè li nan lakou lekòl la. Li wè tout elèv yo byen bèl ak bèl inifòm sou yo. L ap rakonte yo kòman vakans li te pase. Yo kontan anpil.

- ☞ Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)

☞ Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

- ☞ Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

- ☞ Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.

### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

☞ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.

### 5. Reponn kesyon (7 mn)

☞ Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.





- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Ki tit istwa a ?
2. Sou kiyès istwa a pale ?
3. Ki jou Emil te fè rèv la ?

4. Poukisa dòmi poko ka pran Emil?
5. Poukisa Katya te vle demen rive?
6. Kisa Emil te wè nan rèv la?

## Aktivite 5 Pwodiksyon (6 mn)

### Egzèsis # 4 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 45 lan pou fè egzèsis # 4 la.
- ☞ **Nou pral ekri non pèsonaj ki genyen nan istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 45 lan pou fè egzèsis # 4 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la non pèsonaj li ekri nan liy yo?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple non pèsonaj yo.

3. Nan lis mo ki nan bwat la, antoure tout mo ki genyen rapò ak mo « lekòl » epi kopye yo sou liy anba yo.

plim	zwazo	pwofesè
rivyè	elèv	direksyon





4. Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo.

5. Konplete fraz sa yo dapre istwa a.



1. Depi de (2) \_\_\_\_\_, Emil ak Katya an vakans.
2. Li anvi wè \_\_\_\_\_ li yo.
3. Li wè tout elèv yo byen bèl ak \_\_\_\_\_ inifòm sou yo.
4. L ap rakonte yo kòman \_\_\_\_\_ li te pase.

M ap li nèk ale - 2 AF 45

### Egzèsis # 5 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 45 lan pou fè egzèsis # 5 lan.
- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 45 lan pou fè egzèsis # 5 lan. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 5 lan. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou li mo yo itilize pou konplete fraz yo.

## Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li epi eple mo a?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

# Leson 2

## Objektif:

- Eksprime opinyon sou yon tèm
- Li mo ak fraz byen epi vit
- Ekri mo byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon aloral tankou alekri sou yon tèks



## Materyèl:

- Liv lekti, leson 2, paj 26 - 27
- Kaye egzèsis, leson 2, paj 46 - 47
- Kaye bouyon, kreyon, gòm

## Premye pati leson an (34 mn)





### Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

#### 1. Kozri




-  Mande elèv yo pale sou yon aktivite yo renmen fè lè yo an vakans.
- ☞ **Kounye a, nou pral pale sou yon aktivite nou renmen fè lè nou an vakans. Kiyès ki ka di klas la yon aktivite li renmen fè lè li an vakans?**
-  Chwazi 4 elèv pou fè aktivite a. Bay elèv yo 2 minit pou pale sou aktivite yo renmen fè a. Ankouraje, felisite elèv ki patisipe yo.

### Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (26 mn)





#### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

-  Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo ak tout klas la.
- ☞ **Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzanz pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse! Mo a se « kòmanse »**
-  Leve twa (3) dwèt youn apre lòt pou twa (3) silab ki nan mo a.
- ☞ **« Kòmanse » genyen 3 silab « kò-man-se »**
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.
- ☞ **M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.**
- Men mo yo: pratike – foutbòl – trankilman – lakou – klas – reveye.**
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.





## 2. Kole silab pou fòmè mo. (3 mn).

-  Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòmè mo. Fè aktivite sa a sou tablo ak tout klas la.
- ☞ **Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòmè mo. M ap fè yon egzanp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse!**  
Silab yo se (re-ve-ye) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (reveye)
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòmè mo.
- ☞ **Li epi kole silab sa yo pou fòmè mo ak yo.**  
**Men silab yo: (pan-dan); (kou-ri); (es-pò); (en-vi-te); (kon-tan); (eks-pli-ke).**
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

## Egzèsis # 1 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 46 la pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 46 la pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li). Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki jan li dekoupe premye mo a epi di nan konbyen kare li ekri silab li jwenn yo?**
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou lòt mo yo.

## Egzèsis # 2 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 46 la pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 46 la pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kole silab sa yo epi ekri mo yo byen). Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li jwenn ak silab li kole yo?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Fè menm jan pou chak liy silab yo.

**Leson 2**

1. Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	silab		
foutbòl	fout	bòl	
kabann			
trankilman			
envite			
kòmanse			

2. Kole silab sa yo epi ekri mo yo byen.

silab			mo
re	ve	ye	reveye
en	vi	te	
fò	me		
pa	ran		

46 Kaye egzèsis

### 3. Lekti mo sou tablo (4 mn)

- ☞ *Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo : foubòl – reveye – kabann – match – trankilman – jwenn – paran.*
- ☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**  
**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**  
**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**
- ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.*


### 4. Lekti mo nan liv lekti (4 mn)

- ☞ *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 26 la.*
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 26 la pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
- ☞ *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
- ☞ *Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.*
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ *Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

### 5. Lekti fraz nan liv lekti (4 mn)

- ☞ *Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 26 la.*
- ☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
- ☞ *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
- ☞ *Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.*
- *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.*
- *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.*
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

Leson 2



▲ nuit - anvan - lekòl - youn - ekip - elèv - lakou - kontan - foubòl - match - moun - paran - kabann

👉 jwe - fòme - envite - kòmanse - rele - reveye - kouri - genyen - jwenn - dòmi

👉 Yo byen kontan, epi match la kòmanse. Katya ak paran li kouri vin wè sa Emil genyen.

26 Map li nèt ale 2 A.F.

## Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (5 mn)

3- Eple (3) premye mo ki nan liy melon an, apre sa ekri yo sou liy ki anba yo.

4- Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

1. Konsa, Emil fòme de (2) \_\_\_\_\_.

2. Yo jwenn Emil de men \_\_\_\_\_ nan kabann li.


3. Katya ak paran li \_\_\_\_\_ vin wè sa Emil genyen.

4. Emil \_\_\_\_\_ tout moun nan kay la.

5- Ekri mo sa yo nan lòd pou nou fòme yon fraz.

ekip - foutbòl - Emil - fòme - de (2)

M ap li nèt ale - 2.A.F. 47



▲ nuit - anvan - lekòl - youn - ekip - elèv - lakou - kontan - foutbòl - match - moun - paran - kabann  
● jwe - fòme - envite - kòmanse - rele - reveye - kouri - genyen - jwenn - dòmi  
▲ Yo byen kontan, epi match la kòmanse.  
● Katya ak paran li kouri vin wè sa Emil genyen.

26 M ap li nèt ale 2.A.F.

### Egzèsis # 3 (5 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 47 la pou fè egzèsis # 3 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.
- ☞ **Nou pral ekri mo nou sot li yo ki nan liy melon an. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 47 la pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Eple 3 premye mo ki nan liy melon an, apre sa ekri yo sou liy ki anba yo). Ouvri liv lekti nou nan paj 26 la epi ale nan liy melon an pou nou ka wè twa (3) premye mo yo. Mwen ap ekri 2 mo kòm modèl pou nou sou tablo a. Suiv byen pou nou ka ekri menm jan. Nou konprann? Kòmanse!**
- ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li ekri nan kaye li a?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

## Dezyèm pati leson an (39 mn)

### Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (30 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (5 mn)


- ☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « foutbòl ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « foutbòl »?**
- ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- ☞ **Foutbòl vle di: Jwèt espò ki jwe ak pye sou yon teren ak yon balon.**
- ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « foutbòl » aloral.
- ☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « foutbòl »?**
- ☞ Ekri yon fraz kòm egzanzp ak mo « foutbòl » pou elèv yo sou tablo a.

#### Egzanzp:

Elèv yo ap jwe foutbòl sou teren an.

*Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo «foutbòl». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.*

Leson 2



▲ nuit - anvan - lekòl - youn - ekip - elèv - lakou - kontan - foutbòl - match - moun - paran - kabann  
● jwe - fòme - envite - kòmanse - rele - reveye - kouri - genyen - jwenn - dami  
● Yo byen kontan, epi match la kòmanse.  
● Katya ak paran li kouri vin wè sa Emil genyen.

26 Map li mèt ale 2 A.F.

## 2. Vizyalizasyon (6 mn)

### Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 26 la.
- ☞ *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :*
- ☞ **Ki kote nou wè ti gason an ye ? Konbyen moun nou wè nan chanm nan ? Kisa moun yo ap fè ? Ki koulè rad ki sou yo ?**
- ☞ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.*

### Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
- ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**
- ☞ *Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.*

## 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

### Li istwa

- ☞ *Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :*
- *Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.*
- *Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.*
- *Aprè sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.*
- *Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.*
- Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 27 la. Ekri paj 27 la byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv yo nan bon paj la.*
- ☞ **Mwen pral li istwa a youn premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou. Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.**
- ☞ *Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.*

**Yon nuit anvan lekòl (2)**

Nan rèv la, Emil wè li nan lakou lekòl la. Li wè anpil elèv. Li di : «An nou ale jwe». Youn nan elèv yo di : «An n jwe foutbòl». Konsa, Emil fòme de (2) ekip. Li envite lòt elèv ki nan lakou a vin jwe tou. Yo byen kontan, epi match la kòmanse.

Aprè twa (3) minit Emil fè youn gòl. Li rele : «Gòdòdòl !» Emil reveye tout moun nan kay la. Katya ak paran li kouri vin wè sa Emil genyen. Yo jwenn Emil de men anlè nan kabann li.

**Kesyon**

1. Kisa Emil di elèv yo nan rèv la ?
2. Ki jwèt Emil te wè l ap jwe nan rèv la ?
3. Kiyès ki fè gòl la nan rèv la ?
4. Aprè konbyen minit Emil te wè l fè gòl la nan rèv la ?
5. Poukisa Katya ak paran li te vin gade sa Emil genyen ?
6. Kòman Katya ak paran l te jwenn Emil apre bri a ?
7. Si ou te Katya kisa ou t ap fè ?

27 Map li mèt ale 2 A.F.

### Yon nuit anvan lekòl (2)

Nan rèv la, Emil wè li nan lakou lekòl la. Li wè anpil elèv. Li di : «An nou ale jwe». Youn nan elèv yo di : «An n jwe foutbòl». Konsa, Emil fòme de (2) ekip. Li envite lòt elèv ki nan lakou a vin jwe tou. Yo byen kontan, epi match la kòmanse.

Aprè twa (3) minit Emil fè youn gòl. Li rele : «Gòdòdòl !» Emil reveye tout moun nan kay la. Katya ak paran li kouri vin wè sa Emil genyen. Yo jwenn Emil de men anlè nan kabann li.







## Leson 3

### Objektif:

Aprann yon tèks powetik  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòme fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



### Materyèl:

Liv lekti, leson 3, paj 28 - 29  
Kaye egzèsis, leson 3, paj 48 - 49  
Kaye bouyon, kreyon, gòm

## Premye pati leson an (36 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

#### 1. Pwezi (3 mn)

-  *Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a. Ansuit, mande elèv yo repete li pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*

Pyebwa

Ala bèl ou bèl!


Ou genyen bèl branch, ak bèl fèy byen vèt.

Ou toujou bay anpil bèl fwi.

Ou pwoteje latè ak lanati.

Nou renmen w anpil!


- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**


 *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**

 *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*





#### 2. Rapèl (2 mn)

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, fè yo bay sans li epi eple mo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a?**




 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (28 mn)

### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (4 mn).

-  Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzanp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse! Mo a se «salye»
-  Leve de (2) dwèt youn apre lòt pou de (2) silab ki nan mo a.
- ☞ «Salye» genyen 2 silab «sa-lye»
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.
- ☞ M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.  
Men mo yo: premye – anpil – inifòm – menm – prepare – lavèy.
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

### 2. Kole silab pou fòme mo. (4 mn).

-  Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòme mo. Fè aktivite sa a sou tablo ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòme mo. M ap fè yon egzanp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse!  
Silab yo se (eks-plyi-ke) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (eksplike)
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòme mo.
- ☞ Li epi kole silab sa yo pou fòme mo ak yo.  
Men silab yo: (Kwa-ze); (be-zwen); (en-pò-tan); (la-tri-ye); (pe-zib).
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

**Leson 3**

1. Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.




Mo	Silab		
anpil	an	pil	
lavèy			
prepare			
anbrase			
pèdi			

2. Kole silab sa yo epi ekri mo yo byen.

silab		Mo
pre	mye	premye
le	ve	
ran	kon	tre
o	re	vwa
pli	zyè	

48 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 1 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 48 la pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 48 la pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen!  
(Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li). Nou konprann? Kòmanse!
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

**Leson 3**

1. Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab		
anpil	an	pil	
lavèy			
prepare			
anbrase			
pèdi			

2. Kole silab sa yo epi ekri mo yo byen.

silab			Mo
pre	mye		premye
le	ve		
ran	kon	tre	
o	re	vwa	
pli	zyè		

48 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 48 la pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 48 la pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kole silab sa yo epi ekri mo yo byen). Nou konprann? Kòmanse!
- ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li jwenn ak silab li kole yo?
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Fè menm jan pou chak liy silab yo.

### 3. Lekti mo sou tablo (5 mn)

- ☞ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: lavèy – orevwa – plizyè – alafen – anbrase – pare – rankontre.
- ☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)
- ☞ Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)
- ☞ Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

### 4. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

- ☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 28 la.
- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 28 la pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.
- ☞ Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- ☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.
- ☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

**Leson 3**



premye - lekòl - depi - senkè - maten - lavèy - dabò  
- ansuit - inifòm - valiz - alafen - kontan - orevwa - plizyè - bezwen

leve - prepare - pare - pèdi - ranje - benyen - anbrase - mete - souri - rankontre

Sou tout wout la, Emil ak Katya wè plizyè lòt elèv. Yo souri ak tout lòt elèv yo rankontre.

28 M ap li nèt ale 2 A.F.

Lesson 3










premye - lekòl - depi - senkè - maten - lavèy - dabò  
- ansuit - inifòm - valiz - alafen - kontan - orevwa - plizyè - bezwen

leve - prepare - pare - pèdi - ranje - benyen - anbrase - mete - souri - rankontre

Sou tout wout la, Emil ak Katya wè plizyè lòt elèv. Yo souri ak tout lòt elèv yo rankontre.

28 M ap li nèt ale 2 A.F.

### 5. Lekti fraz nan liv lekti (4 mn)

-  Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 28 la.
-  **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
-  **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
-  Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
- Si yon elèv gen difkilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- Si yon elèv gen difkilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
-  **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
-  Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### Aktivite 3 Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye (3 mn)

3- Kopye fraz sa a byen sou liy ki anba yo.  
Emil ak Katya leve.

.....  
.....  
.....  
.....

4- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

1. Depi senkè nan maten, \_\_\_\_\_ ak \_\_\_\_\_ leve.

2. Yo \_\_\_\_\_ paran yo epi yo di yo orevwa.








3. Ansuit, yo \_\_\_\_\_ dan yo epi yo \_\_\_\_\_.

4. Yo wè anpil \_\_\_\_\_ ki diferan ak pa yo a.

Lesson 3


M ap li nèt ale - 2 AF 49

### Egzèsis # 3 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 49 la pou fè egzèsis # 3 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.
-  **Nou pral kopye fraz ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 49 la pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye fraz sa a byen nan liy ki anba yo). Suiv modèl la pou nou ka kopye fraz la. Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difkilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
-  **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
-  **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li fraz li kopye a pou klas la?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

### Dezyèm pati leson an (34 mn)

#### Tranzisyon (1 mn)

-  Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (27 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (5 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, genyen mo « paran ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « Paran »?

*Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:*

- Paran vle di: Manman ak papa yon moun oswa tout moun ki pwòch li.

*Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.*

- Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?

*Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « paran » aloral.*

- Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « Paran »?

*Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « paran » pou elèv yo sou tablo a.*

#### Egzanp:

**Paran elèv yo vini nan reyinyon nan lekòl la.**

*Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « Paran ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesese. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.*

### 2. Vizyalizasyon (6 mn)

#### Deskripsyon desen (4 mn)

- Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 28 la.

*Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:*

- Kiyès nou wè nan imaj la? Kòman timoun yo abiye? Kisa nou wè sou wout la? Kisa nou wè nan imaj la ankò?

*Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.*

#### Prediksyon dapre desen (2 mn)

- Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

*Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

- Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?

*Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.*

### 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

#### Li istwa

*Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:*

- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.

- Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.

- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

- Finalman chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.



### Premye jou lekòl (1)

Jodi a se premye jou lekòl. Depi senkè nan maten, Emil ak Katya leve. Yo prepare yo. Yo te gentan pare tout sa yo t ap bezwen lavèy. Yo pa pèdi tan. Dabò, yo leve epi yo ranje kabann yo. Ansuit, yo bwose dan yo epi yo benyen. Apre sa, yo mete inifòm sou yo. Epi, yo ale sou tab, yo manje. Alafen, yo pran valiz yo. Yo anbrase paran yo epi yo di yo orevwa. Yo pran wout lekòl la ak kè kontan. Sou tout wout la, Emil ak Katya wè plizyè lòt elèv. Yo wè anpil inifòm ki diferan ak pa yo a. Yo souri ak tout lòt elèv yo rankontre.

#### Kesyon

1. Sou kisa istwa a pale ?
2. A kilè Emil ak Katya te leve pou yo prepare yo?
3. Kisa Katya ak Emil te fè lavèy jou lekòl la ?
4. Kisa Emil ak Katya te fè anvan yo kite lakay yo ?
5. Kiyès yo te rankontre sou wout la ?
6. Èske Emil ak katya janti ? Poukisa ?

M ap li mèl ale 2 A.F.

29

Leson 3

*Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 29 la. Ekri paj 29 la byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv yo nan bon paj la.*

- **Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou.**

**Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.**

 *Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.*


### Premye jou lekòl (1)

Jodi a se premye jou lekòl. Depi senkè nan maten, Emil ak Katya leve. Yo prepare yo. Yo te gentan pare tout sa yo t ap bezwen lavèy. Yo pa pèdi tan. Dabò, yo leve epi yo ranje kabann yo. Ansuit, yo bwose dan yo epi yo benyen. Apre sa, yo mete inifòm sou yo. Epi, yo ale sou tab, yo manje. Alafen, yo pran valiz yo. Yo anbrase paran yo epi yo di yo orevwa. Yo pran wout lekòl la ak kè kontan. Sou tout wout la, Emil ak Katya wè plizyè lòt elèv. Yo wè anpil inifòm ki diferan ak pa yo a. Yo souri ak tout lòt elèv yo rankontre.

- **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

 *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.*

- **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*

- **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**

 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*

- **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.*

### 5. Reponn kesyon (6 mn)

 *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*





# Leson 4

## Objektif:

- Aprann yon kontin
- Li mo ak fraz byen epi vit
- Ekri mo byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




## Materyèl:

- Liv lekti, leson 4, paj 30 - 31
- Kaye egzèsis, leson 4, paj 50 - 51
- Kaye bouyon, kreyon, gòm





## Premye pati leson an (37 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (5 mn)




#### 1. Kontin (3 mn)

-  Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Repete l yon lòt fwa ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit pandan w ap fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.
-  Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!
-  Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.

Bèl flè choublak  
Mwen se yon bèl flè.  
Tout moun renmen plante m.  
Tifi renmen mete m nan tèt yo pou fè bèbèl.  
Tout kote mwen ye, se mèvèy !





-  Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.
-  Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.
-  Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.
-  Fè aktivite a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.

#### 2. Rapèl (2 mn)




-  Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li nan leson anvan an.
-  Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li te li nan leson anvan an?
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)




### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

-  Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzanp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse! Mo a se «zanmi»
-  Leve de (2) dwèt youn apre lòt pou de (2) silab ki nan mo a.
- ☞ «Zanmi» genyen 2 silab «zan-mi»
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.
- ☞ M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.  
Men mo yo: katye – dabò – konvèsasyon – lari – tribinal – travèse.
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

### 2. Kole silab pou fòme mo. (3 mn).

-  Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòme mo. Fè aktivite sa a sou tablo ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòme mo. M ap fè yon egzanp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse!  
Silab yo se (ens-kri) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (enskri)
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòme mo.
- ☞ Li epi kole silab sa yo pou fòme mo ak yo.  
Men silab yo: (zan-mi); (kon-ti-nye); (Da-vid); (di-rek-syon); (pan-dan).
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

### Egzèsis # 1 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 50 lan pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 50 lan pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li). Nou konprann? Kòmanse!
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki jan li dekoupe premye mo a epi di nan konbyen kare li ekri silab li jwenn yo?

**Leson 4**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab		
travèse	tra	vè	se
zanmi			
enskri			
tribinal			
direksyon			
vakans			

2- Komplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki genyen sans.

pan - vyèt - vis - mi - so

- Sè \_\_\_\_\_
- Sè \_\_\_\_\_
- Sè \_\_\_\_\_
- Sè \_\_\_\_\_

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou lòt mo yo.

**Leson 4**

1. Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab		
travèse	tra	vè	se
zanmi			
enskri			
tribinal			
direksyon			
vakans			

2. Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki genyen sans.

pan - vyèt - vis - mi - so

- Sè \_\_\_\_\_
- Sè \_\_\_\_\_
- Sè \_\_\_\_\_
- Sè \_\_\_\_\_

50 Kaye egzèsis


### Egzèsis # 2 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 50 lan pou fè egzèsis # 2 a.
- Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 50 lan pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki genyen sans). Nou konprann? Kòmanse!**
- Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòme a?**
- Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt silab yo.

### 3. Lekti mo sou tablo (5 mn)

- Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: direksyon – tribinal – paske – travèse – genyen – enskri – chèche.
- Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**
- Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**
- Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**
- Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

**Leson 4**



▲ lekòl - zanmi - menm - David - Katya - paske - plus - dabò - lari - direksyon - tribinal - vakans

🔦 pase - enskri - genyen - ale - chèche - rete - travèse - soti - pale

🍌 Dabò, yo pase pran David paske li rete pi pre kay yo.

🍌 Sou wout la, yo ri, yo pale sou vakans yo.

30 M ap li mèl ale 2 A.F.


### 4. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

- Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 30 la.
- Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 30 la pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
- Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
- Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### 5. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

- Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 30 la.

**Leson 4**



▲ lekòl - zanmi - menm - David - Katya - paske - plas - dabò - lari - direksyon - tribinal - vakans

● pase - enskri - genyen - ale - chèche - rete - travèse - soti - pale

● Dabò, yo pase pran David paske li rete pi pre kay yo. Sou wout la, yo ri, yo pale sou vakans yo.

30 M ap li nèt ale 2 A.F.

☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☞ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### Aktivite 3 Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye (3 mn)

3- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

lekòl - plas - direksyon - travèse

4- Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

- Dabò, yo \_\_\_\_\_ David paske li rete pi pre kay yo.
- Apre sa, yo \_\_\_\_\_ Alina ki rete bò plas la.
- Yo pran direksyon tribinal la pou yo ale \_\_\_\_\_ la.

M ap li nèt ale - 2 A.F. 51

#### Egzèsis # 3 (3 mn)

☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 51 an pou fè egzèsis #3 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.

☞ **Nou pral kopye mo nan kaye egzèsis nou. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 51 an pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Nou konprann? Kòmanse!**

☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li kopye nan kaye li a?**

☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

### Dezyèm pati leson an (35 mn)

#### Tranzisyon (1 mn)

☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

### Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (28 mn)

#### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (5 mn)

☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, genyen mo « plas ». Èske nou konnen kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « plas »?**

*Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :*

☞ **Plas se :** Espas piblik kote moun chita pou yo jwe epi pou yo pale ak zanmi yo. Men plas vle di tou pozisyon, kote moun chita. Nan klas la chak elèv gen plas yo.

*Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo a.*

☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo « Plas » pou klas la ?**

*Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « plas » aloral.*

☞ **Kiyès ki ka konpoze epi di yon fraz pou klas la ak mo « Plas » ?**


*Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « plas » pou elèv yo sou tablo a.*

**Egzanp :**

**Papa Emil mennen l al jwe sou plas la.**

*Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « Plas ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.*

Leson 4



▲ lekòl - zanmi - menm - David - Katya - paske - plas - dabò - lari - direksyon - tribinal - vakans

● pase - enskri - genyen - ale - chèche - rete - travèse - soti - pale

● Dabò, yo pase pran David paske li rete pi pre kay yo. Sou wout la, yo ri, yo pale sou vakans yo.

30 M ap li nèt ale 2 A.F.

## 2. Vizyalizasyon (7 mn)

### Deskripsyon desen (5 mn)

☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 30 lan.**

*Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :*

☞ **Kiyès nou wè nan imaj la ? Kòman timoun yo abiye ? Ki bò elèv yo ap pase ? Ki koulè tribinal la ? Kisa nou wè devan tribinal la ? Kibò elèv yo prale ? Konbyen elèv nou wè nan imaj la ?**

*Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.*

### Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

*Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

*Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.*

## 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

### Li istwa

*Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :*

- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.

- Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.

- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

- Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 31 an. Ekri paj 31 an byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv yo nan bon paj la.

☞ **Mwen pral li istwa a youn premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou. Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.**

*Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.*

**Sou wout lekòl (1)**

Emil ak Katya pral pase chèche David ak Alina. Yo fèk enskri nan menm lekòl ak yo. David ak Alina se de (2) pi bon zanmi Emil ak Katya genyen. Dabò, yo pase pran David paske li rete pi pre kay yo. Apre sa, yo ale chèche Alina ki rete bò plas la. Kat (4) zanmi yo travèse lari a soti sou plas la. Yo pran direksyon tribinal la pou yo ale lekòl la. Sou wout la, yo ri, yo pale sou vakans yo.

**Kesyon**

1. Ki tit istwa a ?
2. Kisa Katya ak Emil te al fè ?
3. Kiyès Emil ak Katya te pase pran anvan ? Poukisa ?
4. Ki kote Alina rete ?
5. Lè elèv yo soti sou plas la, ki direksyon yo pran ?
6. Kisa elèv yo t ap di nan konvèsasyon yo pandan yo sou wout la ?
7. Kisa ou konn fè premye jou lekòl ou ?

Leson 4

M ap li nèt ale 2 A.F. 31

### Sou wout lekòl (1)

Emil ak Katya pral pase chèche David ak Alina. Yo fèk enskri nan menm lekòl ak yo. David ak Alina se de (2) pi bon zanmi Emil ak Katya genyen. Dabò, yo pase pran David paske li rete pi pre kay yo. Apre sa, yo ale chèche Alina ki rete bò plas la. Kat (4) zanmi yo travèse lari a soti sou plas la. Yo pran direksyon tribinal la pou yo ale lekòl la. Sou wout la, yo ri, yo pale sou vakans yo.

- ☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**
  - ☞ *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
  - ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
  - ☞ *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.*

### 5. Reponn kesyon (6 mn)

- ☞ **Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.**
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

#### 1. Ki tit istwa a?

Repons:

(1) Tit istwa a se «Sou wout lekòl».

#### 2. Kisa Katya ak Emil te al fè?

#### 3. Kiyès Emil ak Katya te pase pran anvan? Poukisa?

Repons:

(1) Emil ak katya te pase pran David anvan paske David rete pi prè yo.

#### 4. Ki kote Alina rete?

#### 5. Lè elèv yo soti sou plas la, ki direksyon yo pran?

#### 6. Kisa elèv yo t ap di nan konvèsasyon yo pandan yo sou wout la?

#### 7. Kisa ou konn fè premye jou lekòl ou?



## Leson 5 Revizyon

### Objektif:



Konprann yon devinèt  
 Li mo ak fraz byen epi vit  
 Ekri mo byen lizib nan kaye  
 Jwenn sans mo pou fòme fraz  
 Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
 Li istwa byen fò ak bon ton  
 Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral

### Materyèl:


Liv lekti, leson 5, paj 32 - 33  
 Kaye egzèsis, leson 5, paj 52 - 53  
 Kaye bouyon, kreyon, gòm

## Premye pati leson an (22 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (3 mn)


-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Gade ki jan mwen bèl !  
 Se mwen ki fè devan kay bèl.  
 Yo wouze mwen chak maten.  
 Myèl ak papiyon renmen poze sou mwen.  
 Yo sèvi avèk mwen pou fè dekorasyon.  
 Kisa mwen ye ? (Repons : Flè)

-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

### Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (19 mn)

#### 1. Kole silab pou fòme mo. (3 mn).

-  *Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòme mo. Fè aktivite sa a sou tablo ak tout klas la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòme mo. M ap fè yon egzanp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse!**  
 Silab yo se (di-fe-ran) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (diferan)



☞ Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòm mo.

☞ Li epi kole silab sa yo pou fòm mo ak yo.  
Men silab yo : (ti-moun; (ba-ryè); (a-pèn); (kò-man-te); (ren-men).

☞ Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

**Leson 5 Revizyon**

1. Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab		
lakou	la	kou	
baryè			
tandè			
finalman			

2-Komplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòm mo ki gen sans.

wèl - le - twon - wo - rèt

- Si \_\_\_\_\_
- Si \_\_\_\_\_
- Si \_\_\_\_\_
- Si \_\_\_\_\_

52 Kaye egzèsis

**Egzèsis # 1 (3 mn)**

☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 52 a pou fè egzèsis # 1 an.

☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri li nan paj 52 a la pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li). Nou konprann? Kòmansè!

☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki jan li dekoupe premye mo a epi nan konbyen kare li ekri silab li jwenn yo?

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou lòt mo yo.

**Leson 5 Revizyon**

1. Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab		
lakou	la	kou	
baryè			
tandè			
finalman			

2-Komplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòm mo ki gen sans.

wèl - le - twon - wo - rèt

- Si \_\_\_\_\_
- Si \_\_\_\_\_
- Si \_\_\_\_\_
- Si \_\_\_\_\_

52 Kaye egzèsis

**Egzèsis # 2 (3 mn)**

☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 52 pou fè egzèsis # 2 a.

☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri li nan paj 52 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòm mo ki gen sans). Nou konprann? Kòmansè!

☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòm a?

☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt silab yo.

**1. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)**


☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 32 a.

☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 32 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.

**Leson 5 Revizyon**




▲ lekèl - Alina - diferan - inifòm - Emil - devan - baryè  
- lakou - elèv - vakans - moman - klas  
● pale - rive - nantrè - tandè - rakonte - pase - ale - fè  
- renmen - sonnen

Sou tout wout la, Emil, Katya, David ak Alina ap pale.  
Yo pale sou diferan inifòm ak tout sa yo wè.  
Yo tandè elèv yo ap rakonte jan yo te pase vakans yo.

32 M ap li nit ale 2 A.F.

Leson 5 Revizyon



▲ lekòl - Alina - diferan - inifòm - Emil - devan - baryè  
- lakou - elèv - vakans - moman - klas

● pale - rive - rantrè - tandè - rakonte - pase - ale - fè  
- renmen - sonnen

● Sou tout wout la, Emil, Katya, David ak Alina ap pale.  
Yo pale sou diferan inifòm ak tout sa yo wè.  
Yo tandè elèv yo ap rakonte jan yo te pase vakans yo.

32 M ap li nèt ale 2.A.F.

- ☁ Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

## 2. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

- ☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 32 a.
- ☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
- ☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
- ☁ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


## Dezyèm pati leson an (37 mn)

### Tranzisyon (1 mn)

- ☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

## Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

Leson 5 Revizyon



▲ lekòl - Alina - diferan - inifòm - Emil - devan - baryè  
- lakou - elèv - vakans - moman - klas

● pale - rive - rantrè - tandè - rakonte - pase - ale - fè  
- renmen - sonnen

● Sou tout wout la, Emil, Katya, David ak Alina ap pale.  
Yo pale sou diferan inifòm ak tout sa yo wè.  
Yo tandè elèv yo ap rakonte jan yo te pase vakans yo.

32 M ap li nèt ale 2.A.F.

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (9 mn)

#### Revizyon mo vokabilè (3 mn)

- ☁ Ekri 4 mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.
- ☞ **Ki elèv nan klas la ki ka li, eple epi bay sans mo sa yo?**
- ☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

### 2. Vizyalizasyon (7 mn)

#### Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 32 a.**
- ☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :
- ☞ **Kisa nou wè nan imaj la ? Kisa nou wè nan lakou lekòl la ? Kòman nou wè elèv yo ye ? Ki koulè lekòl la ?**

- Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.

### Prediksyon dapre desen (2 mn)

- Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
  - Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?
  - Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

### 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

#### Li istwa

- Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.

- Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.

- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

- Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 33 a. Ekri paj 33 a byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv yo nan bon paj la.

- Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.
  - Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.

#### Sou wout lekòl (2)

Sou wout la, Emil, Katya, David ak Alina ap pale. Yo pale sou diferan inifòm ak tout sa yo wè. Finalman, yo rive devan lekòl la. Yo rantre nan baryè a. Yo wè lakou lekòl la chaje ak elèv. Yo tandè elèv yo ap rakonte jan yo te pase vakans yo. Yo di kote yo te ale ak sa yo te fè. Yo rakonte moman yo te pi renmen. Blennng! Blennng! Blennng! Klòch la sonnen, tout elèv kontan.

- Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)
  - Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.
- Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)
  - Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)
  - Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.

**Sou wout lekòl (2)**

Sou wout la, Emil, Katya, David ak Alina ap pale. Yo pale sou diferan inifòm ak tout sa yo wè. Finalman, yo rive devan lekòl la. Yo rantre nan baryè a. Yo wè lakou lekòl la chaje ak elèv. Yo tandè elèv yo ap rakonte jan yo te pase vakans yo. Yo di kote yo te ale ak sa yo te fè. Yo rakonte moman yo te pi renmen. Blennng! Blennng! Blennng! Klòch la sonnen, tout elèv kontan.

**Kesyon**

- Ki tit istwa a ?
- Kisa Emil, Katya, David ak Alina t ap fè sou wout la ?
- Kisa yo te wè nan lakou lekòl la apèn yo rive ?
- Kisa elèv yo t ap rakonte nan lakou lekòl la ?
- Kijan ou rantre nan klas la lè klòch la sonnen ? Poukisa ?

Leson 5 Revizyon

Map li nèt ale 2 A.F. 33

#### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.
  - ☁ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?
  - ☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.

#### 5. Reponn kesyon (5 mn)

- ☁ Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.
- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
  1. Ki tit istwa a ?
  2. Kisa Emil, Katya, David ak Alina t ap fè sou wout la ?
  3. Kisa yo te wè nan lakou lekòl la apèn yo rive ?
  4. Kisa elèv yo t ap rakonte nan lakou lekòl la ?
  5. Kijan ou rantre nan klas la lè klòch la sonnen ? Poukisa ?

### Aktivite 4 Pwodiksyon (3 mn)

#### 1. Pwodiksyon alekri

#### Egzèsis # 3

- ☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 53 pou fè egzèsis # 3 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.
- ☞ Nou pral ekri mo nan kaye egzèsis nou. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 53 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Nou konprann ? Kòmnanse !
  - ☁ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifeye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
  - ☁ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifeye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li kopye nan kaye li a ?
  - ☁ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

3- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

finalman - diferan - moman		

4- Chwazi kèk silab nan tablo a pou fòme 5 mo ki gen sans.

ba	ti	nen
a	klòch	ryè
son	pèn	moun

1. hati \_\_\_\_\_  
 2. \_\_\_\_\_  
 3. \_\_\_\_\_  
 4. \_\_\_\_\_  
 5. \_\_\_\_\_

M ap li nèt ale - 2 AF 53

### Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

- ☁ Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li jodi a.
- ☞ Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a ?
  - ☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.



# Leson 6

## Objektif:

Konprann yon devinèt  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòme fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

Liv lekti, leson 6, paj 34 - 35  
Kaye egzèsis, leson 6, paj 54 - 55  
Kaye bouyon, kreyon, gòm


## Premye pati leson an (35 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (3 mn)


#### 1. Devinèt (3 mn)




-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Mwen se chemen konesans.  
Mwen montre moun li ak ekri.  
Mwen ouvri nan mwa septanm.  
Mwen fèmen nan mwa jen.  
Depi mwen ouvri, tout timoun kontan.  
Pwofesè, direktè ak elèv rankontre ansanm.  
Kisa mwen ye? (Repons : Lekòl)

-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**





#### 2. Rapèl (4 mn)

-  *Mande elèv yo mete kaye bouyon yo a sou ban an. Epi verifye si yo te fè egzèsis ou te ba yo fè lakay yo a. Apre sa, korije ansanm ak yo.*
- ☞ **Mete kaye bouyon nou sou ban an. Mwen pral pase verifye si nou te fè egzèsis la.**




-  Bay elèv yo 1 minit pou mete kaye yo sou ban an pou ka verifye si yo fè egzèsis la. Pase verifye kaye kèk elèv nan chak ranje ban.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije mo nou fòme yo ansanm sou tablo a. Kiyès ki ka li konsiy lan pou klas la?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li konsiy lan.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòme a epi site chak silab li chwazi pou li fòme mo a?**
-  Chwazi yon lòt elèv pou li premye mo li fòme a pou klas la, epi mande li di ak ki silab li te sèvi pou li fòme mo a. Fè menm jan pou lòt mo yo. Lè w fin korije tout mo yo sou tablo ak elèv yo, mande yo korije mo yo nan kaye yo si yo te fè erè.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)


### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

-  Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo ak tout klas la.
- ☞ **Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzanzp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse! Mo a se « siksè ».**
-  Leve de (2) dwèt youn apre lòt pou de (2) silab ki nan mo a.
- ☞ **« Siksè » genyen 2 silab « sik-sè ».**
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.
- ☞ **M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.**  
**Men mo yo: direktris – atansyon – travay – finalman – Kòmanse – diferan.**
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

### 2. Kole silab pou fòme mo. (3 mn).

-  Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòme mo. Fè aktivite sa a sou tablo ak tout klas la.
- ☞ **Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòme mo. M ap fè yon egzanzp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse!**  
**Silab yo se (mwa-yèn) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (mwayèn).**
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòme mo.
- ☞ **Li epi kole silab sa yo pou fòme mo ak yo.**  
**Men silab yo: (swe-te); (ran-tre); (mo-man); (zan-mi); (son-nen); (ra-kon-te).**
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

### Egzèsis # 1 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 54 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 54 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen!**

**Leson 6**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.




Mo	Silab		
lendi	len	di	
reyini			
direktris			
premye			
rantrè			

2- Kole silab sa yo epi ekri mo yo byen.





Silab			Mo
di	rek	tris	direktris
A	li	na	
a	tan	syon	
bon	jou		
mwa	yèn		

54 Kaye egzèsis


(Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li). Nou konprann ? Kòmanse!

-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  -  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki jan li dekoupe premye mo a epi nan konbyen kare li ekri silab li jwenn yo ?**
  -  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou lòt mo yo.

### Egzèsis # 2 (3 mn)


-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 54 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral kontinye fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 54 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Kole silab sa yo epi ekri mo yo byen). Nou konprann ? Kòmanse !**
  -  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  -  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la mo li jwenn ak silab li kole yo ?**
  -  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Fè menm jan pou chak liy silab yo.

### 3. Lekti mo sou tablo (5 mn)



-  Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo : timoun – vakans – bonjou – direktris – reyini – atansyon – mwayèn – travay.
- ☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**

**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**

**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**


  -  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

### 4. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 34 la.
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 34 la pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
  -  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.



Leson 6



premye - lekèl - maten - lendi - timoun - direktris - elèv - David - atansyon - Katya - anvan - bonjou - vakans - sikè - mwayèn

reyini - rantrè - mete - suiv - vini - kenbe - pale - kwè - pase - swete - dwe - travay

Direktris la di : "Mete nou an ran pou nou rantrè nan klas".

Mwen kwè nou te pase yon bon vakans.

Nou dwe travay byen pou nou fè bèl mwayèn.

34 M ap li nèt ale 2 A.F.

**Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.

**Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

**5. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)**

Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 34 la.

**Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

**Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

**Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

**Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (3 mn)**

3- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

direktris - paske - mwayèn

4- Chwazi yon mo nan rektang lan pou konplete fraz ki anba yo, ekri mo a nan espas ki vid la.

Bonjou - kontan - sonnen

Klòch la \_\_\_\_\_ tout timoun antre nan klas.

Pwofesè a \_\_\_\_\_ wè elèv yo.

Li di elèv yo : " \_\_\_\_\_ tout timoun."

Leson 6

M ap li nèt ale - 2 AF 55

**Egzèsis # 3 (3 mn)**

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 55 pou fè egzèsis # 3 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.

**Nou pral ekri mo sou liy anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 55 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Suiv modèl la byen pou nou ka ekri mo a menm jan ak modèl la. Nou konprann ? Kòmanse !**

Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

**Kounye a, nou pral korije ansanm.**

Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

**Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li kopye nan kaye li a ?**

Chwazi kèk elèv ki genyen difikilte pou kopye mo yo pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

# Dezyèm pati leson an (34 mn)

## Tranzisyon (1 mn)

*Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.*

## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (28 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (6 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « siksè ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « siksè »?

*Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:*

- Siksè vle di: Lè ou gen bon rezilta nan sa w ap fè.

**Egzanp:**

**Filip reyisi tout egzamen li yo avèk siksè.**

*Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.*

- Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?

*Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « siksè » aloral.*

- Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « siksè »?

*Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « siksè » pou elèv yo sou tablo a.*

**Egzanp:**

**Elèv yo pase tè matematik la avèk siksè.**

*Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « siksè ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon.*

### 2. Vizyalizasyon (7 mn)

#### Deskripsyon desen (5 mn)

- Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 34 la.

*Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:*

- Kòman nou wè elèv yo ye? Kisa nou wè nan lakou lekòl la? Kòman direktрис la abiye? Ki koulè inifòm elèv yo? Kisa elèv yo ap fè?

*Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.*


#### Prediksyon dapre desen (2 mn)

- Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

*Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

- Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?

*Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.*



### Premye jou lekòl (2)

Lendi maten, premye jou lekòl la, tout timoun reyini sou lakou a. Direktris la di : "Mete nou an ran pou nou rantre nan klas". Tout elèv yo mete yo nan liy. Alina ak David ap suiv ak anpil atansyon paske yo fèk vini. Emil kenbe men Alina epi Katya pran men David.

Anvan yo rantre nan klas, direktris la pale ak elèv yo. Li di : "Bonjou tout timoun. Mwen kwè nou te pase yon bon vakans. Mwen swete nou siksè pou ane lekòl sa a. Nou dwe travay byen pou nou fè bèl mwayèn".

#### Kesyon

1. Sou kisa istwa a pale ?
2. Poukisa direktris la mande yo mete yo an ran ?
3. Kisa David ak Alina t ap fè ? Poukisa ?
4. Anvan elèv yo rantre nan klas, kisa direktris la te swete yo ?
5. Ki konsèy direktris la bay elèv yo pou yo fè bèl mwayèn ?

M ap li nèt ale 2 A.F.

Leson 6

## 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

### Li istwa

 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.
  - Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.
  - Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.
  - Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.
- Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 35 lan. Ekri paj 35 lan byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou. Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.


 Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.

### Premye jou lekòl (2)


Lendi maten, premye jou lekòl la, tout timoun reyini sou lakou a. Direktris la di : «Mete nou an ran pou nou rantre nan klas». Tout elèv yo mete yo nan liy. Alina ak David ap suiv ak anpil atansyon paske yo fèk vini. Emil kenbe men Alina epi Katya pran men David.

Anvan yo rantre nan klas, direktris la pale ak elèv yo. Li di : «Bonjou tout timoun. Mwen kwè nou te pase yon bon vakans. Mwen swete nou siksè pou ane lekòl sa a . Nou dwe travay byen pou nou fè bèl mwayèn».

- ☞ Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)

 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

- ☞ Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

- ☞ Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay ki ekri sou tablo a.

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.

### 5. Reponn kesyon (5 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

#### 1. Sou kisa istwa a pale ?

Repons :

(1) Istwa a pale sou premye jou lekòl.

#### 2. Poukisa direktрис la mande yo mete yo an ran ?

Repons posib :

(1) Pou yo ka priye, chante epi monte drapo. (2) Pou yo ka antre nan klas yo.

#### 3. Kisa David ak Alina t ap fè ? Poukisa ?

Repons posib :

(1) David ak Alina t ap suiv ak anpil atansyon. (2) Paske yo nouvo nan lekòl la.

#### 4. Anvan elèv yo rantre nan klas, kisa direktрис la te swete yo ?

#### 5. Ki konsèy direktрис la bay elèv yo pou yo fè bèl mwayèn ?


## Aktivite 5 Pwodiksyon (2 mn)

### 1. Pwodiksyon alekri


#### Egzèsis # 4 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 55 pou fè egzèsis # 4 la.


- ☞ Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 55 lan pou fè egzèsis # 4 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Chwazi yon mo nan rektang lan pou konplete fraz ki anba yo, ekri mo a nan espas ki vid la.). Nou konprann ? Kòmanse !

 Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo ?

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di mo yo itilize pou konplete premye fraz la. Fè menm jan pou lòt fraz yo.

3- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

direktris - paske - mwayèn

4- Chwazi yon mo nan rektang lan pou konplete fraz ki anba yo, ekri mo a nan espas ki vid la.

Bonjou - kontan - sonnen



Klòch la \_\_\_\_\_ tout timoun antre nan klas.

Pwofesè a \_\_\_\_\_ wè elèv yo.

Li di elèv yo : " \_\_\_\_\_ tout timoun."

---

**Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)**

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.*
- ☛ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li epi eple mo a?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.*

# Leson 7

## Objektif:

Aprann yon kontin  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòme fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

Liv lekti, leson 7, paj 36 - 37  
Kaye egzèsis, leson 7, paj 56 - 57  
Kaye bouyon, kreyon, gòm

## Premye pati leson an (39 mn)



### Aktivite 1 Mizantren (7 mn)

#### Kontin (3 mn)

-  Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l' pou kont yo menm jan.
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!
  -  Pandan w ap fè aktivite sa a, verifiye si tout elèv yo ap suiv ou.








Dlo

Dlo se youn nan richès natirèl.  
Nou sèvi avè l pou nou bwè, benyen.  
Ak pou nou wouze jaden.  
Pwoteje li, pa gaspiye l.  
Dlo se lavi.






- ☞ Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.
  -  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifiye si tout elèv ap patisipe.
- ☞ Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.
  -  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifiye si tout elèv ap patisipe.
- ☞ Bravo! Nou te byen travay!

## Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)







### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

-  Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo ak tout klas la.
-  Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzann pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse! Mo a se « pwofesè ».
-  Leve twa (3) dwèt youn apre lòt pou twa (3) silab ki nan mo a.
-  « Pwofesè » genyen 3 silab « pwo-fe-sè ».
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.
-  M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.  
Men mo yo: elèv – kreyon – machin – alimèt – silans – envite.
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

### 2. Kole silab pou fòme mo. (3 mn).

-  Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòme mo. Fè aktivite sa a sou tablo ak tout klas la.
-  Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòme mo. M ap fè yon egzann pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse!  
Silab yo se (man-je) lè nou kole silab yo ansanm, li ban nou mo (manje).
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòme mo.
-  Li epi kole silab sa yo pou fòme mo ak yo.  
Men silab yo: (an-suit); (chan-te); (a-ko-te); (pre-zan-te); (vi-van); (a-kon-pa-ye).
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

### Egzèsis # 1 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 56 pou fè egzèsis #1 an.
-  Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 56 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen!  
(Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li). Nou konprann? Kòmanse!
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
-  Kounye a, nou pral korije ansanm.
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
-  Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di pou klas la ki jan li dekoupe premye mo a epi konbyen silab li genyen ladan l?

**Lesson 7**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab					
La	de	sa	li	nyèn		
nasyon						
akonpaye						
Salomon						
direktris						

2- Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki gen sans.

te - vèy - vou - le - ve - po

1. re \_\_\_\_\_
2. re \_\_\_\_\_
3. re \_\_\_\_\_
4. re \_\_\_\_\_
5. re \_\_\_\_\_

56 Kaye egzèsis

**Leson 7**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab				
Ladésalinnyèn	La	de	sa	li	nyèn
nasyonal					
akonpaye					
Salomon					
direktris					

2- Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòm mo ki gen sans.

te - vèy - vou - le - ve - po

- re \_\_\_\_\_
- re \_\_\_\_\_
- re \_\_\_\_\_
- re \_\_\_\_\_
- re \_\_\_\_\_

56 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 2 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 56 pou fè egzèsis # 2 a.
- Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 56 la pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòm mo ki genyen sans). Nou konprann? Kòmanse!
  - Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
  - Kounye a, nou pral korije ansanm.
    - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
  - Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòm a?
    - Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt silab yo.

### 3. Lekti mo sou tablo (5 mn)

- Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: ansilans – dezyèm – pwofesè – nasyonal – Desalinnyèn – diskou – envite.
- Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)  
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)  
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
- Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.


### 4. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

- Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 36 la.
- Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 36 la pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
  - Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.
  - Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- Kounye a, tout klas la pral li ansanm.
  - Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### 5. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

- Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 36 la.

**Leson 7**



▲ premye - direktris - diskou - nasyonal - peyi - Ladésalinnyèn - ansilans - pwofesè - Michèl - dezyèm - Salomon - bonjou - setan - desen


🔔 envite - chante - rive - prezante - akonpaye - rele - gade - kanpe - genyen - renmen

🍌 Ansuit, yo avanse ansilans pou yo rantrè nan klas yo. Mwen rele Katya Salomon. Mwen genyen yon ti frè ki rele Emil.

36 M ap li mèl ale 2 A.F.



Lesson 7



premye - direktris - diskou - nasyonal - peyi - Ladesalinyèn - ansilans - pwofesè - Michèl - dezyèm - Salomon - bonjou - setan - desen

envite - chante - rive - prezante - akonpaye - rele - gade - kanpe - genyen - renmen

Ansuit, yo avanse ansilans pou yo rantre nan klas yo. Mwen rele Katya Salomon. Mwen genyen yon ti frè ki rele Emil.

36 Map li nèt ale 2 A.F.

☺ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☞ *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.*

☺ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☞ *Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.*

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☺ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

## Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (3 mn)

3- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

twazyèm - diskou - avanse

im - nasyonal - prezante

4- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

1. Premye jou \_\_\_\_\_ la, direktris la fè yon bèl diskou.

2. Mwen genyen yon ti \_\_\_\_\_ ki rele Emil.

3. Mwen renmen \_\_\_\_\_ desen anpil.

Map li nèt ale - 2 A.F. 57

### Egzèsis # 3 (3 mn)

☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 57 pou fè egzèsis # 3 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.*

☺ **Nou pral kopye mo sou liy anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 57 la pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.). Suiv modèl la byen pou nou ka ekri mo a menm jan ak modèl la. Nou konprann? Kòmanse!**

☞ *Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*

☺ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*

☺ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li kopye nan kaye li a?**

☞ *Chwazi kèk elèv ki genyen difikilte pou kopye mo yo pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.*

## Dezyèm pati leson an (36 mn)

### Tranzisyon (1 mn)

☞ *Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: komunikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.*

## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (5 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « Im ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo sa a: « Im »?

*Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:*

- Im: Se yon chan nasyonal chak peyi genyen ki idantifye yo kòm pèp.

**Egzanp:**

**Im nasyonal peyi Ayiti a rele Desalinyèn.**

*Ekri mo yo ak definisyon an sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.*

- Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?

*Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « Im » aloral.*

- Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « Im »?

*Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « Im » pou elèv yo sou tablo a.*

**Egzanp:**

**Chak maten elèv yo chante im nasyonal la.**

*Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « Im ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo yo ak definisyon an sou kaye bouyon yo.*

### 2. Vizyalizasyon (6 mn)

#### Deskripsyon desen (4 mn)

- Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 36.

*Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:*

- Ki bò elèv yo ye? Kisa nou wè nan klas la? Ki jan klas la pentire? Kisa pwofesè a ap fè? Ki koulè rad ki sou profesè a? Ki bò li kanpe? Kisa elèv yo ap fè? Ki kote nou wè elèv yo chita? Kisa nou wè ankò nan lòt desen an?

*Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.*

#### Prediksyon dapre desen (2 mn)

- Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

*Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.*


- Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?

*Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.*

### 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

#### Li istwa

*Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:*



### Premye jou lekòl (3)

Premye jou lekòl la, direktрис la fè yon bèl diskou. Apre sa, li envite elèv yo chante im nasyonal peyi a : Ladesalinyèn. Ansuit, yo avanse ansilans pou yo rantre nan klas yo. Pwofesè a akonpaye yo.

Lè yo rive nan sal la, pwofesè a prezante tèt li. Li di : "Mwen rele Michèl Jan. Mwen se pwofesè dezyèm ane a". Apre sa, li gade Katya. Li mande li : "Èske ou ka prezante tèt ou bay klas la ?" Katya kanpe, li di : "Bonjou ! Mwen rele Katya Salomon. Mwen gen setan. Mwen genyen yon ti frè ki rele Emil. Mwen renmen fè desen anpil".

#### Kesyon

1. Sou kisa istwa a pale ?
2. Kisa direktрис la te fè apre diskou li a ?
3. Kisa elèv yo te fè apre yo te fin chante im nasyonal la ?
4. Ki jan pwofesè a rele ?
5. Pwofesè ki klas li ye ?
6. Ki enfòmasyon Katya te bay lè li t ap prezante tèt li a ?
7. Ki elèv ki ka prezante tèt li pou klas la menm jan ak Katya ?
8. Site non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a.

M ap li nèt ak 2 A.F.

37

Leson 7

- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.

- Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.

- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

- Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 37 la. Ekri paj 37 la byen gwo sou tablo a.

Verifye si tout elèv yo nan bon paj la.

☞ **Mwen pral li istwa a youn premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou.**

**Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.**

☞ *Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.*

### Premye jou lekòl (3)

Premye jou lekòl la, direktрис la fè yon bèl diskou. Apre sa, li envite elèv yo chante im nasyonal peyi a : Ladesalinyèn.

Ansuit, yo avanse ansilans pou yo rantre nan klas yo.

Pwofesè a akonpaye yo.

Lè yo rive nan sal la, pwofesè a prezante tèt li. Li di : « Mwen rele Michèl Jan. Mwen se pwofesè dezyèm ane a ». Apre sa, li gade Katya.

Li mande li : « Èske ou ka prezante tèt ou bay klas la ? » Katya kanpe, li di : « Bonjou ! Mwen rele Katya Salomon.

Mwen gen setan. Mwen genyen yon ti frè ki rele Emil. Mwen renmen fè desen anpil ».

☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

☞ *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.*

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**

☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**


☞ *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*

☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase.**

**Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.*

## 5. Reponn kesyon (10 mn)

 *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

**1. Sou kisa istwa a pale?**

Repons:

(1) Istwa a pale sou premye jou lekòl.

**2. Kisa direktris la te fè apre diskou li a?**

**3. Kisa elèv yo te fè apre yo te fin chante im nasyonal la?**

**4. Ki jan pwofesè a rele?**


**5. Pwofesè ki klas li ye?**

**6. Ki enfòmasyon Katya te bay lè li t ap prezante tèt li a?**


**7. Ki elèv ki ka prezante tèt li pou klas la menm jan ak Katya?**

**8. Site non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a.**

## Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

 *Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li jodi a.*

☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?**

 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.*

## Aktivite 7 Egzèsis pratik pou elèv yo

3- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

twazyèm - diskou - avanse

im - nasyonal - prezante


4- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

1. Premye jou \_\_\_\_\_ la, direktris la fè yon bèl diskou.

2. Mwen genyen yon ti \_\_\_\_\_ ki rele Emil.

3. Mwen renmen \_\_\_\_\_ desen anpil.

M ap li nèt ale - 2 AF 57

 *Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 4 la pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.*

☞ **Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 57 la nan egzèsis # 4 la.**

 *Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.*

☞ **Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije l anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann? Mwen vle tout elèv fè egzèsis la lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.**

 *Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.*

# Leson 8

## Objektif:

- Eksprime opinyon sou yon tèm
- Li mo ak fraz byen epi vit
- Ekri mo byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

- Liv lekti, leson 8, paj 38 - 39
- Kaye egzèsis, leson 8, paj 58 - 59
- Kaye bouyon, kreyon, gòm





## Premye pati leson an (39 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (7 mn)

#### 1. Kozri (3 mn)


-  Mande elèv yo pale sou enpòtans pyebwa nan lavi moun.
- ☞ **Kounye a, nou pral pale sou enpòtans pye bwa. Kiyès ki ka di klas la poukisa pyebwa enpòtan ?**
-  Chwazi 4 elèv pou di poukisa pyebwa enpòtan nan lavi moun. Bay elèv yo 2 minit pou pale sou aktivite a. Ankouraje, felisite elèv ki patisipe yo.

#### 2. Rapèl (4 mn)

-  Mande elèv yo mete kaye bouyon yo sou ban an. Epi verifye si yo te fè egzèsis ou te ba yo fè lakay yo a. Apre sa, korije ansanm ak yo.
- ☞ **Mete kaye bouyon nou sou ban an. Mwen pral pase verifye si nou te fè egzèsis la.**
-  Bay elèv yo 1 minit pou mete kaye yo sou ban an pou ka verifye si yo fè egzèsis la. Pase verifye kaye kèk elèv nan chak ranje ban.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Kiyès ki ka li konsiy lan pou klas la ?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li konsiy lan.
- ☞ **Kiyès ki ka li pou klas la premye fraz li konplete a ?**
-  Chwazi yon lòt elèv pou li premye fraz li konplete a pou klas la. Fè menm jan pou lòt fraz yo. Lè w fin korije tout fraz yo sou tablo ak elèv yo, mande yo korije fraz yo nan kaye yo si yo te fè erè.

### Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)

#### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

-  Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo ak tout klas la.
- ☞ **Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzàn pou nou. Koute byen. Nou pare ? M ap kòmanse ! Mo a se « moman ».**

- ☞ *Leve de (2) dwèt youn apre lòt pou de (2) silab ki nan mo a.*
- ☞ « **Moman** » genyen 2 silab « **mo-man** ».
- ☞ *Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.*
- ☞ **M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.**
- ☞ **Men mo yo : pwochè – lavèy – reyalize – avanse – ankouraje.**
- ☞ *Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.*

**2. Kole silab pou fòmè mo. (3 mn).**

- ☞ *Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòmè mo. Fè aktivite sa a sou tablo ak tout klas la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòmè mo. M ap fè yon egzanz pou nou. Koute byen ! Nou pare ? M ap kòmanse !**
- ☞ **Silab yo se (pre-pa-re) lè nou kole silab yo ansanm, li ban nou mo (prepare).**
- ☞ *Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòmè mo.*
- ☞ **Li epi kole silab sa yo pou fòmè mo ak yo.**
- ☞ **Men silab yo : (be-se) ; (va-liz) ; (a-van-se) ; (an-kò) ; (an-sanm) ; (de-zyèm).**
- ☞ *Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.*

**Leson 8**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab			
pwochè	pwo	chè		
kolabore				
pwofèsè				
premye				
ansanm				

2- Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòmè mo ki genyen sans.

che - mit - sou - son - chin - len

- ma \_\_\_\_\_
- ma \_\_\_\_\_
- ma \_\_\_\_\_
- ma \_\_\_\_\_
- ma \_\_\_\_\_

58 Kaye egzèsis

**Egzèsis # 1 (3 mn)**

- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 58 pou fè egzèsis # 1 an.*
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 58 la pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li). Nou konprann ? Kòmanse !**
- ☞ *Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki jan li dekoupe premye mo a epi nan konbyen bwat li ekri silab li jwenn yo ?**
- ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou lòt mo yo.*

**Egzèsis # 2 (3 mn)**

- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 58 pou fè egzèsis # 2 a.*
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 58 la pou fè egzèsis # 2. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòmè**

**Lesson 8**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab			
pwochèn	pwo	chèn		
kolabore				
pwofesè				
premye				
ansanm				

2- Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki genyen sans.

che - mit - sou - son - chin - len
------------------------------------

- ma \_\_\_\_\_
- ma \_\_\_\_\_
- ma \_\_\_\_\_
- ma \_\_\_\_\_
- ma \_\_\_\_\_

58 Kaye egzèsis

**mo ki genyen sans). Nou konprann? Kòmanse!**

*Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*

**☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.**

*Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*

**☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di pou klas la premye mo li fòme a?**

*Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt silab yo.*

**3. Lekti mo sou tablo (5 mn)**

*Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: avanse - valiz - kolabore - pwochèn - moman - lekti - bese - ansanm.*

**☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**

**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**

**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**

*Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.*

**4. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)**

*Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 38 la.*

**☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 38 la pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

*Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.*

**☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

*Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.*

**☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

*Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

**5. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)**


*Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 38 la.*

**☞ Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

*Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.*

**☞ Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

**Lesson 8**




▲ lekòl - plizyè - premye - menm - moman - lekti - pwofesè - valiz - lakay - ansanm - pwochèn - lavèy - kontan

🍌 chita - mande - pran - bliye - gade - bese - mete - avanse - kolabore

🍌 Emil gade nan valiz li, li wè li bliye liv li.

🍌 Li di: "Emil, pwochèn fwa, mete liv ou nan valiz ou lavèy".

38 Map li mèt ale 2 A.F.

 Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (3 mn)

3- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

lakay - bliye - mwen - valiz - lavèy - pwochè


---


4- Komplete fraz sa yo dapre istwa a.


1. Alina di Emil: " \_\_\_\_\_ pi pre pou nou kapab \_\_\_\_\_ ansanm."

2. Pwofesè a mande Emil: " \_\_\_\_\_ liv ou?"


#### Egzèsis # 3 (3 mn)


 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 59 pou fè egzèsis # 3 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.


 **Nou pral kopye mo sou liy anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 59 la pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Suiv modèl la byen pou nou ka ekri mo a menm jan ak modèl la. Nou konprann? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

 **Kounye a, nou pral korije ansanm.**


 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

 **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li kopye nan kaye li a?**

 Chwazi kèk elèv ki genyen difikilte pou kopye mo yo pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.


### Dezyèm pati leson an (36 mn)


#### Tranzisyon (1 mn)


 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

### Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (30 mn)

#### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (5 mn)

 **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « kolabore ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « kolabore »?**

 Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:

 **Kolabore vle di: Mete tèt ansanm, pou fè yon aksyon. Li vle di tou, travay ansanm pou reyalize yon aktivite.**



### Egzanp :

Jan ak Bòb mete tèt ansanm pou yo dekore klas la. Timoun yo konn kolabore.

Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

### ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la ?

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « kolabore » aloral.

### ☞ Kiyès ki ka fè epi di yon fraz pou klas la ak mo « kolabore » ?

Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « kolabore » pou elèv yo sou tablo a.

### Egzanp :

Myèl konn kolabore paske yo toujou mete tèt yo ansanm pou fè siwo.

Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « kolabore ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

Lesson 8



lekòl - plizyè - premye - menm - moman - lekti - pwofesè - valiz - lakay - ansanm - pwòchèn - lavèy - kontan

chita - mande - pran - bliye - gadè - bese - mete - avanse - kolabore

Emil gadè nan valiz li, li wè li bliye liv li.  
Li di : "Emil, pwòchèn fwa, mete liv ou nan valiz ou lavèy".

38 Map li nèt ale 2 A.F.

## 2. Vizyalizasyon (7 mn)

### Deskripsyon desen (5 mn)

### ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 38.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

### ☞ Kisa nou wè nan klas la ? Ki koulè klas la pentire ? Ki koulè inifòm elèv yo ? Ki koulè rad ki sou profesè a ? Kisa elèv yo genyen nan men yo ? Kisa yo ap fè ?

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.

### Prediksyon dapre desen (2 mn)

### ☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.

### ☞ Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?

Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

## 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

### Li istwa

Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo.

- Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.

- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

- Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 39 la. Ekri paj 39 la byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv yo nan bon paj la.

### ☞ Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou.

Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.

Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.

Alina konn kolabore

Nan lekòl Alina ak Emil lan, gen plizyè klas. Alina ak Emil nan premye ane. Yo chita sou menm ban. Lè moman lekti a, pwofesè a mande elèv yo pran liv yo. Emil gadè nan valiz li, li wè li bliye liv li. Pwofesè a mande Emil : "Kote liv ou ?" Emil bese tèt li, li di : "Mwen bliye li lakay mwen". Alina di Emil : "Avanse pi pre pou nou kapab li ansanm". Pwofesè a dakò. Li di : "Emil, pwòchèn fwa, mete liv ou nan valiz ou lavèy". Emil kontan paske li pral li ansanm ak Alina.

Kesyon :

1. Ki tit istwa a ?
2. Nan ki klas Alina ak Emil ye ?
3. Ki jan Emil te fè wè li bliye liv lekti li a ?
4. Kisa Alina te fè pou ede Emil ?
5. Ki konsèy mèt la te bay Emil ?

Lesson 8

Map li nèt ale 2 A.F. 39

### Alina konn kolabore

Nan lekòl Alina ak Emil lan, gen plizyè klas. Alina ak Emil nan premye ane. Yo chita sou menm ban. Lè moman lekti a, pwofesè a mande elèv yo pran liv yo. Emil gade nan valiz li, li wè li bliye liv li. Pwofesè a mande Emil : «Kote liv ou?» Emil bese tèt li, li di : «Mwen bliye li lakay mwen». Alina di Emil : «Avanse pi pre pou nou kapab li ansanm». Pwofesè a dakò. Li di : «Emil, pwochèn fwa, mete liv ou nan valiz ou lavèy». Emil kontan paske li pral li ansanm ak Alina.

- ☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**  
 ☞ *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**  
 ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**  
 ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**  
 ☞ *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**  
 ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.*

### 5. Reponn kesyon (8 mn)

- ☞ *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
  1. Ki tit istwa a ?
  2. Nan ki klas Alina ak Emil ye ?
  3. Ki jan Emil te fè wè li bliye liv lekti li a ?

**Repons posib :**

(1) Paske mèt la te mande elèv yo pran liv yo. (2) Paske Emil te ale chache liv li nan valiz li a.

4. Kisa Alina te fè pou ede Emil ?
5. Ki konsèy mèt la te bay Emil ?

## Aktivite 5 Pwodiksyon (3 mn)

3- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

lakay - bliye - mwen - valiz - lavèy - pwochèn








4- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

1. Alina di Emil: "\_\_\_\_\_ pi pre pou nou kapab \_\_\_\_\_ ansanm."
2. Pwofesè a mande Emil: "\_\_\_\_\_ liv ou?"




M ap li mèl ale - 2 AF 59

## 8. Pwodiksyon alekri

### Egzèsis # 4 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 59 pou fè egzèsis # 4.
-  **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 59 pou fè egzèsis #4 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**
  -  Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
-  **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  -  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
-  **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**
  -  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou li mo yo itilize pou konplete fraz yo.

## Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
-  **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li epi eple mo a?**
  -  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

# Leson 9

## Objektif:

Aprann yon tèks powetik  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòme fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

Liv lekti, leson 9, paj 40 - 41  
Kaye egzèsis, leson 9, paj 60 - 61  
Kaye bouyon, kreyon, gòm

## Premye pati leson an (38 mn)



### Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

#### 1. Pwezi (3 mn)



-  Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a. Ansuit, mande elèv yo repete li pou kont yo menm jan.
- ☞ Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!
-  Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.

### Zanmi

Manman mwen se pi bon zanmi m.  
Li toujou la pou li korije m e pale avè m.  
Li toujou ban mwen bon konsèy pou lavi m.  
Paske li renmen m anpil anpil!





- ☞ Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.  
 Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.
- ☞ Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.  
 Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.

#### 2. Rapèl (3 mn)




-  Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li nan leson anvan an.
- ☞ Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li te li nan leson anvan an?  
 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)

### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

-  Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzanp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse! Mo a se « kòman ».
-  Leve de (2) dwèt youn apre lòt pou de (2) silab ki nan mo a.
- ☞ « Kòman » genyen 2 silab « kò-man ».
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.
- ☞ M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.  
Men mo yo : salye – jounen – paran – pawòl – lage – jaden.
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

### 2. Kole silab pou fòme mo. (3 mn).

-  Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòme mo. Fè aktivite sa a sou tablo ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòme mo. M ap fè yon egzanp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse!  
Silab yo se (tou-nen) lè nou kole silab yo ansanm, li ban nou mo (tounen).
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòme mo.
- ☞ Li epi kole silab sa yo pou fòme mo ak yo.  
Men silab yo : (eks-pe-ryans) ; (ri-ve) ; (kon-sa) ; (an-sanm) ; (la-kay) ; (kò-man).
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

**Leson 9**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab		
jou/nen	jou	nen	
kontinye			
kòmanse			
jaden			
pawòl			




2- Komplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki genyen sans.

tye - pil - van - ze - tann - tèn

1. an \_\_\_\_\_
2. an \_\_\_\_\_
3. an \_\_\_\_\_
4. an \_\_\_\_\_
5. an \_\_\_\_\_

60 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 1 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 60 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 60 la pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li). Nou konprann? Kòmanse!
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki jan li dekoupe premye mo a epi nan konbyen kare li ekri silab li jwenn yo?

**Leson 9**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab		
jou <sup>n</sup> en	jou	nen	
kontinye			
kòm <sup>a</sup> nse			
j <sup>a</sup> den			
p <sup>a</sup> wòl			

2- Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòmè mo ki genyen sans.

tye - pil - van - ze - tann - tèn

- an \_\_\_\_\_
- an \_\_\_\_\_
- an \_\_\_\_\_
- an \_\_\_\_\_
- an \_\_\_\_\_

60 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 2 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 60 pou fè egzèsis # 2 a.
- Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 60 la pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòmè mo ki genyen sans). Nou konprann? Kòmanse!
- Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- Kounye a, nou pral korije ansanm.
  - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòmè a?
  - Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt silab yo.


### 3. Lekti mo sou tablo (5 mn)

- Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: jaden – lakay – kòmman – jounen – ansanm – manman – kòmanse.
- Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)  
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)  
Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)
- Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

### 4. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

- Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 40 la.
- Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 40 la pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.
  - Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.
  - Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- Kounye a, tout klas la pral li ansanm.
  - Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

**Leson 9**



lakay - lendi - apre - lekòl - ansanm - paran - jaden  
- timoun - kòmman - jounen - pawòl - bouch - manman  
- istwa

tounen - jwenn - salye - mande - kòmanse - rete -  
pase - koupe - tonbe - kontinye - rakonte

Katya di: "Jounen mwen an te byen pase".  
Manman yo di: "Non, se youn apre lòt".

40 W ap li mèl ale 2 A.F.

### Lakay Katya ak Emil

Lendi apre lekòl, Katya ak Emil tounen lakay yo ansanm. Yo jwenn paran yo nan jaden ki nan lakou a. Timoun yo salye paran yo. Papa yo mande yo : "Kàman jounen nou an te ye ?" Katya ak Emil kòmanse pale an menm tan. Katya di: "Jounen mwen an te byen pase". Emil koupe pawòl nan bouch Katya, li tonbe pale san rete. Manman yo di : "Non, se youn apre lòt. Lè youn fin pale, lòt la ap pale". Se konsa yo kontinye rakonte istwa premye jounen lekòl la.


#### Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Kibò katya ak Emil te jwenn manman yo ak papa yo ?
3. Kisa timoun yo te fè ?
4. Ki kesyon papa yo te poze yo ?
5. Kisa Katya te reponn ?
6. Kisa Emil te fè pandan Katya ap pale a ?
7. Kisa manman timoun yo te di yo ? Poukisa ?
8. Kiyès ki ka rakonte klas la ki jan jounen lekòl yè a te pase ?

Map li nèt ale 2 A.F.

41


## 5. Lekti fraz nan liv lekli (5 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekli a, nan paj 41 an.

 **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

 **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekli a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difkilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difkilte pou li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

 **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

## Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (3 mn)

3- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

paran - jwenn - manman - kontinye - lekòl

.....  
.....  
.....  
.....

4- Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

1. Katya di: "Jounen mwen an te \_\_\_\_\_ pase."
2. Emil \_\_\_\_\_ pawòl nan bouch Katya, li \_\_\_\_\_ pale san rete.
3. Manman yo di: "Non, se \_\_\_\_\_ apre \_\_\_\_\_"

5- Chwazi kèk silab nan tablo a pou fòme 5 mo ki gen sans.


sa	pre	wòl
is	pa	mye
lye	ran	twa


1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_
4. \_\_\_\_\_
5. \_\_\_\_\_


Map li nèt ale - 2 A.F.

61


## Egzèsis # 3 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 61 pou fè egzèsis # 3 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.


 **Nou pral kopye mo sou liy anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 61 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Suiv modèl la byen pou nou ka ekri mo a menm jan ak modèl la. Nou konprann? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difkilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

 **Kounye a, nou pral korije ansanm.**


 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

 **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li kopye nan kaye li a?**

 Chwazi kèk elèv ki genyen difkilte pou kopye mo yo pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

## Dezyèm pati leson an (36 mn)

### Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (30 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (5 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « jaden ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « jaden »?

*Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:*

- Jaden: Se kote moun plante pyebwa, flè, ak danre pou fè manje.

**Egzanp:**

Jaden manman m nan plen pye sitwon.

*Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.*

- Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?

*Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « Jaden » aloral.*

- Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « Jaden »?

*Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « Jaden » pou elèv yo sou tablo a.*

**Egzanp:**

Moun yo fè konbit pou plante pyebwa nan jaden an.

*Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « Jaden ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.*

### 2. Vizyalizasyon (6 mn)

#### Deskripsyon desen (4 mn)

- Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 40.

*Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:*

- Ki bò elèv yo ye? Kisa yo ap fè? Kisa ki genyen nan lakou a? Ki moun ki nan jaden an? Kisa nou wè bò jaden an? Konbyen moun ki nan jaden an? Kisa yo ap fè?

*Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.*

#### Prediksyon dapre desen (2 mn)

- Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

*Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

- Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?


*Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.*

### 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

#### Li istwa

*Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:*

*- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.*





### Lakay Katya ak Emil

Lendi apre lekòl, Katya ak Emil tounen lakay yo ansanm. Yo jwenn paran yo nan jaden ki nan lakou a. Timoun yo salye paran yo. Papa yo mande yo : «Kòman jounen nou an te ye?» Katya ak Emil kòmanse pale an menm tan. Katya di: «Jounen mwen an te byen pase». Emil koupe pawòl nan bouch Katya, li tonbe pale san rete. Manman yo di : «Non, se youn apre lòt. Lè youn fin pale, lòt la ap pale». Se konsa yo kontinye rakonte istwa premye jounen lekòl la.

#### Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Kibò katya ak Emil te jwenn manman yo ak papa yo?
3. Kisa timoun yo te fè ?
4. Ki kesyon papa yo te poze yo ?
5. Kisa Katya te reponn ?
6. Kisa Emil te fè pandan Katya ap pale a ?
7. Kisa manman timoun yo te di yo ? Poukisa ?
8. Kiyès ki ka rakonte klas la ki jan jounen lekòl yè a te pase ?

Map li nèt ale 2 A.F.

Leson 9

- *Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.*

- *Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.*

- *Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.*

*Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 41 an. Ekri paj 41 an byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv yo nan bon paj la.*

☞ **Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou.**

**Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen !**

☞ *Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.*

### Lakay Katya ak Emil

Lendi apre lekòl, Katya ak Emil tounen lakay yo ansanm. Yo jwenn paran yo nan jaden ki nan lakou a.

Timoun yo salye paran yo. Papa yo mande yo : « Kòman jounen nou an te ye ? » Katya ak Emil kòmanse pale an menm tan. Katya di : « Jounen mwen an te byen pase ». Emil koupe pawòl nan bouch Katya, li tonbe pale san rete. Manman yo di : « Non, se youn apre lòt. Lè youn fin pale, lòt la ap pale ». Se konsa yo kontinye rakonte istwa premye jounen lekòl la.

☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

☞ *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.*

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**

☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

#### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

☞ *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*

☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.*

## 5. Reponn kesyon (9 mn)

- ☁ *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
  1. Ki tit istwa a ?
  2. Kibò katya ak Emil te jwenn manman yo ak papa yo ?
  3. Kisa timoun yo te fè ?
  4. Ki kesyon papa yo te poze yo ?
  5. Kisa Katya te reponn ?
  6. Kisa Emil te fè pandan Katya ap pale a ?
  7. Kisa manman timoun yo te di yo ? Poukisa ?
  8. Kiyès ki ka rakonte klas la ki jan jounen lekòl yè a tepase ?

## Aktivite 5 Pwodiksyon (3 mn)

### 5. Pwodiksyon alekri

#### Egzèsis # 4 (3 mn)

- ☁ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 61 pou fè egzèsis # 4 la.*
- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 61 pou fè egzèsis # 4 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann ? Kòmanse !**
- ☁ *Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☁ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo ?**
- ☁ *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di mo yo itilize pou konplete premye fraz la. Fè menm jan pou lòt fraz yo.*

## Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

- ☁ *Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li jodi a.*
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a ?**
- ☁ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.*

3- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.  
paran - jwenn - manman - kontinye - lekòl

4- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.  
1. Katya di: "Jounen mwen an te \_\_\_\_\_ pase."  
2. Emil \_\_\_\_\_ pawòl nan bouch Katya, li \_\_\_\_\_ pale san rete.  
3. Manman yo di: "Non, se \_\_\_\_\_ apre \_\_\_\_\_."

5- Chwazi kèk silab nan tablo a pou fòme 5 mo ki gen sans.




sa	pre	wòl
is	pa	mye
lye	ran	twà

1. \_\_\_\_\_  
2. \_\_\_\_\_  
3. \_\_\_\_\_  
4. \_\_\_\_\_  
5. \_\_\_\_\_

M op li mèl ale - 2 AF 61

---

## Aktivite 7 Egzèsis pratik pou elèv yo

-  *Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 5 lan pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.*
- ☞ **Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 61 nan egzèsis # 5 lan.**
-  *Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.*
- ☞ **Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije l anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann? Mwen vle tout elèv fè egzèsis la lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.**
-  *Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.*

# Leson 10 Revizyon

## Objektif:

Konprann yon devinèt  
 Li mo ak fraz byen epi vit  
 Ekri mo byen lizib nan kaye  
 Jwenn sans mo pou fòme fraz  
 Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
 Li istwa byen fò ak bon ton  
 Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

Liv lekti, leson 10, paj 42 - 43  
 Kaye egzèsis, leson 10, paj 62 - 63  
 Kaye bouyon, kreyon, gòm


## Premye pati leson an (27 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (8 mn)



#### 1. Devinèt (3 mn)

-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Mwen se koulè ak lajwa.  
 Mwen fèt souvan nan mwa fevriye.  
 Lè epòk mwen, cha pran lari.  
 Timoun kou granmoun degize.  
 Bann madigra ap monte desann.  
 Kisa mwen ye? (Repons : Kanaval)

-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay**

#### 2. Rapèl (5 mn)

-  *Mande elèv yo mete kaye bouyon yo sou ban an. Epi verifye si yo te fè egzèsis ou te ba yo fè lakay yo a. Apre sa, korije ansanm ak yo.*
- ☞ **Mete kaye bouyon nou sou ban an. Mwen pral pase verifye si nou te fè egzèsis la.**
-  *Bay elèv yo 1 minit pou mete kaye yo sou ban an pou ka verifye si yo fè egzèsis la. Pase verifye kaye kèk elèv nan chak ranje ban.*

- ☞ Kounye a, nou pral korije mo nou fòm yo ansanm sou tablo a. Kiyès ki ka li konsiy lan pou klas la?
  - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li konsiy lan.
- ☞ Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòm a epi site chak silab li chwazi pou li fòm mo a?
  - ☞ Chwazi yon lòt elèv pou li premye mo li fòm a pou klas la, epi mande li di ak ki silab li te sèvi pou li fòm mo a. Fè menm jan pou lòt mo yo. Lè w fin korije tout mo yo sou tablo ak elèv yo mande yo korije mo yo nan kaye yo si yo te fè erè.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (19 mn)

### 1. Kole silab pou fòm mo. (3 mn).

- ☞ Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòm mo. Fè aktivite sa a sou tablo ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòm mo. M ap fè yon egzanz pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse!  
Silab yo se (an-syen) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (ansyen).
  - ☞ Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòm mo.
- ☞ Li epi kole silab sa yo pou fòm mo ak yo.  
Men silab yo: (zan-mi) ; (kon-tan) ; (ma-danm) ; (kò-saj) ; (jou-nen).
  - ☞ Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

### Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 62 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 62 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li).  
Nou konprann? Kòmanse!
  - ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
  - ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki jan li dekoupe premye mo a epi nan konbyen kare li ekri silab li jwenn yo?
  - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou lòt mo yo.

### Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 62 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 62 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòm mo ki gen sans). Nou konprann? Kòmanse!

**Leson 10 Revizyon**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab			
verifye	ve	ri	fye	
toujou				
rakonte				
souri				
kòman				
pwofesè				

2- Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòm mo ki gen sans.

le - gre - de - rit - pi - pe
-------------------------------

1. sou \_\_\_\_\_  
 2. sou \_\_\_\_\_  
 3. sou \_\_\_\_\_  
 4. sou \_\_\_\_\_  
 5. sou \_\_\_\_\_

62 Kaye egzèsis

**Leson 10 Revizyon**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab		
verifye	ve	ri	fye
toujou			
rakonte			
souri			
kòman			
pwofesè			


2- Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki gen sans.

le - gre - de - rit - pi - pe

- sou \_\_\_\_\_
- sou \_\_\_\_\_
- sou \_\_\_\_\_
- sou \_\_\_\_\_
- sou \_\_\_\_\_

62 Kaye egzèsis

**Leson 10 Revizyon**



jaunen - lekòl - apremidi - paran - pwofesè - madan - Riche - toujou - kòsaj - timoun - kòman - zanmi - pandan - vakans

rakonte - rele - souri - abiye - mete - pale - sikile - verifye - travay - reponn - jwenn - prezante

Li di : "Pwofesè mwen an rele madan Riche".  
Mwen jwenn tout zanmi ane pose mwen yo.

42 M ap li nèt ale 2 A.F.

- Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòme a?**
  - Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt silab yo.

**1. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)**

- Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 42 a.
- Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 42 a pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
  - Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
  - Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
  - Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

**2. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)**

- Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 42 a.
- Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
  - Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
  - Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
  - Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

# Dezyèm pati leson an (37 mn)

## Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

## Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (8 mn)

#### Revizyon mo vokabilè (3 mn)

- ☞ Ekri 4 mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.

#### ☞ Ki elèv nan klas la ki ka li, eple epi bay sans mo sa yo ?

- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

### 2. Vizyalizasyon (6 mn)

#### Deskripsyon desen (4 mn)

#### ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 42.

- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

#### ☞ Ki bò timoun yo ak paran yo ye ? Konbyen moun ou wè nan imaj la ? Kijan nou wè moun yo abiye ?

- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.

#### Prediksyon dapre desen (2 mn)

#### ☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.

#### ☞ Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?

- ☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

### 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

#### Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.

- Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.

- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

- Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 43 a. Ekri paj 43 a byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv yo nan bon paj la.

#### ☞ Mwen pral li istwa a youn premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou. Nou konprann ? Nou pare M ap kòmanse li pou nou, koute byen.

- ☞ Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.

Lesson 10 Revizyon



▲ jounen - lekòl - apremidi - paran - pwofesè - madan - Riche - toujou - kòsaj - timoun - kòman - zanmi - pandan - vakans

👉 rakonte - rele - souri - abiye - mete - pale - sikile - verifye - travay - reponn - jwenn - prezante

👉 Li di : "Pwofesè mwen an rele madan Riche". Mwen jwenn tout zanmi ane pase mwen yo.

42 M ap li nèt ale 2 A.F.

Yon bon jounen lekòl

Nan lendi apremidi, Emil rakonte paran li yo jounen lekòl la. Li di : "Pwofesè mwen an rele madan Riche. Li bèl, li wo, li toujou ap souri. Madan Riche te abiye byen bèl. Li mete yon jip ble ak yon kòsaj jan. Li pale byen fò. Lè li ap pale, li fè jès. Li sikile nan tout klas la. Li verifye si elèv yo ap travay".

Apre sa, papa timoun yo di : "Katya, kòman jounen ou te ye ?" Katya reponn : "Mwen pase youn bon jounen lekòl. Mwen jwenn tout zanmi ane pase mwen yo. Mwen prezante yo David. Nou pale, nou rakonte sa nou te fè pandan vakans lan".

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki jan pèsonaj yo ki nan istwa a rele ?
3. Kiyès Madan Riche ye ?
4. Kòman Emil dekri Madan Riche bay paran li yo ?
5. Èske Madan Riche se youn bon pwofesè ? Poukisa ?
6. Kisa Katya te rakonte papa li ?
7. Èske timoun yo te pase youn bon jounen lekòl ? Poukisa ?

43 M ap li nèt ale 2 A.F.

### Yon bon jounen lekòl

Nan lendi apremidi, Emil rakonte paran li yo jounen lekòl la. Li di: «Pwofesè mwen an rele madan Riche. Li bèl, li wo, li toujou ap souri. Madan Riche te abiye byen bèl. Li mete yon jip ble ak yon kòsaj jòn. Li pale byen fò. Lè li ap pale, li fè jès. Li sikile nan tout klas la. Li verifye si elèv yo ap travay».

Aprè sa, papa timoun yo di: «Katya, kòman jounen ou te ye?» Katya reponn: «Mwen pase yon bon jounen lekòl. Mwen jwenn tout zanmi ane pase mwen yo. Mwen prezante yo David. Nou pale, nou rakonte sa nou te fè pandan vakans lan».

- ☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**
  - ☞ *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
  - ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
  - ☞ *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.*

### 5. Reponn kesyon (7 mn)

- ☞ *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
  1. Ki tit istwa a?
  2. Ki jan pèsonaj yo ki nan istwa a rele?
  3. Kiyès madan Riche ye?
  4. Kòman Emil dekri madan Riche bay paran li yo?
  5. Èske madan Riche se yon bon pwofesè? Poukisa?
  6. Kisa Katya te rakonte papa li?
  7. Èske timoun yo te pase yon bon jounen lekòl? Poukisa?



## Aktivite 4 Pwodiksyon (3 mn)

3. Chwazi yon mo nan bwat adwat la pou konplete chak fraz dapre istwa a.

a- Li bèl, li wo, li toujou ap \_\_\_\_\_

b- Madan Riche te abiye byen \_\_\_\_\_

c- Li pale byen \_\_\_\_\_

4- Chwazi kèk silab nan tablo a pou fòme 5 mo ki gen sans.

zan	pre	mi
re	zan	ponn
te	kò	saj

1. zanmi \_\_\_\_\_

2. \_\_\_\_\_

3. \_\_\_\_\_

4. \_\_\_\_\_

5. \_\_\_\_\_

Leson 10

M ap li nèt ale - 2 AF 63

### 3. Pwodiksyon alekri

#### Egzèsis # 3 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 63 pou fè egzèsis # 3 a.*
- ☞ **Nou pral konplete fraz. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 63 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi yon mo nan bwat adwat la pou konplete chak fraz dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
  - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
  - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**
  - ☞ *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di mo yo itilize pou konplete premye fraz la. Fè menm jan pou lòt fraz yo.*

## Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ *Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li jodi a.*
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?**
- ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.*

## Aktivite 6 Egzèsis pratik pou elèv yo

3. Chwazi yon mo nan bwat adwat la pou konplete chak fraz dapre istwa a.

a- Li bèl, li wo, li toujou ap \_\_\_\_\_

b- Madan Riche te abiye byen \_\_\_\_\_

c- Li pale byen \_\_\_\_\_

4- Chwazi kèk silab nan tablo a pou fòme 5 mo ki gen sans.

zan	pre	mi
re	zan	ponn
te	kò	saj

1. zanmi \_\_\_\_\_

2. \_\_\_\_\_

3. \_\_\_\_\_

4. \_\_\_\_\_

5. \_\_\_\_\_

Leson 10

M ap li nèt ale - 2 AF 63

- ☞ *Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 4 la pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.*
- ☞ **Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 63 nan egzèsis # 4 la.**
- ☞ *Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.*
- ☞ **Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije l anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann? Mwen vle tout elèv fè egzèsis la lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.**
- ☞ *Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.*

# Leson 11

## Objektif:

Konprann yon devinèt  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòme fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

Liv lekti, leson 11, paj 44 - 45  
Kaye egzèsis, leson 11, paj 64 - 65  
Kaye bouyon, kreyon, gòm


## Premye pati leson an (38 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (3 mn)



#### 1. Devinèt (3 mn)

-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Ala bòzò mwen bòzò !  
Mwen gen bèl moustach ak plim swa.  
Epi mwen renmen bwè lèt.  
Rat ak sourit menm, yo pa zanmi m ditou.  
Kisa mwen ye ? (Repons : Chat)

-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

#### 2. Rapèl (4 mn)

-  *Mande elèv yo mete kaye bouyon yo a sou ban an. Epi verifye si yo te fè egzèsis ou te ba yo fè lakay yo a. Apre sa, korije ansanm ak yo.*
- ☞ **Mete kaye bouyon nou sou ban an. Mwen pral pase verifye si nou te fè egzèsis la.**
-  *Bay elèv yo 1 minit pou mete kaye yo sou ban an pou ka verifye si yo te fè egzèsis la. Pase verifye kaye kèk elèv nan chak ranje ban.*

- ☞ Kounye a, nou pral korije mo nou fòm yo ansanm sou tablo a. Kiyès ki ka li konsiy lan pou klas la?
  - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li konsiy lan.
- ☞ Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòm a epi site chak silab li chwazi pou li fòm mo a?
  - ☞ Chwazi yon lòt elèv pou li premye mo li fòm a pou klas la, epi mande li di ak ki silab li te sèvi pou li fòm mo a. Fè menm jan pou lòt mo yo. Lè w fin korije tout mo yo sou tablo ak elèv yo, mande yo korije mo yo nan kaye yo si yo te fè erè.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)

### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

- ☞ Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzàn pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse! Mo a se « renmen »
  - ☞ Leve de (2) dwèt youn apre lòt pou de (2) silab ki nan mo a.
- ☞ « Renmen » genyen 2 silab « ren-men »
  - ☞ Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.
- ☞ M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.
 

Men mo yo: manje – diri – monte – epis – pito – Katya.

  - ☞ Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

### 2. Kole silab pou fòm mo. (3 mn).

- ☞ Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòm mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòm mo. M ap fè yon egzàn pou nou. Koute byen! Nou pare? M ap kòmanse!
 

Silab yo se (jou-nen) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (jounen)

  - ☞ Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòm mo.
- ☞ Li epi kole silab sa yo pou fòm mo ak yo.
 

Men silab yo: (kui-zin); (po-pe); (man-man); (man-de); (pre-pa-re); (ou-byen).

  - ☞ Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

### Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 64 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 64 pou fè egzèsis # 1. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li). Nou konprann? Kòmanse!

**Leson 11**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab	
fanmi	fan	mi
ansanm		
kuizin		
zanmi		
samdi		
bonbon		

2- Kole silab sa yo epi ekri mo yo byen.

Silab	Mo
kons	ta konsta
wou	lo
ren	men
fan	mi
chan	te

64 Kaye egzèsis

**Leson 11**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab
fan/mi	fan mi
ansanm	
kuizin	
zanmi	
samdi	
bonbon	

2- Kole silab sa yo epi ekri mo yo byen.

Silab	Mo
kons ta	konsta
wou lo	
ren men	
fan mi	
chan te	

64 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki jan li dekoupe premye mo a epi nan konbyen kare li ekri silab li jwenn yo ?**
  - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou lòt mo yo.

### 3. Lekti mo sou tablo (5 mn)

- ☞ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo : manje – renmen – kuit – kuizin – monte – reponn – fini .
- ☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**
  - Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**
  - Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**
  - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

### 4. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

- ☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm l a, nan paj 44 la.
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 44 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
  - ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
  - ☞ Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

**Leson 11**



▲ Emil - samdi - manman - kuizin - Katya - fanmi - ansanm - zanmi - woulo - bonbon  
 🍌 kuit - ede - fini - chita - manje - reponn - monte - renmen - chante  
 🍌 Emil ak Katya ede manman yo pou li fini vit.  
 🍌 Tout zanmi yo chante : "Van, vini, m ap ba w bonbon !"

44 N ap li nèt ale 2 A.F.

Leson 11

▲ Emil - samdi - manman - kuizin - Katya - fanmi - ansanm - zanmi - woulo - bonbon  
 ● kuit - ede - fini - chita - manje - reponn - monte - renmen - chante  
 ● Emil ak Katya ede manman yo pou li fini vit.  
 ● Tout zanmi yo chante : "Van, vini, m ap ba w bonbon !"  
 44 Map li nètle 2 A.F.

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### 5. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

- ☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 44 la.
- ☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
- ☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
- ☁ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

## Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (6 mn)

3- Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki gen sans.

di - pa - zik - tan - nit - lat - kwòb

1. mi \_\_\_\_\_
2. mi \_\_\_\_\_
3. mi \_\_\_\_\_
4. mi \_\_\_\_\_
5. mi \_\_\_\_\_
6. mi \_\_\_\_\_

4- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo.

5- Chwazi yon mo nan bwat adwat la pou konplete chak fraz dapre istwa a.

a- Yon jou samdi, manman Emil ap kuit manje nan \_\_\_\_\_ nan. kuizin/salon

b- Emil ak Katya \_\_\_\_\_ manman yo pou li fini vit. ede/patisipe

c- Katya reponn: "Mwen pral \_\_\_\_\_ yon bèl liv." li/ekri

d- Emil di: "Mwen pral \_\_\_\_\_ kap ak \_\_\_\_\_" desann/monte

Leson 11

### Egzèsis # 3 (3 mn)

- ☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 65 pou fè egzèsis # 3 a.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 65 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki gen sans). Nou konprann? Kòmanse!**
- ☁ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☁ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòme a?**
- ☁ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt silab yo.

## Dezyèm pati leson an (38 mn)

### Tranzisyon (1 mn)

- ☁ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (29 mn)

### 1. Vokabilè : Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)


- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « kuizin ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « kuizin »?

 Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:


- Kuizin :** Se pati nan kay la kote yo kuit manje.

**Egzanp :**


**Manman ap fè manje nan kuizin nan.**

 Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

- Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**


 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « kuizin » aloral.

- Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « kuizin »?**

 Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « kuizin » pou elèv yo sou tablo a.

**Egzanp :**

**Mwen pran yon bon sant manje nan kuizin nan.**

 Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « kuizin ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.


### 2. Vizyalizasyon (7 mn)

#### Deskripsyon desen (5 mn)

- Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 44.

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

- Ki bò ou wè chak moun yo ye? Kisa ou wè nan kay la? Ki koulè kay la pentire? Kisa ou wè nan chak pati ki nan kay la? Konbyen moun ou wè nan imaj la?**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.

#### Prediksyon dapre desen (2 mn)

- Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.

- Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?**

 Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

### 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

#### Li istwa

 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

Leson 11



 Emil - samdi - manman - kuizin - Katya - fanmi - ansanm - zanmi - woulo - bonbon  
 kuit - ede - fini - chita - manje - reponn - monte - renmen - chante  
 Emil ak Katya ede manman yo pou li fini vit.  
 Tout zanmi yo chante : "Van, vini, m ap ba w bonbon !"

44 W ap li nèt ale 2 A.F.

### Emil renmen monte kap

Yon jou samdi, manman Emil ap kuit manje nan kuizin nan. Emil ak Katya ede manman yo pou li fini vit. Apre sa, tout fanmi an chita ansanm sou tab, y ap manje. Manman an di: "Kisa nou pral fè lè n fin manje?" Katya reponn: "Mwen pral li yon bèl liv". Emil di: "Mwen pral monte kap ak zanmi m yo. Mwen renmen wè lè kap ap pran van". Emil pran kap la ak woulo fil li. Apre sa, li monte li byen wo. Tout zanmi yo chante: "Van, vini, m ap ba w bonbon!"

#### Kesyon:

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki bò manman timoun yo te ye?
3. Kisa manman timoun yo te di yo ?
4. Kisa yo te reponn manman yo ?
5. Ak kiyès Emil te al monte kap ?
6. Poukisa timoun yo t ap chante ?
7. Poukisa Emil renmen monte kap ?

Lesson 11

M ap li mèl ale 2 A.F.

45

- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo.

- Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.

- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

- Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 45 lan. Ekri paj 45 lan byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv yo nan bon paj la.


- Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou. Nou konprann ? Nou pare M ap kòmanse li pou nou, koute byen.

 Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.


## Emil renmen monte kap

Yon jou samdi, manman Emil ap kuit manje nan kuizin nan. Emil ak Katya ede manman yo pou li fini vit. Apre sa, tout fanmi an chita ansanm sou tab, y ap manje. Manman an di: «Kisa nou pral fè lè n fin manje?» Katya reponn: «Mwen pral li yon bèl liv». Emil di: «Mwen pral monte kap ak zanmi m yo. Mwen renmen wè lè kap ap pran van». Emil pran kap la ak woulo fil li. Apre sa, li monte li byen wo. Tout zanmi yo chante: «Van, vini, m ap ba w bonbon!»

- Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)

 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

- Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

- Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.

## 5. Reponn kesyon (8 mn)

- ☁ *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
  1. Ki tit istwa a ?
  2. Ki bò manman timoun yo te ye ?
  3. Kisa manman timoun yo te di yo ?
  4. Kisa yo te reponn manman yo ?
  5. Ak kiyès Emil te al monte kap ?
  6. Poukisa timoun yo t ap chante ?
  7. Poukisa Emil renmen monte kap ?

## Aktivite 5 Pwodiksyon (6 mn)

### 1. Pwodiksyon alekri

#### Egzèsis # 4 (3 mn)

- ☁ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 65 pou fè egzèsis # 4 la.*
- ☞ **Nou pral ekri non pèsonaj ki genyen nan istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 65 pou fè egzèsis # 4 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Kòmanse!**
- ☁ *Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☁ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la non pèsonaj li ekri nan liy yo?**
- ☁ *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple non pèsonaj yo.*

#### Egzèsis # 5 (3 mn)

- ☁ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 65 pou fè egzèsis # 5 lan.*
- ☞ **Nou pral konplete fraz. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 65 lan pou fè egzèsis # 5 lan. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi yon mo nan bwat adwat la pou konplete chak fraz dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**
- ☁ *Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 5 lan. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☁ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**

3- Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki gen sans.

di - pa - zik - tan - nit - lat - kwòb

1. mi \_\_\_\_\_
2. mi \_\_\_\_\_
3. mi \_\_\_\_\_
4. mi \_\_\_\_\_
5. mi \_\_\_\_\_
6. mi \_\_\_\_\_

4- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo.

5. Chwazi yon mo nan bwat adwat la pou konplete chak fraz dapre istwa a.

a- Yon jou samdi, manman Emil ap kuit manje nan \_\_\_\_\_ nan.

b- Emil ak Katya \_\_\_\_\_ manman yo pou li fini vit.

c- Katya reponn: "Mwen pral \_\_\_\_\_ yon bèl liv."

d- Emil di: "Mwen pral \_\_\_\_\_ kap ak \_\_\_\_\_."

Leson 11

3- Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki gen sans.

di - pa - zik - tan - nit - lat - kwòb

1. mi \_\_\_\_\_
2. mi \_\_\_\_\_
3. mi \_\_\_\_\_
4. mi \_\_\_\_\_
5. mi \_\_\_\_\_
6. mi \_\_\_\_\_

4- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo.

5. Chwazi yon mo nan bwat adwat la pou konplete chak fraz dapre istwa a.

a- Yon jou samdi, manman Emil ap kuit manje nan \_\_\_\_\_ nan.


b- Emil ak Katya \_\_\_\_\_ manman yo pou li fini vit.

c- Katya reponn: "Mwen pral \_\_\_\_\_ yon bèl liv."

d- Emil di: "Mwen pral \_\_\_\_\_ kap ak \_\_\_\_\_."



Leson 11



 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi mande yo di mo yo itilize pou konplete premye fraz la. Fè menm jan pou lòt fraz yo.

---

## Aktivite 6 **Evalyasyon (2 mn)**

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li epi eple mo a?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

# Leson 12

## Objektif:

- Aprann yon kontin
- Li mo ak fraz byen epi vit
- Ekri mo byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòme fraz
- Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

- Liv lekti, leson 12, paj 46 - 47
- Kaye egzèsis, leson 12, paj 66 - 67
- Kaye bouyon, kreyon, gòm

## Premye pati leson an (35 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

#### 1. Kontin (3 mn)

-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*



Lapli

Lapli tonbe plip plop plap.


Li soti nan nyaj.

Li tonbe gout pa gout.

Men lapli tololo ! Men lapli tololo !

- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**








#### 2. Rapèl (2 mn)

-  *Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li nan leson anvan an.*
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li te li nan leson anvan an?**








Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (22 mn)





### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (4 mn).

-  Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
  -  Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzanz pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse! Mo a se « solèy ».
  -  Leve de (2) dwèt youn apre lòt pou de (2) silab ki nan mo a.
  -  « Solèy » genyen 2 silab « so-lèy ».
  -  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.
  -  M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.
- Men mo yo: parapli – dousman – pwoblèm – erezman – sèch – lapli.**
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

### Egzèsis # 1 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 66 pou fè egzèsis # 1 an.
-  Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 66 la pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Dekoupe mo ki anba yo silab pa silab. Apre sa, ekri kantite silab ou jwenn nan mo yo nan kare li). Nou konprann? Kòmanse!
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
-  Kounye a, nou pral korije ansanm.
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
-  Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki jan li dekoupe premye mo a epi konbyen silab li genyen ladan l?
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou lòt mo yo.

### Egzèsis # 2 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 66 pou fè egzèsis # 2 a.
-  Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 66 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li). Nou konprann? Kòmanse!
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
-  Kounye a, nou pral korije ansanm.

**Leson 12**

1- Dekoupe mo ki anba yo silab pa silab. Apre sa, ekri kantite silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

be/zwen     2

de/side    

dous/man    

para/pli    

2- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab		
para/pli	pa	ra	pli
retounen			
lakay			
kòmanse			
erezman			


66 Kaye egzèsis

Leson 12




▲ parapli - itil - solèy - lekòl - manman - lapli - lakay - erezman - mèsi - konsa - timoun - ansanm - dousman - bezwen  
● pare - leve - decide - retounen - kòmanse - tonbe - ouvri - mache - rive  
● Jodi a, tan an mare, solèy pa leve.  
● Katya ale lekòl ak parapli manman li a. Li ouvri parapli a sou tèt li ak Emil.


46 M ap li nèl ale 2 A.F.

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di pou klas la ki jan li dekoupe premye mo a epi nan konbyen kare li ekri silab li jwenn yo?**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou lòt mo yo.


## 2. Lekti mo sou tablo (5 mn)

 Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: dousman - erezman - retounen - tonbe - kòmanse - decide - parapli - bezwen.


- ☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**

**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**

**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.


## 3. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

 Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 46 la.


- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 46 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.


- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

 Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.

- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.


## 4. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

 Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 46 la.

- ☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

 Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

 Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

## Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (5 mn)

3-Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.  
deside - mouye - ale - rive - dousman

4-Komplete fraz sa yo dapre istwa a.  
1. Katya ale \_\_\_\_\_ ak parapli manman li a.  
2. Jodi a, tan an \_\_\_\_\_, solèy pa leve.  
3. Yo mache dousman, yo \_\_\_\_\_ lakay yo san yo pa \_\_\_\_\_.

5-Nan lis mo ki nan bwat la, antoure tout mo ki gen rapò ak mo «lapli». Apre sa, kopye yo sou liy anba yo.








dlo - bekàn - nyaj - van - kreyon - loray - zèklè

1. \_\_\_\_\_  
2. \_\_\_\_\_  
3. \_\_\_\_\_  
4. \_\_\_\_\_  
5. \_\_\_\_\_

M ap li nèk ale - 2 AF 67


Lesson 12

### Egzèsis # 3 (5 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 67 pou fè egzèsis # 3 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.
-  **Nou pral ekri mo nou sot li yo ki nan liy melon an. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 67 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Suiv modèl la byen lè nou ap kopye mo yo. Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
-  **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
-  **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li kopye nan kaye li a?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.









## Dezyèm pati leson an (36 mn)

### Tranzisyon (1 mn)

-  Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (27 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (5 mn)

-  **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo «parapli». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo «parapli»?**
-  Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
-  **Parapli: Se materyèl ki fèt an plastik oubyen an twal, ki gen fòm won ak yon manch pou moun mete sou tèt pou pare lapli ak solèy.**
-  Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
-  **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo «parapli» aloral.
-  **Kiyès ki ka fè epi di yon fraz pou klas la ak mo parapli?**
-  Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo «parapli» pou elèv yo sou tablo a.

**Egzanp:**

Jodi a, lapli ap tonbe anpil elèv kouvri tèt yo ak parapli pou yo ale lekòl.

*Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « parapli ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.*

**2. Vizyalizasyon (6 mn)**

**Deskripsyon desen (4 mn)**

**Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 46.**

*Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:*

**Ki kote timoun yo ye? Ki jan yo ye? Ki jan parapli a ye? Ki koulè parapli a? Kisa nou wè sou wout la?**

*Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.*

**Prediksyon dapre desen (2 mn)**

**Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

*Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

**Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?**

*Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.*

**3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)**

**Li istwa**

*Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:*

- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo.

- Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.

- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

- Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 47 la. Ekri paj 47 la byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv yo nan bon paj la.

**Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou.**

**Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse li pou nou, koute byen!**

*Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.*

Leson 12



parapli - itil - solèy - lekòl - manman - lapli - lakay - erezman - mèsi - konsa - timoun - ansanm - dousman - bezwen  
 pare - leve - deside - retounen - kòmanse - tonbe - ouvri - mache - rive  
 Jodi a, tan an mare, solèy pa leve. Katya ale lekòl ak parapli manman li a. Li ouvri parapli a sou tèt li ak Emil. Li ouvri parapli a sou tèt li ak Emil.

46 M ap li nèt ale 2 A.F.

**Parapli itil**

Jodi a, tan an mare, solèy pa leve. Katya ale lekòl ak parapli manman li a. Emil di li pa bezwen parapli, li ale konsa.  
 Lè yo ap retounen, lapli kòmanse tonbe. Emil pa wè ki jan li prale lakay li. Erezman Katya te pote gwo parapli manman li a. Li ouvri parapli a sou tèt li ak Emil. Yo pa mouye. Emil di Katya : "Mèsi !"  
 Konsa, timoun yo pran wout la ansanm. Yo mache dousman, yo rive lakay yo san yo pa mouye.

**Kesyon:**

1. Ki tit istwa a ?
2. Poukisa Katya te pote parapli pou li ale lekòl ?
3. Kisa ki fè Emil pa t mouye ?
4. Kisa Katya te fè ?
5. Èske Emil te janti ? Poukisa ?
6. Kòman timoun yo te rive lakay? Poukisa ?

Leson 12

M ap li nèt ale 2 A.F. 47


**Parapli itil**


Jodi a, tan an mare, solèy pa leve. Katya ale lekòl ak parapli manman li a. Emil di li pa bezwen parapli, li ale konsa.


Lè yo ap retounen, lapli kòmanse tonbe. Emil pa wè ki jan li prale lakay li. Erezman Katya te pote gwo parapli manman li a. Li ouvri parapli a sou tèt li ak Emil. Yo pa mouye. Emil di Katya : « Mèsi ! »

Konsa, timoun yo pran wout la ansanm. Yo mache dousman, yo rive lakay yo san yo pa mouye.

- ☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2.** Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)


 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a.** (4 mn)


 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la.** N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.


#### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a.** Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase.** Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.

#### 5. Reponn kesyon (6 mn)

-  Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

  1. Ki tit istwa a?
  2. Poukisa Katya te pote parapli pou li ale lekòl?
  3. Kisa ki fè Emil pa t mouye?
  4. Kisa Katya te fè?
  5. Èske Emil te janti? Poukisa?
  6. Kòman timoun yo te rive lakay yo? Poukisa?

Repons:

- (1) Timoun yo te rive lakay san yo pa mouye.

### Aktivite 5 Pwodiksyon (6 mn)

3- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

deside - mouye - ale - rive - dousman

.....

.....

.....

.....

.....

4- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

1. Katya ale ..... ak parapli manman li a.
2. Jodi a, tan an ..... solèy pa leve.
3. Yo mache dousman, yo ..... lakay yo san yo pa .....

5- Nan lis mo ki nan bwat la, antoure tout mo ki gen rapò ak mo elapli. Apre sa, kopye yo sou liy anba yo.


dlo - bekàn - nyaj - van - kreyon - laray - zèklè

1. ....
2. ....
3. ....
4. ....
5. ....

Leson 12

M ap li nèk ale - 2 AF 67

#### Egzèsis # 4 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 67 pou fè egzèsis # 4 la.
- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a.** Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 67 pou fè egzèsis # 4 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!

3-Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.  
deside - mouye - ale - rive - dousman




4-Komplete fraz sa yo dapre istwa a.  
1. Katya ale \_\_\_\_\_ ak parapli manman li a.  
2. Jodi a, tan an \_\_\_\_\_, solèy pa leve.  
3. Yo mache dousman, yo \_\_\_\_\_ lakay yo san yo pa \_\_\_\_\_

5-Nan ita mo ki nan bwat la, antoure tout mo ki gen rapò ak mo «lapli». Apre sa, kopye yo sou liy anba yo.





dlo - bekàn - nyaj - van - kreyon - loraj - zèklè

1. \_\_\_\_\_  
2. \_\_\_\_\_  
3. \_\_\_\_\_  
4. \_\_\_\_\_  
5. \_\_\_\_\_



M op li mèt ale - 2 AF 67

-  Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou li mo yo itilize pou konplete fraz yo.

### Egzèsis # 5 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 67 pou fè egzèsis # 5 lan.
- ☞ **Nou pral chwazi mo nan bwat ki genyen rapò ak mo lapli pou nou ekri yo sou liy anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 67 pou fè egzèsis # 5 lan. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Nan lis mo ki nan bwat la, antoure tout mo ki gen rapò ak mo « lapli ». Apre sa, kopye yo sou liy anba yo). Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 5 lan. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Ede elèv yo li mo yo pou yo ka chwazi sa ki bon yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li ekri yo ki gen rapò ak mo « lapli »?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di ak eple mo yo chwazi yo.

### Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li jodi a.
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.



# Leson 13

## Objektif:

Aprann yon tèks powetik  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòm fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




## Materyèl:

Liv lekti, leson 13, paj 48 - 49  
Kaye egzèsis, leson 13, paj 68 - 69  
Kaye bouyon, kreyon, gòm

## Premye pati leson an (39)

### Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

#### 1. Pwezi (3 mn)

-  *Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a. Ansuit, mande elèv yo repete li pou kont yo menm jan.*
-  **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*

Poul





Mwen rele manman poul.

Mwen ponn ze.



Mwen chofe ze yo anba zèl mwen pou fè ti poul.


Mwen grate tè pou m chache manje ba yo.

Kòk kòdòk Kòk kòdòk ! Mwen se yon bon manman !

-  **Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
-  **Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*





#### 2. Rapèl (3mn)

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, fè yo bay sans li epi eple mo a.*
-  **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans li epi eple mo a?**




 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (30 mn)




### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

-  Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzanp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse! Mo a se «joustan».
-  Leve de (2) dwèt youn apre lòt pou de (2) silab ki nan mo a.
- ☞ «Joustan» genyen 2 silab «jous-tan».
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.
- ☞ M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.  
Men mo yo : mache – lespri– pyebwa – deyò – kabicha – pwofite.
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

### 2. Kole silab pou fòme mo. (4 mn).

-  Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòme mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòme mo. M ap fè yon egzanp pou nou. Koute byen! Nou pare? M ap kòmanse!  
Silab yo se (mon-te) lè nou kole silab yo ansanm, li ban nou mo (monte)
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòme mo.
- ☞ Li epi kole silab sa yo pou fòme mo ak yo.  
Men silab yo : (ma- di) ; (ma-re) ; (fa-che) ; (pwo-fi-te) ; (ka-bi-cha) ; (pe-yi).
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

### Egzèsis # 1 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 68 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 68 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen!  
(Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.). Nou konprann? Kòmanse!
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki

**Leson 13**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab		
retoune	re	tou	ne
kabicha			
pyebwa			
kontan			
monte			
deyò			

2- Kole silab sa yo epi ekri mo yo byen.

Silab	Mo	
ma	che	mache
mon	te	
fa	che	
kon	tan	
ka	bi	cha

68 Kaye egzèsis

jan li dekoupe premye mo a epi nan konbyen kare li ekri silab li jwenn yo?

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou lòt mo yo.

**Leson 13**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab		
retou/nen	re	tou	nen
kabicha			
pyebwa			
kontan			
monte			
deyò			

2- Kole silab sa yo epi ekri mo yo byen.

Silab		Mo
ma	che	mache
mon	te	
fa	che	
kon	tan	
ka	bi	cha

68 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 68 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 68 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kole silab sa yo epi ekri mo yo byen). Nou konprann? Kòmanse!**
- ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li jwenn ak silab li kole yo?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Fè menm jan pou chak liy silab yo.

### 3. Lekti mo sou tablo (5 mn)

- ☞ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: achte – kabicha – anba – pyebwa – peyi – madi – deyò.
- ☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**
- Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**
- Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

### 4. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

- ☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 48 la.
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 48 la pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
- ☞ Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

**Leson 13**



☞ peyi - madi - mache - Mariz - manman - pyebwa - deyò - anba - kabicha - kontan - anpil

☞ achte - mare - rale - kase - vole - monte - leve - soti - gade - rete - fache - chante

☞ Jodi a se madi, se jou mache.

☞ Mariz, manman Katya ak Emil ale nan mache.  
Poul la chante : "Kòk kòdòk ! Kòk kòdòk !"

48 M ap li nèt ale 2 A.F.



- peyi - madi - mache - Mariz - manman - pyebwa - deyò - anba - kabicha - kontan - anpil
- achte - mare - rale - kase - vole - monte - leve - soti - gade - rete - fache - chante
- Jodi a se madi, se jou mache.
- Mariz, manman Katya ak Emil ale nan mache.
- Poul la chante : "Kòk kòdòk ! Kòk kòdòk !"

### 5. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

- Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 48 la.
- Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
- Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
- Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (3 mn)

3- Ekri non twa (3) lòt bèt ki genyen zèl epi ki ponn ze sou liy ki anba yo.

1. Poul
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_
4. \_\_\_\_\_

4- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

kontan - peyi - deyò

pyebwa - kòd - poul - peyi

### Egzèsis # 3 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 69 pou fè egzèsis # 3 a.
- Nou pral ekri non bèt ki genyen zèl epi ki konn ponn ze. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 69 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri non twa (3) lòt bèt ki genyen zèl epi ki ponn ze sou liy ki anba yo). Nou konprann? Kòmanse!**
- Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis #3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di epi eple pou klas la non bèt li ekri yo?**
- Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) ki fè egzèsis la byen epi mande yo di epi eple non bèt li ekri yo pou klas la.

### Dezyèm pati lesan an (35 mn)

#### Tranzisyon (1 mn)

- Anvan ou kòmanse dezyèm pati lesan an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (29 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (5 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « poul ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « poul »?

☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:

- ☞ Poul: Se zwazo domestik, femèl kòk ki ponn ze.

☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

- ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « poul » aloral.

- ☞ Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « poul »?

☞ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « poul » pou elèv yo sou tablo a.

#### Egzanp:

Poul la genyen 5 ze nan nich li a.

☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « Poul ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

### 2. Vizyalizasyon (6 mn)

#### Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 48.

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:

- ☞ Kisa nou wè nan imaj la? Kisa dam nan ap fè? Ki bèt nou wè nan imaj la? Kisa nou wè bèt la ap fè?

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.

#### Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.

- ☞ Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?

☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

### 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

#### Li istwa


☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:

- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.

- Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.

- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

- Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.



**Yon bèl poul peyi**

Jodi a se madi, se jou mache. Mariz, manman Katya ak Emil ale nan mache. Mariz achte yon bèl poul peyi. Lè li retounen, li mare poul la nan yon pye tab. Li ale fè yon ti kabicha. Poul la rale pye li, li kase kòd la. Li vole monte sou yon pyebwa byen wo.

Lè Mariz leve, li pa wè poul la. Lè li soti deyò, li wè poul la sou yon gwo pyebwa. Li rete anba ap gade poul la. Mariz fache, li pa ka monte pran li. Poul la chante: "Kòk kòdòk! Kòk kòdòk!" Poul la kontan anpil.

**Kesyon:**

1. Ki tit istwa a?
2. Ki jou istwa sa a pase?
3. Ki kote Mariz te ale?
4. Kisa li te achte?
5. Ki bò Mariz te mare poul la?
6. Kisa poul la te fè?
7. Kisa Mariz te fè lè li leve?
8. Èske Mariz te kontan? Poukisa?

Leson 13

*Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 49 la. Ekri paj 49 la byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv yo nan bon paj la.*

- ☞ **Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse li pou nou, koute byen!**


 *Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.*

**Yon bèl poul peyi**


Jodi a se madi, se jou mache. Mariz, manman Katya ak Emil ale nan mache. Mariz achte yon bèl poul peyi. Lè li retounen, li mare poul la nan yon pye tab. Li ale fè yon ti kabicha. Poul la rale pye li, li kase kòd la. Li vole monte sou yon pyebwa byen wo.

Lè Mariz leve, li pa wè poul la. Lè li soti deyò, li wè poul la sou yon gwo pyebwa. Li rete anba ap gade poul la. Mariz fache, li pa ka monte pran li. Poul la chante: «Kòk kòdòk! Kòk kòdòk!». Poul la kontan anpil.

- ☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

 *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**

 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

**4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)**


- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*

- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.*

**5. Reponn kesyon (8 mn)**

 *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

**1. Ki tit istwa a?**

**Repons:**

- (1) Tit istwa a se «Yon bèl poul peyi».
2. Ki jou istwa sa a pase?
3. Ki kote Mariz te ale?
4. Kisa li te achte?
5. Ki bò Mariz te mare poul la?
6. Kisa poul la te fè?
7. Kisa Mariz te fè lè li leve?
8. Èske Mariz te kontan? Poukisa?

## Aktivite 5 Pwodiksyon (3 mn)

### 1. Pwodiksyon alekri

#### Egzèsis # 4 (3 mn)

3- Ekri non twa (3) lòt bèt ki genyen zèl epi ki ponn ze sou liy ki anba yo.

1. Poul
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_
4. \_\_\_\_\_

---








4- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

kontan - peyi - deyò




pyebwa - kòd - poul - peyi

Lesson 13

M ap li nèl ale - 2 AF 69

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 69 pou fè egzèsis # 4 la. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.
-  **Nou pral ekri mo nou sot li yo ki nan liy melon an. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 69 pou fè egzèsis # 4 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Suiv modèl la byen lè nou ap kopye mo yo. Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
-  **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
-  **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li kopye nan kaye li a?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

## Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
-  **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li epi eple mo a?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

# Leson 14

## Objektif:

- Eksprime opinyon sou yon tèm
- Li mo ak fraz byen epi vit
- Ekri mo byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòme fraz
- Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

- Liv lekti, leson 14, paj 50 - 51
- Kaye egzèsis, leson 14, paj 70 - 71
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



## Premye pati leson an (31 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

#### 1. Kozri (3 mn)




-  Mande elèv yo pale sou enpòtans dlo nan lavi moun.
- ☞ Kounye a, nou pral pale sou enpotans dlo nan lavi moun. Kisa li itil nan lavi moun? Èske nou renmen bwè dlo? Poukisa nou dwe bwè dlo?
-  Bay elèv yo 2 minit pou pale sou enpòtans dlo. Chwazi 4 elèv pou di kisa dlo itil. Ankouraje, felisite elèv ki patisipe yo.

#### 2. Rapèl (3mn)

-  Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li nan leson anvan an.
- ☞ Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li te li nan leson anvan an?
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

### Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (22 mn)


#### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (4 mn).

-  Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzàn pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse! Mo a se « endepandans ».
-  Leve kat (4) dwèt youn apre lòt pou kat (4) silab ki nan mo a.
- ☞ « Endepandans » genyen 4 silab « en-de-pan-dans ».
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.





**Leson 14**



Desalin - anperè - lamò - oktòb - konje - ewo - endepandans - libète - Ayiti - lame - Fransè - gason - vanyan

mande - reponn - goumen - batay - bay - genyen - renmen - chanje

Li te goumen pou endepandans Ayiti, peyi nou.

David di : "Mwen ta renmen vanyan tankou Desalin pou mwen chanje Ayiti".

50 M ap li nèt ale 2 A.F.

☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

**4. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)**

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 50 la.
- ☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
- ☞ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

**Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (3 mn)**

**Leson 14**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab			
anperè	an	pe	rè	
vanyan				
batay				
Desalin				
endepandans				

2- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

endepandans - batay - anperè - vanyan - Ayiti

70 Kaye egzèsis

**Egzèsis # 2 (3 mn)**

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 70 pou fè egzèsis # 2 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.
- ☞ **Nou pral ekri mo nou sot li yo ki nan liy melon an. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 70 la pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Suiv modèl la byen lè nou ap kopye mo yo). Nou konprann? Kòmanse!**
- ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li kopye nan kaye li a?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

**Dezyèm pati leson an (35 mn)**

**Tranzisyon (1 mn)**

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (26 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (5 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo «endepandans». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo «endepandans»?

☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:

- ☞ Endepandans vle di: lè yon moun oubyen yon peyi lib pou l dirije tèt li.

☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

- ☞ Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo «endepandans» aloral.

- ☞ Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo endepandans?

☞ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo «endepandans» pou elèv yo sou tablo a.

#### Egzanp:

**Peyi Ayiti pran endepandans li premye janvyè 1804.**

☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo «endepandans». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

### 2. Vizyalizasyon (6 mn)

#### Deskripsyon desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 50.

☞ Pase verifeye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:

- ☞ Kisa nou wè nan imaj la? Ki bò moun yo ye? Ki jan yo abiye? Kisa yo ap fè? Ki koulè rad ki sou yo? Kòman moun yo ye?

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.

#### Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.

- ☞ Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?

☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

### 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifeye prediksyon (8 mn)

#### Li istwa

☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:


- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.

- Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.

- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

- Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.

Leson 14



▲ Desalin - anperè - lanmò - oktòb - konje - ewo - endepandans - libète - Ayiti - lame - Fransè - gason - vanyan

🍌 mande - reponn - goumen - batay - bay - genyen - renmen - chanje

👤 Li te goumen pou endepandans Ayiti, peyi nou.

🗣️ David di: "Mwen ta renmen vanyan tankou Desalin pou mwen chanje Ayiti".

50 Map li nèt ale 2 A.F.

nan tèt lame ki te batay kont Fransè yo. Konsa, li te bay peyi nou libète". David di : "Èske li te batay pou kont li ?" Papa li reponn : "Non, te genyen fi ak gason vanyan avèk li". David di : "Mwen ta renmen vanyan tankou Desalin pou mwen itil peyi m. Mwen renmen peyi mwen anpil".

**Kesyon**

1. Sou kiyès istwa a pale ?
2. Ki dat anperè Jan Jak Desalin te mouri ?
3. Kiyès Desalin ye ?
4. Èske se Desalin pou kont li ki te batay pou bay peyi a libète ?
5. Pouskisa David t ap poze papa li anpil kesyon sou Desalin ?
6. Kisa David panse de Desalin ?
7. Kisa nou nan klas la panse de Desalin ?

Leson 14

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 51 an. Ekri paj 51 an byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv yo nan bon paj la.


- ☞ **Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou. Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen !**

 Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.


### Desalin

Dat lanmò anperè Jan Jak Desalin se 17 oktòb. Pa gen lekòl jou sa a, se konje. David mande papa li : «Papa, ki moun Desalin te ye?». Papa li reponn : «Desalin se yon ewo. Li te goumen pou endepandans Ayiti, peyi nou. Desalin te nan tèt lame ki te batay kont Fransè yo. Konsa, li te bay peyi nou libète». David di : «Èske li te batay pou kont li?». Papa li reponn : «Non, te genyen fi ak gason vanyan avèk li». David di : «Mwen ta renmen vanyan tankou Desalin pou mwen itil peyi m. Mwen renmen peyi mwen anpil».

- ☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.

### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.

### 5. Reponn kesyon (5 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

**1. Sou kiyès istwa a pale ?**

**Repons:**

(1) Istwa a pale sou anperè Jan Jak Desalin.

**2. Ki dat anperè Jan Jak Desalin te mouri ?**

**3. Kiyès Desalin ye ?**

**4. Èske se Desalin pou kont li ki te batay pou bay peyi a libète ?**

**Repons posib:**

(1) Non, Desalin pa t pou kont li nan batay pou bay peyi a libète. (2) Li te genyen fi ak gason vanyan ki te avèk li.

**5. Poukisa David t ap poze papa li anpil kesyon sou Desalin ?**

**Repons posib:**

(1) Paske li te vle konnen kiyès Desalin te ye. (2) Paske li te vle tankou Desalin pou li chanje peyi li.

**6. Kisa David panse de Desalin ?**

**7. Kisa nou nan klas la panse de Desalin ?**

**Aktivite 5 Pwodiksyon (6 mn)**

**Egzèsis # 3 (3 mn)**

*Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 71 pou fè egzèsis # 3 a.*

- ☞ **Nou pral fòme fraz ak mo ki andezòd. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 71 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Mete mo yo nan lòd pou nou fòme fraz). Nou konprann? Kòmanse!**

*Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

*Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*

- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme ak premye lis mo ki andezòd yo?**

*Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di fraz yo fòme a. Fè menm jan pou lòt fraz la.*

**Egzèsis # 4 (3 mn)**

*Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 71 pou fè egzèsis # 4 la.*

- ☞ **Nou pral sèvi ak kèk definisyon pou nou ka jwenn sans kèk mo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 71 pou fè egzèsis # 4 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Souliye bon definisyon ki mache ak mo ki agoch la). Nou konprann? Kòmanse!**

*Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Ede elèv yo li mo yo ak definisyon yo pou yo ka chwazi bon definisyon an.*

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

*Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*

- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li pou klas la definisyon li chwazi ki mache ak premye mo a?**

3-Mete mo yo nan lòd pou nou fòme fraz.

ewo. - se - Desalin - yon

renmen - mwen - peyi - anpil. - Mwen

---

4-Souliye bon definisyon ki mache ak mo ki agoch la.


Jès: - Mouvman moun fè ak youn oubyen plizyè pati nan kò li.  
- Pawòl moun di.

Kuizèn: - Pati nan kay yo mete kabann.  
- Pati nan kay yo mete kuit manje.

Poul: - Zwazo domestik, femèl kòk.  
- bèt ki genyen kàn ki manje ze.




Lesson 14

Map II mèt ale - 2 AF 71

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di definisyon yo chwazi ki mache ak mo a. Si yon elèv pa jwenn bon definisyon an, chwazi yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou di bon definisyon an, oubyen ede li ou menm.

---

**Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)**

-  Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li jodi a.
-  **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

# Leson 15 Revizyon

## Objektif:

- Konprann yon devinèt
- Li mo ak fraz byen epi vit
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Produi desen sou yon aksyon oubyen yon aktivite
- Li istwa byen fòm ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




## Materyèl:

- Liv lekti, lesan 15, paj 52 - 53
- Kaye egzèsis, lesan 15, paj 72 - 73
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



## Premye pati lesan an (15 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

#### 1. Devinèt (3 mn)


-  *Li devinèt sa a byen fòm ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
-  **N ap kòmansè lesan jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmansè!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Mwen se yon konstrikasyon.  
Yo fè mwen ak tout kalite materyo :  
Planch, fè oswa beton.  
Lè yon moun bezwen janbe yon kanal,  
Se sou mwen yo pase.  
Lè dlo desann, se mwen ki bay tout moun pasaj.  
Kisa mwen ye ? (Repons : Pon)


-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
-  **Bravo! Nou te byen travay!**

### Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (12 mn)

#### 1. Lèkti mo nan liv lekti (6 mn)

-  *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 52 a.*

Leson 15 Revizyon



▲ konkou - Nwèl - meri - talan - direktris - rezilta - desanm - premye - sikè - konpliman - akra - kabrit - boukannen

🍌 òganize - desine - ale - reprezante - pote - pibliye - chwazi - depoze - fete - manje

🍌 Chak fèt Nwèl, meri a òganize konkou desen pou lekòl yo.

Yo fete, yo manje akra ak kabrit boukannen.

Aprè sa, elèv yo ale lakay yo ak kè kontan.

52 M ap li nèt ale 2 A.F.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 52 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

☞ *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.*

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☞ *Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Aprè sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.*

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ *Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

## 2. Lekti fraz nan liv lekti (6 mn)

☞ *Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 52 a.*

☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☞ *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.*

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☞ *Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.*

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Aprè sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

## Dezyèm pati leson an (41 mn)

### Tranzisyon (1 mn)

☞ *Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.*

## Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (26 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (9 mn)

#### Revizyon mo vokabilè (3 mn)

☞ *Ekri 4 mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan leson anvan yo. Aprè sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.*

☞ **Ki elèv nan klas la ki ka li, eple epi bay sans mo sa yo ?**

☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.*



## 2. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

### Li istwa

*Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :*

- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo.

- Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.

- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

- Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 53 a. Ekri paj 53 a byen gwo sou tablo a.

Verifye si tout elèv yo nan bon paj la.

☞ **Mwen pral li istwa a youn premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou. Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen !**

*Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.*

#### Konkou desen Nwèl

Chak fèt Nwèl, meri a òganize konkou desen pou lekòl yo. Alina ak David gen anpil talan nan fè desen. Yo desine byen. Ane sa a, direktris la chwazi yo pou reprezante lekòl la. Yo desine yon bèl kat Nwèl. Yo ale depoze li nan meri a. Meri a pibliye rezilta yo 23 desanm. Alina ak David pote premye pri.

Tout moun nan lekòl la kontan pou siksè elèv yo. Katya ak Emil fè zanmi yo konpliman. Yo fete, yo manje akra ak kabrit boukannen. Apre sa, elèv yo ale lakay yo ak kè kontan.

#### Kesyon

1. Sou kisa istwa a pale ?
2. Ki konkou meri a te òganize ?
3. Chak ki te meri òganize konkou sa a ?
4. Poukisa direktris la te chwazi voye Alina ak David nan konkou a ane sa a ?
5. Kisa David ak Alina te desinen ?
6. Kilè meri a te pibliye rezilta konkou a ?
7. Kiyès ki te pote premye pri nan konkou a ? Poukisa ?
8. Kòman moun ki nan lekòl la te ye, lè yo te tandè se Alina ak Emil ki pote premye pri ?
9. Èske Katya ak Emil te kontan poutèt se zanmi yo ki pote premye pri nan konkou a ? Poukisa ?

M ap li nèt ale 2 A.F.

53

### Konkou desen Nwèl

Chak fèt Nwèl, meri a òganize konkou desen pou lekòl yo. Alina ak David gen anpil talan nan fè desen. Yo desine byen. Ane sa a, direktris la chwazi yo pou reprezante lekòl la. Yo desine yon bèl kat Nwèl. Yo ale depoze li nan meri a. Meri a pibliye rezilta yo 23 desanm. Alina ak David pote premye pri.

Tout moun nan lekòl la kontan pou siksè elèv yo. Katya ak Emil fè zanmi yo konpliman. Yo fete, yo manje akra ak kabrit boukannen. Apre sa, elèv yo ale lakay yo ak kè kontan.

☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

*Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.*

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

*Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**

*Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

## 3. Reponn kesyon (9 mn)

*Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki pòkò reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

**1. Sou kisa istwa a pale ?**

Repons:

(1) Istwa a pale sou konkou desen Nwèl.

2. Ki konkou meri a te òganize ?
3. Chak kilè meri òganize konkou sa a ?
4. Poukisa direktris la te chwazi voye Alina ak David nan koukou a ane sa ?
5. Kisa David ak Alina te desinen ?
6. Kilè meri a te pibliye rezilta konkou a ?
7. Kiyès ki te pote premye pri nan konkou a ? Poukisa ?

**Repons posib :**

(1) Se Alina ak David ki te pote premye pri a. (2) Paske se desen yo a ki te pi bèl.

8. Kòman moun ki nan lekòl la te ye, lè yo te tande se Alina ak David ki pote premye pri ?

9. Èske Katya ak Emil te kontan poutèt se zanmi yo ki pote premye pri nan konkou a ? Poukisa ?




**Repons posib :**

(1) Wi, Katya ak Emil te kontan poutèt se zanmi yo ki pote premye pri nan konkou a.

(2) Paske Emil ak Katya te fè zanmi yo konpliman epi yo te fete ak yo.





## Aktivite 4 Pwodiksyon (12 mn)

### 1. Pwodui desen sou yon aksyon oubyen yon aktivite (3 mn)

-  *Fè elèv yo fè desen wout yo fè pou soti lakay yo pou rive nan lekòl yo pou klas la. Fè yo pran yon fèy kaye pou yo fè desen sa a.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fè desen wout nou pase lè nou ap soti lakay nou pou nou rive lekòl la.**
-  *Bay elèv yo 3 minit pou fè desen yo epi pou eksplike klas la desen yo fè a.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin eksplike klas la desen li sot fè a ?**
-  *Bay elèv yo 1 minit pou eksplike klas la desen yo. Epi chwazi kèk desen elèv yo fè ki pi bèl pou afiche nan klas la.*

### 2. Pwodiksyon alekri (9 mn)

#### Egzèsis # 1 (3 mn)

-  *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 72 pou fè egzèsis # 1 an.*
- ☞ **Nou pral ekri non pèsonaj ki genyen nan istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 72 pou fè egzèsis # 1an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo). Nou konprann ? Kòmanse !**
-  *Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka eple pou klas la non pèsonaj li ekri nan liy yo ?**
-  *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple non pèsonaj yo.*

**Leson 15 Revizyon**

1- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo.

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_
4. \_\_\_\_\_
5. \_\_\_\_\_

---

2- Antoure lèt ki genyen bon definisyon mo a dapre istwa a.

Parapli vle di:

- a. Materyèl moun mete nan pye.
- b. Materyèl ki fèt an plastik oubyen an twal ki gen fòm won ak yon manch pou moun mete sou tèt.

Endepandans vle di:

- a. Sitiyasyon kote moun oubyen yon peyi lib.
- b. Se lè yon peyi sou kont yon lòt peyi.

Pri vle di

- a. Rekonpans pou moun ki pote vikwa.
- b. Moun ki fèb.

72 Kaye egzèsis

**Leson 15 Revizyon**

1- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo.

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_
4. \_\_\_\_\_
5. \_\_\_\_\_

---

2- Antoure lèt ki genyen bon definisyon mo a dapre istwa a.

Parapli vle di:

- a. Materyèl moun mete nan pye.
- b. Materyèl ki fèt an plastik oubyen an twal ki gen fòm won ak yon manch pou moun mete sou tèt.

Endepandans vle di:

- a. Sitiyasyon kote moun oubyen yon peyi lib.
- b. Se lè yon peyi sou kont yon lòt peyi.

Pri vle di:

- a. Rekonpans pou moun ki pote viktwa.
- b. Moun ki fèb.

72 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 2 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 72 pou fè egzèsis #2 a.*
- ☞ **Nou pral sèvi ak kèk definisyon pou nou ka jwenn sans kèk mo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 72 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Antoure lèt ki genyen bon definisyon mo a dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**
  - Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Ede elèv yo li mo yo ak definisyon yo, pou yo ka chwazi bon definisyon an.*
  - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
  - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li pou klas la definisyon li chwazi ki mache ak premye mo a?**
  - Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di definisyon yo chwazi ki mache ak mo a. Si yon elèv pa jwenn bon definisyon an, chwazi yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou di bon definisyon an, oubyen ede li ou menm.*

3- Mete yon kwa sou kare ki sou kote bon repons lan.

a- Kiyès ki pote premye pri a dapre istwa a?

Katrin ak Ivon

Alina ak David

Kalo ak Kalin

Katrina ak Ivon

b- Kilè meri a te pibliye rezilta yo?

12 desanm

20 desanm

23 desanm

25 desanm

---

4- Chwazi kèk silab nan tablo a pou fòme 5 mo ki gen sans.

ta	kan	nen
bou	re	pre
lan	zan	te

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_
4. \_\_\_\_\_
5. \_\_\_\_\_

M ap li nèl ale - 2 AF 73

### Egzèsis # 3 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 73 pou fè egzèsis # 3 a.*
- ☞ **Nou pral chwazi bon repons ak yon kesyon sou istwa. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 73 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Mete yon kwa sou kare ki sou kote bon repons lan). Nou konprann? Kòmanse!**
  - Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
  - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
  - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la bon repons li chwazi pou premye kesyon an?**
  - Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di repons yo chwazi pou kesyon an. Si yon elèv pa jwenn bon repons la, chwazi yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou di bon repons lan, oubyen ede li ou menm. Fè menm jan pou lòt kesyon an.*

### Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

- Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li jodi a.*
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?**
- Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.*

## Aktivite 6 Egzèsis pratik pou elèv yo

3-Mete yon kwa sou kare ki sou kote bon repons lan.

a- Kiyès ki pote premye pri a dapre istwa a?

Katrin ak Ivon

Alina ak David

Kalo ak Kalin

Katrina ak Ivon

b- Kilè meri a te pibliye rezilta yo?

12 desanm

20 desanm

23 desanm

25 desanm

---

4-Chwazi kèk silab nan tablo a pou fòme 5 mo ki gen sans.

ta	kan	nen
bou	re	pre
lan	zan	te

1. \_\_\_\_\_

2. \_\_\_\_\_


3. \_\_\_\_\_

4. \_\_\_\_\_

5. \_\_\_\_\_


Leson 15

M op li nèk ale - 2 AF 73

 Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 4 la pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.

 **Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 73 la nan egzèsis # 4 la.**

 Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.

 **Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije l anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann ? Mwen vle tout elèv fè egzèsis la lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi**

**a.**

 Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.

# Leson 16

## Objektif:

Konprann yon devinèt  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòme fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

Liv lekti, leson 16, paj 54 - 55  
Kaye egzèsis, leson 16, paj 74 - 75  
Kaye bouyon, kreyon, gòm


## Premye pati leson an (39 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (7 mn)


#### 1. Devinèt (3 mn)




-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Mwen se salon pèp la.  
Mwen pèmèt machin, moto kouri.  
Gras ak mwen tout moun ka sikile.  
Fatra ak gwo lapli pa zanmi m.  
Si mwen pa la, moun p ap ka ale okenn kote.  
Kisa mwen ye? (Repons: Lari)

-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**





#### 2. Rapèl (4 mn)

-  *Mande elèv yo mete kaye bouyon yo sou ban an. Epi verifye si yo te fè egzèsis ou te ba yo fè lakay yo a. Apre sa, korije ansanm ak yo.*
- ☞ **Mete kaye bouyon nou sou ban an. Mwen pral pase verifye si nou te fè egzèsis la.**




-  Bay elèv yo 1 minit pou mete kaye yo sou ban an pou ka verifye si yo fè egzèsis la. Pase verifye kaye kèk elèv nan chak ranje ban.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije mo nou fòme yo ansanm sou tablo a. Kiyès ki ka li konsiy lan pou klas la ?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li konsiy lan.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòme a epi site chak silab li chwazi pou li fòme mo a ?**
-  Chwazi yon lòt elèv pou li premye mo li fòme a pou klas la, epi mande li di ak ki silab li te sèvi pou li fòme mo a. Fè menm jan pou lòt mo yo. Lè w fin korije tout mo yo sou tablo a ak elèv yo, mande yo korije mo yo nan kaye yo si yo te fè erè.

## Aktivite 2 **Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (26 mn)**

### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

-  Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ **Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzanz pou nou. Koute byen. Nou pare ? M ap kòmanse ! Mo a se « madigra ».**
-  Leve twa (3) dwèt youn apre lòt pou twa (3) silab ki nan mo a.
- ☞ **« Madigra » genyen 3 silab « ma-di-gra ».**
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.
- ☞ **M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.**  
**Men mo yo : elefan – kanaval – rekonèt – degizman – kapab – chalè.**
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

### 2. Kole silab pou fòme mo. (3 mn).

-  Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòme mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ **Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòme mo. M ap fè yon egzanz pou nou. Koute byen ! Nou pare ? M ap kòmanse !**  
**Silab yo se (re-ponn) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (reponn).**
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòme mo.
- ☞ **Li epi kole silab sa yo pou fòme mo ak yo.**  
**Men silab yo : (de-gi-ze); (tan-bou); (kò-man-se); (pon-pe); (a-mi-ze); (kos-tim).**
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

**Leson 16**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab		
kahaval	ka	na	val
madigra			
amize			
elefan			
degizman			
kòmanse			

2- Mete mo yo nan lòd pou nou fòme fraz.

kouri - Elèv yo - anba - ale kache - ban.

.....

swe - David - degizman - anba - elefan an. - kòmanse

.....

74 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 74 pou fè egzèsis # 1an.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 74 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li). Nou konprann ? Kòmanse!**
- ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki jan li dekoupe premye mo a epi nan konbyen kare li ekri silab li jwenn yo ?**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou montre klas+ la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou lòt mo yo.

### 3. Lekti mo sou tablo (5 mn)

- ☞ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo : madigra – kanaval – òganize – degizman – tanbou – danse – amize.
- ☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**
- Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**
- Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

### 4. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

- ☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 54 la.
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 54 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
- ☞ Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### 5. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 54 la.
- ☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

**Leson 16**

kanaval - lekòl - ane - elèv - David - kostim - elefan - Katya - madigra - anba - degizman - tanbou

òganize - amize - deside - maske - rekonèt - kouri - kache - frappe - danse - ponpe - kòmanse - wete - degize

David deside ale nan kanaval la.

Li maske ak yon kostim elefan.

David kòmanse swe anba degizman elefan an.

54 Map li nèt ale 2 A.F.

- ☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
  - ☁ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
  - ☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (6 mn)

**Leson 16**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab		
kana <sup>h</sup> val	ka	na	val
madigra			
amize			
elefan			
degizman			
kòmanse			

2- Mete mo yo nan lòd pou nou fòme fraz.

kouri - Elèv yo - anba - ale kache - ban.

.....

swe - David - degizman - anba - elefan an. - kòmanse

.....

74 Kaye egzèsis

#### Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 74 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral fòme fraz ak mo ki andezòd. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 74 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Mete mo yo nan lòd pou nou fòme fraz). Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☁ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la fraz li fòme ak premye lis mo ki andezòd la?**
  - ☁ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi mande li di fraz yo fòme yo. Fè menm jan pou lòt lis mo a.

3- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

kostim - degizman - konpliman - òganize - rekonèt - tanbou

.....

4- Chwazi yon mo nan bwat adwat la pou konplete chak fraz dapre istwa a.

a- Se David ki \_\_\_\_\_ tankou elefan an. degize/abiye

b- David deside ale nan \_\_\_\_\_ la. fèt/kanaval

c- Elèv yo kouri ale \_\_\_\_\_ anba ban. fantre/kache

5- Chwazi kèk silab nan tablo a pou fòme 4 mo ki gen sans.

e	de	giz
le	koz	man
fan	lèv	tim

1. \_\_\_\_\_

2. \_\_\_\_\_

3. \_\_\_\_\_

4. \_\_\_\_\_

M ap li nèk ale - 2 AF 75

#### Egzèsis # 3 (3 mn)

- ☁ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 75 pou fè egzèsis # 3 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.
- ☞ **Nou pral ekri mo nou sot li yo ki nan liy melon an. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 75 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Suiv modèl la byen lè nou ap kopye mo yo. Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☁ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☁ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li kopye nan kaye li a?**



Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

## Dezyèm pati leson an (39 mn)

### Tranzisyon (1 mn)

Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (33 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (6 mn)

Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « kanaval ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « kanaval » ?

Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :

Kanaval : Se yon festival kote moun degize pou yo chante ak danse tout kalite mizik.

Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la ?

Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « Kanaval » aloral.

Kiyès ki ka fè epi di yon fraz pou klas la ak mo « kanaval » ?

Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « kanaval » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp :

Moun yo abiye byen bèl pou yo ale nan kanaval la.

Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « kanaval ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

### 2. Vizyalizasyon (7 mn)

#### Deskripsyon desen (5 mn)

Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 54.

Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

Ki bò elèv yo ye ? Kòman klas la ye ? Kòman elèv yo te degize ? Ki kalite mas yo te mete nan figi yo ? Ki koulè ou wè nan degizman elèv yo ?

Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.


#### Prediksyon dapre desen (2 mn)

Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.

Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?

Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.



**Kanaval nan lekòl la**

Ane sa a, lekòl la òganize yon kanaval. Tout elèv yo vin amize yo. David deside ale nan kanaval la. Li maske ak yon kostim elefan.

Lè David rive, elèv nan klas li yo pa rekonèt li. Katya mande : "Madigra, ki moun ou ye ?" David reponn: "Mwen se yon gwo elefan". Elèv yo kouri ale kache anba ban. Yo pè madigra a. Tanbou frape : Pim ! Bow ! Bann madigra yo soti vin danse. Tout madigra yo pran vole ponpe.

David kòmanse swe anba degizman elefan an. Li wete mas la epi elèv yo rele : "Se David ki degize tankou elefan an!"

**Kesyon**

1. Ki tit istwa a ?
2. Ki bò istwa sa a te pase ?
3. Kòman David te abiyè pou li ale nan kanaval la ?
4. Èske lòt elèv yo te rekonèt David lè li te rive nan kanaval la ?
5. Kisa Katya te di ?
6. Kisa David te reponn Katya ?
7. Ki aktivite ki te genyen nan kanaval la ?
8. Kòman elèv yo te fè rekonèt se David ki te maske ak mas elefan an ?

M ap li mèl ale 2 A.F.

Leson 16

**3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)**

**Li istwa**



*Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :*

- *Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo.*

- *Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.*

- *Aprè sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.*

- *Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.*

*Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 55 la. Ekri paj 55 la byen gwo sou tablo a.*

*Verifye si tout elèv yo nan bon paj la.*

☞ **Mwen pral li istwa a youn premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou.**

**Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen !**



*Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.*

**Kanaval nan lekòl la**

Ane sa a, lekòl la òganize yon kanaval. Tout elèv yo vin amize yo. David deside ale nan kanaval la. Li maske ak yon kostim elefan.

Lè David rive, elèv nan klas li yo pa rekonèt li. Katya mande : «Madigra, ki moun ou ye ?». David reponn : «Mwen se yon gwo elefan». Elèv yo kouri ale kache anba ban. Yo pè madigra a. Tanbou frape : Pim ! Bow ! Bann madigra yo soti vin danse. Tout madigra yo pran vole ponpe.

David kòmanse swe anba degizman elefan an. Li wete mas la epi elèv yo rele : «Se David ki degize tankou elefan an !»

☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**



*Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.*

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**



*Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**



*Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

**4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)**

☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**




*Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*

☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase.**

Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.

## 5. Reponn kesyon (10 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki pako reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Ki tit istwa a?

Repons:

(1) Tit istwa a se «Kanaval nan lekòl la»

2. Ki bò istwa sa a te pase?

3. Kòman David te abiye pou li ale nan kanaval la?

4. Èske lòt elèv yo te rekonèt David lè li te rive nan kanaval la?

Repons:

(1) Non, elèv yo pa t rekonèt David.

5. Kisa Katya te di?

6. Kisa David te reponn Katya?

7. Ki aktivite ki te genyen nan kanaval la?

8. Kòman elèv yo te fè rekonèt se David ki te maske ak mas elefan an?


## Aktivite 5 Pwodiksyon (3 mn)

### 2. Pwodiksyon alekri


#### Egzèsis # 4 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 75 pou fè egzèsis # 4 la.


☞ Nou pral konplete fraz. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 75 pou fè egzèsis # 4 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi yon mo nan bwat adwat la pou konplete chak fraz dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!

 Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki mo li chwazi nan bwat adwat la pou li konplete premye fraz la?

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt fraz yo.

## Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.

☞ Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li epi eple mo a?

3-Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

kostim - degizman - konpliman - òganize - rekonèt - tanbou

4. Chwazi yon mo nan bwat adwat la pou konplete chak fraz dapre istwa a.

a- Se David ki \_\_\_\_\_ tankou elefan an.

b- David deside ale nan \_\_\_\_\_ la.

c- Elèv yo kouri ale \_\_\_\_\_ anba ban.

5- Chwazi kèk silab nan tablo a pou fòme 4 mo ki gen sans.

e	de	giz
le	koz	man
fan	lèv	tim


1. \_\_\_\_\_

2. \_\_\_\_\_

3. \_\_\_\_\_

4. \_\_\_\_\_

M ap li mèl ale - 2 AF 75

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

## Aktivite 7 Egzèsis pratik pou elèv yo

3- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

kostim - degizman - konpliman - òganize -  
rekonèt - tanbou

4. Chwazi yon mo nan bwat adwat la pou konplete chak fraz dapre istwa a.

a- Se David ki \_\_\_\_\_ tankou elefan an. degize/abiye

b- David deside ale nan \_\_\_\_\_ la. fèt/kanaval

c- Elèv yo kouri ale \_\_\_\_\_ anba ban. fantrè/kache

5- Chwazi kèk silab nan tablo a pou fòme 4 mo ki gen sans.

e	de	qiz
le	koz	man
fan	lèy	tim


1. \_\_\_\_\_

2. \_\_\_\_\_

3. \_\_\_\_\_

4. \_\_\_\_\_

M ap li nèt ale - 2 AF 75

 Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 5 lan pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.

☞ **Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 75 lan nan egzèsis # 5 lan.**

 Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.

☞ **Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije l anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann ? Mwen vle tout elèv fè egzèsis la lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi**

**a.**

 Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.

# Leson 17

## Objektif:

Aprann yon kontin  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòm fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

Liv lekti, leson 17, paj 56 - 57  
Kaye egzèsis, leson 17, paj 76 - 77  
Kaye bouyon, kreyon, gòm

## Premye pati leson an (35 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (7 mn)

#### 1. Kontin (3 mn)

-  Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Repete l' ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Mande elèv yo repete l' pou kont yo menm jan.
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!
-  Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.

Solèy



Yo rele mwen larèn solèy.

Mwen klere sèlman lajounen.


Mwen chofe latè, epi mwen pa zanmi mikwòb.

Ala bèl sa bèl lè mwen ap leve lematen !

Tout timoun ap chante solèy ! solèy ! solèy !

- ☞ Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.
-  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.
- ☞ Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.
-  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.
- ☞ Bravo! Nou te byen travay!

#### 2. Rapèl (4 mn)

-  Mande elèv yo mete kaye bouyon yo sou ban an. Epi verifye si yo te fè egzèsis ou te ba yo fè lakay yo a. Apre sa, korije ansanm ak yo.



☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou lòt mo yo.

## 2. Lekti mo sou tablo (5 mn)

☁ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: machann – mouvman – kòmanse – avanse – sèlman – kadans – kanpe.

☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)

**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**

**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

## 3. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

☁ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 56 la.

☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 56 la pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

☞ Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.

☁ Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.

☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

## 4. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 56 la.

☞ Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.

☁ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ Kounye a, tout klas la pral li ansanm.

☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 17



▲ tanbou - gason - mizik - konpa - kadans - adwat - agoch - devan - dèyè - mouvman - machann - sèlman - lamèn - lajan

💡 genyen - renmen - danse - tande - kòmanse - avanse - tounen - kanpe - gade - peye - tonbe

👤 Sam se yon ti gason sis (6) lane.  
 🍌 Li renmen danse tout kalite mizik : konpa, zouk...  
 Machann nan tonbe ri, epi li bay Sam yon gwo lamèn.

56 M ap li nèl ale 2 A.F.

### Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (5 mn)

**Leson 17**  
 1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab		
kòm an s e	kò	man	se
agoch			
ka d an s			
ma ch an n			
mizik			

2- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

adwat - zouk - kalite - mouvman - laman

76 Kaye egzèsis

#### Egzèsis # 2 (5 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 76 pou fè egzèsis # 2 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.
- ☞ **Nou pral ekri mo nou sot li yo ki nan liy melon an. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 76 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Suiv modèl la byen lè nou ap kopye mo yo. Nou konprann? Kòmanse!**
- Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li kopye nan kaye li a?**
- Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

### Dezyèm pati leson an (34 mn)

#### Tranzisyon (1 mn)

- Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

### Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (28 mn)

#### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « mizik ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « mizik » ?**
- Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- ☞ **Mizik vle di: Konbinezon son ki bèl nan zorèy.**
- Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**
- Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « Mizik » aloral.
- ☞ **Kiyès ki ka fè epi di yon fraz pou klas la ak mo mizik?**
- Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « Mizik » pou elèv yo sou tablo a.

#### Egzanp:

Nan kanaval ane sa a genyen anpil bèl mizik.



*Chwazi sis (6) elèv (3 fi ak 3 gason) youn apre lòt pou eseye site kèk fraz yo fòm ak mo « mizik ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.*

Leson 17



▲ tanbou - gason - mizik - konpa - kadans - adwat - agoch - devan - dèyè - mouvman - machann - sèlman - laman - lajan  
● genyen - renmen - danse - tande - kòmpanse - avanse - tounen - kanpe - gade - peye - tonbe  
● Sam se yon ti gason sis (6) lane.  
 Li renmen danse tout kalite mizik : konpa, zouk...  
 Machann nan tonbe ri, epi li bay Sam yon gwo laman.

56 M ap li nèt ale 2 A.F.

## 2. Vizyalizasyon (7 mn)

### Deskripsyon desen (5 mn)

☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 56.

*Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :*

☞ Kisa nou wè nan imaj la ? Kisa nou wè moun yo ap fè ? Èske nou wè enstriman mizik ? Ki enstriman mizik nou wè ?

*Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.*

### Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

*Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

☞ Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?

*Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.*

## 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

### Li istwa

*Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :*

- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.

- Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.

- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

- Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 57 la. Ekri paj 57 la byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

☞ Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou. Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmpanse li pou nou, koute byen !

*Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.*

**Tanbou frape, Sam danse**

Sam se yon ti gason sis (6) lane. Li kout, li genyen cheve nwa. Li se zanmi Alina. Li toujou al danse sou plas la. Li renmen danse tout kalite mizik : konpa, zouk... Depi Sam tande mizik, li kòmpanse danse. Li suiv kadans mizik la. Sam avanse adwat, agoch. Li ale devan, li tounen dèyè. Yon samdi, Sam t ap danse sou plas la. Moun kanpe ap gade mouvman dans yon timoun sis (6) lane sèlman. Yon machann kann di : "Ti gason sa a ka fè anpil lajan". Sam tande sa machann nan di a. Li reponn : "Machann kann, peye mwen lajan mwen !" Machann nan tonbe ri, epi li bay Sam yon gwo laman.

**Kesyon**

1. Sou kiyès istwa a pale ?
2. Kiyès Sam ye ?
3. Kisa li te renmen fè ?
4. Kijan Sam danse ?
5. Ki jou Sam t ap danse sou plas la ?
6. Kisa machann kann nan te di ? Poukisa ?
7. Kisa Sam te di machann kann nan ?

57 M ap li nèt ale 2 A.F.

### Tanbou frape, Sam danse


Sam se yon ti gason sis (6) lane. Li kout, li genyen cheve nwa. Li se zanmi Alina. Li toujou al danse sou plas la. Li renmen danse tout kalite mizik : konpa, zouk. Depi Sam tande mizik, li kòmpanse danse. Li suiv kadans mizik la. Sam avanse adwat, agoch. Li ale devan, li tounen dèyè.

Yon samdi, Sam t ap danse sou plas la. Moun kanpe ap gade mouvman dans yon timoun sis (6) lane sèlman. Yon machann kann di : «Ti gason sa a ka fè anpil lajan». Sam tande sa machann nan di a. Li reponn : «Machann kann, peye mwen lajan mwen!». Machann nan tonbe ri, epi li bay Sam yon gwo laman.

- ☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

 *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**

 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

#### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**


 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay ki ekri sou tablo a.*

- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase.**

**Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.*

#### 5. Reponn kesyon (7 mn)

 *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

##### 1. Sou kiyès istwa a pale ?

**Repons:**

(1) Istwa a pale sou Sam.

##### 2. Kiyès Sam ye ?

(1) Sam, se yon ti gason sis (6) lane, li kout, li genyen cheve nwa. (2) Sam se zanmi Alina.

##### 3. Kisa li te renmen fè ?

**Repons: posib:**

(1) Wi, Sam te konn danse. (2) Paske lè li ap danse, Li suiv kadans mizik la. Sam avanse adwat, agoch. Li ale devan, li tounen dèyè.

##### 4. Kijan Sam danse ?

##### 5. Ki jou Sam t ap danse sou plas la ?

##### 6. Kisa machann kann nan te di ? Poukisa ?

##### 7. Kisa Sam te di machann kann nan ?

## Aktivite 5 Pwodiksyon (3 mn)

3- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo.

- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_

4- Chwazi kèk silab nan tablo a pou fòme 4 mo ki gen sans.

ma	men	sèl
lan	chann	men
mou	ren	man

- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_

M ap li nèk ale - 2 AF 77

### Egzèsis # 3 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 77 pou fè egzèsis # 3 a.
- ☞ **Nou pral ekri non pèsonaj ki genyen nan istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 77 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo). Nou konprann? Kòmanse!**
- Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifeye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifeye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la non pèsonaj li ekri nan liy yo?**
- Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple non pèsonaj yo.

## Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

- Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo te sonje nan istwa yo te li jodi a.
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?**
- Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

## Aktivite 7 Egzèsis pratik pou elèv yo

3- Ekri non tout pèsonaj ki genyen nan istwa a sou liy ki anba yo.

- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_

4- Chwazi kèk silab nan tablo a pou fòme 4 mo ki gen sans.

ma	men	sèl
lan	chann	men
mou	ren	man

- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_

M ap li nèk ale - 2 AF 77

- Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 4 la pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.
- ☞ **Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 77 la nan egzèsis # 4 la.**
- Verifeye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.
- ☞ **Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije l anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann? Mwen vle tout elèv fè egzèsis la lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.**
- Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.

# Leson 18

## Objektif:

Aprann yon tèks powetik  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòme fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




## Materyèl:

Liv lekti, leson 18, paj 58 - 59  
Kaye egzèsis, leson 18, paj 78 - 79  
Kaye bouyon, kreyon, gòm

## Premye pati leson an (35 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (7 mn)

#### 1. Pwezi (3 mn)

-  *Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a. Finalman, mande elèv yo repete li pou kont yo menm jan.*
-  **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*

Poul





Mwen rele manman poul.

Mwen ponn ze.



Mwen chofe, mwen kale yo pou m fè ti poul.


Mwen grate tè pou m chache manje ba yo.

Kòk kòdòk ! Mwen se yon bon manman poul !

-  **Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
-  **Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

#### 2. Rapèl (4 mn)


-  *Mande elèv yo mete kaye bouyon yo sou ban an. Epi verifye si yo te fè egzèsis ou te ba yo fè lakay yo a. Apre sa, korije ansanm ak yo.*
-  **Mete kaye bouyon nou sou ban an. Mwen pral pase verifye si nou te fè egzèsis la.**

 Bay elèv yo 1 minit pou mete kaye yo sou ban an pou ka verifye si yo fè egzèsis la. Pase verifye kaye kèk elèv nan chak ranje ban.

☞ **Kounye a, nou pral korije mo nou fòme yo ansanm sou tablo a. Kiyès ki ka li konsiy lan pou klas la ?**


 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li konsiy lan.

☞ **Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòme a epi site chak silab li chwazi pou li fòme mo a ?**

 Chwazi yon lòt elèv pou li premye mo li fòme a pou klas la, mande li di ak ki silab li te sèvi pou li fòme mo a. Fè menm jan pou lòt mo yo. Lè w fin korije tout mo yo sou tablo a ak elèv yo, mande yo korije mo yo nan kaye yo si yo te fè erè.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (23 mn)

### 1. Kole silab pou fòme mo. (5 mn).

 Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòme mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.

☞ **Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòme mo. M ap fè yon egzanzp pou nou. Koute byen! Nou pare? M ap kòmanse!**  
Silab yo se (ann-dan) lè nou kole silab yo ansanm, li ban nou mo (anndan).

 Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòme mo.

☞ **Li epi kole silab sa yo pou fòme mo ak yo.**

**Men silab yo : (gran- gou) ; (a-mi-zan) ; (plan-te) ; (vwa-la) ; (ra-kon-te) ; (an-mwe).**

 Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

**Leson 18**

1- Kole silab sa yo epi ekri mo yo byen.

Silab			Mo
Ra	ti	to	
ann	dan		
ma	yi		
an	mwe		
a	mi	zan	
ra	kon	te	


2- Komplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo li gen sans.

ti - te - tad - gwen - yen
----------------------------


1. pen \_\_\_\_\_  
2. pen \_\_\_\_\_  
3. pen \_\_\_\_\_  
4. pen \_\_\_\_\_

78 Kaye egzèsis


### Egzèsis # 1 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 78 pou fè egzèsis # 1 an.


☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 78 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kole silab sa yo epi ekri mo yo byen). Nou konprann? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.


☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li jwenn ak silab li kole yo ?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Fè menm jan pou chak liy silab yo.


### 2. Lekti mo sou tablo (5 mn)

 Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo : manke - anndan - manje - mayi - kite - amizan - zanmi.





☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li chak mo mwen touche ansanm. (2 mn)**

**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**





**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

### 3. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 58 la.
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 58 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
-  Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
-  Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### 4. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

-  Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 58 la.
- ☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
-  Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
-  Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 18



 Sourita - Ratito - samdi - maten - Alina - istwa - salon - zanmi - lakou - travay - onndan - mayi - pandan - amizan

 rakonte - rele - gade - kite - antre - kòmanse - manje - santi - rale - sove - manke

 Samdi maten, manman Alina rakonte li yon istwa nan salon an.  
Pandan yo kòmanse manje, Ratito santi y ap rale ke li.  
Lè li vire, li wè yon chat k ap rale li.

58 M ap li nèk ale 2 A.F.

## Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (5 mn)

Leson 18

1- Kole silab sa yo epi ekri mo yo byen.

Silab		Mo
Ra	ti	to
onn	dan	
ma	yi	
an	mwe	
a	mi	zan
ra	kon	te

2- Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki gen sans.

ti - te - tad - gwen - yen

1. pen \_\_\_\_\_



2. pen \_\_\_\_\_


3. pen \_\_\_\_\_

4. pen \_\_\_\_\_


78 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 2 (5 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 78 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 78 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki gen sans). Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**


 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☛ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòme a ?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt silab yo.

## Dezyèm pati leson an (41 mn)

### Tranzisyon (1 mn)

 Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.


## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (32 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)


☛ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « grangou ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « grangou » ?**

 Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :

☛ **Grangou vle di : Bezwen manje, anvri manje.**

 Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.

☛ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la ?**


 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « grangou » aloral.

☛ **Kiyès ki ka fè epi di yon fraz pou klas la ak mo « grangou » ?**

 Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « grangou » pou elèv yo sou tablo a.

**Egzanp :**

**Timoun yo tèlman grangou yo manje anpil jodi a.**

 Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « Grangou ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.


### 2. Vizyalizasyon (7 mn)

#### Deskripsyon desen (5 mn)

☛ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 58.**

 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

☛ **Kibò nou wè bèt yo ye ? Ki bèt yo ye ? Dekri chak bèt nou wè yo ? Kisa y ap fè ?**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.

Leson 18



 Sourita - Ratito - samdi - maten - Alina - istwa - salon - zanmi - lakou - travay - anndan - mayi - pandan - amizan

 rakonte - rele - gade - kite - antre - kòmanse - manje - santi - rale - sove - manke

 Samdi maten, manman Alina rakonte li yon istwa nan salon an.  
Pandan yo kòmanse manje, Ratito santi y ap rale ke li. Lè li vire, li wè yon chat k ap rale li.

58 Map li nèt ale 2 A.F.

### Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**
  - ☞ *Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.*

### 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

#### Li istwa

- ☞ *Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :*
  - *Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.*
  - *Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.*
  - *Aprè sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.*
  - *Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.*
- ☞ **Mwen pral li istwa a youn premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou. Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen!**
  - ☞ *Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.*

**Sourita ak Ratito**

Samdi maten, manman Alina rakonte li yon istwa nan salon an. Se istwa yon sourit ak yon rat. Sourit la rele Sourita, rat la rele Ratito. Yo se de (2) bon zanmi, y ap viv nan menm lakou. Yo toujou grangou. Travay yo, se ale gade sa lòt moun kite pou yo pran.

Yon jou, yo antre anndan yon depo manje. Yo jwenn anpil mayi. Pandan yo kòmanse manje, Ratito santi y ap rale ke li. Lè li vire, li wè yon chat k ap rale li. Li rele : « Anmwe ! » Sourita ak Ratito sove, men Ratito manke pèdi ke li. Alina ri epi li di : « Manman, istwa sa a amizan anpil ».

**Kesyon**

1. Ki tit istwa a ?
2. Kiyès ki t ap rakonte istwa sa a ?
3. Ki bò manman Alina avèk li te ye ?
4. Ki bèt Sourita ak Ratito te ye? Kibò yo t ap viv ?
5. Èske vant yo te konn plen ?
6. Ki travay yo te renmen fè ?
7. Ki kote yo te ale manje ?
8. Kisa Ratito te santi ?
9. Kisa ki te rive yo ?
10. Èske Alina te renmen istwa a? Poukisa ?

Lesson 18

M ap li nèt ale 2 A.F. 59

#### Sourita ak Ratito

Samdi maten, manman Alina rakonte li yon istwa nan salon an. Se istwa yon sourit ak yon rat. Sourit la rele Sourita, rat la rele Ratito. Yo se de (2) bon zanmi, y ap viv nan menm lakou. Yo toujou grangou. Travay yo, se ale gade sa lòt moun kite pou yo pran.

Yon jou, yo antre anndan yon depo manje. Yo jwenn anpil mayi. Pandan yo kòmanse manje, Ratito santi y ap rale ke li. Lè li vire, li wè yon chat k ap rale li. Li rele : « Anmwe ! » Sourita ak Ratito sove, men Ratito manke pèdi ke li. Alina ri epi li di : « Manman, istwa sa a amizan anpil ».

- ☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**
  - ☞ *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
  - ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*



#### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay ki ekri sou tablo a.

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.

#### 5. Reponn kesyon (11 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
  1. Ki tit istwa a?

Repons:

- (1) Tit istwa a se « Sourita ak Ratito ».
2. Kiyès ki t ap rakonte istwa sa a?
3. Ki bò manman Alina avèk li te ye?
4. Ki bèt Sourita ak Ratito te ye? Kibò yo t ap viv?
5. Èske vant yo te konn plen?
6. Ki travay yo te renmen fè?
7. Ki kote yo te ale manje?
8. Kisa Ratito te santi?
9. Kisa ki te rive yo?
10. Èske Alina te renmen istwa a? Poukisa?


### Aktivite 5 Pwodiksyon (6 mn)

#### 1. Pwodiksyon alekri


##### Egzèsis # 3 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 79 pou fè egzèsis # 3 a.


- ☞ Nou pral jwenn sans mo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 79 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Antoure lèt ki genyen bon definisyon mo a dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!

 Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Pou premye mo a, kiyès ki ka di ki lèt li chwazi epi li repons li jwenn nan pou klas la byen fò?

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi korije ak tout klas la. Fè menm jan pou lòt mo a.

3- Antoure lèt ki genyen bon definisyon mo a dapre istwa a.  
Mizik vle di:

- Son agreyab ki soti nan gòj oubyen nan enstriman mizik.
- Non yo bay yon bèt ki genyen kou long.

Kanaval vle di:

- Kote yo ranje machin.
- Festival kote moun degize pou yo chante ak danse.

4- Chwazi yon mo nan bwat la pou konplete chak fraz sa yo.

chat - ke - rat

- Gen yon gwo \_\_\_\_\_ nan lakou a.
- Chat la manje \_\_\_\_\_ la.
- \_\_\_\_\_ ak \_\_\_\_\_ pa janm zanmi.

5- Chwazi kèk silab nan tablo a pou fòme 4 mo ki gen sans.

pan	gran	dan
kò	man	se
tra	gou	vay

- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_

Leson 18

M ap li mèt ale - 2 AF 79

3- Antoure lèt ki genyen bon definisyon mo a dapre istwa a.  
Mizik vle di:

- Son agreyab ki soti nan gòj oubyen nan enstriman mizik.
- Non yo bay yon bèt ki genyen kou long.

Kanaval vle di:

- Kote yo ranje machin.
- Festival kote moun degize pou yo chante ak danse.

4- Chwazi yon mo nan bwat la pou konplete chak fraz sa yo.

chat - ke - rat

- Gen yon gwo \_\_\_\_\_ nan lakou a.
- Chat la manje \_\_\_\_\_ la.
- \_\_\_\_\_ ak \_\_\_\_\_ pa janm zanmi.

5- Chwazi kèk silab nan tablo a pou fòme 4 mo ki gen sans.

pan	gran	dan
kò	man	se
tra	gou	vay

- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_

Leson 18

M op li nèt ale - 2 AF 79

### Egzèsis # 4 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 79 pou fè egzèsis # 4 la.
- ☞ **Nou pral konplete fraz ak mo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 79 pou fè egzèsis # 4 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi yon mo nan bwat la pou konplete chak fraz sa yo). Nou konprann? Kòmanse!**
- Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki premye mo li chwazi nan bwat la pou li konplete premye fraz la?**
- Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi korije ak tout klas la. Fè menm jan pou rès egzèsis la.

### Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

- Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li epi eple mo a?**
- Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

### Aktivite 7 Egzèsis pratik pou elèv yo

3- Antoure lèt ki genyen bon definisyon mo a dapre istwa a.  
Mizik vle di:

- Son agreyab ki soti nan gòj oubyen nan enstriman mizik.
- Non yo bay yon bèt ki genyen kou long.

Kanaval vle di:

- Kote yo ranje machin.
- Festival kote moun degize pou yo chante ak danse.

4- Chwazi yon mo nan bwat la pou konplete chak fraz sa yo.

chat - ke - rat

- Gen yon gwo \_\_\_\_\_ nan lakou a.
- Chat la manje \_\_\_\_\_ la.
- \_\_\_\_\_ ak \_\_\_\_\_ pa janm zanmi.

5- Chwazi kèk silab nan tablo a pou fòme 4 mo ki gen sans.

pan	gran	dan
kò	man	se
tra	gou	vay

- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_

Leson 18

M op li nèt ale - 2 AF 79

- Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 5 lan pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.
- ☞ **Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 79 la nan egzèsis # 5 lan.**
- Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.
- ☞ **Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije l anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann? Mwen vle tout elèv fè egzèsis la lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.**
- Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.

# Leson 19

## Objektif:

Konprann yon devinèt  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòme fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

Liv lekti, leson 19, paj 60 - 61  
Kaye egzèsis, leson 19, paj 80 - 81  
Kaye bouyon, kreyon, gòm


## Premye pati leson an (38 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (7 mn)



#### 1. Devinèt (3 mn)

-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Mwen se yon chèz.  
Men mwen pa menm jan ak tout chèz.  
Mwen se yon chèz espesyal.  
Timoun kou granmoun renmen chita sou mwen.  
Mwen ka balanse tankou yon balansin.  
Kisa mwen ye? (Repons : Dodin)

-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

#### 2. Rapèl (4 mn)

-  *Mande elèv yo mete kaye bouyon yo sou ban an. Epi verifye si yo te fè egzèsis ou te ba yo fè lakay yo a. Apre sa, korije ansanm ak yo.*
- ☞ **Mete kaye bouyon nou sou ban an. Mwen pral pase verifye si nou te fè egzèsis la.**
-  *Bay elèv yo 1 minit pou mete kaye yo sou ban an pou ka verifye si yo fè egzèsis la. Pase verifye kaye kèk elèv nan chak ranje ban.*

- ☞ Kounye a, nou pral korije mo nou fòm yo ansanm sou tablo a. Kiyès ki ka li konsiy lan pou klas la?
  - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li konsiy lan.
- ☞ Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòm a epi site chak silab li chwazi pou li fòm mo a?
  - ☞ Chwazi yon lòt elèv pou li premye mo li fòm a pou klas la. Mande li di ak ki silab li te sèvi pou li fòm mo a. Fè menm jan pou lòt mo yo. Lè w fin korije tout mo yo sou tablo a ak elèv yo, mande yo korije mo yo nan kaye yo si yo te fè erè.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (25 mn)

### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

- ☞ Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzamp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse! Mo a se « ayisyen ».
  - ☞ Leve twa (3) dwèt youn apre lòt pou twa (3) silab ki nan mo a.
- ☞ « Ayisyen » genyen 3 silab « a- yi-syen ».
  - ☞ Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.
- ☞ M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.
 

**Men mo yo : Laferyè – renmen – konstwi – istwa – Sitadèl – etranje.**

  - ☞ Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

### 2. Kole silab pou fòm mo. (5 mn).

- ☞ Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòm mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòm mo. M ap fè yon egzamp pou nou. Koute byen! Nou pare? M ap kòmanse!
 

**Silab yo se (Si-ta-dèl) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (Sitadèl).**

  - ☞ Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòm mo.
- ☞ Li epi kole silab sa yo pou fòm mo ak yo.
 

**Men silab yo : (mon-te) ; (a-yi-ti) ; (ra-kon-te) ; (a-yi-syen) ; (a-mi-ze) ; (Laferyè).**

  - ☞ Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

### 3. Lektü mo sou tablo (5 mn)

- ☞ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo : etranje – touris – eksplike – Sitadèl – Laferyè – istwa – konstwi.
- ☞ Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li chak mo mwen touche ansanm. (2 mn)



difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Ede elèv yo li mo yo pou yo ka chwazi sa ki bon yo.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li ekri yo ki genyen rapò ak mo « Fò »?**
  - ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di ak eple mo yo chwazi yo.

**Leson 19**

1-Nan lis mo ki nan bwat la, chwazi tout mo ki genyen rapò ak mo «Fò». Apre sa, kopye yo sou liy anba yo.

zam - lagè - degizman - kanno - sòlda - kaye

---

2-Chwazi yon mo nan rektang lan pou konplete fraz ki anba yo. Ekri mo a nan espas vid la pou ou fè fraz la.

Touris - naje - flannen

\_\_\_\_\_ yo al vizite Sitadèl la.

Lilin ale \_\_\_\_\_ sou plas la.

---

3-Kopye fraz sa a byen sou liy ki anba yo.

Tamara toujou di touris yo Ayiti gen anpil bèl bagay.

---

80 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 80 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral konplete fraz. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 80 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi yon mo nan rektang lan pou konplete fraz ki anba yo. Ekri mo a nan espas vid la pou ou fè fraz la). Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li chwazi nan bwat la pou li konplete premye fraz la?**
  - ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Fè menm jan pou dezyèm fraz la.

## Dezyèm pati leson an (38 mn)

### Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (29 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « fò ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « fò »?**
  - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- ☞ **Fò: Se yon gwo kay byen solid ki fèt pou pwoteje moun ak peyi pandan epi apre lagè.**
  - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo «fò» aloral.

☞ Kiyès ki ka fè epi di yon fraz pou klas la ak mo «fò»?


☞ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo «fò» pou elèv yo sou tablo a.

**Egzanp :**

**Sitadèl se yon gwo fò ki nan vil Milo.**

☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo «fò». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

Lesson 19



Tamara - touris - kouzin - Katya - Milo - Sitadèl - Laferyè - Ayisyen - etranje - paran - istwa - travay - anpil  
konstwi - renmen - vizite - eksplike - konnen - vini - mennen

Sitadèl Laferyè se yon gwo fò ki sou tèt yon mòn.  
Lè touris yo vini, Tamara mennen yo ale vizite Sitadèl.

60 M ap li nèt ale 2 A.F.

## 2. Vizyalizasyon (7 mn)

### Deskripsyon desen (5 mn)

☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 60.

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

☞ Kibò nou wè Sitadèl la ye? Kisa ki genyen nan mòn nan? Kisa moun yo ap fè? Kisa nou wè ankò nan imaj la?

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.

### Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.

☞ Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?

☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

## 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

### Li istwa

☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.

- Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.

- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

- Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 61 an. Ekri paj 61 an byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv yo nan bon paj la.

☞ Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou.

**Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse li pou nou, koute byen!**

☞ Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.

**Tamara ak touris yo**

Tamara, kouzin Katya ap viv nan vil Milo. Li gen chans poutèt Milo pa lwen Sitadèl Laferyè. Sitadèl Laferyè se yon gwo fò ki sou tèt yon mòn. Se Wa Anri Kristòf (Henry Christophe) ki te fè konstwi Sitadèl la.

Anpil Ayisyen ak anpil touris etranje renmen vizite l. Gran paran Tamara yo te eksplike li tout istwa Sitadèl la. Se konsa Tamara konnen istwa sitadèl la. Lè touris yo vini, Tamara mennen yo ale vizite Sitadèl la. Tamara renmen travay sa a anpil.

**Kesyon**

1. Sou kisa istwa a pale?
2. Kisa Tamara ye pou Katya?
3. Ki bò li te abite?
4. Ki bò Sitadèl la ye?
5. Kiyès ki te fè konstwi Sitadèl la?
6. Kiyès ki te ale vizite Sitadèl la?
7. Kiyès ki te mennen touris yo ale vizite sitadèl la? Poukisa?
8. Ki jan Tamara te fè konnen tout istwa sitadèl la?

Lesson 19

61 M ap li nèt ale 2 A.F.


### Tamara ak touris yo

Tamara, kouzin Katya ap viv nan vil Milo. Li gen chans poutèt Milo pa lwen Sitadèl Laferyè. Sitadèl Laferyè se yon gwo fò ki sou tèt yon mòn. Se Wa Anri Kristòf (Henry Christophe) ki te fè konstwi Sitadèl la.


Anpil Ayisyen ak anpil touris etranje renmen vizite l. Gran paran Tamara yo te eksplike li tout istwa Sitadèl la. Se konsa

Tamara konnen istwa Sitadèl la. Lè touris yo vini, Tamara mennen yo ale vizite Sitadèl la. Tamara renmen travay sa a anpil.

- ☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

 *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**

 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

#### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay ki ekri sou tablo a.*

- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.*

#### 5. Reponn kesyon (8 mn)

 *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Poze kesyon yo epi mande yon elèv pou reponn. Si yon elèv genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

**1. Sou kisa istwa a pale?**

**Repons posib:**

(1) Istwa a pale sou Tamara ak touris yo. (2) Istwa a pale sou vizit Sitadèl Laferyè a.

**2. Kisa Tamara ye pou Katya?**

**3. Ki bò li te abite?**

**4. Ki bò Sitadèl la ye?**

**5. Kiyès ki te fè konstwi Sitadèl la?**

**6. Kiyès ki te ale vizite Sitadèl la?**

**7. Kiyès ki te mennen touris yo ale vizite Sitadèl la? Poukisa?**

**Repons posib:**

(1) Se Tamara ki mennen touris yo ale vizite Sitadèl la. (2) Paske Tamara konnen tout istwa Sitadèl la. (3) Paske Tamara abite tou prè Sitadèl la.

**8. Ki jan Tamara te fè konnen tout istwa Sitadèl la?**





## Aktivite 7 Egzèsis pratik pou elèv yo

4- Antoure lèt ki genyen bon definisyon mo a dapre istwa a.  
Grangou vle di:






a. Bezwen manje.  
b. pa kapab manje.

5- Chwazi kèk silab nan tablo a pou fòme 4 mo ki gen sans.

kons	Mi	Si
tou	twi	te
ris	lo	dèl

1. \_\_\_\_\_  
2. \_\_\_\_\_  
3. \_\_\_\_\_  
4. \_\_\_\_\_

M ap li nèt ale - 2 AF 81

-  Lè w fin fè leson an nèt, bay elèv yo egzèsis # 5 lan pou ale fè lakay yo. Toujou korije egzèsis la ak tout klas la nan pwochen leson ou pral fè avèk yo.
-  **Pran kaye egzèsis nou an, ale nan paj 81 la nan egzèsis # 5 lan.**
-  Verifye si elèv yo nan bon paj la epi si yo wè egzèsis la.
-  **Egzèsis sa a, se pou nou ale fè lakay nou. N ap korije l anvan nou kòmanse pwochen leson an. Nou konprann ? Mwen vle tout elèv fè egzèsis la lè yo rive lakay yo. Mèsi pou patisipasyon nou nan leson jodi a.**
-  Toujou sonje korije egzèsis yo ak elèv yo anvan ou kòmanse lòt leson an.

# Leson 20 Revizyon

## Objektif:

Konprann yon devinèt  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòm fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

Liv lekti, leson 20, paj 62 - 63  
Kaye egzèsis, leson 20, paj 82 - 83  
Kaye bouyon, kreyon, gòm


## Premye pati leson an (27 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (7 mn)


#### 1. Devinèt (3 mn)


-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Mwen tonbe gout pa gout.  
Depi mwen pral tonbe tan mare.  
Lè m ap tonbe tout moun kouri al pare pou yo pa mouye. Pafwa mwen vini ak van.  
Pafwa mwen vini ak loray.  
Kisa mwen ye? (Repons: Lapli)

-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

#### 2. Rapèl (4 mn)

-  *Mande elèv yo mete kaye bouyon yo sou ban an. Epi verifye si yo te fè egzèsis ou te ba yo fè lakay yo a. Apre sa, korije ansanm ak yo.*
- ☞ **Mete kaye bouyon nou sou ban an. Mwen pral pase verifye si nou te fè egzèsis la.**



- ☞ Bay elèv yo 1 minit pou mete kaye yo sou ban an pou ka verifye si yo fè egzèsis la. Pase verifye kaye kèk elèv nan chak ranje ban.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije mo nou fòme yo ansanm sou tablo a. Kiyès ki ka li konsiy lan pou klas la?**
  - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li konsiy lan.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòme a epi site chak silab li chwazi pou li fòme mo a?**
  - ☞ Chwazi yon lòt elèv pou li premye mo li fòme a pou klas la. Mande li di ak ki silab li te sèvi pou li fòme mo a. Fè menm jan pou lòt mo yo. Lè w fin korije tout mo yo sou tablo a ak elèv yo, mande yo korije mo yo nan kaye yo si yo te fè erè.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (10 mn)

### 1. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

- ☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 62 a.
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 62 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
  - ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
  - ☞ Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
  - ☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### 2. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)



- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 62 a.
- ☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
  - ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
  - ☞ Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv la ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
  - ☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.



## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (24 mn)



### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (8 mn)

#### Revizyon mo vokabilè (4 mn)

-  *Ekri 4 mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.*
- ☞ **Ki elèv nan klas la ki ka li, eple epi bay sans mo sa yo?**
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.*

### 2. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

#### Li istwa

-  *Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:*
  - *Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.*
  - *Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.*
  - *Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.*
  - *Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 63 a. Ekri paj 63 a byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv yo nan bon paj la.*
- ☞ **Mwen pral li istwa a youn premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse li pou nou, koute byen!**
-  *Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.*

**Istwa Sitadèl la**

Yon lendi maten, pwofesè Tamara a ap rakonte istwa Sitadèl la. Lè pwofesè a kòmanse pale, Tamara souri. David gade Tamara, li di: «Poukisa ou souri a?» Tamara reponn: «Se yon istwa mwen konnen byen. Anpil fwa, anvan mwen dòmi, granpapa m rakonte m li». Pwofesè a di Tamara ak David: «Kisa n ap di konsa?» David reponn: «Tamara konn istwa sa a byen». Pwofesè a di Tamara: «Vin rakonte istwa a pou klas la». Tamara di: «Sitadèl la se yon gwo fò. Li sou tèt yon mòn. Li te fèt pou pwoteje peyi nou. Li se senbòl libète nou». Lè Tamara fin pale, klas la bat youn gwo bravo.

**Kesyon**



1. Ki tit istwa a?
2. Kiyès ki te ap rakonte istwa Sitadèl la?
3. Ki jou pwofesè a te ap rakonte istwa Sitadèl la?
4. Poukisa Tamara te ap souri?
5. Kiyès ki te rakonte Tamara istwa Sitadèl la?
6. Kisa granpapa Tamara te rakonte l'ou Sitadèl la?
7. Poukisa elèv yo te bat bravo pou Tamara?
8. Èske ou renmen Sitadèl la? Poukisa?

Leson 20 Revizyon

M ap li mèl ale 2 A.F. 63

#### Istwa Sitadèl la


Yon lendi maten, pwofesè Tamara a ap rakonte istwa Sitadèl la. Lè pwofesè a kòmanse pale, Tamara souri. David gade Tamara, li di: «Poukisa ou souri a?». Tamara reponn: «Se yon istwa mwen konnen byen. Anpil fwa, anvan mwen dòmi, granpapa m rakonte m li». Pwofesè a di Tamara ak David: «Kisa n ap di konsa?». David reponn: «Tamara konn istwa sa a byen». Pwofesè a di Tamara: «Vin rakonte istwa a pou klas la». Tamara di: «Sitadèl la se yon gwo fò. Li sou tèt yon mòn. Li te fèt pou pwoteje peyi nou. Li se senbòl libète nou». Lè Tamara fin pale, klas la bat youn gwo bravo.

- ☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**
-  *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
-  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**

 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 3. Reponn kesyon (8 mn)

 *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

#### 1. Ki tit istwa a ?

**Repons:**

(1) Tit istwa a se «Istwa Sitadèl la».

2. Kiyès ki t ap rakonte istwa Sitadèl la ?

3. Ki jou pwofesè a t ap rakonte istwa Sitadèl la ?

4. Poukisa Tamara t ap souri ?

5. Kiyès ki te rakonte Tamara istwa Sitadèl la ?

6. Kisa granpapa Tamara te rakonte l sou Sitadèl la ?

7. Poukisa elèv yo te bat bravo pou Tamara ?

8. Èske ou renmen Sitadèl la ? Poukisa ?

## Aktivite 5 Pwodiksyon (3 mn)

3-Antoure lèt ki bay bon repons lan dapre istwa a.

Fò vle di:

- Gwo kay byen solid ki fèt pou pwoteje moun ak peyi pandan epi apre lagè.
- Kay ki fèt an tòl.

Leson 20


M ap li nèt ale - 2 AF 83

### 1- Pwodiksyon alekri (3 mn)


#### Egzèsis # 3 (3 mn)

 *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 83 pou fè egzèsis # 3 a.*


- ☞ **Nou pral sèvi ak kèk definisyon pou nou ka jwenn sans kèk mo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 83 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Antoure lèt ki bay bon repons lan dapre istwa a). Nou konprann ? Kòmanse !**

 *Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm. Ede elèv yo li mo a ak definisyon yo bay yo pou yo ka chwazi bon an.*


- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*


- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka li pou klas la definisyon li chwazi ki mache ak mo a ?**

 *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di definisyon yo chwazi ki mache ak mo a. Si yon elèv pa jwenn bon definisyon an, chwazi yon lòt elèv ki reyisi egzèsis la pou bay bon definisyon an. Oubyen ede li ou menm.*

## Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

 *Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li jodi a.*

- ☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a ?**

 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.*

# Leson 21

## Objektif:

Konprann yon devinèt  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòme fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

Liv lekti, leson 21, paj 64 - 65  
Kaye egzèsis, leson 21, paj 84 - 85  
Kaye bouyon, kreyon, gòm

## Premye pati leson an (40 mn)


### Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

#### 1. Devinèt (3 mn)

-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*


Mwen se yon bèt volay  
Mwen gen bèl plimay  
Mwen renmen chante

Chak maten mwen chante « koukouyoukou »  
Depi mwen chante tout moun konnen li jou  
Kiyès mwen ye ? (Repons : Kòk)

-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

### Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (31 mn)

#### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

-  *Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi**



di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzanz pou nou. Koute byen. Nou pare ? M ap kòmanse ! Mo a se « endepandans ».

Leve kat (4) dwèt youn apre lòt pou kat (4) silab ki nan mo a.

☞ « endepandans » genyen 4 silab « en-de-pan-dans ».

Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.

☞ M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.

Men mo yo : Site – Gonayiv – netwaye – bandwòl – dekore – mizisyen.

Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

## 2. Kole silab pou fòme mo. (5 mn).

Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòme mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.

☞ Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòme mo. M ap fè yon egzanz pou nou. Koute byen. Nou pare ? M ap kòmanse !  
Silab yo se (en-vi-te) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (envite).

Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòme mo.

☞ Li epi kole silab sa yo pou fòme mo ak yo.

Men silab yo : (en-pò-tans) ; (Go-na-yiv) ; (ne-twa-ye) ; (ban-dwòl) ; (dra-po).

Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

## Egzèsis # 1 (3 mn)

Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 84 pou fè egzèsis # 1 an.

☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 84 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li). Nou konprann ? Kòmanse !

Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki jan li dekoupe premye mo a epi nan konbyen kare li ekri silab li jwenn yo ?

**Leson 21**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab
li b è t e	li   b è   t e
teyat	
bandwòl	
pwoklame	
netwaye	

2- Komplète silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki genyen sans.

endepan_____	dans/das
Gona_____	yav/yiv
pre_____	mye/nye
jan_____	vye/lye

84 Kaye egzèsis

**Leson 21**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab		
libè/te	li	bè	te
teyat			
bandwòl			
pwoklame			
netwaye			

2- Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki genyen sans.

endepan_____	dans/das
Gona_____	yav/yiv
pre_____	mye/nye
jan_____	vye/lye

84 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 2 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 84 pou fè egzèsis # 2 a.*
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 84 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki genyen sans). Nou konprann? Kòmanse!**
    - ☞ *Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
  - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
    - ☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
  - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòme a?**
    - ☞ *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt silab yo.*








### 3. Lekti mo sou tablo (5 mn)

- ☞ *Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: Gonayiv – lameri – zansèt – endepandans – mizisyen – drapo – pwoklame.*
- ☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**
  - Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**
  - Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.*

### 4. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

- ☞ *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 64 la.*
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 64 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
  - ☞ *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
  - ☞ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo kole yo ansanm pou yo ka li mo yo.*
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
  - ☞ *Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

## 5. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

-  Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 64 la.
-  **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
-  **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
-  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
  - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
  - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
-  **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
-  Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

## Aktivite 3 Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye (6 mn)








3- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.  
endepandans - Gonayiv - pwoklame - fete

4- Komplete fraz sa yo dapre istwa a.  
1- Gonayiv se Site \_\_\_\_\_  
2- Chak premye \_\_\_\_\_, anpil moun antre pou vin fete.

M ap li nèk ale - 2 AF 85


Lesson 21

## Egzèsis # 3 (6 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 85 pou fè egzèsis # 3 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.
-  **Nou pral ekri mo nan kaye egzèsis nou. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 85 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo). Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difkilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
-  **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
-  **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la premye mo li kopye nan kaye li a?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.

## Dezyèm pati leson an (34 mn)

### Tranzisyon (1 mn)

-  Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (27 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, genyen mo « endepandans ». Èske nou konnen kisa mo sa a vle di?

Nan ki moman nou konn tande mo « endepandans » ?

- Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- Endepandans vle di: lè yon moun oubyen yon peyi lib pou l dirije tèt li. Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo a.
- Kiyès ki ka li epi eple mo « endepandans » pou klas la ? Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « endepandans » aloral.
- Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « endepandans » ? Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « endepandans » pou elèv yo sou tablo a.

Egzanp:

Lendi se fèt endepandans peyi Ayiti.

- Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « endepandans ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

### 2. Vizyalizasyon (7 mn)

#### Deskripsyon desen (5 mn)

- Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 64. Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:
- Kisa nou wè nan imaj la ? Ki koulè drapo a ? kisa moun yo ap fè ? Ak kisa moun yo ap netwaye ? Kisa ki nan bandwòl la ? Konbyen moun nou wè nan imaj la ? Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.

#### Prediksyon dapre desen (2 mn)


- Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ? Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

### 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

#### Li istwa

Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:

- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.
- Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.
- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.



### Fèt Gonayiv

Gonayiv se Site Endependans. Sa vle di se la zansèt nou yo te pwoklame Endependans Ayiti. Chak premye janvyè, anpil moun antre pou vin fete.

Lameri ak moun nan zòn nan netwaye tout kote. Yo dekore, yo mete bandwòl ak drapo ble ak wouj. Jou fèt la, timoun ak granmoun prepare teyat sou lavi zansèt yo. Epi, yo envite mizisyen pou moun vin danse, chante. Fèt sa a gen anpil enpòtans pou tout pitit peyi a.

Papa Alina se moun Gonayiv. Tout fanmi an toujou pase fèt sa a Gonayiv. Ala yon bèl fèt se fèt Endependans!

#### Kesyon

1. Sou kisa istwa a pale ?
2. Moun ki kote papa Alina ye ?
3. Poukisa yo rele Gonayiv site Endependans ?
4. Kisa Lameri ak moun yo te fè pou prepare fèt la ?
5. Kisa granmoun yo ak timoun yo te fè pou fèt la ?
6. Èske papa Alina ak fanmi l renmen pase fèt sa a Gonayiv ? Poukisa ?

Leson 21

M ap li mèl ale 2 A.F.

65

- Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 65 lan. Ekri paj 65 lan byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou an. Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.

☞ Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.

## Fèt Gonayiv

Gonayiv se Site Endependans. Sa vle di se la zansèt nou yo te pwoklame Endependans Ayiti. Chak premye janvyè, anpil moun antre pou vin fete.

Lameri ak moun nan zòn nan netwaye tout kote. Yo dekore, yo mete bandwòl ak drapo ble ak wouj. Jou fèt la, timoun ak granmoun prepare teyat sou lavi zansèt yo. Epi, yo envite mizisyen pou moun vin danse, chante. Fèt sa a gen anpil enpòtans pou tout pitit peyi a.

Papa Alina se moun Gonayiv. Tout fanmi an toujou pase fèt sa a Gonayiv. Ala yon bèl fèt se fèt Endependans!

- ☞ Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)

☞ Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.

- ☞ Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

- ☞ Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

☞ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.

## 5. Reponn kesyon (6 mn)

☞ Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Sou kisa istwa a pale ?

Repons:

(1) Istwa a pale sou fèt endepandans Ayiti nan Gonayiv.

2. Moun ki kote papa Alina ye ?

3. Poukisa yo rele Gonayiv site Endepandans ?

4. Kisa lameri ak moun yo te fè pou prepare fèt la ?

5. Kisa granmoun yo ak timoun yo te fè pou fèt la ?

6. Èske papa Alina ak fanmi l renmen pase fèt sa a Gonayiv ? Poukisa ?

## Aktivite 5 Pwodiksyon (4 mn)

### 1. Pwodiksyon alekri

#### Egzèsis # 4 (4 mn)

☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 85 pou fè egzèsis # 4 la.

☞ Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 85 pou fè egzèsis # 4 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a).  
Nou konprann ? Kòmanse !

☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo ?

☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou li mo yo itilize yo pou konplete fraz yo.

3- Kopye mo sa yo byen sou liy ki anba yo.

endepandans - Gonayiv - pwoklame - fete

4- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

1- Gonayiv se Site \_\_\_\_\_

2- Chak premye \_\_\_\_\_, anpil moun antre pou vin fete.

M ap li nèk ale - 2 AF 85

Lesson 21

## Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

☞ Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li jodi a.

☞ Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a ?

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

# Leson 22

## Objektif:

Eksprime opinyon sou yon tèm  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòme fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

Liv lekti, leson 22, paj 66 - 67  
Kaye egzèsis, leson 22, paj 86 - 87  
Kaye bouyon, kreyon, gòm

## Premye pati leson an (35 mn)





### Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

#### 1. Kozri (3 mn)




-  Mande elèv yo pale sou « enpòtans pwòpte ».
- ☞ Kounye a, nou pral pale sou « enpòtans pwòpte ». Kiyès ki ka di klas la poukisa li enpòtan pou nou fè pwòpte lakay nou ak nan anviwònman nou?
-  Chwazi 4 elèv pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou pale sou enpòtans pwòpte. Ankouraje, felisite elèv ki patisipe yo.

### Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (32 mn)





#### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

-  Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzàn pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse! Mo a se « poubèl ».
-  Leve de (2) dwèt youn apre lòt pou de (2) silab ki nan mo a.
- ☞ « Poubèl » genyen 2 silab « pou-bèl ».
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.
- ☞ M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.
- Men mo yo: gade – aksyon – dimanch – jete – apremidi – felisite.**
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifie si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.





## 1. Kole silab pou fòmè mo. (6 mn).

-  Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòmè mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ **Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòmè mo. M ap fè yon egzanp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse!**  
Silab yo se (a-pre-mi-di) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (apremidi).
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòmè mo.
- ☞ **Li epi kole silab sa yo pou fòmè mo ak yo.**  
Men silab yo : (sa-chè); (kou-ri); (pou-bèl); (ko-ze); (fe-li-si-te); (pwòp).
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

## Egzèsis # 1 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 86 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 86 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòmè mo ki gen sans). Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki premye mo li fòmè a epi eple li?**
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou lòt mo yo.

## Egzèsis # 2 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 86 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 86 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Mete mo yo nan lòd pou nou fòmè fraz). Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòmè a ak mo ki nan premye liy lan?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou mo ki nan lòt liy yo.

**Leson 22**

1- Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòmè mo ki gen sans.

ach - san - ba - fe - pwòp - sal

\_\_\_\_\_ach\_te

\_\_\_\_\_te

\_\_\_\_\_te

\_\_\_\_\_te

\_\_\_\_\_te

---

2- Mete mo yo nan lòd pou nou fòmè fraz.

a. pwòp. - la - Plas

\_\_\_\_\_

b. aksyon. - se - Pwòpte - yon - bon

\_\_\_\_\_

c. sote - Timoun - kòd. - yo - ap


\_\_\_\_\_



## 2. Lekti mo sou tablo (5 mn)

- ☞ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: aksyon – felisite – ranmase – jete – poubèl – sachè – bekàn.
- ☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**  
**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**  
**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

Leson 22



▲ aksyon - dimanch - apremidi - Katya - Emil - pyebwa  
- timoun - bekàn - sachè - poubèl - gentan

🍌 bwè - chita - pale - monte - jete - reyaji - ranmase - felisite - souri

🍌 Plas la ap bèl si tout moun fè menm jan ak nou.  
Timoun yo souri epi yo di: "Mèsi!"

66 M ap li nèt ale 2 A.F.

## 3. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

- ☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 66 la.
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 66 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
- ☞ Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

## 4. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 66 la.
- ☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

# Dezyèm pati leson an (36 mn)

## Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (28 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « poubèl ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « poubèl »?
  - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- ☞ **Poubèl: Se sak, bwat kote yo mete fatra.**
  - ☞ Ekri mo ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**
  - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « poubèl » aloral.
- ☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « poubèl »?**
  - ☞ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « poubèl » pou elèv yo sou tablo a.

**Egzanp:**

**Elèv yo mete fatra yo nan poubèl la.**

- ☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « poubèl ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

### 2. Vizyalizasyon (7 mn)


#### Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 66.
  - ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:
- ☞ **Kisa nou wè nan imaj la? Di kèk objè nou wè nan imaj la? Konbyen moun nou wè ladan l? Kisa moun yo ap fè? Ki rad ki sou yo?**
  - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.

#### Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
  - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?**
  - ☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

Leson 22



▲ aksyon - dimanch - apre midi - Katya - Emil - pyebwa - timoun - bekàn - sachè - poubèl - gentan

🍌 bwè - chita - pale - monte - jete - reyaji - ranmase - felisite - souri

👩 Plis la ap bèl si tout moun fè menm jan ak nou. Timoun yo souri epi yo di: "Mési!"

66 Map li nèt ale 2 A.F.

### 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

#### Li istwa

 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.


- Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.

- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

- Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 67 la. Ekri paj 67 byen gwo sou tablo a.

Verifye si tout elèv nan bon paj la.

 **Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou an. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.**

 Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.

#### Yon bon aksyon

Dimanch apremidi, Katya ak Emil ale bwè krèm sou plas la. Yo chita anba yon pyebwa, y ap pale. Yo wè timoun k ap monte bekàn. Gen lòt k ap bwè krèm. Pandan yo sou plas la, yo wè de (2) moun ki jete sachè yo atè a. Yo pa menm gentan reyaji, de (2) timoun ranmase sachè yo. Yo jete yo nan poubèl. Katya ak Emil felisite yo pou bèl jès sa a. Katya di yo: «Bravo, timoun. Plas la ap bèl si tout moun fè menm jan ak nou». Timoun yo souri epi yo di: «Mèsi!»

#### Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Kisa Katya ak Emil te al fè sou plas la ?
3. Kisa lòt moun yo t ap fè pou amize yo ?
4. Ki jès de (2) moun yo te fè ki pa t bon ?
5. Ki jès timoun yo te fè ki te bon ?
6. Kisa Katya ak Emil te fè lè yo wè jès timoun yo ?
7. Poukisa li enpòtan pou moun itilize poubèl ?


Leson 22

M ap li nèt ale 2 A.F.

67


#### Yon bon aksyon

Dimanch apremidi, Katya ak Emil ale bwè krèm sou plas la. Yo chita anba yon pyebwa, y ap pale. Yo wè timoun k ap monte bekàn. Gen lòt k ap bwè krèm. Pandan yo sou plas la, yo wè de (2) moun ki jete sachè yo atè a. Yo pa menm gentan reyaji, de (2) timoun ranmase sachè yo. Yo jete yo nan poubèl. Katya ak Emil felisite yo pou bèl jès sa a. Katya di yo: «Bravo, timoun. Plas la ap bèl si tout moun fè menm jan ak nou». Timoun yo souri epi yo di: «Mèsi!».

 **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.


 **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.


 **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.

### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

 **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

 **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.

## 5. Reponn kesyon (7 mn)

*Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

**1. Ki tit istwa a ?**

**Repons:**

(1) Tit istwa a se «Yon bon aksyon».

**2. Kisa Katya ak Emil te al fè sou plas la ?**

**3. Kisa lòt moun yo t ap fè pou amize yo ?**

**4. Ki jès de (2) moun yo te fè ki pa t bon ?**

**Repons posib:**

(1) Yo te jete sachè yo atè a. (2) Yo te jete fatra sou plas la.

**5. Ki jès timoun yo te fè ki te bon ?**

**6. Kisa Katya ak Emil te fè lè yo wè jès timoun yo ?**

**7. Poukisa li enpòtan pou moun itilize poubèl ?**

**Repons posib :**

(1) Paske li fèt pou moun met fatra. (2) Paske lapwòpte enpòtan. (3) Paske gen anpil maladi ou ka pran nan fatra si ou pa itilize poubèl. (4) Paske si w itilize poubèl ap gen mwens mikwòb ki ka detwi ou.

## Aktivite 5 Pwodiksyon (5 mn)

3. Chwazi yon mo nan bwat la pou konplete chak fraz sa yo.

**bwè - poubèl - detann**

a- Timoun yo dwe toujou jete fatra a nan \_\_\_\_\_ la.

b- Katya ak Emil ap \_\_\_\_\_ krèm sou plas la.

Leson 22

M ap li nèt ale - 2 AF 87

### 1. Pwodiksyon alekri

#### Egzèsis # 3

*Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 87 pou fè egzèsis # 3 a.*

☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 87 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi yon mo nan bwat la pou konplete chak fraz sa yo). Nou konprann? Kòmanse!**

*Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

*Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo ?**

*Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou li mo yo itilize yo pou konplete fraz yo.*

## Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

*Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li jodi a.*

☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a ?**

*Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.*

# Leson 23

## Objektif:

- Aprann yon tèks powetik
- Li mo ak fraz byen epi vit
- Ekri mo byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòme fraz
- Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

- Liv lekti, leson 23, paj 68 - 69
- Kaye egzèsis, leson 23, paj 88 - 89
- Kaye bouyon, kreyon, gòm

## Premye pati leson an (38 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

#### 1. Pwezi (3 mn)

-  *Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a. Ansuit, mande elèv yo repete l pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*



Pwòpte

Pwòpte se zanmi lasante



Bale, netwaye, ranje

Se bon jan aksyon pou fè pwòpte

A la bèl sa bèl lè tout fatra nan poubèl





- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

#### 2. Rapèl (3mn)




-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, fè yo bay sans li epi eple mo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an, bay sans epi eple mo a?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.*

## Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)




### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

-  Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzàn pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse! Mo a se «vwazen»
-  Leve de (2) dwèt youn apre lòt pou de (2) silab ki nan mo a.
- ☞ «Vwazen» genyen 2 silab «vwa-zen»
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.
- ☞ M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.  
Men mo yo: parèt – touye – konnen – dwe – atansyon – pwòp.
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

### 2. Kole silab pou fòmè mo. (3 mn).

-  Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòmè mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòmè mo. M ap fè yon egzàn pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse!  
Silab yo se (si-twa-yen) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (sitwayen)
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòmè mo.
- ☞ Li epi kole silab sa yo pou fòmè mo ak yo.  
Men silab yo: (So-lon); (pi-pi); (pa-don); (kon-nen); (pan-tan).
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

### Egzèsis # 1 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 88 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 88 pou fè egzèsis #1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen!  
(Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li). Nou konprann? Kòmanse!
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki jan li dekoupe premye mo a epi nan konbyen kare li ekri silab li jwenn yo?

**Leson 23**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab		
Sitwa/dèl	Si	ta	dèl
sitwayen			
atansyon			
pa don			
pan tan			

2- Ajoute silab «te» nan espas vid ki nan mo anba yo pou fòmè mo ki gen sans. Apre sa li mo yo.

a. kalli \_\_\_\_\_

b. libè \_\_\_\_\_

c. \_\_\_\_\_ levizyon

d. \_\_\_\_\_ lefòn

88 Kaye egzèsis

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou lòt mo yo.

**Leson 23**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab		
Sitadèl	Si	ta	dèl
sitwayen			
atansyon			
padon			
pantan			

2- Ajoute silab «te» nan espas vid ki nan mo anba yo pou fè mo ki gen sans. Apre sa li mo yo.

a. kali \_\_\_\_\_  
 b. libè \_\_\_\_\_  
 c. \_\_\_\_\_ levizyon  
 d. \_\_\_\_\_ lefòn

88 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 88 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 88 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ajoute silab « te » nan espas vid ki nan mo anba yo pou fè mo ki gen sans. Apre sa li mo yo). Nou konprann? Kòmanse!**
- ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li jwenn ak silab li kole yo?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Fè menm jan pou chak silab yo.

### 3. Lekti mo sou tablo (5 mn)

- ☞ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: pantan – sitwayen – ankò – katye – anyen – parèt – vwazin.
- ☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**
- Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**
- Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

### 4. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

- ☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 68 la.
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 68 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
- ☞ Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

**Leson 23**

▲ vwazin - Eliza - jaden - Solon - dèyè - Emil - pantan - anyen - sitwayen - ankò - atansyon - katye

🍌 rele - parèt - reponn - dwe - pipi - bese - kenbe

🗣️ Li di : "Oooo ! Solon, sa w ap fè nan kwen kay la?"  
 Solon pantan, li reponn : "Anyen nan".  
 Nou tout dwe kenbe katye a pwòp.

68 M ap li mèl ale 2 A.F.



vwazin - Eliza - Jaden - Solon - dèyè - Emil - pantan - anyen - sitwayen - ankò - atansyon - katye  
 rele - parèt - reponn - dwe - pipi - bese - kenbe  
 Li di : "Oooo ! Solon, sa w ap fè nan kwen kay la?"  
 Solon pantan, li reponn : "Anyen non".  
 Nou tout dwe kenbe katye a pwòp.

### 5. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 68 la.
- ☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### Aktivite 3 Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye (3 mn)

3- Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

- a. pipi - sou - pa - dwe - Ou - plant yo.
- b. lago. - fè - Milli - ap
- c. rete - pwòp. - Lari a - dwe

4- Antoure lèt ki bay bon repons lan.

Poubèl vle di:

- a. Kote yo jete fatra.
- b. Kote moun jwe boul.

5. Chwazi yon mo ki nan bwat la pou ou konplete chak fraz sa yo.

sitwayen - drapo - kwen

- a- Eli depoze yon po flè nan \_\_\_\_\_ kay la.
- b- Magali fèt an Ayiti. Li se \_\_\_\_\_ peyi Ayiti.

### Egzèsis # 3 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 89 pou fè egzèsis # 3 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.
- ☞ **Nou pral kopye fraz ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 89 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans). Suiv modèl la pou nou ka kopye fraz la. Nou konprann ? Kòmanse!**
- ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li fòme ak premye gwoup mo yo ?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt silab yo.

### Dezyèm pati leson an (36 mn)

#### Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.



## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (27 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, genyen mo « sitwayen ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « sitwayen »?

*Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:*

- Sitwayen vle di: Moun ki ap viv nan yon peyi.**

*Ekri mo ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.*

- Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**

*Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « sitwayen » aloral.*

- Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « sitwayen »?**

*Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « sitwayen » pou elèv yo sou tablo a.*

#### Egzanp:

**Gen anpil sitwayen nan peyi a.**

*Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « sitwayen ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.*

### 2. Vizyalizasyon (7 mn)

#### Deskripsyon desen (5 mn)

- Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 68.**

*Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:*

- Kisa nou wè nan imaj la? Kòman timoun yo abiye? Ki koulè rad yo? Kòman dam nan abiye? Ki koulè kay la pentire? Kiyès nou wè devan pòt kay la?**

*Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.*

#### Prediksyon dapre desen (2 mn)

- Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

*Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

- Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?**

*Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.*

### 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

#### Li istwa

*Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:*

- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.

- Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.

- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.



**Pa fè sa !**

Vwazin Eliza gen yon bèl jaden dèyè kay li a. Yon jou, Emil wè Solon ap pipi dèyè kay vwazin Eliza a. Emil rele vwazin Eliza, li parèt. Li di : «Oooo! Solon, sa w ap fè nan kwen kay la?» Solon pantan, li reponn : «Anyen non». Eliza di : «Solon, yon bon sitwayen pa dwe pipi nan lari. Ou pa dwe pipi sou plant yo. Pa fè sa!» Solon bese tèt li epi li reponn: «Padon vwazin. Mwen p ap janm fè sa ankò». Emil di Solon: «Ou wè, fòk nou fè atansyon. Nou tout dwe kenbe katye a pwòp».

**Kesyon**

1. Ki tit istwa a ?
2. Kisa Solon te fè ?
3. Kisa vwazin Eliza te di Solon ?
4. Poukisa nou pa dwe pipi nan lari ?
5. Ki jan Solon te santi lè li wè Eliza ?
6. Poukisa nou tout dwe kenbe katye nou pwòp ?

Leson 23

- Finalman chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.  
Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 69 la. Ekri paj 69 byen gwo sou tablo a.  
Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ **Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou an. Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.**

☞ *Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.*

**Pa fè sa !**

Vwazin Eliza gen yon bèl jaden dèyè kay li a. Yon jou, Emil wè Solon ap pipi dèyè kay vwazin Eliza a. Emil rele vwazin Eliza, li parèt. Li di : «Oooo! Solon, sa w ap fè nan kwen kay la?». Solon pantan, li reponn : «Anyen non». Eliza di : «Solon, yon bon sitwayen pa dwe pipi nan lari. Ou pa dwe pipi sou plant yo. Pa fè sa!» Solon bese tèt li epi li reponn : «Padon vwazin. Mwen p ap janm fè sa ankò». Emil di Solon : «Ou wè, fòk nou fè atansyon. Nou tout dwe kenbe katye a pwòp».

- ☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

☞ *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**

*Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

**4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)**

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

☞ *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*

- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.*

**5. Reponn kesyon (6 mn)**

☞ *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**  
**1. Ki tit istwa a ?**

**Repons:**

- (1) Tit istwa a se «Pa fè sa!»
- 2. Kisa Solon te fè?
- 3. Kisa vwazin Eliza te di Solon?
- 4. Poukisa nou pa dwe pipi nan lari?
- 5. Ki jan Solon te santi lè li wè Eliza?
- 6. Poukisa nou tout dwe kenbe katye nou pwòp?

**Repons posib:**

- (1) Paske li pa bèl lè gen fatra nan katye a. (2) Paske lapwòpte ka pèmèt nou rete ansante.

## Aktivite 5 Pwodiksyon (6 mn)

### 1. Pwodiksyon alekri

#### Egzèsis # 4 (3 mn)



Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 89 pou fè egzèsis # 4 la.

- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 89 pou fè egzèsis # 4 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Antoure lèt ki bay bon repons lan). Nou konprann? Kòmanse!**



Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**



Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di ki lèt li chwazi epi li repons li jwenn nan pou klas la byen fò?**



Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi korije ak tout klas la.

#### Egzèsis # 5 (3 mn)



Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 89 pou fè egzèsis # 5 lan.

- ☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 89 pou fè egzèsis # 5 lan. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi yon mo ki nan bwat la pou ou konplete chak fraz yo). Nou konprann? Kòmanse!**



Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 5 lan. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**



Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**



Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou li mo yo itilize yo pou konplete fraz yo.

3- Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

a. pipi - sou - pa - dwe - Ou - plant yo.  
-----

b. lago. - fè - Milli - ap  
-----

c. rete - pwòp. - Lari a - dwe  
-----

---

4- Antoure lèt ki bay bon repons lan.

Poubèl vie di:

a. Kote yo jete fatra.  
b. Kote moun jwe boul.

---

5. Chwazi yon mo ki nan bwat la pou ou konplete chak fraz sa yo.

sitwayen - drapo - kwen



a- Eli depoze yon po flè nan \_\_\_\_\_ kay la.  
b- Magali fèt an Ayiti. Li se \_\_\_\_\_ peyi Ayiti.

Lesson 23

M ap li mèl ale - 2 AF 89

---

**Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)**

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.*
- ☛ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li epi eple mo a?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.*

# Leson 24

## Objektif:

Aprann yon kontin  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòm fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral




## Materyèl:

Liv lekti, leson 24, paj 70 - 71  
Kaye egzèsis, leson 24, paj 90 - 91  
Kaye bouyon, kreyon, gòm

## Premye pati leson an (40 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

#### 1. Kontin (3 mn)

-  *Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Finalman, mande elèv yo repete li pou kont yo menm jan.*
-  **Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*





Bato

Mwen rele bato.




Mwen rete sou dlo.

Mwen sèvi kote machin pa ka pase.

Mwen transpòte moun ak machandiz.





-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
  -  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
-  **Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
  -  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

#### 2. Rapèl (3mn)




-  *Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li nan leson anvan an.*
-  **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li te li nan leson anvan an?**
  -  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.*

## Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)




### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

-  Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzannp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse! Mo a se « poupe ».
-  Leve de (2) dwèt youn apre lòt pou de (2) silab ki nan mo a.
- ☞ « Poupe » genyen 2 silab « pou-pe »
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.
- ☞ M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.  
Men mo yo : toupatou – disparèt – lakòz – zòrye – avèk – penyen.
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

### 2. Kole silab pou fòme mo. (3 mn).

-  Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòme mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòme mo. M ap fè yon egzannp pou nou. Koute byen. Nou pare! M ap kòmanse!  
Silab yo se (ma-tant) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (matant)
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòme mo.
- ☞ Li epi kole silab sa yo pou fòme mo ak yo.  
Men silab yo : (o-ka-zyon) ; (ma-ko-mè) ; (ma – renn) ; (ma – lèt) ; (o-pre-syon).
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

### Egzèsis # 1 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 90 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 90 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen!  
(Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li). Nou konprann? Kòmanse!
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki jan li dekoupe premye mo a epi nan konbyen kare li ekri silab li jwenn yo?

**Leson 24**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab	
poupe	pou	pe
benyen		
zòrye		
matant		

2- Konplete silab anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki gen sans.

lèt - sil - renn - tant - ri

1. ma \_\_\_\_\_
2. ma \_\_\_\_\_
3. ma \_\_\_\_\_
4. ma \_\_\_\_\_

90 Kaye egzèsis

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou lòt mo yo.

**Leson 24**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab	
poupe	pou	pe
benyen		
zòrye		
matant		

2- Komplete silab anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki gen sans.

lèt - sil - renn - tant - ri

1. ma \_\_\_\_\_
2. ma \_\_\_\_\_
3. ma \_\_\_\_\_
4. ma \_\_\_\_\_

90 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 2 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 90 pou fè egzèsis # 2 a.
- Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 90 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete silab anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki gen sans). Nou konprann? Kòmanse!**
- Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòme a?**
- Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt silab yo.

### 3. Lekti mo sou tablo (5 mn)

- Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: penyen - matant - poupe - zòrye - kriye - papi - jwèt.
- Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**
- Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**
- Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**
- Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

### 4. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

- Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 70 la.
- Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 70 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
- Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
- Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### 5. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

- Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 70 la.
- Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

**Leson 24**

poupe - Katya - matant - kado - Sacha - anpil - jwèt - zanmi - anba - zòrye - papi

renmen - benyen - penyen - mete - tonbe - kriye - reponn - pèdi - chèche

Jou fèt Katya, matant li fè l kado youn poupe. Yon jou, Katya pa wè Sacha, li tonbe kriye.

70 Map li nèt ale 2 A.F.

- ☞ *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
  - ☞ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.*
    - *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.*
    - *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.*
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
  - ☞ *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

### Aktivite 3 Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye (5 mn)

3- Kopye dezyèm fraz ki nan liy zaboka a byen sou liy ki anba yo.


4- Komplete fraz sa yo dapre listwa a.

- 1- Jou fèt Katya, matant li fè l kado yon \_\_\_\_\_.
- 2- Yon jou, Katya pa wè \_\_\_\_\_ li tonbe kriye.
- 3- Emil gade l, li di: "Pou yon jwèt w \_\_\_\_\_ kriye konsa?"

Leson 24

M ap li mèl ale - 2 A.F. 91

Leson 24



▲ poupe - Katya - matant - kado - Sacha - anpil - jwèt - zanmi - anba - zòrye - papi  
● ranmen - benyen - penyen - mete - tonbe - kriye - reponn - pèdi - chèche  
● Jou fèt Katya, matant li fè l kado yon poupe.  
● Yon jou, Katya pa wè Sacha, li tonbe kriye.

70 M ap li mèl ale 2 A.F.

#### Egzèsis # 3

- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 91 pou fè egzèsis # 3 a. Epi mande elèv yo ouvri liv yo nan paj 91 lan ki gen liy zaboka a.*
- ☞ **Nou pral ekri fraz nan kaye egzèsis nou. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 91 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye dezyèm fraz ki nan liy zaboka a byen sou liy ki anba yo). Ouvri liv lekti nou nan paj 70 la epi ale nan liy zaboka a pou nou ka wè dezyèm fraz la. Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ *Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li fraz li kopye a pou klas la?**
  - ☞ *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple mo yo pou klas la.*

### Dezyèm pati leson an (34 mn)

#### Tranzisyon (1 mn)

- ☞ *Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.*

### Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (27 mn)

#### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, genyen mo « poupe ». Èske nou konnen kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « poupe »?**



- ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :
  - ☞ **Poupe : Se jwèt pou timoun ki gen fòm moun.**
  - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo a.
  - ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo « poupe » pou klas la ?**
    - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « poupe » aloral.
  - ☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « poupe » ?**
    - ☞ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « poupe » pou elèv yo sou tablo a.

**Egzanp :**

**Tifi renmen jwe ak poupe.**

- ☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « poupe ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

**2. Vizyalizasyon (7 mn)**

**Deskripsyon desen (5 mn)**

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 70.**
  - ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :
  - ☞ **Kisa nou wè nan imaj la ? Ki bò nou wè poupe a ? Kòman nou wè moun yo ? Konbyen moun nou wè nan imaj la ? Ki koulè rad ki sou moun yo ?**
    - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.

**Prediksyon dapre desen (2 mn)**


- ☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
  - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**
  - ☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

**3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)**

**Li istwa**

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
  - Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.
  - Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.
  - Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.
  - Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 71 lan. Ekri paj 71 byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ **Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou an. Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.**
  - ☞ Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.

Leson 24



poupe - Katya - matant - kado - Sacha - anpil - jwèt - zanmi - anba - zòrye - papi  
 renmen - benyen - penyen - mete - tonbe - kriye - reponn - pèdi - chèche  
 Jou fèt Katya, matant li fè l kado yon poupe.  
 Yon jou, Katya pa wè Sacha, li tonbe kriye.

70 Map li nèt ale 2 A.F.

**Poupe Katya a**

Jou fèt Katya, matant li fè l kado yon poupe. Katya rele poupe a Sacha. Li renmen poupe a anpil. Li benyen l, li penyen l, epi li mete rad sou li.

Yon jou, Katya pa wè Sacha, li tonbe kriye. Emil gade l, li di : "Pou yon jwèt w ap kriye konsa ?" Katya reponn li : "Sacha pa yon jwèt. Se yon zanmi mwen renmen anpil". Emil di : "Sacha pa pèdi non, li anba zòrye papi a". Katya ri ak dlo nan je li. Li ale chèche Sacha. Li di Emil : "Mési anpil. M ap fè Sacha zanmi ou tou !"

**Kesyon**




1. Ki tit istwa a ?
2. Poukisa matant Katya te ba li yon kado ? Kisa li te ye ?
3. Ki jan Katya te rele poupe a ?
4. Poukisa Katya t ap kriye ?
5. Kisa Emil te di Katya ?
6. Dapre nou menm, kisa ki te rive poupe a ?

71 Map li nèt ale 2 A.F.



### Poupe Katya a

Jou fèt Katya, matant li fè l kado yon poupe. Katya rele poupe a Sacha. Li renmen poupe a anpil. Li benyen l, li penyen l, epi li mete rad sou li.


Yon jou, Katya pa wè Sacha, li tonbe kriye. Emil gade l, li di : « Pou yon jwèt w ap kriye konsa? ». Katya reponn li : « Sacha pa yon jwèt. Se yon zanmi mwen renmen anpil ». Emil di : « Sacha pa pèdi non, li anba zòrye papi a ». Katya ri ak dlo nan je li. Li ale chèche Sacha. Li di Emil : « Mèsi anpil ! M ap fè Sacha zanmi ou tou ».

- ☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**  
 *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**  
 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**  
 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**  
 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**  
 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.*

### 5. Reponn kesyon (6 mn)

-  *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

#### 1. Ki tit istwa a ?

Repons:

(1) Tit istwa a se « Poupe Katya a »

2. Poukisa matant Katya te ba li yon kado ? Kisa li te ye ?

3. Ki jan Katya te rele poupe a ?

4. Poukisa Katya t ap kriye ?

5. Kisa Emil te di Katya ?

6. Dapre nou menm, kisa ki te rive poupe a ?


## Aktivite 5 Pwodiksyon (4 mn)

### 1. Pwodiksyon alekri


#### Egzèsis # 4

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 91 pou fè egzèsis # 4 la.


☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 91 pou fè egzèsis # 4 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou di mo yo itilize yo pou konplete fraz yo.

3- Kopye dezyèm fraz ki nan liy zaboka a byen sou liy ki anba yo.

.....

.....

.....

.....

.....

.....

4- Konplete fraz sa yo dapre istwa a.

1- Jou fèt Katya, matant li fè l kado yon.....

2- Yon jou, Katya pa wè....., li tonbe kriye.

3- Emil gade l, li di: "Pou yon jwèt w..... kriye konsa?"


Leson 24

M ap li nèk ale - 2 AF 91

## Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li jodi a.

☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

## Leson 25 Revizyon

### Objektif:

Konprann yon devinèt  
 Li mo ak fraz byen epi vit  
 Ekri mo byen lizib nan kaye  
 Jwenn sans mo pou fòme fraz  
 Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
 Li istwa byen fò ak bon ton  
 Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



### Materyèl:

Liv lekti, leson 25, paj 72 - 73  
 Kaye egzèsis, leson 25, paj 92 - 93  
 Kaye bouyon, kreyon, gòm

## Premye pati leson an (27 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (3 mn)


#### 1. Devinèt (3 mn)

-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Mwen se yon liv  
 Mwen gen anpil paj.  
 Mwen chaje ak mo.


Depi ou bezwen konn sa yon mo vle di,  
 ouvri mwen.

Tout moun sèvi avèk mwen pou jwenn sans mo.  
 Kisa mwen ye? (Repons : Diksyonè)

-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

### Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (24 mn)

#### 1. Kole silab pou fòme mo. (5 mn).

-  *Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòme mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.*

- ☞ **Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòm mo. M ap fè yon egzanp pou nou. Koute byen. Nou pare ? M ap kòmanse !**  
**Silab yo se (joud-lan) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (joudlan).**
  - ☞ *Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòm mo.*
- ☞ **Li epi kole silab sa yo pou fòm mo ak yo.**  
**Men silab yo : (en-de-pan-dans) ; (a-di-syon); (la-re-zo-ne); (fan-mi); (ma-renn).**
  - ☞ *Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.*

### Egzèsis # 1 (3 mn)

- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 92 pou fè egzèsis # 1 an.*
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 92 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li). Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☞ *Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki jan li dekoupe premye mo a epi nan konbyen kare li ekri silab li jwenn yo ?**
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou lòt mo yo.*

**Leson 25 Revizyon**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab
en de pan dans	en   de   pan   dans
joumou	
larezone	
bonjou	
ma renn	

2- Ranje mo yo nan lòd pou fòm fraz ki gen sans.

a) renmen - joumou. - Mwen - soup  
 -----

b) janvyè - se - Premye - joudlan.  
 -----

92 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 92 pou fè egzèsis # 2.*
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 92 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Ranje mo yo nan lòd pou fòm fraz ki gen sans). Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☞ *Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li fòm ak premye gwoup mo a ?**
  - ☞ *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Fè menm jan pou dezyèm gwoup mo a.*

### 2. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

- ☞ *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 72 la.*
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 72 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

Leson 25



premye - janvyè - lakay - marenn - bonjou - fiyèl - manman - joumou - endepandans - larezone - ansanm

rive - reponn - prepare - genyen - bwè - swete - ede - chita

Yon premye janvyè, Alina al lakay marenn li.  
Jou sa a, moun bwè anpil soup joumou, epi yo swete larezone.

72 M ap li nèk ale - 2 A.F.

3- Konplete silab ki anba yo ak silab ki nan bwat la pou fòme mo ki gen sans.

mye - zan - ka - la - te - zidan

- pre \_\_\_\_\_
- pre \_\_\_\_\_
- pre \_\_\_\_\_
- pre \_\_\_\_\_
- pre \_\_\_\_\_

4- Konplete fraz sa yo dapre listwa a.

- Yon premye janvyè, \_\_\_\_\_ al lakay marenn li.
- Lè li rive, li di: "\_\_\_\_\_ marenn!"
- Jou sa a, moun \_\_\_\_\_ anpil \_\_\_\_\_ joumou, epi yo swete larezone.

Leson 25

M ap li nèk ale - 2 A.F. 93

- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
  - ☞ Chwazi kèk elèv (5 fi ak 5 gason) pou li mo yo. Epi si genyen yon elèv ki pa ka li byen, fè yon kamarad ede li. Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab yo. Apre sa, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
  - ☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### 3. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 72 la.
- ☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
  - ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
  - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
  - ☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### Egzèsis # 3 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 93 pou fè egzèsis # 3 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.
- ☞ **Nou pral ekri mo nan kaye egzèsis nou. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 93 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete silab ki anba yo ak silab ki nan bwat la pou fòme mo ki gen sans). Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòme a?**
  - ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt silab yo.

# Dezyèm pati leson an (39 mn)

## Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

## Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (31 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (8 mn)

#### Revizyon mo vokabilè (4 mn)

- ☞ Ekri 4 mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.
- ☞ Ki elèv nan klas la ki ka li, eple epi bay sans mo sa yo?
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

### 2. Vizyalizasyon (7 mn)

#### Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 72.
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:
- ☞ Kisa nou wè nan imaj la? Ki moun nou wè nan imaj la? Kisa y ap fè? Ki koulè rad ki sou moun yo? Konbyen moun nou wè nan imaj la?
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.

#### Prediksyon dapre desen (2 mn)


- ☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?
- ☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

### 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

#### Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:
  - Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.
  - Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.
  - Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.
  - Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.
- Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 73 la. Ekri paj 73 byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.

Leson 25



▲ premye - janvyè - lakay - marenn - bonjou - fiyèl - manman - joumou - endepandans - larezone - ansanm  
 🍷 rive - reponn - prepare - genyen - bwè - swete - ede - chita  
 🍲 Yon premye janvyè, Alina al lakay marenn li. Jou sa a, moun bwè anpil soup joumou, epi yo swete larezone.

72 M ap li nèl ale 2 A.F.

**Premye Janvyè**

Yon premye janvyè, Alina al lakay marenn li. Lè li rive, li di: "Bonjou, marenn!" Marenn nan reponn: "Bonjou fiyèl!" Alina di: "Mwen wè manman m ap prepare soup joumou. Kisa ki genyen?" Marenn nan di li: "Jodi a, se gwo fèt. Se joudlan ak fèt endepandans peyi nou. Jou sa a, moun bwè anpil soup joumou, epi yo swete larezone". Alina di: "Marenn, ou pral fè soup tou?" Marenn nan reponn: "Wi, Alina. Vin ede m". Alina ede marenn li prepare soup la. Ansuit, yo chita ansanm pou yo bwè. Lè Alina pral lakay li, marenn li ba li yon bèl poupe. Li di marenn li: "Mési!"

**Kesyon**




1. Ki kote Alina te ale?
2. Kisa li te wè marenn li ap fè?
3. Kisa li te mande marenn li?
4. Ki repons marenn Alina te ba li?
5. Kisa marenn Alina t ap prepare?
6. Kisa Alina te fè pou marenn li?
7. Kisa marenn Alina te ba li lè li pral lakay li?
8. Poukisa nou fete Endepandans peyi nou?

73 M ap li nèl ale 2 A.F.



 Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.

### Premye Janvyè


Yon premye janvyè, Alina al lakay marenn li. Lè li rive, li di : «Bonjou marenn!». Marenn nan reponn : «Bonjou fiyèl!». Alina di : «Mwen wè manman m ap prepare soup joumou. Kisa ki genyen?». Marenn nan di li : «Jodi a, se gwo fèt. Se joudlan ak fèt endepandans peyi nou. Jou sa a, moun bwè anpil soup joumou, epi yo swete larezone». Alina di : «Marenn, ou pral fè soup tou?». Marenn nan reponn : «Wi, Alina. Vin ede m». Alina ede marenn li prepare soup la. Ansuit, yo chita ansanm pou yo bwè. Lè Alina pral lakay li, marenn li ba li yon bèl poupe. Li di marenn li : «Mèsi!».

- ☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**
  -  *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
  -  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
  -  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**
  -  *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**
  -  *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.*

### 5. Reponn kesyon (6 mn)

-  *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
  1. Ki kote Alina te ale?
  2. Kisa li te wè marenn li ap fè?
  3. Kisa li te mande marenn li?
  4. Ki repons marenn Alina te ba li?



5. Kisa marenn Alina t ap prepare ?
6. Kisa Alina te fè pou marenn li ?
7. Kisa marenn Alina te ba li lè li pral lakay li ?
8. Poukisa nou fete Endependans peyi nou ?

## Aktivite 4 Pwodiksyon (5 mn)

3-Komplete silab ki anba yo ak silab ki nan bwat la pou fòme mo ki gen sans.

mye - zan - ka - la - te - zidan

1. pre \_\_\_\_\_
2. pre \_\_\_\_\_
3. pre \_\_\_\_\_
4. pre \_\_\_\_\_
5. pre \_\_\_\_\_

4-Komplete fraz sa yo dapre istwa a.

a. Yon premye janvyè, \_\_\_\_\_ al lakay marenn li.

b. Lè li rive, li di: " \_\_\_\_\_ marenn!"





c. Jou sa a, moun \_\_\_\_\_ anpil \_\_\_\_\_ jounou, epi yo swete lorezone.

Leson 25



M ap li mèt ale - 2 AF 93

### 1. Pwodiksyon alekri

#### Egzèsis # 4

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 93 pou fè egzèsis # 4 la. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.
- ☞ **Nou pral konplete fraz nan kaye egzèsis nou. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 93 pou fè egzèsis # 4 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Konplete fraz sa yo dapre istwa a). Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou li mo yo itilize pou konplete fraz yo.

## Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li jodi a.
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

# Leson 26

## Objektif:

Konprann yon devinèt  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòm fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

Liv lekti, leson 26, paj 74 - 75  
Kaye egzèsis, leson 26, paj 94 - 95  
Kaye bouyon, kreyon, gòm


## Premye pati leson an (32 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

#### 1. Devinèt


-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Mwen se yon jwèt timoun  
Timoun trase kawo atè pou yo jwe m  
Yo voye yon ti twal mouye nan chak kawo  
Pou idantifye chak chif ki nan mwen  
Yo sote sou mwen jis yo rive nan syèl  
Kisa mwen ye? (Repons: Jwèt marèl)


-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

### Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)


#### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

-  *Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi**

di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzanz pou nou. Koute byen. Nou pare ? M ap kòmanse ! Mo a se « metye ».


 Leve de (2) dwèt youn apre lòt pou de (2) silab ki nan mo a.

☞ « Metye » genyen 2 silab « me-tye ».

 Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.

☞ M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.

Men mo yo : kapab – kamyonèt – mekanisyen – pàn – rakonte – kawoutchou.


 Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

## 2. Kole silab pou fòme mo. (3 mn).

 Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòme mo. Fè aktivite sa a sou tablo ak tout klas la.


☞ Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòme mo. M ap fè yon egzanz pou nou. Koute byen. Nou pare ? M ap kòmanse !

Silab yo se (ma-chin) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (machin).

 Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòme mo.

☞ Li epi kole silab sa yo pou fòme mo ak yo.


Men silab yo : (me-ka-nik) ; (lòt-jou) ; (pwo-fe-sè) ; (tak-si) ; (pa-sa-je).

 Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.


## Egzèsis # 1 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 94 pou fè egzèsis # 1 an.


☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 94 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Ajoute silab “syen” ki manke pou fòme mo ki gen sans). Nou konprann ? Kòmanse !

 Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki premye mo li fòme a epi eple li pou klas la ?

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou lòt silab yo.

## Egzèsis # 2 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 94 pou fè egzèsis # 2 a.

☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 94 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Mete silab yo nan lòd pou fòme mo ki gen sans). Nou konprann ? Kòmanse !

**Leson 26**

1- Ajoute silab «syen» ki manke pou fòme mo ki gen sans.

a. mekani\_\_\_\_\_

b. tekni\_\_\_\_\_

c. mizi\_\_\_\_\_

d. elektri\_\_\_\_\_

---

2- Mete silab yo nan lòd pou fòme mo ki gen sans.

tye - me \_metye\_\_\_\_\_

sa - pa - je \_\_\_\_\_


fè - cho \_\_\_\_\_

ka - me - nik \_\_\_\_\_

nèt - ka - myo \_\_\_\_\_

94 Kaye egzèsis

Leson 26



▲ Kalin - mekanisyen - Klodi - istwa - Kristèl - chofè - taksi - kawoutchou - metye - zouti

🍌 rakonte - rele - leve - rive - felisite - gade - pran

🥑 Yon madi, Klodi rakonte yon bèl istwa nan klas la.  
👩‍🏫 Pwofesè a felisite Klodi pou istwa sa a.

74 Map li nèt ale 2 A.F.

☁ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☁ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòme a?**

☁ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt silab yo.

**3. Lekti mo sou tablo (5 mn)**

☁ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: mekanisyen – felisite – Kalin – rele – kawoutchou – gade – taksi.

☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**

**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**

**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

**4. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)**

☁ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 74 la.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 74 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo kole yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

**5. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)**

☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 74 la.

☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

## Dezyèm pati leson an (36 mn)

### Tranzisyon (1 mn)

☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

## Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (29 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, genyen mo « metye ». Èske nou konnen kisa mo sa a vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo « metye » ?

☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :

☞ Metye vle di : Tout sa yon moun aprann pou l ka travay.

☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo a.

☞ Kiyès ki ka li epi eple mo « Metye » pou klas la ?

☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « metye » aloral.

☞ Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « metye » ?

☞ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « metye » pou elèv yo sou tablo a.

**Egzanp :**

**Alina vle aprann metye enfimyè.**

☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « metye ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.

### 2. Vizyalizasyon (7 mn)

#### Deskripsyon desen (5 mn)

☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 74.


☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

☞ Kisa nou wè nan imaj yo ? Kòman moun yo abiye ? Kisa yo ap fè ? Kisa ki nan men ti gason an ?

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.

#### Prediksyon dapre desen (2 mn)

☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.



Leson 26

▲ Kalin - mekanisyan - Klodi - istwa - Kristèl - chofè - taksi - kawoutchou - metye - zouti

🔦 rakonte - rele - leve - rive - felisite - gade - pran

🍌 Yon madi, Klodi rakonte yon bèl istwa nan klas la. Pwofesè a felisite Klodi pou istwa sa a.

74

Map li nèt ale 2 A.F.

- ☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**
- ☁ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

### 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

#### Li istwa

- ☁ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
    - Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.
    - Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.
    - Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.
    - Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.
- Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 75 lan. Ekri paj 75 byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ **Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou an. Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.**

☁ Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.

**Kalin, yon mekanisyen**

Yon madi, Klodi rakonte yon bèl istwa nan klas la. Se istwa Kalin ki se mekanisyen. Sè li a, Kristèl se yon chofè taksi. Yon jou, Kristèl pran yon pàn kawoutchou sou wout la. Li rele Kalin vin leve pàn nan pou li. Kalin gentan rive byen vit, li leve pàn nan. Kristèl di Kalin : "Mèsi anpil !" Tout moun ki t ap gade yo sezi. Yo wè se yon fi ki mekanisyen an. Moun yo di : "Apa fi ak gason ka gen menm metye !" Kalin gade moun yo, li souri. Li pran zouti li, li ale. Pwofesè a felisite Klodi pou istwa sa a.

**Kesyon**

1. Sou ki moun istwa a pale ?
2. Kiyès Kalin ye ? Kiyès Kristèl ye ?
3. Poukisa Kristèl te rele Kalin ?
4. Kisa Kalin te fè ?
5. Èske Kristèl te kontan ? Poukisa ?
6. Kisa moun ki t ap gade yo te di ? Poukisa ?
7. Kòman Kalin te santi l ?
8. Ki metye ou ta renmen aprann ? Poukisa ?

#### Kalin, yon mekanisyen

Yon madi, Klodi rakonte yon bèl istwa nan klas la. Se istwa Kalin ki se mekanisyen. Sè li a, Kristèl se yon chofè taksi. Yon jou, Kristèl pran yon pàn kawoutchou sou wout la. Li rele Kalin vin leve pàn nan pou li. Kalin gentan rive byen vit, li leve pàn nan. Kristèl di Kalin : « Mèsi anpil ! ».

Tout moun ki t ap gade yo sezi. Yo wè se yon fi ki mekanisyen an. Moun yo di : « Apa fi ak gason ka gen menm metye ! ». Kalin gade moun yo, li souri. Li pran zouti li, li ale. Pwofesè a felisite Klodi pou istwa sa a.

- ☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**
- ☁ Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**
- ☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**
- ☁ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.

### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.

### 5. Reponn kesyon (8 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.




- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
  1. Sou ki moun istwa a pale?
  2. Kiyès Kalin ye? Kiyès Kristèl ye?
  3. Poukisa Kristèl te rele Kalin?
  4. Kisa Kalin te fè?
  5. Èske Kristèl te kontan? Poukisa?
  6. Kisa moun ki t ap gade yo te di? Poukisa?
  7. Kòman Kalin te santi l?
  8. Ki metye ou ta renmen aprann? Poukisa?

## Aktivite 4 Pwodiksyon (4 mn)

### 1. Pwodiksyon alekri

#### Egzèsis # 3

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 95 pou fè egzèsis # 3 a.

- ☞ Nou pral kopye fraz ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 95 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye fraz sa a byen sou liy anba yo). Nou konprann? Kòmanse!
-  Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
  -  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li fraz li kopye a pou klas la?
  -  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li fraz la pou klas la.

3- Kopye fraz sa a byen sou liy anba yo.

Timoun yo gen dwa chwazi metye yo renmen.

.....

.....

.....



.....

.....

Leson 26

M ap li nèl ale - 2 AF 95

## Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
- ☞ Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li epi eple mo a?
  -  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

# Leson 27

## Objektif:

Eksprime opinyon sou yon tèm  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòme fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

Liv lekti, leson 27, paj 76 - 77  
Kaye egzèsis, leson 27, paj 96 - 97  
Kaye bouyon, kreyon, gòm

## Premye pati leson an (37 mn)




### Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

#### 1. Kozri (3 mn)


-  Mande elèv yo pale sou «jantiyès».
- ☞ Kounye a, nou pral pale sou «jantiyès». Kiyès ki ka di klas la poukisa li enpòtan pou nou janti ak moun lakay nou epi ak moun nan antouraj nou? Poukisa jantiyès enpòtan nan lavi yon moun?
-  Chwazi 4 elèv pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou pale sou enpòtans jantiyès. Ankouraje, felisite elèv ki patisipe yo.

### Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)

#### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).


-  Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzàn pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse! Mo a se «renmen».
-  Leve de (2) dwèt youn apre lòt pou de (2) silab ki nan mo a.
- ☞ «Renmen» genyen 2 silab «ren-men».
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.
- ☞ M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.  
Men mo yo: akasan – boukannen – mayi – prese – lakou – grennen – pran.





 Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

**2. Kole silab pou fòme mo. (3 mn).**

 Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòme mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.

 **Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòme mo. M ap fè yon egzanzp pou nou. Koute byen. Nou pare ? M ap kòmanse !**  
**Silab yo se (mou-len) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (moulen).**


 Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòme mo.


 **Li epi kole silab sa yo pou fòme mo ak yo.**  
**Men silab yo : (la-kou); (tann); (ze-pi); (pas-ke); (bou-kan-nen); (ma-yi).**

 Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.


**Egzèsis # 1 (3 mn)**


 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 96 pou fè egzèsis # 1 an.


 **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 96 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen !**  
**(Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li. Apre sa, di konbyen silab ou jwenn). Nou konprann ?**  
**Kòmanse !**

 Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

 **Kounye a, nou pral korije ansanm.**


 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.


 **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki jan li dekoupe mo yo epi konbyen silab li jwenn nan chak mo ?**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la.


**Egzèsis # 2 (3 mn)**


 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 96 pou fè egzèsis # 2 a.

 **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 96 pou fè egzèsis # 2. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Fè yon flèch soti nan gwoup mo ki nan kolòn agoch la (A) pou rive nan gwoup mo ki nan kolòn adwat la (B) pou fòme fraz ki gen sans). Nou konprann ?**  
**Kòmanse !**

 Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

 **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

 **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka li pou klas la premye fraz li fòme lè li fè flèch la soti nan kolòn A pou rive nan kolòn B ?**

**Leson 27**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li. Apre sa, di konbyen silab ou jwenn.


Mo	Silab		Kantite
sallèy	so	lèy	2
akasan			
demen			
boukannen			
maten			

2- Fè yon flèch soti nan gwoup mo ki nan kolòn agoch la (A) pou rive nan gwoup mo ki nan kolòn adwat la (B) pou fòme fraz ki gen sans.

A	B
a. Poul yo . . . . .	gen de pye mango nan mitan li.
b. Jaden an . . . . .	yon rekòt mayi ak pwa.
c. Frank fè . . . . .	ap manje grenn mayi.

96 Kaye egzèsis

Leson 27



▲ mayi - akasan - dimanch - jaden - lakou - tousuit -  
Emil - Matid - ansanm - zepi - solèy - demen - ladan

💡 renmen - manje - keyi - boukannen - grennen - seche  
- bouyi - pase - moulen - chita

👩 Emil ak Matid renmen manje mayi anpil.  
👩 Matid li menm, pran mayi pa l yo pou li fè akasan.

76 M ap li nèt ale 2 A.F.

☁ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou fòme lòt fraz yo.

### 3. Lekti mo sou tablo (5 mn)

☁ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: tousuit – mayi – zepi – akasan – bouyi – solèy – lakou.

☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**

**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**

**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

### 4. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

☁ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 76 la.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 76 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo kole yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### 5. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

☁ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 76 la.

☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☁ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

## Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (5 mn)





3- Antoure mo adwat la ki gen menm sans ak mo ki agoch la.

kontan	- (g)wò - fache - tris
pwoblèm	- pasyans - plante - traka
mete	- dechire - depoze - kole
bouche	- rale - ale - kouvri

Leson 27


M ap li mèl ale - 2 AF 97

### Egzèsis # 3

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 97 pou fè egzèsis # 3 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.
- ☞ **Nou pral antoure mo ki gen menm sans ak mo ki nan premye kolòn agoch la. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 97 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Antoure mo adwat la ki gen menm sans ak mo ki agoch la). Nou konprann? Kòmanse!**
  -  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
  - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  -  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
  - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la mo li antoure ki genyen menm sans nan kaye li a?**
  -  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi di mo yo antoure yo pou klas la.






## Dezyèm pati leson an (31 mn)

### Tranzisyon (1 mn)

-  Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (28 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « moulen ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « moulen »?**
  -  Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
  - ☞ **Moulen se: Kraze epi transfòmè grenn ak lòt pwodui pou yo ka vin fen oswa tounen ji.**
  -  Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
  - ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**
  -  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « moulen » aloral.
  - ☞ **Kiyès ki ka fòmè epi di yon fraz pou klas la ak mo « moulen »?**
  -  Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « moulen » pou elèv yo sou tablo a.
- Egzanp:**
- Sandra ap moulen pistach pou l fè manba.
-  Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòmè ak mo « moulen ».

Si elèv yo fè fraz ki twò senp oubyen ki twò kout, poze yo kèk kesyon pou ede yo oubyen pou mennen yo fè fraz ki pi konplèks. Pandan elèv yo ap fè fraz yo, lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesesè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

## 2. Vizyalizasyon (7 mn)

Leson 27



mayi - akasan - dimanch - jaden - lakou - tousuit -  
Emil - Matid - ansanm - zepi - solèy - demen - ladan

renmen - manje - keyi - boukannen - grennen - seche  
- bouyi - pase - moulen - chita

Emil ak Matid renmen manje mayi anpil.  
Matid li menm, pran mayi pa l yo pou li fè akasan.

76 M ap li nèt ale 2 A.F.

### Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 76.
  - ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:
- ☞ Kisa nou wè nan imaj la? Di kèk objè nou wè nan imaj la? Ki moun nou wè ladan l? Kisa moun yo ap fè? Ki rad ki sou yo?
  - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.

### Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
  - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?
  - ☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

## 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

### Li istwa

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:
  - Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.
  - Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.
  - Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.
  - Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 77 la. Ekri paj 77 la byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ Mwen pral li istwa a youn premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou an. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.
  - ☞ Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.

### Mayi boukannen ak akasan

Emil ak Matid renmen manje mayi anpil. Yon dimanch, yo al keyi mayi nan jaden ki nan lakou a. Emil pa ka tann, li vle manje tousuit. Li boukannen mayi li yo. Li bay Matid ladan l. Yo chita ansanm, yo manje.


Matid li menm, pran mayi pa l yo pou li fè akasan. Dabò, li grennen zepi mayi yo. Li seche yo nan solèy. Apre sa, li bouyi yo. Li kite yo pase nuit lan nan dlo. Nan demen maten, li moulen yo pou li fè akasan. Apre sa, li kuit akasan an. Li bay Emil yon gwo gode akasan. Emil bwè vant plen. Li di: «Mmmm! Akasan an bon! Mèsi Matid!».

- ☞ Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò

ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)

 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.

☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.

#### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.

#### 5. Reponn kesyon (7 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

**1. Ki tit istwa a?**

**Repons:**

(1) Tit istwa a se «Mayi boukannen ak akasan».

**2. Sou kiyès istwa a pale?**

**Repons:**

(1) Istwa a pale sou Matid ak Emil.

**3. Ki kote Emil ak Matid t al keyi mayi?**

**4. Kisa Emil te fè ak mayi pa li yo?**

**5. Kisa Matid te fè ak mayi pa li yo?**


**6. Kòman ou ka fè akasan?**

**7. Èske Emil ak Matid renmen pataje? Poukisa?**

#### Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li jodi a.

☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

# Leson 28

## Objektif:

Aprann yon tèks powetik  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòme fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

Liv lekti, leson 28, paj 78 - 79  
Kaye egzèsis, leson 28, paj 98 - 99  
Kaye bouyon, kreyon, gòm

## Premye pati leson an (40 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (6 mn)

#### 1. Pwezi (3 mn)

-  *Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a. Ansuit, mande elèv yo repete li pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv ap suiv ou.*



#### Tablo

Mwen pèmèt timoun ekri.


Epi fè bon jan lekti.

Mwen kontan poutèt mwen devan.

Nan tout lekòl, mwen enpòtan.





- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

#### 2. Rapèl (3mn)




-  *Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li nan leson anvan an.*
- ☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li te li nan leson anvan an?**

## Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)

### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

-  Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzanp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse! Mo a se « drapo ».
-  Leve de (2) dwèt youn apre lòt pou de (2) silab ki nan mo a.
- ☞ « Drapo » genyen 2 silab « dra-po ».
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.
- ☞ M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.  
Men mo yo : zansèt – peyi – nasyonal – chante – Ayiti – kreyòl – Im.
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuwit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

### 2. Kole silab pou fòme mo. (3 mn).

-  Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòme mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòme mo. M ap fè yon egzanp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse!  
Silab yo se (re-pre-zan-te) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (reprezante).
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòme mo.
- ☞ Li epi kole silab sa yo pou fòme mo ak yo.  
Men silab yo : (la-men); (sen-bòl); (na-syo-nal); (A-yi-syen); (fran-se).
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

#### Leson 28

1-Ranje silab yo nan lòd pou fòme mo ki gen sans.

syo - nal - na \_\_\_\_\_  
po - dra \_\_\_\_\_  
ti - yi - A \_\_\_\_\_  
sèt - zan \_\_\_\_\_




2-Dekoupe mo yo an silab, mete chak silab nan bwat li, epi di ki kantite silab ou jwenn.

Mo	Silab			Kantite
na syo nal	na	syo	nal	3
kreyòl				
Ayiti				
Ladesalinnyèn				
kouplè				

98

Kaye egzèsis

### Egzèsis # 1 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 98 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 98 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ranje silab yo nan lòd pou fòme mo ki gen sans). Nou konprann? Kòmanse!
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki mo li jwenn ak silab li ranje yo?

**Leson 28**

1- Ranje silab yo nan lòd pou fòme mo ki gen sans.

syo - nal - na \_\_\_\_\_  
 po - dra \_\_\_\_\_  
 ti - yi - A \_\_\_\_\_  
 sèt - zan \_\_\_\_\_

2- Dekoupe mo yo an silab, mete chak silab nan bwat li, epi di ki kantite silab ou jwenn.

Mo	Silab			Kantite
nasyon	na	syo	nal	3
kreyòl				
Ayiti				
Ladesalinnyèn				
kouplè				

98 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 98 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri li nan paj 98 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Dekoupe mo yo an silab, mete chak silab nan bwat li, epi di ki kantite silab ou jwenn). Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki jan li dekoupe mo yo epi konbyen silab li jwenn nan chak mo?**
  - ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la.

### 3. Lekti mo sou tablo (5 mn)

- ☞ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: monte - kreyòl - senbòl - chante - nasyon - Ayiti - mache.
- ☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li chak mo mwen touche ansanm. (2 mn)**
  - Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**
  - Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

### 4. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

- ☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 78 la.
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 78 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
  - ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
  - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo kole yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
  - ☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### 5. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 78 la.

**Leson 28**



▲ Ayiti - nasyon - Ladesalinnyèn - senbòl - kreyòl - franse - kouplè - laman - zansèt - mitan - ansanm

🍌 genyen - rele - chante - monte - mache - vin

🍌 Chak peyi sou latè genyen im nasyon pa li. Im nasyon peyi Ayiti rele "Ladesalinnyèn".

78 M ap li nèt ale 2 A.F.



- ☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☞ *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.*

- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☞ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.*

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

## Aktivite 3 Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye (5 mn)

3-Mete mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans dapre istwa a.  
rele - Ladesalinyèn. - Ayiti - Im - peyi - nasyonal

.....  
.....  
.....  
.....  
.....

Leson 28

M op li mèt ale - 2 AF 99

### Egzèsis # 3 (5 mn)

☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 99 pou fè egzèsis # 3 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.*

- ☞ **Nou pral mete mo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 99 pou fè egzèsis # 3. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Mete mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans dapre istwa a). Suiv modèl la pou nou ka kopye fraz la. Nou konprann? Kòmanse!**

☞ *Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*

- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li fraz li fòme a pou klas la?**

☞ *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li fraz la pou klas la.*

## Dezyèm pati leson an (31 mn)

### Tranzisyon (1 mn)

☞ *Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.*

## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (28 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, genyen mo « zansèt ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « zansèt »?**

Leson 28



▲ Ayiti - nasyonal - Ladesalinyèn - senbòl - kreyòl - franse - kouplè - laman - zansèt - mitan - ansanm  
● genyen - rele - chante - monte - mache - vin  
▲ Chak peyi sou latè genyen im nasyonal pa li.  
▲ Im nasyonal peyi Ayiti rele "Ladesalinyèn".

78 M ap li nèt ale 2 A.F.

- ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
  - ☞ **Zansèt vle di: Moun ki te la anvan nou ki fonde yon peyi.**
    - ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
  - ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**
    - ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « zansèt » aloral.
  - ☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « zansèt »?**
    - ☞ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « zansèt » pou elèv yo sou tablo a.

**Egzanp:**

**Zansèt nou yo te goumen pou bay Ayiti libète.**

- ☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « Zansèt ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesese. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

**2. Vizyalizasyon (7 mn)**

**Deskripsyon desen (5 mn)**

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 78.
  - ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:
  - ☞ **Kiyès nou wè nan imaj la? Kòman moun yo abiye? Ki koulè rad yo? Kisa chak moun ap fè nan imaj la? Ki kote nou wè elèv yo?**
    - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.

**Prediksyon dapre desen (2 mn)**

- ☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
  - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?**
  - ☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

**3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)**

**Li istwa**

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:
  - Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.
  - Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.
  - Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.
  - Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la. Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 79 la. Ekri paj 79 byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ **Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou an. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.**
  - ☞ Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.

**Im nasyonal**

Chak peyi sou latè genyen im nasyonal pa li. Im nasyonal peyi Ayiti rele "Ladesalinyèn". Nou chante li lè nou ap monte drapo. Drapo nou se senbòl peyi nou. Nou chante im nasyonal la nan de (2) lang : kreyòl ak franse.

Men premye kouplè im nasyonal la :

Pou Ayiti, peyi zansèt yo  
 Se pou n mache men nan laman  
 Nan mitan n pa fèt pou gen trèt  
 Nou fèt pou n sèl mèl tèt nou.  
 An nou mache men nan laman  
 Pou Ayiti ka vin pi bèl  
 An nou, an nou met tèt ansanm  
 Pou Ayiti onan tout zansèt yo.

**Kesyon**

1. Kijan im nasyonal Ayiti rele ?
2. Kilè nou chante im nasyonal ?
3. Kisa drapo a ye ?
4. Nan konbyen lang ou chante im nasyonal Ayiti a ?
5. Èske ou chante im nasyonal la nan lekòl ou ? Chak ki lè ?

79 M ap li nèt ale 2 A.F.

**Im nasyonal**

Chak peyi sou latè genyen im nasyonal pa li. Im nasyonal peyi Ayiti rele «Desalinyèn». Nou chante li lè nou ap monte drapo. Drapo nou se senbòl peyi nou. Nou chante im nasyonal la nan de (2) lang : kreyòl ak franse.


Men premye kouplè im nasyonal la :

Pou Ayiti, peyi zansèt yo  
Se pou nou mache men nan lamèn  
Nan mitan n pa fèt pou gen trèt  
Nou fèt pou nou sèl mèt tèt nou.  
An nou mache men nan lamèn  
Pou Ayiti ka vin pi bèl  
An nou, an nou met tèt ansanm  
Pou Ayiti onon tout zansèt yo.

- ☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

 *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**

 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

#### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*

- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**

 *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.*

#### 5. Reponn kesyon (7 mn)



 *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

1. Kijan im nasyonal Ayiti rele?
2. Kilè nou chante im nasyonal?
3. Kisa drapo a ye?
4. Nan konbyen lang ou chante im nasyonal Ayiti a?
5. Èske ou chante im nasyonal la nan lekòl ou? Chak ki lè?

---

**Aktivite 5 Evalyasyon (2 mn)**

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.*
- ☛ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li epi eple mo a?**
-  *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.*

# Leson 29

## Objektif:

- Aprann yon kontin
- Li mo ak fraz byen epi vit
- Ekri mo byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

- Liv lekti, leson 29, paj 80 - 81
- Kaye egzèsis, leson 29, paj 100 - 101
- Kaye bouyon, kreyon, gòm



## Premye pati leson an (40 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (6 mn)



#### 1. Kontin (3 mn)

-  Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Ansuit, mande elèv yo repete li pou kont yo menm jan.
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!
-  Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.

Oooo ! Bèl ti alimèt  
Ou tèlman bèl, ou fè mèvèy !  
Ou limen dife pou m fè manje  
Mèsi bèl ti alimèt !





- ☞ Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.
-  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.
- ☞ Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.
-  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.

#### 2. Rapèl (3mn)




-  Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li nan leson anvan an.
- ☞ Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li te li nan leson anvan an?
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)




### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

-  Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzantp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse! Mo a se « kiltivatè ».
-  Leve kat (4) dwèt youn apre lòt pou kat (4) silab ki nan mo a.
- ☞ « Kiltivatè » genyen 4 silab « kil-ti-va-tè ».
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.
- ☞ M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.  
Men mo yo: rigòl – twòp – travayè – vanyan – anvayi – plante.
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

### 2. Kole silab pou fòme mo. (3 mn).

-  Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòme mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòme mo. M ap fè yon egzantp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse!  
Silab yo se (es-pwa) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (espwa).
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòme mo.
- ☞ Li epi kole silab sa yo pou fòme mo ak yo.  
Men silab yo: (de-si-de) ; (fou-ye) ; (ja-den) ; (sa-tis-fè) ; (ka-pab).
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

### Egzèsis # 1 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 100 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 100 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li). Nou konprann? Kòmanse!
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki jan li dekoupe premye mo a epi nan konbyen kare li ekri silab li jwenn yo?

**Leson 29**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab			
m a k i l t i v a t è	ma	dan	sa	ra
chita				
anvayi				
rigòl				

2- Konplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki gen sans.

la - kiltiva - dok - ma - edika - trak				
_____ tèt				
_____ tèt				
_____ tèt				
_____ tèt				
_____ tèt				

100 Kaye egzèsis

Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou lòt mo yo.

**Leson 29**

1- Dekoupe mo yo silab pa silab, epi ekri chak silab ou jwenn nan mo yo nan kare li.

Mo	Silab			
m a k a n s a / r a	ma	dan	sa	ra
kiltivatè				
chita				
anvayi				
rigòl				

2- Komplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki gen sans.

la - kiltiva - dok - ma - edika - trak
_____ tè
_____ tè
_____ tè
_____ tè

100 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 100 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 100 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Komplete silab ki anba yo ak youn nan silab ki nan bwat la pou fòme mo ki gen sans). Nou konprann? Kòmanse!**
- ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòme a?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt silab yo.

### 3. Lekti mo sou tablo (5 mn)

- ☞ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: foye - jaden - rigòl - kiltivatè - anvayi - bonè - sekle.
- ☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**
- Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**
- Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.


### 4. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

- ☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 80 la.
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 80 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo kole yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### 5. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 80 an.

**Leson 29**



- 🍅 gentan - jaden - Frank - pitit - Simon - kiltivatè
- 🍌 bonè - mayi - ladan - lapli - rigòl - rivyè - mési - travay
- 🌱 leve - plante - sekle - foye - mete - kouvri - tonbe - anvayi - chita - kapab - gate - deside - koule
- 🍷 Gen twòp dlo ki chita nan tè a, mayi yo kapab gate.
- 🍷 Frank kontan lè li wè dlo a prale.

80 M ap li nèt ale 2 A.F.

☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☞ *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.*

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

*Chwazi kèk elèv (6 fi ak 6 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.*

*- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.*

*- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.*

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

## Aktivite 3 Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye (5 mn)

3- Fè yon flèch soti nan chak gwoup mo ki nan kolòn agoch la (A) pou rive nan gwoup mo ki mache ak li nan kolòn adwat la (B) pou fòme fraz ki gen sans.

A	B
a. Jaden Frank lan .	. dous tankou siwo
b. Dlo bon .	. pa wouze.
c. mango .	. tankou sak sèl.
d. Kabrit la lou .	. pou plant.

4- Kopye premye fraz ki nan liy zaboka a sou liy ki anba yo.

.....  
 .....  
 .....  
 .....

Leson 29

M ap li nèk ale - 2 AF 101

### Egzèsis # 3

☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 101 pou fè egzèsis # 3 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.*

☞ **Nou pral fòme fraz nan kaye egzèsis nou. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 101 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Fè yon flèch soti nan chak gwoup mo ki nan kolòn agoch la (A) pou rive nan gwoup mo ki mache ak li nan kolòn adwat la (B) pou fòme fraz ki gen sans). Nou konprann? Kòmanse!**

☞ *Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li pou klas la premye fraz li fòme lè li fè flèch la soti nan kolòn A pou rive nan kolòn B a?**

☞ *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou fòme lòt fraz yo.*

## Dezyèm pati leson an (36 mn)

### Tranzisyon (1 mn)

☞ *Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.*



## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (28 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, genyen mo «kiltivatè». Èske nou konnen kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo «kiltivatè»?

*Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:*

- Kiltivatè: Se moun ki travay latè pou pwodui manje.**

*Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo a.*

- Kiyès ki ka li epi eple mo «kiltivatè» pou klas la?**

*Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo «kiltivatè» aloral.*

- Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo «kiltivatè»?**

*Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo «kiltivatè» pou elèv yo sou tablo a.*

#### Egzanp:

**Kiltivatè a plante anpil mayi ane sa a.**

*Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo «kiltivatè». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li nan kaye bouyon yo.*

### 2. Vizyalizasyon (7 mn)

#### Deskripsyon desen (5 mn)

- Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 80.

*Pase verifeye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:*

- Kisa nou wè nan imaj la? Kòman moun yo abiye?**

**Ki koulè rad ki sou yo? Ki kote yo ye? Kisa nou wè y ap fè?**

*Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.*

#### Prediksyon dapre desen (2 mn)

- Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

*Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

- Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?**

*Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.*

### 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifeye prediksyon (8 mn)

#### Li istwa


*Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:*

- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.

- Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.

- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

- Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.



**Bon kiltivatè**

Frank ak pitit li Simon se kiltivatè. Yon jou, yo leve bonè pou y al plante mayi. Yo te gentan sekle tè a. Yo fouye twou, yo mete mayi ladan yo. Yo kouvri mayi yo ak tè. Apre sa, yon gwo lapli vin tonbe. Jaden an anvayi ak dlo. Frank pè pou mayi yo. Gen twòp dlo ki chita nan tè a, mayi yo kapab gate. Simon wè sa, li deside fè wout pou dlo a ka koule. Li pran yon wou, li fouye yon rigòl nan jaden an. Frank kontan lè li wè dlo a prale. Li di Simon: "Mèsi, ou fè yon bon travay!"

**Kesyon**

1. Sou kiyès istwa a pale ?
2. Sou kisa istwa a pale ?
3. Èske ou panse Simon te fè yon bon aksyon ? Poukisa ?
4. Kisa ki te fè jaden Frank lan anvayi ak dlo ?
5. Ki bon lide Simon te genyen pou l ede papa li ?
6. Ak ki zouti Simon te fouye rigòl la nan jaden an ?
7. Ki zouti nou ka itilize pou nou fouye yon rigòl ?

Leson 29

*Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 81 an. Ekri paj 81 byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv nan bon paj la.*

- ☞ **Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou an. Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.**

*☞ Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.*

**Bon kiltivatè**

Frank ak pitit li Simon se kiltivatè. Yon jou, yo leve bonè pou yo ale plante mayi. Yo te gentan sekle tè a. Yo fouye twou, yo mete mayi ladan yo. Yo kouvri mayi yo ak tè. Apre sa, yon gwo lapli vin tonbe. Jaden an anvayi ak dlo. Frank pè pou mayi yo. Gen twòp dlo ki chita nan tè a, mayi yo kapab gate. Simon wè sa, li deside fè wout pou dlo a ka koule. Li pran yon wou, li fouye yon rigòl nan jaden an. Frank kontan lè li wè dlo a prale. Li di Simon : « Mèsi, ou fè yon bon travay ! ».

- ☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

*☞ Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tande si y ap li byen.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

*☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**

*☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

**4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)**

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

*☞ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*

- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**

*☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.*

**5. Reponn kesyon (7 mn)**

*☞ Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**  
1. Sou kiyès istwa a pale ?

**Repons:**

(1) Istwa a pale sou Frank ak pitit li Simon.

**2. Sou kisa istwa a pale ?**

**Repons:**

(1) Istwa a pale sou jaden mayi Frank la.

**3. Èske ou panse Simon te fè yon bon aksyon ? Poukisa ?**

**4. Kisa ki te fè jaden Frank lan anvayi ak dlo ?**

**5. Ki bon lide Simon te genyen pou l ede papa li ?**

**6. Ak ki zouti Simon te fouye rigòl la nan jaden an ?**

**7. Ki zouti nou ka itilize pou nou fouye yon rigòl ?**

**Aktivite 5 Pwodiksyon (5 mn)**

3- Fè yon flèch soti nan chak gwoup mo ki nan kolòn agoch la (A) pou rive nan gwoup mo ki mache ak li nan kolòn adwat la (B) pou fòme fraz ki gen sans.

A		B	
a. Jaden Frank lan .	.	dous tankou siwo	
b. Dlo bon .	.	pa wouze.	
c. mango .	.	tankou sak sèl.	
d. Kabrit la lou .	.	pou plant.	

4- Kopye premye fraz ki nan liy zaboka a sou liy ki anba yo.

.....

.....

.....

.....

Lesson 29

M ap li nèt ale - 2 A.F. 101

**1. Pwodiksyon alekri**

**Egzèsis # 4**

*Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 101 pou fè egzèsis # 4 la.*

**☞ Nou pral kopye premye fraz ki nan egzèsis la. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 101 pou fè egzèsis # 4 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye premye fraz ki nan liy zaboka a sou liy ki anba yo). Ouvri liv lekti nou nan paj 80 epi ale nan liy zaboka a pou nou ka wè fraz la. Nou konprann ? Kòmanse!**

*Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la epi nan paj 80 an liv lekti a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*


**☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.**

*Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*

**☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka li fraz li kopye a pou klas la ?**

*Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li fraz la pou klas la.*

Lesson 29



gentan - Jaden - Frank - pitit - Simon - kiltivatè  
- bonè - mayi - ladan - lapli - rigòl - rivyè - mès - travay

leve - plante - sekle - fouye - mete - kouvri - tonbe - anvayi - chita - kapab - gate - deside - koule

Gen twòp dlo ki chita nan tè a, mayi yo kapab gate.  
Frank kontan lè li wè dlo a prale.

80 M ap li nèt ale 2 A.F.

Lesson 29

**Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)**

*Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li jodi a.*

**☞ Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a ?**

*Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.*

# Leson 30 Revizyon

## Objektif:

Konprann yon devinèt  
 Li mo ak fraz byen epi vit  
 Ekri mo byen lizib nan kaye  
 Jwenn sans mo pou fòme fraz  
 Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
 Li istwa byen fò ak bon ton  
 Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

Liv lekti, leson 30, paj 82 - 83  
 Kaye egzèsis, leson 30, paj 102 - 103  
 Kaye bouyon, kreyon, gòm


## Premye pati leson an (22 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

#### 1. Devinèt (3 mn)


-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Ala bòzò mwen bòzò  
 Mwen gen bèl moustach ak plim swa  
 Epi mwen renmen bwè lèt  
 Rat ak sourit menm, yo pa zanmi mwen ditou  
 Kiyès mwen ye? (Repons : Chat)

-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay.**

### Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (19 mn)

#### 1. Kole silab pou fòme mo. (3 mn).

-  *Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòme mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòme mo. M ap fè yon egzanp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse!**  
 Silab yo se (pi-ti-mi) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (pitimi).

☞ Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòmè mo.

- ☞ Li epi kole silab sa yo pou fòmè mo ak yo.  
Men silab yo : (gla-si) (ma-dan-sa-ra) ; (nich) ; (ra-san-ble) ; (fe-mèl).

☞ Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

**Leson 30 Revizyon**

1-Chwazi de (2) silab nan bwat la. Kole yo ak premye silab ki agoch la pou fòmè 2 mo ki gen sans. Apre sa, ekri mo yo sou liy ki bò kote yo a.

a. bon      te      bonte-----  
                  gi      -----  
                  jou      -----

b. cha      po      -----  
                  et      -----  
                  pit      -----

c. sa j      ès      -----  
                  fam      -----  
                  ot      -----

2-Ranje silab yo byen pou fòmè mo ki gen sans.

che - se \_\_\_\_ seche-----  
ti - pi - mi -----  
je - te - pwo -----  
den - ja -----  
bwa - pye -----

102 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 1 (3 mn)

☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 102 pou fè egzèsis # 1 an.

- ☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 102 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi de (2) silab nan bwat la. Kole yo ak premye silab ki agoch la pou fòmè 2 mo ki gen sans. Apre sa, ekri mo yo sou liy ki bò kote yo a). Nou konprann? Kòmanse!

☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki silab li chwazi nan premye bwat la pou fòmè de (2) mo epi li mo yo pou klas la?

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou rès egzèsis la.

**Leson 30 Revizyon**

1-Chwazi de (2) silab nan bwat la. Kole yo ak premye silab ki agoch la pou fòmè 2 mo ki gen sans. Apre sa, ekri mo yo sou liy ki bò kote yo a.

a. bon      te      bonte-----  
                  gi      -----  
                  jou      -----

b. cha      po      -----  
                  et      -----  
                  pit      -----

c. sa j      ès      -----  
                  fam      -----  
                  ot      -----

2-Ranje silab yo byen pou fòmè mo ki gen sans.

che - se \_\_\_\_ seche-----  
ti - pi - mi -----  
je - te - pwo -----  
den - ja -----  
bwa - pye -----

102 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 2 (3 mn)

☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 102 pou fè egzèsis # 2 a.

- ☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 102 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ranje silab yo byen pou fòmè mo ki gen sans). Nou konprann? Kòmanse!

☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòmè a?

☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt silab yo.

### 2. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 82 a.

- ☞ Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 82 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.


☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo kole yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 30



▲ madansara - pitimi - Frank - Simon - glasi - mayi - jaden - pandan - pyebwa - lakou - plizyè - koulè  
● mete - rekòlte - parèt - manje - kouri - vole - gade - touye - pwoteje  
● Yon jedi maten, Frank ak Simon mete pitimi seche sou glasi a.  
 Madansara yo vole sou yon pyebwa nan lakou a.

82 M ap li nèt ale 2 A.F.

**3. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)**

☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 82 a.

☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè li li chak silab, fè li kole yo ansanm pou li ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou li yon fraz. Fè li li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè li li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

**Dezyèm pati leson an (42 mn)**

**Tranzisyon (1 mn)**

☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

**Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (32 mn)**

**1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (8 mn)**

**Revizyon mo vokabilè (4 mn)**

☞ Ekri 4 mo vokabilè ou te etidye ak elèv yo nan leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.

☞ **Ki elèv nan klas la ki ka li, eple epi bay sans mo sa yo?**


☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

**2. Vizyalizasyon (7 mn)**

**Deskripsyon desen (5 mn)**


☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 82.**

Leson 30




▲ madansara - pitimi - Frank - Simon - glasi - mayi - jaden - pandan - pyebwa - lakou - plizyè - koulè  
● mete - rekòlte - parèt - manje - kouri - vole - gade - touye - pwoteje  
● Yon jedi maten, Frank ak Simon mete pitimi seche sou glasi a.  
 Madansara yo vole sou yon pyebwa nan lakou a.

82 M ap li nèt ale 2 A.F.


 Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :

- ☞ **Kisa nou wè nan imaj la? Ki moun nou wè nan imaj la? Kòman li abiye? Kisa li ap fè? Konbyen zwazo nou wè nan imaj la? Kisa y ap fè? Kisa nou wè nan imaj la ankò?**

 Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.

### Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.

- ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?**

 Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

### 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

#### Li istwa

 Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :

- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.

- Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.

- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

- Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 83 a. Ekri paj 83 byen gwo sou tablo a.

Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ **Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.**

 Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.

**Madansara manje pitimi**

Yon jedi maten, Frank ak Simon mete pitimi seche sou glasi a. Yo pati al rekòlte mayi nan jaden yo a. Pandan y ap parèt, yo wè yon bann madansara sou glasi a. Simon di: «Oooo! Papa, men madansara yo ap manje pitimi an». Frank pran yon branch bwa, li kouri dèyè yo. Madansara yo vole sou yon pyebwa nan lakou a.

Lè Simon gade, li wè yon bann sou pyebwa a. Li di: «Wawww! Yo bèl, yo gen plizyè koulè». Frank di Simon: «Nou p ap tann pyèj pou yo. Nou p ap touye yo. Men fòk nou pwoteje rekòt pitimi nou yo». Depi lè sa a, Simon toujou mete manje pou madansara yo.

**Kesyon**

1. Ki tit istwa a?
2. Sou kiyès istwa a pale?
3. Ki kote Frank ak Simon te mete pitimi seche?
4. Ki bêt ki te vini manje pitimi an?
5. Kiyès ki konn wè zwazo yo rele madansara a?
6. Ak kisa Frank te pouse madansara yo?
7. Kisa Simon te fè pou madansara yo?
8. Poukisa Frank pa vle touye madansara yo?

Leson 30


M ap li nèt ale 2 A.F. 83

#### Madansara manje pitimi

Yon jedi maten, Frank ak Simon mete pitimi seche sou glasi a. Yo pati al rekòlte mayi nan jaden yo a. Pandan y ap parèt, yo wè yon bann madansara sou glasi a. Simon di: «Oooo! Papa, men madansara yo ap manje pitimi an». Frank pran yon branch bwa, li kouri dèyè yo. Madansara yo vole sou yon pyebwa nan lakou a.

Lè Simon gade, li wè yon bann sou pyebwa a. Li di: «Wawww! Yo bèl, yo gen plizyè koulè». Frank di Simon: «Nou p ap tann pyèj pou yo. Nou p ap touye yo. Men fòk nou pwoteje rekòt pitimi nou yo». Depi lè sa a, Simon toujou mete manje pou madansara yo.

- ☞ **Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)**

 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.

- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**  
☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**  
☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

#### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**  
☞ *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ **Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?**  
☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.*

#### 5. Reponn kesyon (8 mn)

- ☞ *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki pako reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

##### 1. Ki tit istwa a ?

**Repons:**

(1) Tit istwa a se «Madansara manje pitimi».

##### 2. Sou kiyès istwa a pale ?

**Repons:**

(1) Istwa a pale sou Frank ak Simon.

##### 3. Ki kote Frank ak Simon te mete pitimi seche ?

##### 4. Ki bèt ki te vini manje pitimi an ?

##### 5. Kiyès ki konn wè zwazo yo rele madansara a ?

##### 6. Ak kisa Frank te pouse madansara yo ?

##### 7. Kisa Simon te fè pou madansara yo ?

##### 8. Poukisa Frank pa vle touye madansara yo ?

### Aktivite 4 Pwodiksyon (6 mn)

3. Chwazi yon mo nan bwat la pou konplete fraz yo dapre istwa a.

timoun - madansara - poul

a- Simon di: "Oooo! Papa, men \_\_\_\_\_ yo ap manje pitimi an".

dlo - manje - pyèj

b- Depi lè sa a, Simon toujou mete \_\_\_\_\_ pou madansara yo.

4- Kopye fraz ki nan liy zaboka yo sou liy anba yo.

Leson 30

M ap li nèt ale - 2 AF 103

#### 1. Pwodiksyon alekri

#### Egzèsis # 3 (3 mn)

- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 103 pou fè egzèsis # 3. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.*
- ☞ **Nou pral ekri mo pou konplete fraz nan kaye egzèsis nou. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 103 pou fè egzèsis # 3. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi yon mo nan bwat la pou konplete fraz yo dapre istwa a). Nou konprann ? Kòmanse !**





# Leson 31

## Objektif:

Konprann yon devinèt  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòme fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak loral



## Materyèl:

Liv lekti, leson 31, paj 84 - 85  
Kaye egzèsis, leson 31, paj 104 - 105  
Kaye bouyon, kreyon, gòm


## Premye pati leson an (34 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

#### 1. Devinèt (3 mn)


-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Mwen pèmèt machin, moto kouri.  
Gras ak mwen tout moun ka sikile.  
Fatra ak gwo lapli pa zanmi mwen.  
Si m pa la, moun p ap ka ale okenn kote.  
Kisa mwen ye? (Repons : Lari)

-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**


### Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (26 mn)

#### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

-  *Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzàn pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse! Mo a se « marasa ».**


 Leve twa (3) dwèt youn apre lòt pou twa (3) silab ki nan mo a.

☞ «Marasa» genyen 3 silab «ma-ra-sa».

 Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.

☞ M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.

**Men mo yo :** klas – reyalize – kabicha – ansanm – oblije – toujou – lajounen.

 Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

**Leson 31**

1-Ranje silab yo byen pou fòme mo ki gen sans.

ra - sa - ma \_\_\_\_\_ **marasa** \_\_\_\_\_

sanm - an \_\_\_\_\_

vwa - de \_\_\_\_\_

jou - tou \_\_\_\_\_

fi - di - sil \_\_\_\_\_

---

2-Relye silab ki nan wonn nan ak silab kòrèk ki nan bwat yo pou fòme mo ki gen sans.

rite

dèk

vire

bank


pit

po


*(Note: A line connects the word 'cha' in the text to the 'po' box in the diagram.)*

104 Kaye egzèsis


### Egzèsis # 1 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 104 pou fè egzèsis # 1 an.


☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 104 pou fè egzèsis #1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ranje silab yo byen pou fòme mo ki gen sans). Nou konprann? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Koune a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li pou klas la premye mo li fòme a?**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou fòme lòt mo yo.

**Leson 31**

1-Ranje silab yo byen pou fòme mo ki gen sans.

ra - sa - ma \_\_\_\_\_ **marasa** \_\_\_\_\_

sanm - an \_\_\_\_\_

vwa - de \_\_\_\_\_

jou - tou \_\_\_\_\_

fi - di - sil \_\_\_\_\_

---

2-Relye silab ki nan wonn nan ak silab kòrèk ki nan bwat yo pou fòme mo ki gen sans.

rite

dèk

vire

bank

pit

po


*(Note: A line connects the word 'cha' in the text to the 'po' box in the diagram.)*

104 Kaye egzèsis


### Egzèsis # 2 (3 mn)

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 104 pou fè egzèsis # 2 a.


☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 104 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Relye silab ki nan wonn nan ak silab kòrèk ki nan bwat yo pou fòme mo ki gen sans). Nou konprann? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.


☞ **Koune a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li pou klas la premye mo li fòme a?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou fòme lòt mo yo.

Leson 31



▲ ansanm - solisyon - Emil - marasa - Mona - Manno - toujou - pwofesè - devwa - matematik - difikilte - timoun - kontan  
● mache - kite - konprann - eseye - santi - reponn - genyen - vini - eksplikè - chita - ede  
● Nan klas Emil la, gen de (2) marasa : Mona ak Manno. Youn pa janm mache kite lòt, yo toujou ansanm.

84 M ap li nèk ale 2 A.F.

## 2. Lekti mo sou tablo (5 mn)

- ☞ *Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo : matematik – difikilte – eseye – solisyon – pwofesè – konprann – toujou.*
- ☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**  
**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**  
**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**
- ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.*

## 3. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

- ☞ *Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 84 la.*
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 84 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
- ☞ *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
- ☞ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo kole yo ansanm pou yo ka li mo yo.*
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ *Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

## 4. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

- ☞ *Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 84 la.*
- ☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
- ☞ *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
- ☞ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.*
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

## Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (5 mn)

3- Chwazi yon mo nan rektang lan pou ou konplete fraz ki anba yo. Ekri mo a nan espas vid la pou fè fraz la.

rezoud - marasa - tann - rèl

a- Ana lave rad li yo. Li mete yo \_\_\_\_\_ nan solèy.  
b- Nou pale pou \_\_\_\_\_ pwoblèm nan.  
c- Mona ak Manno se de (2) \_\_\_\_\_





4- Ekri non pèsonaj ki genyen nan istwa a.

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_
4. \_\_\_\_\_
5. \_\_\_\_\_

M ap li mèl ale - 2 AF 105


Leson 31

### Egzèsis # 3 (5 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 105 pou fè egzèsis # 3 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.
- ☞ **Nou pral ekri mo nou sot li yo ki nan liy melon an. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 105 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi yon mo nan rektang lan pou ou konplete fraz ki anba yo. Ekri mo a nan espas vid la pou fè fraz la). Mwen ap ekri 2 mo kòm modèl pou nou sou tablo a. Suiv byen pou nou ka fè menm jan. Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòme ak premye mo li chwazi a?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li fraz yo pou klas la.





## Dezyèm pati leson an (35 mn)

### Tranzisyon (1 mn)


-  Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (28 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « difikilte ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « difikilte » ?**
-  Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :
- ☞ **Difikilte vle di : Pwoblèm yon moun genyen pou jwenn yon rezilta oswa yon solisyon.**
-  Ekri mo ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la ?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « kont » aloral.
- ☞ **Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « difikilte » ?**
-  Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « difikilte » pou elèv yo sou tablo a.
- Egzanp :**  
Mona gen anpil difikilte pou l fè devwa matematik la.

Leson 31



ansanm - solisyon - Emil - marasa - Mona - Manno - toujou - pwofesè - devwa - matematik - difikilte - timoun - kontan

mache - kite - konprann - eseye - santi - reponn - genyen - vini - eksplike - chita - ede

Nan klas Emil la, gen de (2) marasa : Mona ak Manno. Youn pa janm mache kite lòt, yo toujou ansanm.

84 M ap li nèt ale 2 A.F.

**Tèt ansanm pote solisyon**

Nan klas Emil la, gen de (2) marasa - Mona ak Manno. Youn pa janm mache kite lòt, yo toujou ansanm. Youn jou, pwofesè a bay yon devwa matematik. Mona gen difikilte pou li fè devwa a. Li pa fin konprann li. Tout jan li eseye, li pa ka fè l. Li santi li annuiye, li byen move. Manno di : "Kisa w genyen Mona ?" Mona reponn : "Mwen pa ka fè devwa matematik la. Li pa fasil". Manno di : "Vini m eksplike w li". De (2) timoun yo chita ansanm, yo fè devwa a. Mona kontan, li di Manno : "Mèsi !" Depi lè sa a, youn toujou ede lòt.

**Kesyon**

1. Ki tit istwa a ?
2. Sou kiyès istwa a pale ?
3. Ki difikilte Mona te genyen ?
4. Ki jan Mona te santi l ?
5. Kisa Manno te fè pou l ede Mona ?
6. Poukisa Mona te kontan ?
7. Èske ou panse tèt ansanm enpòtan ? Poukisa ?

85 M ap li nèt ale 2 A.F.

☁ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòm ak mo « **difikilte** ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

## 2. Vizyalizasyon (7 mn)

### Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 84.
- ☁ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :
- ☞ Kisa nou wè nan desen an ? Ki koulè rad ki sou yo ? Kisa y ap fè ? Ki kote yo ye ? Kisa nou wè devan elèv yo ?
- ☁ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.

### Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
- ☁ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?
- ☁ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

## 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

### Li istwa

- ☁ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
  - Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.
  - Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.
  - Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.
  - Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.
- Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 85 lan. Ekri paj 85 byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou an. Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.
- ☁ Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.

### Tèt ansanm pote solisyon


Nan klas Emil la, gen de (2) marasa : Mona ak Manno. Youn pa janm mache kite lòt, yo toujou ansanm. Youn jou, pwofesè a bay yon devwa matematik. Mona gen difikilte pou li fè devwa a. Li pa fin konprann li. Tout jan li eseye, li pa ka fè l. Li santi li annuiye, li byen move. Manno di : « Kisa w genyen Mona ? ». Mona reponn : « Mwen pa ka fè devwa matematik la. Li pa fasil ». Manno di : « Vini m eksplike w li ». De (2) timoun yo chita ansanm, yo fè devwa a. Mona kontan, li di Manno : « Mèsi ! ». Depi lè sa a, youn toujou ede lòt.

- ☞ Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a.

Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)

 Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.


 **Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)**

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmansè ak ki kote li fini.


 **Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)**


 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.

#### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


 **Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

 **Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?**

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou reponn. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

#### 5. Reponn kesyon (7 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

 **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

**1. Ki tit istwa a?**

**Repons:**

(1) Tit istwa a se «Tèt ansanm pote solisyon».

**2. Sou kiyès istwa a pale?**

**Repons:**

(1) Istwa a pale sou Mona ak Manno.

**3. Ki difikilte Mona te genyen?**

**4. Ki jan Mona te santi l?**

**5. Kisa Manno te fè pou l ede Mona?**

**6. Poukisa Mona te kontan?**

**7. Èske ou panse tèt ansanm enpòtan? Poukisa?**

### Aktivite 5 Pwodiksyon (4 mn)

3- Chwazi yon mo nan rektang lan pou ou konplete fraz ki anba yo. Ekri mo a nan espas vid la pou fè fraz la.

rezoud - marasa - tann - rèl

a- Ana lave rad li yo. Li mete yo \_\_\_\_\_ nan solèy.  
 b- Nou pale pou \_\_\_\_\_ pwoblèm nan.  
 c- Mona ak Manno se de (2) \_\_\_\_\_


4- Ekri non pèsonaj ki genyen nan istwa a.


1. \_\_\_\_\_  
 2. \_\_\_\_\_  
 3. \_\_\_\_\_  
 4. \_\_\_\_\_  
 5. \_\_\_\_\_


Leson 31

M ap li nèk ale - 2 AF 105


#### Egzèsis # 4

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 105 pou fè egzèsis # 4 la.


 **Nou pral ekri non pèsonaj ki genyen nan istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 105 pou fè egzèsis # 4 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ekri non pèsonaj ki genyen nan istwa a). Nou konprann? Kòmansè!**

 Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*

☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka eple pou klas la non pèsonaj li ekri nan liy yo?**


 *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi eple non pèsonaj yo.*

---

## Aktivite 6 **Evalyasyon (2 mn)**

 *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.*

☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li epi eple mo a?**

 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.*



# Leson 32

## Objektif:

- Eksprime opinyon sou yon tèm
- Li mo ak fraz byen epi vit
- Ekri mo byen lizib nan kaye
- Jwenn sans mo pou fòm fraz
- Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj
- Li istwa byen fò ak bon ton
- Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

- Liv lekti, leson 32, paj 86 - 87
- Kaye egzèsis, leson 32, paj 106 - 107
- Kaye bouyon, kreyon, gòm

## Premye pati leson an (37 mn)





### Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

#### 1. Kozri (3 mn)

-  Mande elèv yo pale sou « lijyèn ».
- ☞ **Kounye a, nou pral pale sou « lijyèn ». Kiyès ki ka di klas la poukisa li enpòtan pou yon moun gen bon lijyèn pou kò li ?**
-  Chwazi 4 elèv pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou pale sou lijyèn. Ankouraje, felisite elèv ki patisipe yo.

### Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)

#### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

-  Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ **Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzanz pou nou. Koute byen. Nou pare ? M ap kòmanse ! Mo a se « regilyèman ».**
-  Leve kat (4) dwèt youn apre lòt pou kat (4) silab ki nan mo a.
- ☞ **« Regilyèman » genyen 4 silab « re-gi-lyè-man ».**
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.
- ☞ **M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.**  
**Men mo yo : zafè – bale – bwose – leve – anplis – prekosyon – patisipe.**
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.



### 3. Lekti mo sou tablo (5 mn)

Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: *lijyèn – soulye – respekte – bwose – netwaye – alafen – salye.*

☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**

**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**

**Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

Leson 32



▲ Alina - lijyèn - uitan - manman - dabò - ansuit - kabann - soulye - alafen - inifòm - sèso - pitit - bravo - manmi

🍌 respekte - aprann - bwose - ranje - netwaye - lave - manje - anbrase - salye - retire - mete - benyen

👩 Li toujou respekte règ lijyèn manman l te aprann li yo.

👩 Manman Alina di: "Wawww! Pitit mwen an pwòp anpil".

Alina kontan, li di manman l: "Mèsi anpil, manmi!"

86 M ap li nèt ale 2 A.F.

### 4. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 86 la.

☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 86 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo kole yo ansanm pou yo ka li mo yo.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

Leson 32



▲ Alina - lijyèn - uitan - manman - dabò - ansuit - kabann - soulye - alafen - inifòm - sèso - pitit - bravo - manmi

🍌 respekte - aprann - bwose - ranje - netwaye - lave - manje - anbrase - salye - retire - mete - benyen

👩 Li toujou respekte règ lijyèn manman l te aprann li yo.

👩 Manman Alina di: "Wawww! Pitit mwen an pwòp anpil".

Alina kontan, li di manman l: "Mèsi anpil, manmi!"

86 M ap li nèt ale 2 A.F.

### 5. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 86 la.

☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**

☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.

☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**

☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**

☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

### Aktivite 3 Ekri mo byen lizib nan kaye (5 mn)

3- Kopye fraz yo sou liy anba yo.

Alina ranje kabann li.

.....

.....

Mwen renmen bale kay anpil.

.....

.....

4- Reponn kesyon anba yo dapre istwa ou sot li a.

a. Sou kiyès istwa a pale ?

.....

.....

b. Ki laj Alina genyen?





.....

.....

Leson 32


M ap li nèk ale - 2 AF 107

#### Egzèsis # 3

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 107 pou fè egzèsis # 3 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.
- ☞ **Nou pral kopye mo nou sot li yo ki nan liy melon an. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 107 pou fè egzèsis #3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Kopye fraz yo sou liy anba yo). Mwen ap ekri 2 mo kòm modèl pou nou sou tablo a. Suiv byen pou nou ka fè menm jan. Nou konprann? Kòmanse!**
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li pou klas la fraz li kopye sou liy anba yo?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li fraz yo pou klas la.





### Dezyèm pati leson an (36 mn)

#### Tranzisyon (1 mn)

-  Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

### Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (29 mn)

#### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « lijyèn ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « lijyèn »?**
-  Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:
- ☞ **Lijyèn vle di: Aktivite pwòpte pou kenbe kò w toujou pwòp epi ansante.**
-  Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « lijyèn » aloral.
- ☞ **Kiyès ki ka fè epi di yon fraz pou klas la ak mo « lijyèn »?**
-  Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « lijyèn » pou elèv yo sou tablo a.

#### Egzanp:

Tout moun dwe pratike lijyèn pou yo rete ansante.

*Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « lijyèn ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.*

Leson 32



Alina - lijyèn - uitan - manman - dabò - ansuit - kabann - soulye - alafen - inifòm - sèso - pitit - bravo - manmi

respekte - aprann - bwose - ranje - netwaye - lave - manje - anbrase - salye - retire - mete - benyen

Li toujou respekte règ lijyèn manman l te aprann li yo.

Manman Alina di : "Wawww ! Pitit mwen an pwòp anpil".

Alina kontan, li di manman l : "Mèsi anpil, manmi !"

86 Map li nèt ale 2 A.F.

## 2. Vizyalizasyon (7 mn)

### Deskripsyon desen (5 mn)

**☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 86.**

*Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :*

**☞ Kisa nou wè nan imaj la ? Kisa tifi a ap fè ? Ki jan li abiye ? Ki kote li ye ? Kisa nou wè nan imaj la ankò ?**

*Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.*

### Prediksyon dapre desen (2 mn)

**☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**

*Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.*

**☞ Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

*Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.*

## 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

### Li istwa

*Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :*

- Dabò, w ap li tout istwa a pou kont ou kòm modèl pou elèv yo. Mande elèv yo suiv ak dwèt yo lè w ap li pou yo a.

- Ansuit, fè elèv yo li istwa a 2 pa 2.

- Apre sa, chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a youn pa youn.

- Pou fini, chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou li tout istwa a pou klas la.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 87 la. Ekri paj 87 byen gwo sou tablo a.

Verifye si tout elèv nan bon paj la.

**☞ Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou an. Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.**

*Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.*

**Alina gen lijyèn**

Alina se yon timoun uitan. Li toujou respekte règ lijyèn manman l te aprann li yo. Dabò, chak maten li bwose dan li. Ansuit, li ranje kabann li. Apre sa, li netwaye soulye li. Li lave men li pou li manje. Alafen, li pran valiz li, li anbrase manman l, li ale lekòl. Li toujou salye tout moun li jwenn sou wout la.

Lè li vin sot lekòl, li salye paran li yo. Li retire inifòm sou li, li mete l nan sèso. Apre sa, li ale benyen epi li manje. Manman Alina di : "Wawww ! Pitit mwen an pwòp anpil". Li gade Alina, li di : "Bravo Alina". Alina kontan, li di manman l : "Mèsi anpil, manmi !"

**Kesyon**

1. Ki tit istwa a ?
2. Sou kiyès istwa a pale ?
3. Kisa Manman Alina aprann li ?
4. Ki travay Alina fè lakay li lè l leve ?
5. Kisa Alina fè lè l sot lekòl ?
6. Èske Manman Alina fyè de li ? Poukisa ?
7. Ki travay ou konn fè lakay ou ?
8. Èske li bon lè yon moun respekte règ lijyèn yo ? Poukisa ?

Map li nèt ale 2 A.F. 87

### Alina gen lijyèn

Alina se yon timoun uitan. Li toujou respekte règ lijyèn manman l te aprann li yo. Dabò, chak maten li bwose dan li. Ansuit, li ranje kabann li. Apre sa, li netwaye soulye li. Li lave men li pou li manje. Alafen, li pran valiz li, li anbrase manman l, li ale lekòl. Li toujou salye tout moun li jwenn sou wout la.

Lè li vin sot lekòl, li salye paran li yo. Li retire inifòm sou li, li mete l nan sèso. Apre sa, li ale benyen epi li manje. Manman Alina di : « Wawww ! Pitit mwen an pwòp anpil ». Li gade Alina, li di : « Bravo Alina ». Alina kontan, li di manman l : « Mèsi anpil, manmi ! »

- ☞ Nou pral li istwa a 2 pa 2. Chak elèv ap li yon fraz nan istwa a byen fò ak bon rit. Premye elèv la ap li premye fraz ki nan istwa a, kamarad li a ap li fraz ki vini apre a. N ap fè menm jan jiskaske nou fin li tout istwa a. Toujou touche mo ki nan fraz yo ak dwèt nou pandan n ap li. Si kamarad ou a gen difikilte pandan l ap li, ede li. (3 mn)
  - ☞ *Pase verifye si elèv yo ap li byen. Panche zòrey ou bò kote yo pou ka tandè si y ap li byen.*
- ☞ Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou li kèk fraz nan istwa a. (4 mn)
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan klas la pou li fraz w ap chwazi nan istwa a. Di ki kote fraz la kòmanse ak ki kote li fini.*
- ☞ Kounye a, mwen pral chwazi 2 elèv pou li tout istwa a pou klas la. N ap li byen fò epi ak bon ton. (4 mn)
  - ☞ *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) nan klas la pou li tout istwa a pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

#### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.
  - ☞ *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.*
- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.*

#### 5. Reponn kesyon (8 mn)

- ☞ *Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
  1. Ki tit istwa a ?
  2. Sou kiyès istwa a pale ?
  3. Kisa Manman Alina aprann li ?
  4. Ki travay Alina fè lakay li lè l leve ?
  5. Kisa Alina fè lè l sot lekòl ?
  6. Èske Manman Alina fyè de li ? Poukisa ?
  7. Ki travay ou konn fè lakay ou ?
  8. Èske li bon lè yon moun respekte règ liyèn yo ? Poukisa ?

### Aktivite 5 Pwodiksyon (4 mn)

3- Kopye fraz yo sou liy anba yo.

Alina ranje kabann li.

Mwen renmen bale kay anpil.

4- Reponn kesyon anba yo dapre istwa ou sot li a.

a. Sou kiyès istwa a pale ?

b. Ki laj Alina genyen ?




Leson 32

M ap li mèl ale - 2 AF 107

#### 1. Pwodiksyon alekri



#### Egzèsis # 4

- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 107 pou fè egzèsis # 4.*
- ☞ Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 107 pou fè egzèsis # 4 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! (Reponn kesyon anba yo dapre istwa ou sot li a). Nou konprann ? Kòmanse !

-  Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☛ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☛ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li pou klas la repons li jwenn pou premye kesyon an?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la kijan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou dezyèm kesyon an.

---

## Aktivite 6 **Evalyasyon (2 mn)**

-  Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li jodi a.
- ☛ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa li sa li sonje nan istwa li sot li a?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

# Leson 33

## Objektif:

Aprann yon tèks powetik  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòme fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon sou yon tèks



## Materyèl:

Liv lekti, leson 33, paj 88 - 89  
Kaye egzèsis, leson 33, paj 108 - 109  
Kaye bouyon, kreyon, gòm



## Premye pati leson an (40 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (6 mn)


#### 1. Pwezi (3 mn)

-  *Ekri pwezi a sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete pwezi a ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l'ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache ak pwezi a, ansuit mande elèv yo repete li pou kont yo menm jan.*
- ☞ **Mwen pral li yon pwezi pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Pandan w ap fè aktivite sa a, verifye si tout elèv yo ap suiv ou.*

Peyi mwen  
Peyi mwen se peyi solèy  
Li gen anpil mèvèy  
Soti nan Sitadèl  
Pou rive nan vil Jakmèl  
Peyi mwen san parèy


- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*
- ☞ **Kounye a, nou pral repete pwezi a pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.**
-  *Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifye si tout elèv ap patisipe.*

#### 2. Rapèl (3mn)

-  *Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson anvan an, fè yo bay sans li epi eple mo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann nan leson anvan an,**







bay sans epi eple mo a?




 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)




### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

-  Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzannp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse! Mo a se « kesyon ».
-  Leve de (2) dwèt youn apre lòt pou de (2) silab ki nan mo a.
- ☞ « Kesyon » genyen 2 silab « ke-syon ».
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.
- ☞ M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.
- Men mo yo: souri – annuiye – rekreyasyon – Senmak.**
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

### 2. Kole silab pou fòme mo. (3 mn).

-  Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòme mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòme mo. M ap fè yon egzannp pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse!
- Silab yo se (eks-plyi-ke) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (eksplike).**
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòme mo.
- ☞ Li epi kole silab sa yo pou fòme mo.
- Men silab yo: (Kwa-ze) ; (be-zwen) ; (en-pò-tan) ; (la-tri-ye) ; (pe-zib).**
-  Ankouraje elèv yo epi fè lòt elèv yo korije si yo fè erè.

### Egzèsis # 1 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 108 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 108 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Mete silab sa yo nan lòd pou fòme mo ki gen sans). Nou konprann? Kòmanse!
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.

**Leson 33**

1- Mete silab sa yo nan lòd pou fòme mo ki gen sans

dan - ma \_\_\_\_\_  
pas - es \_\_\_\_\_  
bwa - pye \_\_\_\_\_  
lo - Mi \_\_\_\_\_

2- Chwazi yon mo nan rektang lan pou ou konplete fraz ki anba yo. Ekrri mo a nan espas vid la.

katye - Senmak - klas - sèch - papye

a- Ana lave rad li yo. Li mete yo \_\_\_\_\_ nan solèy.  
b- Papa mwen soti \_\_\_\_\_ la.  
c- Emil rantre nan \_\_\_\_\_ la.  
d- Nan ki \_\_\_\_\_ ou rete?

3- Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

1) abite - Manman m - Lafosèt.  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

108 Kaye egzèsis

☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki premye mo li fòm a ?

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou fòm lòt mo yo.

**Leson 33**

1- Mete silab sa yo nan lòd pou fòm mo ki gen sans

dan - ma \_\_\_\_\_  
 pas - es \_\_\_\_\_  
 bwa - pye \_\_\_\_\_  
 lo - Mi \_\_\_\_\_

2- Chwazi yon mo nan rektang lan pou ou konplete fraz ki anba yo. Ekri mo a nan espas vid la.

katye - Senmak - klas - sèch - papye

a- Ana lave rad li yo, li mete yo \_\_\_\_\_ nan solèy.  
 b- Papa mwen soti \_\_\_\_\_.  
 c- Emil rantrè nan \_\_\_\_\_ la.  
 d- Nan ki \_\_\_\_\_ ou rete?

3- Ranje mo yo nan lòd pou fòm fraz ki gen sans.

1) abite - Manman m - Lafosèt.

108 Kaye egzèsis

**Egzèsis # 2 (3 mn)**

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 108 pou fè egzèsis # 2 a.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 108 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi yon mo nan rektang lan pou ou konplete fraz ki anba yo. Ekri mo a nan espas vid la). Nou konprann ? Kòmanse!**
- ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka li pou klas la fraz li fòm ak premye mo li chwazi a ?**
- ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt fraz yo.


**3. Lekti mo sou tablo (5 mn)**

- ☞ Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo : jewografi – Bonètalevèk – asyèt – plenn – kouri – espas – fèt.
- ☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**
- Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**
- Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.

**4. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)**

- ☞ Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 88 la.
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 88 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo kole yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
- ☞ Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

**Leson 33**




leson - jewografi - lendi - Riche - asyèt - espas - bravo - plenn - Milo - Bonètalevèk - anpil - pyebwa

pran - kite - mete - monte - fèt - leve - genyen - kouri

Emil kouri leve men l, li di : "Mwen fèt nan plenn Milo".  
 Li bèl, li tou pre mòn Bonètalevèk.

88 N ap li mèl ale 2 A.F.

Leson 33



▲ leson - jewografi - lendi - Riche - asyèt - espas - bravo - plenn - Milo - Bonètalevèk - anpil - pyebwa  
 🍌 pran - kite - mete - monte - fèt - leve - genyen - kouri  
 🍌 Emil kouri leve men l, li di : "Mwen fèt nan plenn Milo".  
 🍌 Li bèl, li tou pre mòn Bonètalevèk.

88 M ap li nèt ale 2 A.F.

## 5. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

- ☞ Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 88 la.
- ☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
  - ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
  - ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
  - ☞ Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

## Aktivite 3 Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye (5 mn)

2) renmen - jewografi. - Alina - leson

3) pou - Legim - lasante. - bon

4- Chwazi youn nan mo ki nan bwat adwat la pou komplete fraz yo dapre istwa a.

a) Emil kouri leve men l, li di: "Mwen fèt nan \_\_\_\_\_".

b) Yon lendi, madan Riche t ap fè yon bèl kou \_\_\_\_\_.

c) Madan Riche di: "\_\_\_\_\_ Emil!"

plenn Milo  
plenn Lafosèt  
jewografi  
istwa  
Bravo  
Pati

Leson 33

M ap li nèt ale - 2 A.F. 109

## Egzèsis # 3

- ☞ Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 109 pou fè egzèsis # 3 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.
- ☞ **Nou pral kopye fraz ki nan kaye egzèsis la sou liy ki anba yo. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 109 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans). Suiv modèl la pou nou ka fòme fraz yo. Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen. Si yon elèv gen difkilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li pou klas la premye fraz li fòme a?**
  - ☞ Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou fòme lòt fraz yo.

## Dezyèm pati leson an (34 mn)

### Tranzisyon (1 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a : kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

## Aktivite 4 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (27 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

- Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, genyen mo « plenn ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di? Nan ki moman nou konn tande mo « plenn »?

*Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di:*

- Plenn vle di: Tè plat ki tou pre yon mòn.
- Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv li epi eple mo ki sou tablo a.
- Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la?
- Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « plenn » aloral.
- Kiyès ki ka fòme epi di yon fraz pou klas la ak mo « plenn »?
- Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « plenn » pou elèv yo sou tablo a.

#### Egzanp:

Gen yon bèl plenn bò lakay la.

*Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « plenn ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.*

### 2. Vizyalizasyon (7 mn)

#### Deskripsyon desen (5 mn)

- Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 88.
- Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo:
- Kisa nou wè nan imaj la? Ki koulè rad ki sou moun nan? Kisa moun nan ap fè? Kisa ou ka di ankò sou imaj la?
- Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.


#### Prediksyon dapre desen (2 mn)

- Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
- Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?
- Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

### 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

#### Li istwa

- Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo:
  - Dabò, li tout istwa a pou elèv yo epi eksplike jan pou yo pale nan plas chak pèsonaj yo.
  - Ansuit, chwazi 2 elèv pou jwe wòl Emil ak Alina. Ou menm w ap jwe wòl madan Riche.
  - Kòmmanse li pati kote madan Riche ap pale a. Epi mande chak elèv yo li pati Emil ak Alina a. Lè ou fin fè modèl sa a, chwazi 3 lòt elèv pou fè menm jan.



### Leson Jewografi

Yon lendi, madan Riche t ap fè yon bèl kou jewografi. Li pran yon asyèt, li mete yon pil tè. Li kite yon bèl espas byen plat devan pil tè a. Li di elèv yo: "Kisa nou wè nan asyèt la?" Emil di: "Mwen wè yon pil tè ki monte byen wo". Alina di: "Mwen wè yon espas byen plat devan pil tè a". Madan Riche di: "Bravo timoun! Pil tè a se mòn, espas plat la se plenn".

Emil kouri leve men l, li di: "Mwen fèt nan plenn Milo. Li bèl, li tou pre mòn Bonètalevèk. Li genyen anpil pyebwa". Madan Riche di: "Bravo Emil!"

#### Kesyon

1. Ki tit istwa a?
2. Di non pèsonaj ki nan istwa a.
3. Ki kou madan Riche t ap fè?
4. Kisa elèv yo te wè nan asyèt la?
5. Kisa madan Riche te di?
6. Ki bò Emil abite?
7. Ki jan plenn nan te ye?
8. Poukisa madan Riche te felisite Emil?

Leson 33

- Apre sa, chwazi plizyè gwoup 3 elèv pou li istwa a.

- Pou fini, fè tout elèv yo li istwa a ansanm.

Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 89 la. Ekri paj 89 byen gwo sou tablo a.

Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou an. Nou konprann? Nou pare? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.

☞ Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.

## Leson jewografi

Yon lendi, madan Riche t ap fè yon bèl kou jewografi. Li pran yon asyèt, li mete yon pil tè. Li kite yon bèl espas byen plat devan pil tè a. Li di elèv yo: «Kisa nou wè nan asyèt la?» Emil di: «Mwen wè yon pil tè ki monte byen wo». Alina di: «Mwen wè yon espas byen plat devan pil tè a». Madan Riche di: «Bravo timoun! Pil tè a se mòn, espas plat la se plenn». Emil kouri leve men l, li di: «Mwen fèt nan plenn Milo. Li bèl, li tou pre mòn Bonètalevèk. Li genyen anpil pyebwa». Madan Riche di: «Bravo Emil!».

- ☞ Kounye a, nou pral li istwa a ansanm. Pou fè sa m ap chwazi 2 lòt elèv pou li istwa a avè m. M ap jwe wòl madan Riche nan istwa a epi m ap chwazi de (2) lòt elèv pou jwe wòl Emil ak Alina. Nou konprann? An n kòmanse.  
☞ Chwazi 2 elèv, yon fi ak yon gason, pou li istwa a avè w. Li ak bon ton epi bon rit.
- ☞ Kounye a, 3 lòt elèv pral fè menm jan pou nou. N ap li istwa a ak bon ton epi bon rit.  
☞ Chwazi 3 elèv (fi ak gason) nan klas la pou li istwa a. Fè sa ak plizyè gwoup 3 elèv.
- ☞ Kounye a, nou pral li istwa a ansanm.  
☞ Fè tout klas la li tout istwa a ansanm avèk ou.

### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.  
☞ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.
- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a?  
☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.

### 5. Reponn kesyon (6 mn)

- ☞ Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.
- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.  
1. Ki tit istwa a?

**Repons:**

- (1) Tit istwa a se « Leson jewografi ».
2. Di non pèsonaj ki nan istwa a ?
3. Ki kou madan Riche t ap fè ?
4. Kisa elèv yo te wè nan asyèt la ?
5. Kisa madan Riche te di ?
6. Ki bò Emil abite ?
7. Ki jan plenn nan te ye ?
8. Poukisa madan Riche te felisite Emil ?

## Aktivite 5 Pwodiksyon (4 mn)

### 1. Pwodiksyon alekri

#### Egzèsis # 4

2) renmen - jewografi. - Alina - leson

3) pou - Legim - lasante. - bon

4- Chwazi youn nan mo ki nan bwat adwat la pou konplete fraz yo dapre istwa a.








a) Emil kouri leve men l, li di: "Mwen fèt nan \_\_\_\_\_"

b) Yon lendi, madan Riche t ap fè yon bèl kou \_\_\_\_\_




c) Madan Riche di: "\_\_\_\_\_ Emil !"

plenn Milo  
plenn Lafosèt  
jewografi  
istwa  
Bravo  
Pati

M op li nèt ale - 2 AF 109

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 109 pou fè egzèsis # 4.
-  **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 109 pou fè egzèsis # 4. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Chwazi youn nan mo ki nan bwat adwat la pou konplete fraz yo dapre istwa a). Nou konprann ? Kòmanse !**
-  Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
-  **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
-  **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la mo li itilize pou konplete fraz yo ?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou li mo yo itilize yo pou konplete fraz yo.

## Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
-  **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li epi eple mo a ?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

# Leson 34

## Objektif:

Aprann yon kontin  
Li mo ak fraz byen epi vit  
Ekri mo byen lizib nan kaye  
Jwenn sans mo pou fòme fraz  
Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
Li istwa byen fò ak bon ton  
Reponn kesyon sou yon tèks alekri ak aloral



## Materyèl:

Liv lekti, leson 34, paj 90 - 91  
Kaye egzèsis, leson 34, paj 110 - 111  
Kaye bouyon, kreyon, gòm



## Premye pati leson an (40 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (6 mn)


#### 1. Kontin (3 mn)

-  Ekri kontin nan sou tablo a anvan ou fè leson an. Apre sa, repete kontin nan ak bon ton, bon rit epi fè jès ki mache avèk li pou elèv yo kòm modèl. Epi, repete l ansanm ak elèv yo ak bon ton, bon rit epi fè jès yo. Ansuit, mande elèv yo repete li pou kont yo menm jan.
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou ak bon ton, bon rit. Koute byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou konprann? M ap kòmanse!
-  Pandan w ap fè aktivite sa a, verifeye si tout elèv ap suiv ou.

Non mwen se Pyebwa.  
Mwen bay anpil lonbray.  
Mwen pwoteje mòn yo ak sous yo.  
Mwen bay tout kalite manje.  
Tout moun renmen m anpil.





- ☞ Kounye a, nou pral repete kontin nan ansanm avèk mwen byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.
-  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifeye si tout elèv ap patisipe.
- ☞ Kounye a, nou pral repete kontin nan pou kont nou byen fò ak bon ton, bon rit pandan n ap fè jès yo.
-  Fè aktivite sa a ak anpil gete ak elèv yo. Verifeye si tout elèv ap patisipe.

#### 2. Rapèl (3mn)




-  Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li nan leson anvan an.
- ☞ Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li te li nan leson anvan an?

## Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (29 mn)





### 1. Dekoupe mo an silab epi konte silab nan mo (5 mn).

-  Fè elèv yo repete epi jwenn konbyen silab ki genyen nan chak mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral dekoupe mo silab pa silab pou nou kapab repete epi di konbyen silab chak mo genyen ladan l. M ap fè yon egzann pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse! Mo a se « granpè ».
-  Leve de (2) dwèt youn apre lòt pou de (2) silab ki nan mo a.
- ☞ « Granpè » genyen 2 silab « gran-pè ».
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou repete mo yo epi di konbyen silab yo genyen. Pa bliye repete mo yo pou elèv yo anvan yo kòmanse.
- ☞ M ap di chak mo, n ap repete mo a epi n ap di konbyen silab ki nan mo a menm jan ak modèl mwen sot fè pou nou an. Leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a.
- Men mo yo: abite – zòrèy – Sitadèl – racle – piti – fanmi.**
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè. Repete mo a si elèv yo fè erè epi leve yon dwèt pou chak silab ki nan mo a. Ansuit, di mo a ankò epi verifiye si elèv yo leve yon dwèt pou chak silab. Fè menm jan pou chak mo yo.

### 2. Kole silab pou fòme mo. (3 mn).

-  Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòme mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.
- ☞ Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòme mo. M ap fè yon egzann pou nou. Koute byen. Nou pare? M ap kòmanse!
- Silab yo se (re-ponn) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (reponn).**
-  Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòme mo.
- ☞ Li epi kole silab sa yo pou fòme mo ak yo.
- Men silab yo: (pwo-che) ; (de-vi-ne) ; (tou-jou) ; (man-man).**
-  Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.

### Egzèsis # 1 (3 mn)

-  Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 110 pou fè egzèsis # 1 an.
- ☞ Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 110 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ranje silab yo byen pou fòme mo ki gen sans). Nou konprann? Kòmanse!
-  Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifiye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifiye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☞ Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòme ak silab li ranje yo?
-  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo

**Leson 34**

1- Ranje silab yo byen pou fòme mo ki gen sans.

pè - gran \_\_\_\_\_  
zyè - pli \_\_\_\_\_  
syon - ke \_\_\_\_\_  
vo - bra \_\_\_\_\_  
si - sou \_\_\_\_\_

2- Ajoute silab «yen» ki manke pou fòme mo ki gen sans.

a. rezi \_\_\_\_\_  
b. ben \_\_\_\_\_  
c. pen \_\_\_\_\_  
d. mwa \_\_\_\_\_

110 Kaye egzèsis



te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou fòme lòt mo yo.

**Leson 34**

1-Ranje silab yo byen pou fòme mo ki gen sans.

pè - gran \_\_\_\_\_  
 zyè - pli \_\_\_\_\_  
 syon - ke \_\_\_\_\_  
 vo - bra \_\_\_\_\_  
 si - sou \_\_\_\_\_

2-Ajoute silab «yen» ki manke pou fòme mo ki gen sans.

a. rezi \_\_\_\_\_  
 b. ben \_\_\_\_\_  
 c. pen \_\_\_\_\_  
 d. mwa \_\_\_\_\_

110 Kaye egzèsis

### Egzèsis # 2 (3 mn)

- Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 110 pou fè egzèsis # 2 a.*
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 110 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ajoute silab “yen” ki manke pou fòme mo ki gen sans). Nou konprann? Kòmanse!**
  - Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
  - ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
  - ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la premye mo li fòme a?**
  - Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt silab yo.*

### 3. Lekti mo sou tablo (5 mn)

- Ekri mo sa yo sou tablo a davans pou elèv yo ka li yo vit epi byen. Toujou touche mo yo pou elèv yo ka li yo. Fè yo li mo yo ansanm, ranje pa ranje epi youn pa youn. Men mo yo: chwazi – kesyon – granmè – palè – Sitadèl – genyen – granpè.*
- ☞ **Mwen pral touche kèk mo sou tablo a an dezòd. Epi n ap li ansanm chak mo mwen touche. (2 mn)**
  - Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo ranje pa ranje. (2 mn)**
  - Kounye a, nou pral li mo mwen touche yo youn pa youn. (2 mn)**
  - Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou li chak mo w ap touche sou tablo a. Si yo fè erè pandan yo ap li mo a, chwazi yon lòt elèv ki ka li mo a byen pou ede lòt elèv la.*


### 4. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)

- Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 90 la.*
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 90 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
  - Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.*
  - ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
  - Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo kole yo ansanm pou yo ka li mo yo.*
  - ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
  - Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

### 5. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

- Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 90 la.*
- ☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou**

**Leson 34**



▲ Jewografi - madan - Emil - manman - granpè - granmè - plizyè - kesyon - Erik - Sara - ankb - Sitadèl - palè

🔥 kontinye - pale - reponn - poze - chwazi - mande - renmen - genyen

👩 Nan kou Jewografi a, madan Riche kontinye pale ak Emil.

👦 Li di Emil : "Manman ou se moun Milo ?"

90 M ap li nèt ale 2 A.F.

ka li fraz yo 2 pa 2.

- ☞ *Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
  - ☞ *Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.*
    - *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.*
    - *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.*
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
  - ☞ *Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.*

### Aktivite 3 Ekri mo ak fraz byen lizib nan kaye (5 mn)

3-Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

a) Fanmi - Milo. - soti - mwen

b) ap - Granpè - viv - Milo. - mwen

c) Manman - Milo. - se - Emil - moun

d) renmen - jewografi. - leson - Mwen

4-Antoure bon repons lan epi ekri li nan espas ki vid la.

viv nan - pase pre - fèt nan

Lè mwen di manman mwen se moun Milo, mwen vle di li \_\_\_\_\_ vil Milo.

#### Egzèsis # 3

- ☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 111 pou fè egzèsis # 3 a. Prepare tablo a menm jan ak kaye a, epi ekri 2 mo kòm modèl pou elèv yo.*
- ☞ **Nou pral fòme fraz nan kaye egzèsis nou. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 111 pou fè egzèsis # 3 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans). Nou konprann? Kòmanse!**
  - ☞ *Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la ki fraz li fòme ak premye gwoup mo yo?**
  - ☞ *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt gwoup mo yo.*

### Dezyèm pati leson an (35 mn)

#### Tranzisyon (1 mn)

- ☞ *Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyasyon.*

### Aktivite 4 Konpreyasyon/eksplwatasyon tèks (27 mn)

#### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (4 mn)

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a, gen mo « Sitadèl ». Èske nou konn kisa mo sa a vle di?**

### Nan ki moman nou konn tande mo « Sitadèl » ?

- ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :  
**☞ Sitadèl: se yon gwo fò, sa vle di yon gwo kay byen solid ki fèt pou pwoteje moun ak peyi pandan epi apre lagè.**
- ☞ Ekri mo a ak definisyon li sou tablo a. Apre sa, fè elèv yo li epi eple mo ki sou tablo a.
- ☞ **Kiyès ki ka li epi eple mo ki sou tablo a pou klas la ?**
- ☞ Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Si yo genyen difikilte, chwazi yon lòt kamarad pou ede yo oubyen ede yo ou menm. Apre sa, fè yon fraz ak mo « Sitadèl » aloral.
- ☞ **Kiyès ki ka fè epi di yon fraz pou klas la ak mo « Sitadèl » ?**
- ☞ Ekri yon fraz kòm egzanp ak mo « Sitadèl » pou elèv yo sou tablo a.

#### Egzanp :

#### Sitadèl se yon moniman istorik nan peyi Ayiti.

- ☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye site kèk fraz yo fòme ak mo « Sitadèl ». Lòt elèv yo ap koute byen, pou ede oswa korije si nesèsè. Epi fè yo kopye mo a ak definisyon li sou kaye bouyon yo.

## 2. Vizyalizasyon (7 mn)

### Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 90.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :
- ☞ **Kisa nou wè nan imaj la ? Ki koulè ou wè nan imaj la ? Ki kote elèv yo ye ?**
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.

### Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.**
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**
- ☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.


## 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (10 mn)

### Li istwa (8 mn)

- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :  
 - Dabò, li tout istwa a pou elèv yo epi eksplike jan pou yo pale nan plas chak pèsonaj yo.  
 - Ansuit, chwazi 2 elèv pou jwe wòl Emil ak Alina. Ou menm w ap jwe wòl madan Riche.  
 - Kòmans li pati kote madan Riche ap pale a. Epi mande chak elèv li pati Emil ak Alina a. Lè ou fin fè modèl sa a, chwazi 3 lòt elèv pou fè menm jan.  
 - Apre sa, chwazi plizyè gwoup 3 elèv pou li istwa a.  
 - Pou fini, fè tout elèv yo li istwa a ansanm.  
 Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 91 lan. Ekri paj 91 byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv nan bon paj la.

- ☞ **Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou an. Nou konprann ? Nou**

Leson 34



▲ Jewografi - madan - Emil - manman - granpè - granmè  
 - plizyè - kesyon - Erik - Sara - ankò - Sitadèl - palè  
● kontinye - pale - reponn - poze - chwazi - mande - renmen - genyen  
 Nan kou Jewografi a, madan Riche kontinye pale ak Emil.  
 Li di Emil : "Manman ou se moun Milo ?"

90 Map li nè ale 2 A.F.

**Vil Milo**

Nan kou Jewografi a, madan Riche kontinye pale ak Emil. Li di Emil : "Manman ou se moun Milo ?" Emil reponn : "Wi, madan Riche. Granpè mwen avèk granmè mwen ap viv Milo tou". Plizyè elèv vle poze Emil kesyon. Madan Riche chwazi Erik. Erik mande Emil : "Èske ou renmen Milo ?" Emil di : "Wi, Erik. Milo se yon bèl kote". Apre sa, madan Riche chwazi Sara. Sara mande Emil : "Kisa ki genyen Milo ?" Emil reponn : "Granpè mwen di m gen plizyè fò Milo. Gen palè San sousi ak plizyè lòt fò ankò. Men yo plis pale sou Sitadèl la". Tout elèv kontan, yo bat yon gwo bravo pou Emil.

**Kesyon**

1. Ki tit istwa a ?
2. Konbyen pèsonaj ki genyen nan istwa a ? Di non yo.
3. Kiyès nan paran Emil yo ki te moun Milo ?
4. Kiyès Emil te genyen ki abite Milo ?
5. Kisa granpè Emil te rakonte li sou Milo ?
6. Èske elèv yo te kontan ? Poukisa ?

91 Map li nè ale 2 A.F.


pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.

 Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.


### Vil Milo

Nan kou jewografi a, madan Riche kontinye pale ak Emil. Li di Emil : « Manman ou se moun Milo ? » Emil reponn : « Wi, madan Riche. Granpè mwen avèk granmè mwen ap viv Milo tou ». Plizyè elèv vle poze Emil kesyon. Madan Riche chwazi Erik. Erik mande Emil : « Èske ou renmen Milo ? » Emil di : « Wi, Erik. Milo se yon bèl kote ». Apre sa, madan Riche chwazi Sara. Sara mande Emil : « Kisa ki genyen Milo ? » Emil reponn : « Granpè mwen di m gen plizyè fò Milo. Gen palè San sousi ak plizyè lòt fò ankò. Men yo plis pale sou Sitadèl la ». Tout elèv kontan, yo bat yon gwo bravo pou Emil.

- ☞ Kounye a, nou pral li istwa a ansanm. Pou fè sa m ap chwazi 2 lòt elèv pou li istwa a avè m. M ap jwe wòl madan Riche nan istwa a epi m ap chwazi de (2) lòt elèv pou jwe wòl Emil ak Alina. Nou konprann ? An n kòmanse.

 Chwazi 2 elèv, yon fi ak yon gason, pou li istwa a avè w. Li ak bon ton epi bon rit.

- ☞ Kounye a, 3 lòt elèv pral fè menm jan pou nou. N ap li istwa a ak bon ton epi bon rit.

 Chwazi 3 elèv (fi ak gason) nan klas la pou li istwa a. Fè sa ak plizyè gwoup 3 elèv.

- ☞ Kounye a, nou pral li istwa a ansanm.

 Fè tout klas la li tout istwa ansanm avèk ou.

### 4. Verifikasyon prediksyon (2 mn)


- ☞ Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te li istwa a.

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo ki ekri sou tablo a.

- ☞ Èske se sa ki te pase nan istwa a ? Leve pous nou si nou panse se sa ki te pase. Mete men nou plat sou ban an si sa pa t pase. Ki elèv ki ka di klas la kiyès nan fraz sa yo ki pi sanble ak sa ki di nan istwa a ?

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou reponn.

### 5. Reponn kesyon (6 mn)

 Toujou mande elèv yo reponn ak fraz ki konplèt. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou reponn. Chwazi yon elèv diferan pou reponn chak kesyon ou poze. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Ki tit istwa a ?

Repons:

(1) Tit istwa a se « Vil Milo ».

2. Konbyen pèsonaj ki genyen nan istwa a ? Di non yo ?

3. Kiyès nan paran Emil yo ki te moun Milo ?

4. Kiyès Emil te genyen ki abite Milo ?

5. Kisa granpè Emil te rakonte li sou Milo ?

6. Èske elèv yo te kontan ? Poukisa ?

## Aktivite 5 Pwodiksyon (5 mn)

### 1. Pwodiksyon alekri

#### Egzèsis # 4

3- Ranje mo yo nan lòd pou fòme fraz ki gen sans.

a) Fanmi - Milo. - soti - mwen  
.....  
.....

b) ap - Granpè - viv - Milo. - mwen  
.....  
.....


c) Manman - Milo. - se - Emil - moun  
.....  
.....

d) renmen - jewografi. - leson - Mwen  
.....  
.....


4- Antoure bon repons lan epi ekri li nan espas ki vid la.

viv nan - pase pre - fèt nan  
Lè mwen di manman mwen se moun Milo, mwen vle di li ..... vil Milo.


Leson 34

 Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 111 pou fè egzèsis # 4 la.


☞ **Nou pral konplete fraz ki nan egzèsis la dapre istwa nou sot li a. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 111 pou fè egzèsis # 4 la. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen! (Antoure bon repons lan epi ekri li nan espas ki vid la). Nou konprann? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.


☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.


☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka di klas la gwoup mo li itilize pou konplete fraz la?**

 Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi pou li mo yo itilize yo pou konplete fraz la.

## Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

 Fè elèv yo rakonte ak pwòp mo pa yo sa yo sonje nan istwa yo te li jodi a.

☞ **Kiyès ki ka rakonte ak pwòp mo pa l sa li sonje nan istwa li sot li a?**

 Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit.

## Leson 35 Revizyon

### Objektif:

Konprann yon devinèt  
 Li mo ak fraz byen epi vit  
 Ekri mo byen lizib nan kaye  
 Jwenn sans mo pou fòme fraz  
 Dekri epi kòmante yon desen oubyen yon imaj  
 Li istwa byen fò ak bon ton  
 Reponn kesyon sou yon tèks



### Materyèl:

Liv lekti, leson 35, paj 92 - 93  
 Kaye egzèsis, leson 35, paj 112 - 113  
 Kaye bouyon, kreyon, gòm


## Premye pati leson an (22 mn)

### Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

#### 1. Devinèt (3 mn)


-  *Li devinèt sa a byen fò ak bon ton pou elèv yo ka jwenn bon repons lan. Lè w fin li devinèt la, poze elèv yo kesyon ki sou devinèt la.*
- ☞ **N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon pou nou. Koute byen pou nou ka di kisa enfòmasyon sa yo reprezante. Nou konprann? M ap kòmanse!**
-  *Li tout pawòl ki nan devinèt la pou elèv yo. Apre sa, poze yo kesyon an.*

Mwen fèt an twal  
 Mwen piti lè yo fèmen m.  
 Mwen gen yon manch.  
 Pou konn enpòtans mwen, fòk gen lapli.  
 Woy men lapli! Ouvri mwen vit.  
 Epi mete mwen sou tèt ou pou ou pa mouye.  
 Kisa mwen ye? (Repons: Parapli).

-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Si elèv yo pa ka jwenn bon repons lan, reprann devinèt la pou yo ankò epi poze kèk kesyon pou ede yo jwenn li. Si yo pa jwenn li toujou, ede yo. Ankouraje, felisite elèv yo.*
- ☞ **Bravo! Nou te byen travay!**

### Aktivite 2 Konsyans fonemik: Li mo ak fraz byen epi vit (19 mn)

#### 1. Kole silab pou fòme mo. (3 mn).

-  *Fè elèv yo li chak silab epi kole yo pou fòme mo. Fè aktivite sa a sou tablo a ak tout klas la.*

- ☞ **Kounye a, nou pral li epi kole silab pou fòme mo. M ap fè yon egzanp pou nou. Koute byen. Nou pare ? M ap kòmanse !**  
**Silab yo se (Fò-li-bè-te) lè m kole silab yo ansanm li ban nou mo (Fòlibète)**

☞ *Fè klas la fè menm jan ak modèl la pou lòt mo yo. Bay elèv yo 3 minit pou li epi kole silab pou fòme mo.*

- ☞ **Li epi kole silab sa yo pou fòme mo ak yo.**  
**Men silab yo : (mo-ni-man) ; (en-de-pan-dans) ; (re-pre-zan-te) ; (eks-pli-ke) ; (mè-vèy).**

☞ *Ankouraje elèv yo epi korije yo si yo fè erè.*

**Lesson 35 Revizyon**

1-Chwazi nan bwat la silab ki pou kole ak silab anba yo pou fòme mo ki gen sans.

yen - bwa - sa - laba - tad - mòn

pen \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_ pen  
 \_\_\_\_\_ pen  
 \_\_\_\_\_ pen  
 pen \_\_\_\_\_

2-Dekoupe mo yo an silab, mete chak silab nan kare li. Apre sa, ekri kantite silab ou jwenn nan.

Mo	Silab			Kantite
libète	li	bè	te	3
Sitadèl				
Kristòf				
Laferyè				
fyète				

112 Kaye egzèsis

**Egzèsis # 1 (3 mn)**

☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 112 pou fè egzèsis # 1 an.*

- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 112 pou fè egzèsis # 1 an. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen !**  
**(Chwazi nan bwat la silab ki pou kole ak silab anba yo pou fòme mo ki gen sans). Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ *Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*

- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka li pou klas la premye mo li fòme lè li kole silab yo, epi eple li ?**

☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Epi fè menm jan pou fòme lòt mo yo.*

**Lesson 35 Revizyon**

1-Chwazi nan bwat la silab ki pou kole ak silab anba yo pou fòme mo ki gen sans.

yen - bwa - sa - laba - tad - mòn

pen \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_ pen  
 \_\_\_\_\_ pen  
 \_\_\_\_\_ pen  
 pen \_\_\_\_\_

2-Dekoupe mo yo an silab, mete chak silab nan kare li. Apre sa, ekri kantite silab ou jwenn nan.

Mo	Silab			Kantite
libète	li	bè	te	3
Sitadèl				
Kristòf				
Laferyè				
fyète				

112 Kaye egzèsis

**Egzèsis # 2 (3 mn)**

☞ *Mande elèv yo ouvri kaye egzèsis yo nan paj 112 pou fè egzèsis # 2 a.*

- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou silab. Pran kaye egzèsis la, ouvri l nan paj 112 pou fè egzèsis # 2 a. Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen !**  
**(Dekoupe mo yo an silab, mete chak silab nan kare li. Apre sa, ekri kantite silab ou jwenn nan). Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ *Bay elèv yo 3 minit pou fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv nan bon paj la, si yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Si yon elèv gen difikilte pou fè egzèsis la, mande yon lòt elèv ede li oubyen ede li ou menm.*

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ *Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.*

- ☞ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la ? Kiyès ki ka di klas la ki kantite silab li jwenn nan premye mo li dekoupe a ?**

☞ *Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi montre klas la ki jan yo fè egzèsis la. Apre sa, mande lòt elèv yo korije si yo te fè erè. Pa bliye korije ansanm ak tout klas la. Kontinye menm jan pou lòt mo yo.*





Leson 35







▲ Sitadèl - mèvyè - madi - Sara - elèv - kesyon - anpil - Frederik - libète - fyète - kontan - mèsi  
● pale - pase - reponn - poze - leve - chwazi - ajoute - rele - bati - defann  
● Nan madi, madan Riche pale sou Sitadèl la. Li di: "Si ou vle ale Sitadèl, fèk ou pase Milo". Sitadèl Laferyè se fyète nou.

92 Map li mèl ale 2 A.F.

## 2. Lekti mo nan liv lekti (5 mn)


-  Fè elèv yo li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 92 la.
- ☞ **Pran liv lekti nou, ouvri li nan paj 92 pou nou ka li mo ki nan liy melon an ak liy mango a 2 pa 2.**
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li mo yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm mo yo youn pa youn.**
-  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li mo yo. Si yon elèv pa ka li mo yo byen, fè yon kamarad ede li. Si elèv yo toujou gen difikilte pou li mo yo, dekoupe mo yo an silab sou tablo a. Fè yo li chak silab yo, apre sa fè yo kole yo ansanm pou yo ka li mo yo.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
-  Verifye si elèv yo ap li mo yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

## 3. Lekti fraz nan liv lekti (5 mn)

-  Fè elèv yo li fraz ki nan liy zaboka a 2 pa 2, youn pa youn, epi ansanm nan liv lekti a, nan paj 92 la.
- ☞ **Kounye a, nou prale nan liy zaboka a toujou nan menm paj la pou nou ka li fraz yo 2 pa 2.**
-  Pase verifye si tout elèv nan bon paj la epi si yo ap li fraz yo 2 pa 2.
- ☞ **Kounye a, nou pral li menm fraz yo youn pa youn.**
-  Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou li fraz yo youn pa youn nan liv lekti a. Mande yo touche fraz yo ak dwèt yo pandan y ap li. Mande tout elèv nan klas la suiv ak dwèt yo ansilans pandan lòt elèv yo ap li fraz yo. Sonje fè elèv yo li fraz yo ak bon ton.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo nan yon fraz, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l kole yo ansanm pou l ka li mo a.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.
- ☞ **Kounye a, tout klas la pral li ansanm.**
-  Verifye si elèv yo ap li fraz yo byen. Sonje mande elèv yo touche mo yo epi li yo ak bon ton.

## Dezyèm pati leson an (37 mn)


### Tranzisyon (1 mn)

-  Anvan ou kòmanse dezyèm pati leson an, fè yon rapèl sou kèk aktivite elèv yo pa t byen konprann nan premye pati a: kominikasyon oral, silab ak mo. Kounye a, ou pral anseye vokabilè ak konpreyansyon.

## Aktivite 3 Konpreyansyon/eksplwatasyon tèks (30 mn)

### 1. Vokabilè: Aprann sans mo ki nan istwa (8 mn)

#### Revizyon mo vokabilè (4 mn)

-  Ekri 4 mo vokabilè ou te etidye yo ak elèv yo nan leson anvan yo. Apre sa, fè elèv yo li yo, eple, epi bay sans yo.
- ☞ **Ki elèv nan klas la ki ka li, eple epi bay sans mo sa yo?**



- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

## 2. Vizyalizasyon (7 mn)

### Deskripsyon desen (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Pran liv lekti a, ouvri li nan paj 92.
- ☞ Pase verifye si tout elèv nan bon paj la. Epi poze yo kesyon sa yo :
- ☞ Kiyès ki ka di mwen kisa li wè nan imaj la ? Avèk kisa objè ki nan imaj sa a sanble ? Ki koulè rad ki sou moun yo ?
- ☞ Chwazi 6 elèv (3 fi ak 3 gason) pou reponn kesyon sa yo. Si yo gen difikilte pou reponn, chwazi lòt elèv yo pou ede yo jwenn repons yo.


### Prediksyon dapre desen (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a dapre desen nou sot dekri a.
- ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa a.
- ☞ Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?
- ☞ Ekri non elèv la ak repons li bay la sou tablo a.

## 3. Li istwa pou reponn kesyon ak verifye prediksyon (8 mn)

### Li istwa



- ☞ Pou fè aktivite lekti istwa a, w ap suiv etap sa yo :
  - Dabò, li tout istwa a pou elèv yo epi eksplike jan pou yo pale nan plas chak pèsonaj yo.
  - Ansuit, chwazi 2 elèv pou jwe wòl Emil ak Frederik. Ou menm w ap jwe wòl madan Riche.
  - Kòmanse li pati kote madan Riche ap pale a. Epi mande chak elèv yo li pati Emil ak Frederik la. Lè ou fin fè modèl sa a, chwazi 3 lòt elèv pou fè menm jan.
  - Apre sa, chwazi plizyè gwoup 3 elèv pou li istwa a.
  - Pou fini, fè tout elèv yo li istwa a ansanm.
- Mande elèv yo ouvri liv lekti yo nan paj 93 la. Ekri paj 93 byen gwo sou tablo a. Verifye si tout elèv nan bon paj la.
- ☞ Mwen pral li istwa a yon premye fwa pou tout klas la kòm modèl. Suiv ak dwèt nou pandan m ap li istwa a pou nou an. Nou konprann ? Nou pare ? M ap kòmanse li pou nou, koute byen.
- ☞ Pandan w ap li istwa a, verifye si elèv yo ap suiv ak dwèt yo.



### Sitadèl se yon mèvyè



Nan madi, madan Riche pale sou Sitadèl la. Li di : « Si ou vle ale Sitadèl, fòk ou pase Milo ». Sara di : « Kisa Sitadèl la ye ? ». Madan Riche di : « Ki elèv ki vle reponn kesyon Sara poze m nan ? ». Anpil men leve, anpil elèv vle reponn. Madan Riche chwazi Frederik. Frederik di : « Sitadèl se yon gwo fò ki sou tèt yon mòn ». Madan Riche ajoute : « Li rele Sitadèl Laferyè. Wa Anri Kristòf (Henry Christophe) te bati Sitadèl la pou defann libète nou. Sitadèl Laferyè se fyète nou ». Tout elèv kontan, yo di : « Mèsi, madan Riche ! ».



-  Fè elèv yo reprann konsiy ki nan egzèsis la. Verifye si yo respekte konsiy lan epi gade si yo fè egzèsis la byen.
- ☛ **Kiyès ki ka reprann konsiy lan pou tout klas la? Kiyès ki ka li fraz li kopye a pou klas la?**
-  Chwazi kèk elèv ki reyisi egzèsis la pou reprann konsiy lan pou klas la epi li fraz la pou klas la.

---

### **Aktivite 5** Evalyasyon (2 mn)

-  Fè elèv yo di mo vokabilè yo te aprann nan leson an, bay sans li epi eple mo a.
- ☛ **Kiyès ki ka di klas la ki mo vokabilè nou te aprann jodi a, bay sans li epi eple mo a?**
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou fè aktivite sa a. Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa a.

2018